TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Babad Dipanegara

ing Nagari Ngayogyakarta Adiningrat

I

Ny. Dra. Ambaristi
Lasman Marduwiyota

PNRI
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

BABAD DIP ANEGARA
ING NAGARI NGAYOGYAKARTA ADININGRAT
I

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

TIDAK DIPERJUALBELIKAN
Proyek Bahan Pustaka Lokal Konten Berbasis Etnis Nusantara
Perpustakaan Nasional, 2011

Babad Dipanegara
ing Nagari Ngayogyakarta Adiningrat
i

Alih aksara

Ny. Dra. Ambaristi
Lasman Marduwiyota

Perpustakaan Nasional
Republik Indonesia
Balai Pustaka

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Diterbitkan oleh
Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

Hak pengarang dilindungi undang-undang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

KATA PENGANTAR

Bahagialah kita, bangsa Indonesia, bahwa hampir di setiap daerah di seluruh tanah air hingga kini masih tersimpan karya-karya sastra lama, yang pada hakikatnya adalah cagar budaya nasional kita. Kesemuanya itu merupakan tuangan pengalaman jiwa bangsa yang dapat dijadikan sumber penelitian bagi pembinaan dan pengembangan kebudayaan dan ilmu di segala bidang.

Karya sastra lama akan dapat memberikan khazanah ilmu pengetahuan yang beraneka macam ragamnya. Penggalian karya sastra lama yang tersebar di daerah-daerah ini, akan menghasilkan ciri-ciri khas kebudayaan.daerah, yang meliputi pula pandangan hidup serta landasan falsafah yang mulia dan tinggi nilainya. Modal semacam itu, yang tersimpan dalam karya-karya sastra daerah, akhirnya akan dapat juga menunjang kekayaan sastra Indonesia pada umumnya.

Pemeliharaan, pembinaan, dan penggalian sastra daerah jelas akan besar sekali bantuannya dalam usaha kita untuk membina kebudayaan nasional pada umumnya, dan pengarahan pendidikan pada khususnya.

Saling pengertian antardaerah, yang sangat besar artinya bagi pemeliharaan kerukunan hidup antarsuku dan agama, akan dapat tercipta pula, bila sastra-sastra daerah yang termuat dalam karya-karya sastra lama itu, diterjemahkan atau diungkapkan dalam bahasa Indonesia. Dalam taraf pembangunan bangsa dewasa ini manusia-manusia Indonesia sungguh memerlukan sekali warisan rohaniah yang terkandung dalam sastra-sastra daerah itu. Kita yakin bahwa segala sesuatunya yang dapat tergali dari dalamnya tidak hanya akan berguna bagi daerah yang bersangkutan saja, melainkan juga akan dapat bermanfaat bagi seluruh bangsa Indonesia, bahkan lebih dari itu, ia akan dapat menjelma menjadi sumbangan yang khas sifatnya bagi pengembangan sastra dunia.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sejalan dan seirama dengan pertimbangan tersebut di atas, kami sajikan pada kesempatan ini suatu karya sastra daerah Jawa , dengan harapan semoga dapat menjadi pengisi dan pelengkap dalam usaha menciptakan minat baca dan apresiasi masyarakat kita terhadap karya sastra, yang masih dirasa sangat terbatas.

Jakarta 1983

Proyek Penerbitan Buku Sastra
Indonesia dan Daerah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

SERAT BABAD NGAYOGYAKARTA/MATARAM

Anyariyosaken jumenengipun Ingkang Sinuwun Kangjeng Sultan kaping 2 — 3 — 4 - 5 . Lelabetanipun Kangjeng Pangeran Harya Dipanegara.

Serat babadipun Kangjeng Pangeran Harya Dipanegara
Ing negari Ngayogyakarta Hadiningrat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

I. Sinom.

1. Ron kamal mangka purwaka
bakuning sedya ngleluri
kang karsaning Sang Nararya
kang kontap satanah Jawi
yeka ta sang Wirasti
Pangran Dipanegara Gung
denira sampun tandang
mengeti lakyan pribadi
wiwit keremira ring reh agama.

2. nDherek eyang buyutira
Jeng Ratu Ageng winarni
dhedhekah ing Tegalhaija
suruting buyut lestari
neng Tegalhaija maksih
Pangeran sangsaya mungkul
marang rehing agama
sahayangin kawula kang tyas rahaija.

3. Iya wus karsaning suksma
Pangeran Dipanegari
kedah memuri kang eyang
buyut mapan karsaneki
karem marang agami,
dadya sangsaya puniku
lan kang eyang Jeng Sultan
dadya awis sowan neki
mung garebeg punika kang mesthi ana.

4. Suprandene iku meksa
ngalap dosa ageng iki
sasurutira kang eyang
tanapi rama Jeng Sang Sri
marang ing tyas pribadi
ing agami karemipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangkana Tegalharja
langkung duk kang yang suwargi
kang ngibadah tanapi kathahing tiyang.

5. Miwah ingkang wewangunan
sadaya apan wus salin
Kangjeng Pangran darmanira
lamun alelana iki
nenggih Syeh Ngabdulrahkim
kalamun aneng praja gung
Pangran Dipanagara
dadya ana ma kakalih
ingkang yuswa sampun kalih dasa warsa.

6. Namung wegi karemannya
wau ingkang den lampahi
mangkana ciptaning driya
ing siyang kalawan latri
sapira neng dunyeki
dadya karem ing tyasipun
marang purbaning suksma
nanging sipat ngaral maksih
asring kenging ginodha dhateng wanodya.

7. Yen kala enget tyasira
marang wekasan dumadi
nulya kesah alelana
anjajah sagunging masjid
apan nunggal lan santri
kang kathah-kathah puniku
langkung amati raga
angagem kang sarwa laip
marmanira awis kang jalma uninga.

8. Lamun iku kadenangan
dhumateng guruning santri
Seh Dulrahkim nulya kesah
lamun kang den-karemeni

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tunggal lan santri alit
lan kang samya nisthanipun
lamun neng pamondhokan
marmanipun ngalih-ngalih
yen wus bosen pasantren ngalih mring wana.

9. Gunung jurang parang guwa
terkadhang urut pasisir
kalamun wulan Ramelan
ngujalat guwa kang sepi
Mangkana kang winarni
aneng song Kamal panuju
Seh Dulrahkim punika
lenggah neng jro guwasi
lingsir dalu cobaning Hyang nulya prapta.

10. Kalangkung awarna-warna
coba ingkang andhatengi
Seh Ngabdulrahkim samana
wus tan darbe tingal kalih
namung marang Hyang Widhi
coba wus musna sadarum
nulya ana kang prapta
jumeneng ngarsa nireki
janma priya cahyanya sawang purnama.

11. Awasta Hyang Jatimulya
sayektinya Sunan Kali,
Seh Ngabdulrahkin samana
seneng denira ningali
nulya ngandika aris;
'Heh Ngabdulrahkim sireki
wus pinasthi Hyang Suksma
lamun sira iku benjing
dadi ratu ngerang-erang nuli musna.

12. Samusnanya sang Pandhita
pungun-pungun Ngabdulrahkim

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kalangkung gegetunira
dene tan ngantos ngabekti
Enjing nulya lumaris
lampahnya anjujur gunung
tan etang pringga baya
sarira wus tan katolih
kang kaesthi amung sihira Hyang Suksma.

13. Nusup-nusup lampahira
mudhun jurang munggah ardi
tan-ana kang sinedya
langkung wuyung tyas neki.
Lamun sayah lumaris
sare saenggen-enggenipun
samangsanipun prapta
ing Bekung Seh Ngabdulrahkim
lajeng kendel ngantos angsal pitung dina.

14. Seh Ngabdulrahkim wus tedhak
dhumateng mesjid Mangi
pan arsa salat Jumuah
apan nuju samya prapti
sagung kang juru kunci
pan arsa salat sadarum
kagyat samya tumingal
tan pangling mring gustinireki
pan kumrubut samya tur salam sadaya.

15. Sabakdanira Jumuwah
sagung ingkang juru kunci
apan samya lajeng kormat
ing sagadhah-gadhah neki
dadya nyare sawengi
neng masjid Jimatan iku
enjingnya nulya mangkat
Seh Ngabdulrahkim lumaris
turut lepen ika lajeng munggah ngarga.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Prapta ing guwa Siluman
lajeng anyare sawengi
enjingnya nulya lumampah
nut irah-irahing ardi
samana sampun prapti
Seh Ngabdulrahkim puniku
guwa Sagala-gala
anulya dipun lebeti
kalih dalu nyare neng Sagala-gala.

17. Enjing anulya lumampah
lajeng andeder kang wukir
Guwa Langse kang sinedya
dirgama wus tan kaesthi
samana sampun prapti
Guwa Langse Lampahipun
Seh Ngabdulrahkim nulya
neng riku amati ragi
awatara neng guwa satengah candra.

18. Ngeningaken ingkang cipta
wus sirna sagung kaeksi
Seh Ngabdulrahkim samana
mung kantun rumekseng urip
urip rumekseng dhiri
dhiri wangsul urip sampun
kang urip kaya-kaya
sampun tan kena winarni
kewarnaa kang ngadhaton ing samodra.

19. Jeng Ratu Kidul wus prapta
neng ngarsa Seh Ngabdulrahkim
mapan padhang jroning guwa
nging Jeng Ratu wus udani
lamun Seh Ngabdulrahkim
lagi suwung ciptanipun
datan kenging ginodha

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya umatur ubanggi
lamun benjing tekeng mangsa badhe prapta.

20. Nanging Seh Ngabdulrahkima
miyarsa datan ningali
Ratu Kidul sampun musna
Mangkana Seh Ngabdulrahkim
wus ucul tingal neki
mantuk bangsa riyahipun
enjing nulya tumedhak
dhumateng Parang Taritis
lajeng siram anyare Parangkusuma

21. Pitekur sesendhen sela
layap-layap duk miyarsi
suwara apan mangkana
'Heh ta ya Seh Ngabdulrahkim
ngaliha araneki
Ngabdulkhamit ta sireku
lan maneh ingsun warah
kurang telung tahun iki
ing bubrahe iya nagara Ngayogya.

22. Apan wus karsaning suksma
wiwit bubrah tanah Jawi
iya iku telung warsa
lamun sira iku benjing
apan iya pinasthi
dadi lelakon ing besuk
ingsun aweh pratandha
marang sira Ngabdulrahkim
panah Sarotama iki sira nggoa.

23. Lan maneh wewekasing-wang
marang sira Ngabdulrahkim
lah poma sira den yitna
lamun luput iku benjing
ramanira tan dadi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ananging ta wekasingsun
Ngabdulkhamit mring sira
ywa gelem sira kinardi
ya Pangeran Dipati marang Welanda.

24. Mapan wus pasthi duraka
nanging ta ramanireki
Ngabdulkhamit jaganana
enggone jumeneng aji
tanana malih-malih
mung sira sarananipun
mapan iku tan dawa
namung kinarya luhuri
Ngabdulkhamit wus poma sira muliha!

25. Byar wungu padhang tingalnya
tan ana janma kang angling
lajeng tumengeng gagana
wonten cumlorot lir thathit
tiba ngarsanireki
tumanceb ing sela iku
nenggih ki Sarotama
sigra pinundhut tumuli
byar raina Seh Ngabdulkhamit lumampah.

26. Kinandhut ki Sarotama
pan lajeng urut gigisik
kendel ana ing sawangan
sakedhap nulya lumaris
prapta Lipura iki
ing sela gilang puniku
nyare sadalu nulya
enjing pan lajeng lumaris
prapteng guwa Secang kendel Jeng Pangeran.

27. Anyare sadalu ika
enjing pan lajeng lumaris
kundur marang Tegalhaija

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

samana pan sampun prapta
lajeng den-busanani
Ki Sarotama puniku
rineka cundrik ika
Enengena kang winarni
ing Ngayogya langkung kathah kang biwara.

28. Upruk mapan salín ñama
minister ing namaneki
aglar namaning Walanda
lawan lenggah jajar sami
lan Kangjeng Sultán iki
lawan mawi songsong iku
puniku datan lama
nulya gurnadur Ngajawi
mapan jendral Dles iku ing namanira.

29. Sampun prapteng Surakarta
yun lajeng mring Ngayogyeki
Kangjeng Sultán datan arsa
sabab dereng wonten iki
adat kang dhingin-dhingin
jendral ngajawi puniku
sanajan ngajawia
nanging kendel neng Samawis
setun tebih mapan kendel Salatiga.

30. Nanging jendral neng Samawis
nggenira arsa udani
wekasan dadya suwala
sagung wong Ngayogya sami
kinen samekteng jurit
sampun pepak pra wadya gung
Dyan Dipati Danuija
lan Raden Rangga tanapi
pra punggawa kang ageng-ageng sadaya.

31. Kang jawi ndherek sadaya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhumateng Radyan Dipati
mapan kinen mangsulena
lampahnya Jendral puniki
Kalathen sampun prapti
tan adangu Jendral rawuh
umiyat wong Ngayogya
amepeti lurung sami
dadya kendel Jendral pan kirang samekta.

32. Lajeng lumebet kewala
mring loji Jendral puniki
nadyan Dipati Danuija
lan Raden Rongga tanapi
sagung kang pra Dipati
tumtu malebet sadarum
lajeng samya tabikan
kalawan Jendral anuli
abicara Jendral dados manahira.

33. Pan lajeng wangsul kewala
mantuk dhumateng Samawis
mangkana pan lama-lama
saya kathah bicareki
nanging raden Ranggeki
kang wus tansah dadya catur
mangkana tumpa-tumpa
dyan Rangga ingkang prakawis
apan asring den undang marang Semarang.

34. Dyan Rangga Prawiradirja
nanging wus prayitneng galih
ingkang tyas pan wus wuninga
lamun dipun rangarahi
dhumateng ing kompeni
dadya tan pegat puniku
langkung prayitneng baya
samana apan wus lami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jendral meksa arsa wuninga Ngayogja.

35. Wus dadi ingkang bicara
mangkana ingkang winarni
Kangjeng Pangeran Dipatya
ingkang putra den timbali
Pangran Dipanagari
sampun prapta ngarsanipun
Kangjeng Pangran Dipatya
mapan angandika aris
lah ta kulup payo padha andum karya.

36. Wong ing kadipaten iki
kang padha dandan prajurit
kabeh iku sira reha
pan sewu cacahe iki
tumbak kencengireki
mangsa bodhoa sireku
pan ingsun kang bicara
dene ingkang ngiring marni
mung karia ngampil lawan Suranata.

37. Kalawan Truna Asmara
punakawan gamel iki
ingkang sun cekel priyangga
lawan adhinira kalih
dadya kanthinireki
sandika Pangran turipun
Anulya tinimbalan
Iki wadana prajurit
naminira rahaden Wiryapuspita.

38. Lawan dyan Jayaminarsa
wus pinaringaken iki
mring Pangran Dipanegara
samana pan datan lami
lan Jendral praptaneki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Pangran Dipatya iku
amethuk mring Kalasan
dene ingkang jaga westhi
ingkang putra Pangeran Dipanegara.

39. Lawan kang rayi kalihnya
Pangran Adinagareki
lan Pangeran Suryabrata
kalawan wadana kalih
ingkang dadya pangarsi
Samana sampun kapethuk
lan jendral neng Kalasan
Kangjeng Pangeran Dipati
amung lenggah sakedhap anulya mangkat.

40. Kawarnaa Kangjeng Sultan
kang methuk neng Gowok iki
samana pan sampun panggya
lawan jendral Dandles nuli
lenggah sakedhap iki
anulya budhalan sampun
dhateng nagri Ngayogya
lawan Jendral sampun prapti
apan kathah bicara kang nora dadya.

41. Duk samana ing Ngayogya
mapan lagya mempeng neki
sagung kang putra santana.
kalwan kang pra dipati
mangkana Jendral iki
apan mengsah Kanjengipun
kang prajurit sadaya
kalebet manca nagari
ing Ngayogya sadasa ewu pan samya.

42. Sawangnya lagya gambira
kajawi pangrembeneki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nanging Jendral ing tyasira
kang dinugi amalahi
rahaden Rangga iki
Prawiradirja Madiyun
dadya mantuk kewala
akarya karenah malih
Raden Rangga ingangkah keringira.

43. Kangjeng Sultan kang winarna
Rahaden Rangga punika
pan kaliyan mantuk ika
lan sagung manca nagari
kawarna sampun prapti
Rahaden Rangga Madiyun
sampun karsaning Suksma
Jeng Ratu Maduretneki
babar lajeng seda konduran punika.

44. Sinare ing Giripurna
Rahaden Rangga puniki
tumut aneng pakuburan
rahina wengi anangis
mapan ngantos alami
saking trenyuhing tyasipun
mangkana ciptanira.
angur miluwa ngemasi
datan saged yen maksih kantun neng donya.

45. Dadya dilalah karsanya
sakeh luput den andhemi
mangkana ingkang winarna
Jendral mapan sampun dadi
rembag lan Dyan Dipati
nulya atur surat sampun
dhumateng Sri Narendra
anuwun Dyan Rangga iki
pan ingundang mring Jendral dhateng Samarang.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dilalah karsaning suksma
Kangjeng Sultan teka gampil
pan iku kang dadya marga
rusake Ngayogya iki
Dyan Rangga dentimbali
wus sowan sabalanipun
pan sewu winatara
nanging Dyan Rangga tyasneki
apan maksih asmara dhateng kang swarga.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

II. Asmaradana

1. Mapan lajeng dendhawuhi
Dyan Rangga Prawiradiija
kalamun ingundang mengko
mring jendral dhateng Semarang
Mangkana ing tyasira
ingkang gumantung ing kalbu
mung Jeng Ratu Maduretna.

2. Mangkana esthining galih
Dyan Rangga Prawiradiija
yen ingsun turuta bae
lumaku marang Semarang
iya lamun palastra
kalamun tan mati ingsun
dadya andedawa brangta.

4. Baya ngur muliha mami
angluru dadalan apa
suprandene awaking ngong
neng donya wus nora bisa
iki dalan utama
sun anusul Kangjeng Ratu.
Mangkana ing dalu nulya.

4. ' Kang wadya wus dendhawuhi
mantuk mring Madiun nulya
lampah dalu gennya bodhol
kalawan sawadyanira
Dyan Dipati Danuija
wus ngaturi pirsa iku
dhumateng Sri Naranata.

5. Miwah bupati ing loji
mring minister wus sung wikan
nulya karya surat age

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kinintunaken mring Jendral
ingkang aneng Semarang
Kangjeng Sultan nang winuwus
kalangkung ing dukanira.

6. Ingkang tinuding nututi
wadana jero punika
Raden Purwadipurane
lan Pangran Dipakusuma
punika ingkang jaba
lan Raden Martalayeku
nging cinendhak kang carita.

7. Rahaden Rangga puniki
pan sampun kasarabut yuda
ingkang blaeni kancane
adipati ing Pacangan
Raden Somanagara
ingkang lolos sampun katur
dhumateng Sri Naranata.

8. Kawarna Jendral Samawis
mapan sampun angutusan
bantu mring Mantaram mengko
samana pan sampun prapta
nanging tan antuk karya
Raden Rongga wus kapupu
nulya Pangran Natasuma.

9. Ingkang tinarka ngajani
tinedha sampun binekta
dhumateng Betawi mangko
sa icalnya Raden Rangga
nenggih nagri Ngayogya
wus tan ana banthengipun
Jendral dugeKken ing tyasira.

10. Anulya dhateng Mantawis

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ambekta sawadya kuswa
Jeng Sultan amethuk mangke
langkung ewet ing tyasira
samana sampun prapta
Jendral ing Ngayogya iku
lajeng ing loji kewala.

11. Sampun kersaning Hyang Widi
Jeng Sultan ewed karsanya
pra putra santana kabeh
atanapi ingkang wadya
kapan sampun samekta
lamun kinarsakna pupuh
ingkang tyas sampun kaduga.

12. Nanging wus karsaning Hyang Widi
pan tansah ewed kewala
mangkana kang winisraos
Jendral Dandles pan bicara
lan Raden Adipatya
Danurja ngaturan iku
Kangjeng Sultan malebeta.

13. Inggih dhumateng ing loji
kapanggih kaliyan Jendral
Jeng Sultan arsa mangke
dadya langkung ewedira
mister Hinggalar lan Bremah
mangkana wekasanipun
Jeng Sultan wakil kewala.

14. Mester kalih aturneki
katiga Raden Dipatya
kalamun wonten kajenge
Jendral punapa wus lila
Kangjeng Sultan ngendika
iya mapan rila ingsun
marang si thole Dipatya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Mangkana Pangeran Dipati
wus ingiden mring kang rama
kinen manggihi Jendrale
pan wus telas welingira
nulya lengser ing ngarsa
lawan mester kalihipun
lan sagung putra sentana.

16. Tanapi kang pra Dipati
lawan prajurit sadaya
sampun prapta ing lojine
nulya panggih lawan Jendral
Kangjeng Pangeran Dipatya
anulya ingangkat iku
jumeneng sang Raja Putra.

17. Narendra parentali iki,
mring sagunging wong Ngayogya
dadya Kangjeng Sultán mangke
mapan kendel amegawan
namung momong kewala
dhumateng kang putra iku
wus rampung ingkang bicara.

18. Kangjeng Raja kundur aglis
lajeng sowan mring kang rama
wus katur saniskarane
enjingira Jendral nulya
dhumateng ing Kerajan
mapan lajeng pamit mantuk
enjing malih nulya budhal.

19. Jendral mantuk mring Batawi
datan lami kintun bintang
dhumateng Jeng Rama mangke
pan sinami agengira
lan bintange priyangga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan Jendral Dandles puniku
namung antuk mawi sela.

20. Ngamungna pratandha iki
saking raja ing Walanda
datan lama gantos mangke
tuwan Jendral Dandles ika
Jendral Yansen namanya
Kawarnaa ing Matarum
laminya jumeneng ika

21. Kangjeng Raja Ngayogya di
Kangjeng Sultan kang winarna
apan kanging pambanguse
marang ingkang darbe karsa
ingkang putra priyangga
Pangran Mangkudiningratku
lan Pangran Jayakusuma.

22. Pangran Santawijayaku
Jeng Sultan mindhak sakawan
putra kang diwasa mangke
Pangran Natabaya ika
anuli arinira
Pangran Silarong puniku
gya Pangran Santawijaya.

23. Pangran Jayakusumeki
punika ingkang taruna
dadya ewa ing manahe
Kangjeng Sultan mring kang putra
Kangjeng Raja Narendra
pan kenging pambangunipun
dhumateng kang putra tiga.

24. Pangran Mangkudiningrati
punika kang darbe karsa
nuwun mring kang rama Katong

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jumeneng Pangran Dipatya
ingkang rayi kalihnya
Pangran Jayakusumeku
lan Pangran Santawijaya

25. P,unika ingkang jageni
inggubel garwa kalihnya
mapan ingkang mothahake
Kangjeng Ratu Mas punika
lawan Ratu Kancana
marma Kangjeng Sultan iku
langkung emeng ing wardaya.

26. Nengena ing Ngayogyeki
kang lagya sami kemengan
ing Batawi winiraos
Jendral Jansen katamuwan
nenggih kang parangmuka
Jendral Inggris wastanipun
Raples sepe ingkang bala.

27. Jendral Jansen atur tulis
marang Kangjeng Raja putra
Narendra nuwun bantune
mapan lajeng binantonan
Anenggih kang lumampah
apan Rahaden Tumenggung
Danukusuma kalawan

28. Tumenggung Danunagari
dyan Tumenggung Wiryasuma
dene ingkang lebet mangko
Radyan Riya Sindureja
lan Dyan Ranawijaya
apan gangsal kang tumenggung
sewu cacahe kang wadya.

29. Mapan dereng ngantos prapti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Batawi kang sampun bedhah
lajeng baris Sarondhole
sagung kang wadya Ngayogya
neng Gombel Surakarta
pan lestari kawontenipun
Walandi Jendral binucal

30. Jansen ingkang anjangkani
Batawi Jendral Butermos
Raples ingkang jujuluke
Mangkana ingkang winarna
nenggih nagri Ngayogya
Kangjeng Sultan jeng tyasipun
dene Walanda wus sinar.

31. Mapan sampun salin Inggris
pan samana Kangjeng Sultan
lajeng karsa dhatengake
ingkang dadya telenging tyas
samana sampun rembag
kalawan putra katelu
sakawan kang mantu nata.

32. Lawan ingkang ipe kalih
apan punika sadaya
kang samya panas manahe
dhumateng Raden Dipatya
Kang mantu namanira
Dyan Sumadinignrat iku
ipe ran Prawiranata.

33. Prawiradiwirya ugi
samana raden Dipatya
apan tinimbalan age
sengadinira pinirsa
Inggris ing kabarira
pan sampun prapteng kedhatun
cinepeng Raden Dipatya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Apan lajeng den sedani
atañapi lan kang rama
Raden Danukusumane
mangkana ingkang winarna
Kangjeng Raden Narendra
apan sampun tanpa bayu
dadya angles ing wardaya.

35. Sagunging lawang kemunci
wadya kang jaran sadaya
baris banjar adhem mangko
lajeng kinen nimbalana
dhumateng ingkang putra
Pangran Dipanagareku
dhumateng ing Tegalhaija.

36. Kawarna Tegalhaijeki
Pangeran Dipanagara
apan datan myarsa wartos
kalamun nagri Ngayogya
nenggih wonten punika
jinawil kang paman iku
nenggih Pangran Natabaya.

37. Kalangkung kagyat ing galih
lan wartos dhateng kang rama
Kangjeng Pangran nulya kinen
angambil kang turangga
sampun mapan anulya
tinitiyan nander mamprung
datan mawi bekta wadya.

38. Namung lan gamel satunggil
neng margi kapethuk nulya
lawan kang utusan mangke
ingkang rama Kangjeng Raja
tan antara wus prapta
ing Banjar Adhem punika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Dipanagara.

39. Kapanggih sadaya sami
ingkang wadya Kangjeng Raja
Pangran Dipanegarane
nimbali Jayasentika
punika patihira
Kangjeng Raja kang panuju
apan wus salin papatya.

40. Dene patih kang rumiyin
Ki Tumenggung Wiraguna
apan tilar sepuh kuwe
nulya Mas Tumenggung ika
nenggih ing Sokawatya
Kartadirja tilar sepuh
nulya Mas Tumenggung Japan.

42. Somadirja ingkang wangi
apan tilar sepuh ika
nulya kakalih patihe
wasta ki tumengung ika
nenggih Cakradipura
kalawan Raden Tumenggung
Jayasentika punika.

42. Mung Mas Cakradipureki
tilar sakit marganira
mung kantun satunggal mangke
nenggih Raden Jasentika
kaduk purun kewala
sing Madura wijilipun
ingkang santana priyangga.

43. Marma lajeng mepak baris
saking prayitna ing baya
pan lajeng dinukan mangke
mring Pangran Dipanagara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan kinen bubarena
mung kantuna ingkang sepuh
lurah mantri lan wadana.

44. Jeng Pangran nulya umanjing
lajeng mring panepenira
kang kari kinunci mangke
anenggih ingkang atengga
Ki Rahmannudin lawan
Ki Muhlamad Rusman iku
samya lan sakancanira.

45. Kaum lan Suranateki
pan inggih lajeng dinukan
kori kinen mengakake
mangkana ingkang kawarna
Kangjeng Raja Narendra
kayungyun ing praptanipun
wan dhumateng kang putra.

46. Pan kintun mriksa nuli
dhumateng kang Banjar Andhap
kaparak ingutus age
Rahaden Wiryapuspita
mangsuli aturira
mapan sampun rawuh dangu
lajeng duka mring Ki Lurah.

47. Sareng sampun andukani
lajeng lumebet kewala
omong sasmita pan age
wangsul matur mring jeng Raja
gya kinen madosana
marang ing panepen iku
Jeng Pangran nulya kapanggya.

48. Mapan lajeng den timbali
wan dhumateng kang rama

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan antara prapta mangke
Pangeran Dipanagara
ngarsanya kangjeng rama
ingawe lajeng rinangkul
sarwi kumembeng kang waspa.

49. Mapan ta mangkono maning
Pangeran Dipanagara
pan.nenggih medal waspane
ri sampun tata ing driya
Kangjeng Raja ngandika
Ingsun kulup aweh weruh
pamanira dhi Danurja.

50. Ing mengko wis denpateni
iya marang eyangira
paran polahingsun mangke
lamun ingsun ingandikan
iya mring Kangjeng Rama
apa ta ingsun lumaku
paran mengko rembugira.

51. Pangran Dipanagareki
mapan aris aturira
Kalamun sadalu mangke
prayogi mopo kewala.
Kangjeng Raja ngandika
lamun mangkono karemup
prajurit sira pepakna.

52. Manawa eyangireki
kabanjur supe dukanya
iya marang ingsun angger
nora wurung banda yuda.
Pangran Dipanagara
wot sekar alon umatur
Marma andangu kawula.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

53. Inggih mampir anyrengeni
dhateng paman Jasentika
apan sampun sedya mangke
gung abdi dalem sadaya
lajeng akinen bubar
ning kantun kang samya sepuh
lajeng panepen amba.

54. Pan inggih makaten sami
kaki Rahmannudin lawan
kaki Amadngusman mangke
kaum lawan puranata
kancanipun sadaya
pan samya samekteng pupuh
kori sampun tinetekkan.

55. Lajeng kawula srengeni
lan ingkang kori punika
amba ken bucal tetege
mindhak karya salah nyana
Kangjeng Ratu duk myar
ature kang putra iku
dangu datan angandika.

56. Wekasan ngandika aris
Paran kulup karepira
ingsun ñora duga angger
sireku pan amung juga
sanajan akulita
tembaga wesi kang balung
otot kawat sungsum gala.

57. Mangsa ta kelara kaki
mungsuh paman-pamanira
apan ta kaliwat akeh.
Pangeran Dipanagara
pan aris aturira
nadyan dhawaha puniku.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Namung pangestu paduka.

58. Yen Kangjeng Eyang upami
meksa dhatengken wasesa
dhumateng paduka supe
kapanggiha ing kawula
samya dentingalana
sampun wonten tumut-tumut
nulya Raden Jasentika.

59. Paman soswan tur upeksi
lamun Dyan Somadiningrat
lawan Brangtakusumane
ingutus dhateng Sang Nata
Kangjeng Raja Narendra
mapan angandika arum
Dipanagara ywa lunga.

60. Alingana wuri marni
sun undange uwakira
nulya tinimbalan age
ingirid Jayasentika
sampun prapta ing ngarsa
Kangjeng Raja ngandika rum
Dika kautus punapa.

61. Dyan Tumenggung matur aris
Ingutus paring uninga
mring Jeng Rama Tuwan Katong
lan paduka ingandikan
Kangjeng Raja ngandika
Gih kakang dika umatur
kawula ing sapunika.

62. Nuwun ngapunten Rama Ji
mapan dereng saged wosan
tan sakeca awakingong
kakang andika matura

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhumateng Kangjeng Rama.
Nulya Dyan Tumenggung mundur
kalawan Brangtakusuma.

63. Kangjeng Raja ngandika ris
mring Pangran Dipanagara:
Paran yen ngandikaningong
maneh marang eyangira.
Pangran Dipanagara
tur sembah alon umatur
Kawula sumanggeng karsa.

64. Jeng Raja ngendika malih
Becik ingsun yen ngandikan
ewuh tan sebaa ingong
kalawan ta adhinira
apa na durung prapta
Pangeran matur wotsantun
Apan sampun samya prapta

64. Pan amba ken wangsul sami
pun adhi Adinagara
mapan amba tempahake
ngulatna dhateng pun uwa
pun adhi Surabrangta
ngulatken paman puniku
Jayakusuma kang dadya.

66. Kakalih raosing galih
Mangkana sampun antara
wonten kawan dina mangke
Kangjeng Raja ingandikan
dhumateng Kangjeng Sultan
Nyai Riya kang ingutus
nulya Kangjeng Raja sowan.

67. Tan kantun kang putra iki
kinen kendel tatanggelan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Raja manjing kadhaton
wus cundhuk lan ingkang Nata
Jeng Raja ngaras pada
pan samya kumembengipun
mangkana pan sampun lenggah.

68. Kangjeng Sultan ngendika ris
wau dhumateng Jeng Raja.
Ywa sira kleru pawartos
marmane iku sunbuwang
besuk sapungkuringwang
wus sun-duga iku kulup
makewuhi marang sira.

69. Marmane ingsun-pateni
pan ing sun iki wus tuwa
ing besiik sapa kang duwe
tinggalane eyangira
Dadya sami pulihnya
ingkang tyas kalihipun
nanging dereng karya patya.

70. Wus tan ana walang ati
saben dina ingandikan
Jeng Raja manjing Kadhaton
Pangeran Dipanagara
apan sampun kalilan
kundur mring Tegalhaijeku
samana pan ora lama.

71. Kangjeng Sultan kenging malih
saking agenging panggodha
ewa mring putrane maneh.
Mangkana ingkang kawarna
Pangeran Suryabrata
sowan mring kang raka iky
dhumateng ing Tegalhaija.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

72. Apan atur kabar yekti
ing pawarta sampun terang
dadya agempung galihe
Pangeran Dipanagara
Mangkana kang winarna
ing dina Jumungah nuju
Kangjeng Sultán miyos salat.

73. Kangjeng Raja ndherek iki
pepak kang putra sentana
pan saben Jumungah mangko
Kangjeng Sulan miyos salat.
Mangkana sampun lama
Kangjeng Sultán ewahipun
dhateng Jeng Raja Narendra.

74. Sabakdanya Jumungah iki
Kangjeng Raja mapan nulya
nimbali kang putra mangke
Pangeran Dipanagara
lawan kang rayi ika
Pangran Panengah puniku
kang samya tinantun karya.

75. Kangjeng Raja ngandika ris
Paran adhi pikirira
Kangjeng Rama ewa tyase
tan arsa nimbali mring wang
dene pangrasaningwang
barang kinarsakken iku
adhi sun datan suwala.

76. Pan kongsi cinacad mami
ingsun adhi mring Walanda
Saking dening wedi ingong
iya marang Kangjeng Rama
Pangran Panengah turnya
apan langkung ewedipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Yen paduka angaturna

77. Menggahing kalih prakawis
boten wande pan kapiran
paduka inginakake
inggih dhumateng Walanda
sawung medhot pondhongan
punika upamanipun
ingih kadamel punapa.

78. Jeng Raja ngandika aris
Paran adhi kang paryoga
Pangran Panengah ature
Inggih pamanggih kawula
sanajan den-pundhuta
kawula kukuhi tuhu
nadyan prapta ing ngayuda.

79. Pan inggih ulun nglampahi
Rumiyin pan sampun rila
mapan ingkang njenengake
inggih gupremen Walanda
Yen paduka ajriha
pan Walandi sampun tamtu
ewa dhumateng paduka.

80. Kalamun lajeng tinampik
kados pundi temahannya
kapinten kalih-kalihe
sanajan bandayudaa
lawan rama paduka
pan punika sababipun
kados nunten tinulungan.

81. Dhateng gupremen puniki
sabab punika kang karya
Kangjeng Raja emeng tyase
nulya nantun mring kang putra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangran Dipanagara:
Paran karepira kulup
apa nunggal pamanira?

82. Yen upama durung nunggil
lah mara sira matura!
Pangran Dipanagarane
mapan aris aturira:
Pisah nunggil tyas amba
lan paman Panengah tuhu
sumangga tuwan galiha.

83. Upami sami satunggil
apan awrat mring sudarma
lamun Kangjeng Eyang yektos
puputra dhateng paduka
tan ngalih mring kang liya
mapan punika satuhu
ingkang dados karsanira.

84. Kencenging tyas amba yekti
aluwung ingaturena
nadyan silih upamine
dhumatenga ing ngayuda
lamun nunggal sudarma
mengsah lan Walanda tuhu
apan sae kang carita.

85. Yen paduka ngantosjurit
inggih kalawan Jeng Eyang
pan amba matur sayektos
kencenge manah kawula
apan ndherek Jeng Enyang
milane wonten pukulun
pan inggih saking paduka.

86. Pan inggih makaten malih
paduka wonten punika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking Kangjeng Yang wijine
Nanging kalamun Jeng Eyang
tan gadhah putra liyan
nging punika paminipun
aluwung ingaturena.

87. Apan benjang dhateng pundi
inggih tapa hadteng anak
anak mring putu tan wände
kalamun lujeng punika
amba miyarsa warta
apan inggih terang sampun
saking adhi Sumabrata.

88. Kangjeng Eyang sampun galih
suwunge Pangran Dipatya
kang badhe kinarsakaken
gentosi rama paduka
lawan ingkang pasowan
Pan Mangkudiningrat tuhu
sampun rembag samya.

89. Mung kantun ngentosi Inggris
yen paduka ngekahana
kados kalangkung ewede
Kangjeng Eyang tan sikara
dhateng rama paduka.
namung karya jangkepipun
inggih wicalan nagara.

90. Ratu mapan putraneki
inggih Pangeran Dipatya
makaten samya rembage
paduka wus ñama raja
mapan raja kewala
dadya pecah badhenipun
ingih nagari Ngayogya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

91. Lamun paduka ngekahi
datan wände bandayuda
langkung awon pocapane
lamun tan kinekahana
mapan kalajeng benjang
marma amba kamipurun
aluwung ingaturena

92. Mumpung dereng ngantos ugi
kawentar mring tiyang kathah
Iah lingsem punapa mangke
pan asngking karsa paduka
priyangga kang ngaturna
mapan wonten tandhanipun
pejahe paman Danurja

93. Walandi boten nulungi
tur mindhak wewah duraka
lawan awon pocapane
makaten kadya paduka
upami ngekahana
kalawan ngaturna tuhu
mapan sami ewedira.

94. Upami benjing nemahi
pinundhut salah satunggal
tan wände aprang temahe
sanadyan silih apranga
lamun kalih Walanda
Kangjeng eyang putra tuhu
inggih dhateng ing paduka.

95. Kantenan rinebat yekti
tur mindhak angsal utama
lawan sae pocapane
mangkana karsaning Suksma
Kangjeng Raja Narendra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

karsa nut putranipun
anulya ans ngandika.

96. Paran adhimas sireki
umatur Pangran Panengah :
inggih lamun wekasane
nanging kawula punika
tan saged nglampahana
kados anakmas puniku
pan namung waton kewala.

97. Wispadha mundura dhingin
nging Dipanagara sira
karia aneng panepen
nulya mundur kalihira
nenggih Pangran Panengah
mapan sampun lajeng kundur
nging Pangran Dipanagara.

98. Maksih neng panepen nenggih
mangkana ta Kangjeng Raja
Narendra mapan wus kinen
nenggih karya nuwala
tan pantara wus dadya
nulya utusan puniku
animbali nyai Riya.

99. Swadasaganda kakalih
tan pantara sampun prapta
ing ngarsa Kangjeng Raja ge
nulya Jeng Raja Narendra
maringaken nuwala
Nyai Riya kang ingutus
anganturken mring Sang Nata.

100. Tan pantara nulya prapti
Nyia Riya ngarseng Nata
kang surat ingaturaken

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhumateng Sri Naranata
apan lajeng binuka
sampun sinuksma ing kalbu
langkung duka Sri Narendra.

101 Injing nulya dentimbali
Jeng Raja Putra Narendra
dhumateng kang Rama Katong
Tan antara nulya prapta
Jeng Raja ngarsa nata
Kangjeng Sultan nulya ndangu
mring Kangjeng Raja Narendra.

102 "Paran sira atur tulis
nyaosaken saniskara
njaluk pulih lir maune."
Kangjeng Raja Narendra
pan aris aturira:
Inggih saking lepat ulun
rumiyin kenging rancana.

103 Sareng sampun lami-lami
kados saru ingkang praja
Mangkana sakedhap supe
Jeng Sultan mring kang ubaya
garwa kalih myang putra
saking suka ing tyasipun
rinangkul Raja Narendra:

104 "Ya wis eling anak marni
kalamun duwe wong tuwa."
Kangjeng Sultan anulya ge
mapan kinen nimbalana
Raden Tumenggung ika
Sumadiningrat prapta wus
lan Raden Prawiranata.

105. Brangtakusuma lan carik

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mapan lajeng karya surat
mring loji paring wruh mengko
yen Kangjeng Raja Narendra
ngaturken kang pangwasa
tanapi lan namanipun
saking karsanya priyangga.

106 Ingkang ingutus mring loji
Kiyai Sindunagara
lan Raden Tumenggung mangke
Danunagara puniku
pan dereng karya patya
marma kaliyan ingutus
mangkana pan sampun prapta.

107 Lan Minister Ingglar panggih
mapan lajeng winartanan
ingkang surat ijowane
lamun Jeng Raja Narendra
nyaosken kang nama
lawan parentahanipun
wit saking karsa priyangga.

108 Apan wangsul nama lami
Kangjeng Pangran Adipatya
kalawan ing pasowane
mester langkung getunira
tan saged mangsulana
ingkang surat mapan sampun
linajengaken mring jendral.

109 Nanging sampun salin Inggris
surat sinamur kewala
datan winangsulan maneh
awatara pitung dina
Jeng Sultan nulya karya
pepatih Kyai Tumenggung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sindunagara punika.

110. Mester apan dentimbali
nanging sakit sengadinya
mung wakil Litnan kemawon
Wus pepak sgung kang seba
nuju Senen kang dina,
nulya miyos Sanga Prabu
mung Litnan lan juru basa.

111. Ingkang ndherek mring sang Aji
lenggah munggeng siti bentar
Kangjeng Pangran Dipatine
wangsul palenggahan lama
mangkana apan nulya
Kangjeng Sultan ngangkat sampun
mring Kyai Sindunagara.

112. Apan kinarya pepatih,
anama Kyai Dipatya
Danurja ngestreni kabeh,
sagung kang putra santana
lawan kang pra punggawa,
namung Litnan datan purun
kalawan kang juru basa.

113. Ajrih pan datan wineling
dhumetang ingkang misternya
pan mangkana sengadine
nanging Kangjeng Sultan ika
pan lajeng karsanira,
samana pan sampun rampung
pepatih Ki Danureja.

114. Anulya luwar Sang Aji,
bubar sagung kang sewaka
Ki Dipati anulya ge
lumebet mring loji ika,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan sagung pra dipatya
dene kang nggentosi iku
anama Sindunagara.

115. Putranira Ki Dipati
kawarna Pangran Dipatya
kang putra kalilan mangko
kundur marang Tegalharja
Pangran Dipanegara
datan lama praptanipun
Minister Jan Krapet ika.

116. Hingglar sampun kesah nuli
lawan kang bala Walanda
kantun kang mardika bae
dadya salin ingkang jaga
Nenggih nagri Ngayogya
Inggris lan Sepehi iku
mangkana ingkang winarna.

177. Kangjeng Sultan mundhut idi
mring kang kari praptanira
Pangran Natakusumane,
wau lawan ingkang putra
anenggih namanira
kang putra Raden Tumenggung
Natadiningrat punika.

118. Jan Kerapet anyagahi
apan nulya kintun serat
Minister Kerapet mangko
mring Jendral Betawi ika
anenggih namanira
Raples Burnas puniku
ingkang surat nulya prapta.

119. Datan lama nulya prapti
Pangerang Natakusuma

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mapan kalawan putrane
Tumenggung Natadiningrat
lajeng katur Sang Nata
nulya tinimbalan sampun.
Pàngeran Natakusuma.

120. Mapan lajeng angabekti,
dhumateng Sri Naranata,
mangkono uga putrane,
Tumenggung Natadiningrat
mapan sasampunira
dumugi ngarsa Sang Prabu
kang rayi kinen kundura.

121. Marang dalemira lami
pan Raden Natadiningrat
ingkang kawarna ing mangke
mapan saya kathah ika
nenggih nagri Ngayogya
ingkang dados ruwedipun
sangsaya kathah kang warta.

122. Atanapi sangga runggi
lan cengil-cinengil samya
dadya tan karuwan kabeh
ingkang amrih kalujengan
pan nagari Ngayogya
samya asusah kalangkung.

123. Miwah kang para dipati
mapan samya tetepangan
sasukane dhewe-dhewe
mangkana manca nagara
kang anggenteni ika
Raden Rangga sedanipun
Pangeran Dipakusuma.

124. Mapan lajeng dados kalih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wadana manca nagara
dipati bauwarnane
Raden Prawirasetika
mangkana kang winarna
Kangjeng Pangeran Dipatyeku
mapan langkung kawlas arsa.

125. Sapraptanira puniki
Pangeran Natakusuma,
sagung kang santana kabeh
ajrih mring Pangeran ika
nenggih Natakusuma
lawan kang tinantun-tantun
mring Kangjeng Sultan punika.

126. Marma santana samya jrih
lawan malih sampun tepang
Pangran Mangkudiningrate
lan Pangran Jayakusuma
sagah kinarya marga
lawan Inggris tepangipun
Pangeran Natakusuma.

127. Lawan Kangjeng Sultan iki
samana pan wus pracaya
mring kang rayi jumenenge
Pangeran Mangkudiningrat
dadya tulus Sang Nata
kenging ing rancana tuhu
wus supe marang kang putra.

128. Kangjeng Pangeran Dipati
mangkana ingkang pirembag
mapan lagya ngecakake
linorot lawan binuwang
wong kadipaten samya
mapan alit manahipun
wonten kang rayi kalihnya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

129. Ñama Pangran Mangkubumi
lawan Pangeran Panengah
kang raka kalangkung sihnya
kang asring tinantun karya
sampun balik kalihnya
yang saking ajrih ing suhur
Mangkana ingkang winarna.

130. Pangran Dipanagareki
datan arsa myarsakena
mring sagunging warta kabeh
tan pantara nulya kesah
saking ing Tegalharja
ngiwa marang guwa iku
ing Serang namaning guwa.

131. Kalangkung prihatineki
nguwatosken mring Kang Rama
pan mangkana pangesthine
Pangeran Dipanagara:
"Muga ta Kangjeng Rama
pinaringana tyas emut
tawekal marang rancana.

132. Kaya paran polah marni
lamun tan tinulungana
paran baya temahane
lamun prapta ing ngayuda
mapan banget sun wirang
sapele ingkang rinebut
anak mungsuh lawan bapa."

133. Dadya langkung tyasireki
Pangeran Dipanegara
mung Kang Rama aneng tyase
dadya datan medal-medal
aneng guwa kewala
nunuwun marang Hyang Agung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

waluyane ing Ngayogya.

134. Enengena kang winarni
mapan nagari Ngayogya
kalangkung surem cahyane
Kangjeng Sultán kawarnaa,
karsa dugekken karsa
ingkang rayi sampun saguh
Pangeran Natakusuma.

135. Mapan sampun angsal margi
Jan Kerapet ing pondhoknya
pun Cik Ahmad kekasihe
punika ingkang kinarya
marga sarta ingebang
mrang pangeran puniku
Natakusuma yen dadya.

136. Nenggih Pangeran Dipati
Pangeran Mangkudiningrat
mapan kathah pangebange
dhumateng sira Cik Ahmad
mangkana kang winarna
Kangjeng Sultán lamun rembug
lawan kang garwa kalihnya.

137. Kang asring ngagol-agoli
kang ibu Pangran Dipatya
Ratu Kadhaton namane
mangkana pan binethekan
ana ing dalemira
datan kenging miyos iku
warnanen Pangran Dipatya.

138. Mapan sampun myarsa warti
yen Kang Ibu kawlas arsa
esrnu bramantya manahe
lajeng kinen nimbalana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhumateng ingkang putra
Pangran Dipanagareku
ing Tegalharja tan ana.

139. Lajeng kinen ngupadosi
kapanggih neng guwa Secang
lajeng lancaran lampahe
tan kondur mring Tegalharja
mapan lajeng kewala
saking kuwatosing kalbu
Jeng Pangran dhateng Kang Rama.

140. Tan pantara sampun prapti
ing kadipaten samana
panuju bakda ngisane
Pangeran Dipanagara
mapan lajeng kewala
lumebet panepen iku
salat sampunipun bakda.

141. Mapan lajeng dentimbali
Kangjeng Pangeran Dipatya
pinarak neng gedhong mangke
Pangeran Dipanagara
pan sampun prapteng ngarsa
Kangjeng Pangran sareng dulu
wau dhumateng kang putra.

142. Kumembeng waspanya mijil
Pangeran Dipanagara
mapan ya mangkono maneh
ri sampunira atata
marek mung sakaliyan
Kangjeng Pangran Dipatyeku
tan dya aris angandika.

143. Paranta kulup sireki
eyangira kawlas arsa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang lawang tinutup bae
nora kena yen manjinga
marang kedhatonira,
margane mangkono iku
kulup iya eyangira.

144. Pan kagawa ingsun yekti
wus sun duga Kangjeng Rama
marang ingsun sida supe
pratandha iku kewala
iya mring eyangira
paran ta kulup sireku
ingkang dadi karepira.

145. Sapira ingsun pribadi
apadene eyangira.
mapan wus wareg rasane
kulup kamukten ing donya
nadyan silih matia
mapan wus sedheng nak ingsun
namung sira kaya ngapa.

146. Lan adhi-adhinireki
paran baya polahira,"
mangkana pangran duk anon
pangandikane Kang Rama
mapan ing tyas mangkana
marmane ana wakingsun
iya saka Kangjeng Rama.

147. Kangjeng Rama ananeki
iya saka Kangjeng Eyang
nanging Kangjeng Eyang mangko
mapan darbe putra liya
lan wayah pasthi iya
dadya ngadeg suranipun
Pangeran Dipanagara.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

148. Nulya umatur wotsari
wau dhumateng Kang Rama
Yen makatena karsane
jeng Eyang yektos punika
supe dhateng paduka
nging amba nuwun pangestu
sasaged-saged kawula.

149. Bilih manawi marengi
wonten pitulung Hyang Suksma
kangjeng Pangran ngandika Ion;
"Ya kulup sakarepira
sun ngamini kewala
dene ingsun ikiluput
mapan ya wus nora kena.

150. Yen meluwa bicareki
mangsa bodho kulup sira
nadyan silih upamane
tumeka lara palastra
ingsun melu kewala"
Pangran Dipanagareku
mapan aris aturira.

151. "Bilih marengi Dewa Ji
anuwun amit kawula
mantuk ing Tegalharjane
derapon sampun kawentar
dhumateng tiyang liyan
lawan malih amba suwun
pun paman Jayasetika.

152. Kenginga kawula kanthi
nulya Dyan Jayasetika,
tinimbalan prapta age
mapan lajeng dhinawuhan
wus tepang kalihira
Kangjeng Pangran Dipatyeku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wus pracaya mring kalihnya.

153. Pangran Dipanagareki
lan Raden Jayasentika
kalilan kalih wus lengser
saking ngarsanya Kang Rama
kundur Tegalharja
dadya langkung remitipun
gung rembugan wonten nyana.

154. Kangjeng Pangran Adipati
tan ewah pasowanira
ingkang kawarnaa mangke
Tumenggung Jayasentika
pan kinen lumebeta
mring Pangran Dipanagreku
ing loji pan sampun panggya.

155. Lawan Jan Kerapet iki
dene kang kinarya marga
mring Dyan Jayasentikane
anenggih kapitan Cina
pun Jingsing ingkang nama
nulya pratelakken iku
Rahaden Jayasentika.

156. Ing saniskaranya sami
punapa dene Kang Rama
Kangjeng Raja Narendrane
marma sinasoken ika
sabab kabeh rubeda
Jan Kerapet terang sampun
sagung setori Ngayogya.

157. Pan samya sukareneki
Jan Kerapet dennya sobat
lan Dyan Jayasentikane
nanging langkung remitirá

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen wus prapta ing wisma
lajeng atur surat iku
dhuamateng ing Tegalharja.

158. Sabarang bicara sami
apan ajrih ngrampungana
Raden Jayasentikane
sengadi atur uninga
makgnana kang winarna
Jan Kerapet mapan sampun
tur surat dhateng Jeng Sultan.

159. Anyereg sabarang iki
sagung ingkang karya susah
Kangjeng Pangran Dipatine
mangkana wangsulanira
Kangjeng Sultan punika
"Hell ya Kerapet sireku
aja ta asalah karya.

160. Nadyan ingsun srengen iki
marang si Thole Dipatya
mapan putraningsun dhewe
lari Ratu Kedhatonira
garwaningsun pnyangga"
Mangkana wansgulanipun
mester Yudakanaka.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

HI. Pangkur

1. Jan Kerapet sareng myarsa
kang wangsulan Kangjeng Sultan punika
kalangkung bramantyanipun
kang jaja lir medala
dahananya nulya malih karya iku
pan surat muni mangkana
"Dhumateng Kangjeng Sang Aji.

2. Yen tan kenging ingemutna
tanpa karya kula anjaga nagri
aneng Ngayogya puniku
punapa ken jagaa
asu gancet kemawon jaga puniku
apan ajrih wilujengnya
samya ecaning kang galih.

3. Ing titiyang sanagara."
Dadya nurut Jeng Sultan mring turneki
Mester Kerapet punika
nanging maksih kang driya
denira panggah ing panglungsuripun
mangkana pan datan lama
Jendral Raples prapta neki.

4. Nenggih nagari Ngayogya
Kangjeng Pangran Dipati methuk iki
ana ing Kalasan iku
neng Gowok Kangjeng Sultan
nulya Jendral prapta ing Kalasan sampun
wus panggih Pangran Dipatya
lajeng nitih kreta nunggil.

5. Jendral lan Pangran Dipatya
nengjro kreta jendral ngajak ubanggi
samya nunggil kang rah tuhu
nanging Pangran Dipatya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kendel datan nyauloni jendral iku
mangkana pan sampun prapta
ing Gowok jendral wus panggih.

Nenggih kalawan jeng Sultan
lajeng mangkat tan karsa nunggil nitih
Jendral mung piyambak iku
neng ngajeng kang kareta
Kangjeng Sultan lawan minister puniku
Kangjeng Pangeran Dipatya
lawan sekretaris Edim.

Tan pantara sampun prapta
loji kebon kang palenggahaneki
pan sampun tinata iku
kursi ageng kalihnya
Kangjeng Sultan tan arsa lenggah puniku
kedah dhampar ken ngajengna
nging jendral tan suka iku.

Pan lajeng sulayanira
Jendral Raples nyandhak kerangireki
kang pedhang arsa denunus
Kangjeng Sultan mangkana
kang curiga ingasta jejeranipun
sagung kang putra santana
tanapi kang pra dipati.

Pan sampun ngadeg sadaya
para upsir kang baris mlebet sami
dadya jejel kantor iku
apan pipit-pipitan
yen lajengna aprang ing wekdal puniku
bayan tan bangkit ngempakna
pedhang atanapi keris.

Sagung kang para sentana
myang pra upsir bupati jero sami
mangkana kang winuwus

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Pangran Dipatya
aneng tengah anyapih sang kalihipun
ing Rama kalawan Jendral
miwah Jan Kerapet iki.

11. Apan marmaning Pangeran
pun rahayu sadaya datan nganti
nibakken gegemanipun
lajeng sareh kalihnya
Jendral ngawon Kangjeng Sultan sampun tamtu,
alenggah aneng dhadhampar
Jendral lenggah aneng kursi.

12. Mangkana jendral atanya
sapa ingkang tinuding anggenteni
jumeneng ing Ngayogyeku
lamun Sultan tan ana
Kangjeng Sultan anulya angandika rum
Iya Ki Dipati ika.
nanging lamun tulus becik.

13. Jendral Buntar Mas aturnya
"Becik ora dhingin katon punapi
yen mangkono ingsun jaluk
iya kang tandha asta
lawan tamtu iya kang ngurupan iku
sagung bumi tanah Jipang
lawan Prarayangan iki."

14. Kangjeng Sultan angandika;
"Mengko sore iya ingsun ngirimi."
Jendral anyauri asru:
"Mengko iki kewala
ewuh apa iya iku tandhanipun
yen tan siji karsanira
esmu lingsem Sri Bupati."

15. Nulya paring tandha esta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan Jendral inggih nandha tangani
mangkana pan sampun rampung
lamun Pangran Dipatya
yen tan ana Kangjeng Sultan gumantyeku
lan wonten malih bicara
nging Jeng Sultan datan apti.

16. Pan besuk-besuk kewala
ing saiki wis bengi wayah marni."
Kangjeng Sultan nulya kundur
sareng enjing winarna
Kangjeng Sultan utusan mring loji iku
Ki Dipati Danureja
kang ingutus sampun panggih.

17. Lan Jendral mapan mangkana
sampun ewah kados adad puniki
Jendral manjinga kadhatun
lumampah salaminya
pan gentosan dene kang biacara sagung
kapanggih wingking kewala
sabab sampun kaping kalih.

18. Jeng Sultan genira lenggah
dhateng loji methuk sapisan iki
manggihi ping kalihipun
marma wayah paduka
apan sanget ing pangajeng-ajengipun
Jendral Raples Abutarmas
mesem sendhu denira ngling.

19. Mangkene pratelanira
lamun nora kena den ugung yekti
Sultan ing saujaripun
ya wingi saguhira
apan iki ing dina pan arsa wangsul
wekasan ingsun den undang
lah Danuija luwih becik.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Ing besuk esuk kewala
ingsun manjing kedhaton luwih becik
wus tutura mangkoneku
nulya Ki Danureja
sampun mundur saking loji prapta iku
lajeng matur mring Sang Nata
sagah jendral benjing-enjing.

21. Manjing mring kadhaton nulya
pukul tiga dalu jendral puniki
budhalan sawadyanipun
mantuk kebut sadaya
namung kantun kang jaga lir adatipun
Mester Jan Kerapet ika
kalawan sawadyaneki

22. Mangkana ingkang winarna
Kangjeng Sultan saantukira iki
jendral mapan sakalangkung
prihatin ing driya
nanging ingkang sinengeran jroning kalbu
kang putra Pangran Dipatya
wus dinuga tepang batin.

23. Lawan Jendral Abutarmas
nanging maksih ewed penggalih neki
dene tan ana kang patut
wong kadipaten ika
lamun kongsi ingandel Walanda iku
ana siji sun konbuwang
kang liya tan ana maning.

24. Pan kinen ngupadosana
nanging rapet langkung datan nyanani
dadya tan kapanggih iku
mangkana Kangjeng Sultan
temah mengsah mapan lawan Inggris iku
Tumenggung Sumadiningrat

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang binobot ing kardi.

25. Atepang lan Surakarta
Kangjeng Sunan pitajeng mring kang rayi
Pangran Mangkubumi iku
lawan ingkang papatya
Dyan Dipati Cakranegara puniku
paman lajeng prajanjian
ing benjang kalamun jurit.

26. Lawan Inggris Surakarta,
mapan saguh anyabet saking wuri
apan samya sumpah sampun
kang sarta liru patra
tandha ñama wus dadya ubayanipun
paman ing samangas-mangsa
mangkana ingkang ubanggi.

27. Enengna kang wus ubaya
Kangjeng Sultán apan kalih kasraneki
ingkang binobot puniku
dhatengaken kang karsa
rapetipun lawan Inggris malih iku
lawan tulus dadinira
nenggih Pangeran Dipati.

28. Pangeran Mangkudiningrat
ingkang rayi wau sampun nyagahi
Pangran Natakusumeku
samangke karsanira
Kangjeng Sultán mring mester pamundhutipun
kang putra Pangran Dipatya
tega pinarsahken iki.

29. Linorot lawan binucal
lan sinedan mangsa bodhoa Inggris
punika mapan pinuju
lan Raden Jasentika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangran Natakusuma ing praptanipun
ing loji pan tinutupan
nging Dyan Tumenggung kariyin.

30. Jan Kerapet mapan nulya
Dyan Tumenggung nginggahken loteng aglis
langkung dening rempitipun
mring Raden Jasentika
Pangran Natakusuma bicara iku,
sabarang kang denbicara
Dyan Jayasentika uning.

31. Mapan datan mawi taha
Pangran Natakusuma bicareki
lawan Jan Kerapet iku
dinuga tan na janma
kang weruh anulya pinarengken iku
ingkang nawala Jeng Sultán
barang karsa kawrat sami.

32. Kang nawala gya binuka
sampun terang denira maos tulis
mesem Jan Kerapet muwus
Dene dadak babakal
inggih Pangran mapan luwih begjanipun
kawula punika darma
langkung bejane pribadi.

33. Pangeran Mangkudiningrat
ñama sami lan Pangeran Dipati
atuli ing galihipun
Pangeran Natakusuma
Ion saurnya Kados dene saminipun,
nanging saking jrih kawula,
marmanya kula lampahi.

34. Ing mangke mapan sumangga
dados boten mangsa borong puniki."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mesem Jan Kerapet muwus:
Nadyan kula gih darma,
mangsa borong Jendral Raples karsanipun
pun Pangran dika matura
mring Kangjeng Sultan puniki."

35. Kundur Pangran Natasuma
Jan Kerapet anulya ngundang aglis
Dyan Jayasetika iku
sing loteng ken mudhuna
sampun mudhun nulya tinedahan iku
kang surat karsa Jeng Sultan
pan lajeng tinedhak nuli.

36. Jan Kerapet ris atanya:
"Raden Jayasentika kula niki
pan dereng pracaya tuhu
dhumateng jengandika
ing saatur andika para puniku
pan dereng \vonten kang tandha
saking Jeng Pangran Dipati."

37. Rahaden Jayasentika
ris aturnya kula pajar sayekti
Jeng Pangran Dipatyeku
pan wus kenging supata
datan kena yen darbea karsa tuhu
marma lamun datan ana
kang murina kawlas asih.

38. Nadyan punika wus nyata
lamun Ingkang Rama niaya yekti
datan ewah karsanipun
nging nyara mring kang murba.
Jan Kerapet mapan aris aturipun:
\en mangkono Jasentika
karyaningsun tanpa kardi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

39. Sapa ingkang nampanana
barang janji lan pratandha iki
kalamun tan ana iku
sun mangsa denandela
marang Jendral Raples iku."
nabda Dyan iayasetika
kawula pajar seyekti.

40. Ingkang angutus kawula
yaktosipun ingkang putra puniki
Kangjeng Pangran Dipatyeku
kang dalem Tegalharja
Pangran Dipanagara jejulukipun
punika kang pinasrahan
dhumateng kang rama yekti.

41. Sagunging kanca kawula,
kang misesa kajengira yekti
kang rama tan tumut-tumut
sanadyan kang bicara
sampun pasrah dhumateng kang putra tuhu
nging tan arsa kawentara
dhumateng ing kathah yekti.

42. Leres lepatin ingkang rama
wus percaya nanging sedya nglabuhi
dhumateng kang putra tuhu."
Jan Kerapet samana
langkung kagyat: "Pira kehe ngumuripun."
Sumahur Jayasentika:
"Kalih kula kaot kedhik "

43. "Pira kehe umurira?"
"Tigang dasa Kangjeng Pangran puniki
kalih dasa gangsal iku
ingkang rama yuswanya
kawandasa tiga. "Jan Kerapet muwus:
"Yen mangkono iku tiga,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lagya nedheng mangsaneki.

44. Mempenge ing karyanira
nanging iya Jayasentika mami
apan ta kapengin weruh
Pangran Dipanagara."
Raden Jayasentika aris amuwus:
"Mokal tuwan dereng wikan,
lamun wonten karyaneki.

45. Tan pisah lawan kang rama."
Jan Kerapet mesem muwus aris:
"Iya wis kelingan ingsun,
nging durung jajagongan
lan caturan," Jayasetika amuwus:
"Langkung ewed yen panggihna
kados nunten tan dumugi.

46. Wantunipun tiyang kathah."
Jan Kerapet mesem amuwus aris:
"Gih sampun Raden Tumenggung
kula luwih pracaya
nanging kedah kawula mapan nunuwun
mring Pangran Dipanagara
pratandha kang rama yekti.

47. Lamun nora mangkonoa,
tan ingandel mring Jendral atur mami
bakal sun toh pati tuhu
sira iku wuninga
Pangran Natakusuma kinongkon iku
mring Sultan nganggo pratandha.
Dyan Jayasentika angling:

48. "Inggih badhe matur kula
dhateng Pangran Dipanagara yekti
nuwun kang pratandha iku
Jeng Pangran Adipatya."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Nulya mundur Radyan Jayasentikkeku
lajeng marang Tegalharja
lingsir dalu wayah neki.

49. Sampun panggih lan Jeng Pangran
Raden Jayasentika ris tureki
ing saniskara wus katur
Pangran Dipanagara
lan ngandika: "Ya paman ing besuk-besuk
ingsun seba kangjeng rama
wus'paman muliha dhingin.

50. Enjing Pangran gya lumampah
datan mawi nenggih ambekta abdi
namung lawan gamelipun
lan panakawan juga
sampun prapta kadipaten apan jujug
awis wong ingkang wuninga
panepen pan sampun prapti.

51. Nulya katur Kang Rama
apan lajeng kinen nimbali aglis
mring gedhong mangke wus cundhuk
gya matur saniskara
lampahira Dyan Jayasentika wau,
Jan Kerapet panyuwunnya
pratandha Pangran Dipati.

52. Nanging jeng Pangran Dipatya
ajrih lamun kagepok Jendral neki
nanging pinaring tumurun
dhumateng ingkang putra
Raden Jayasentika ingkang anurun
tan pantara sampun dadya
Kangjeng Pangeran Dipatya.

53. Wus tan tumut-tumut ika
kang bicara myang tombok kajeng neki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nanging langkung remitipun
awis kang janma wikan
lamun kadipaten kang misesa iku
Pangeran Dipanegara
Mangkana ingkang winarni.

54. Rahaden Jayasentika
wayah dalu wus kinen malbeng loji
lawan Jan Kerapet pangguh
anulya tinakenan
gawa layang apa Jasentika iku
lan apa oleh pratandha
Jayasentika nauri.

55. Gih sampun pinaring kula
kang pratandha lah punika kang warni
nging surat tan bekta tuhu
makaten welingira
saudara Pangran Dipanagariku
punapa tuwan kang karsa
kawula kinen nyagahi.

56. Prajangji ingkang prayoga
mangsa borong sok sampun ewah ugi
kalayan ingkang rumuhun
Pangran Dipanagara
mapan sampun kalangkung pracayaningpun
inggih dhumateng paduka."
Jan kerapet duk miyarsi.

57. Tuture Dyan Jayasentika
dadya langkung suka pirenaneki
nulya rembag kalih sampun
tiga kapitan Ciña
karya surat dhumateng Jendral puniku
mungel Pangeran Dipatya
apan sampun dentandhani.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

58. Jan Kerapet aris nabda:
"Jasentika aku lunga pribadi,
marang Batawi katemu
lan Jendral abicara
nanging ingsun anjangji lawan sireku
samangsane ingsun prapta
ora kena ora iki.

59. Pangeran Dipanagara
ketemua pribadi lawan marni
mapan sinagahan sampun
mring Raden Jayasentika
sampun dados sabarang prajangjinipun."
Jasentika sampun medal
Jan Kerapet anulya glis.

60. Mangkat ing Batawi nulya
datan lami Karepet sampun prapti
ngundang Jasentika sampun
lawan kapitan Cina
winartanan sagung kang bicara iku
pan sampun dados sadaya
nanging Jendral karsaneki.

61. Linorot pisan Jeng Sultan
Kangjeng Pangeran Dipati kang genteni
jumeneng Sultan amengku
nagri Ngayogyakarta
ingkang putra Pangeran Dipanagareku
genteni Pangran Dipatya
kang dadya karsanireki.

62. Jendral Raples Abutarmas
yen tanggunga manawa kaya dhingin
karya kasusahan iku
Tuwan Jendral tan arsa
kaya Jendral Dhandheles karepanipun
yen Inggris maksih ing Jawa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kaya uga nora wani.

63. Namung gentiya Walanda
mapan iku ingkang denkuwatiri
sabab padha karepipun
lan Sultan tan satunggal
nora wurung karya susah maneh iku
Rahaden Jayasentika
mapan aris anauri:

64. "Kados lamun makatena
karsanipun Tuwan Jendral puniki
boten wände aprang iku
Jan Kerapet sarunya
nadyan aprang wong amrih utama iku
Jendral pan mangsa wania
nging Jayasentika iki.

65. Pangeran Dipanagara
aturana katemu lawan mami
sun duga tan lawas iku
Jendral anuli prapta."
Raden Jayasentika pan sampun mantuk
kalayan pamitan Cina
Mangkana ingkang winarni.

66. Pangeran Dipanagara
mapan nuju ing kadipaten iki
Dyan Jayasentika matur
"Sagunging saniskara
mapan sampun panuju sedayanipun."
Nanging bab Pangran Dipatya
Jeng Pangran lumuh kapati:

67. "Lall paman sira tutura
mring si bapa Jan Kerapet den yekti
mapan ingsun banget lumuh
iya lamun kinarya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang Pangeran Dipati pan ana iku
iya adhiku priyangga
nging samengko maksih cilik.

68. Denmas Ambyah aranira
mapan iku dadi panjaluk marni
gumantiya rama iku
dadi Pangran Dipatya
dene sagung ingkang pakaryanireku
kala maksih alitira
apan maksih sunsaguhi.

69. Lawan maneh Jasentika
bab patemon banget pakewuh marni
manawa konangan iku
dadi durung kelampah
apan ingsun wus pracaya mring sireku
yen besuk prapta ing mangsa
kaya tan wurung kapanggih.

70. Lan maneh mangsa bodhoa
mring si bapa Jan Kerapet sayekti
angger nora owah tuhu
ana dene Jeng Rama
apan ingsun sadaya ingkang ananggung
iya ing piturutira
marang gupernemen Inggris."

71. Mangkana Jayasentika
sampun lingsir dalu malebet loji
lan kapitan Cina sampun
panggih lan mester nulya
winartakken sabarang wewelingipun
Pangeran Dipanagara
kalangkung ngungunireki.

72. Minister Kerapet ika
dangu kendel wekasan atanya ris

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Iku paran marmanipun
ingsun ñora anduga
kang bicara mapan sinaguhan iku
kinarya Pangran Dipatya
dene banget lumuh neki.

73. Ingkang aran Denmas Ambyah
ing sakiki wus ngumur pirang warsi
Dyan Jayasentika muwus
pan lagya tigang warsa
Jan Kcrapet gedheg-gedheg sarwi muwus
"Kaya paran ingkang mawa
Jayasentika nahuri."

74. Kawula boten wuninga
ingkang rama tan wonten malih-malih
ingkang pinarcaya tuhu
lawan sepuh priyangga
lawan ering ingkang rama yektosipun
dhateng kang putra punika
kalangkung denira asili.

75. Nging yektos tan karem donya
yen tan wonten pakarya kang matosi
mung nenepi karemipun
tan remen lelungguhan
yen ngandika sapisan tan kenging wangsul
punika dugi kawula
ingkang dados sabab neki.

76. Nulya wonten surat prapta
sing Batawi yen Jendral badhe prapti
kang sarta bekta wadya gung
Mester kinen samekta
tedha uwos badhe tedha saradhadhu
sampun ngantos kekirangan
Jan Kerapet anulya glis.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

77. Amawrat kapitan Cina
Jing sagah Jan Kerapet ling malih
mring Jayasentika iku
lah iya Jasentika
sira weruh Jendral iki layangipun
ing besuk samangsa prapta
ora kena ora iki.

78. Pangeran Dipanagara
katemua iya lawan mami
Dyan Jayasentika mantuk
lajeng sowan kewala
mring panepen samana pan sampun munjuk
lan Pangeran Dipanagara
nuju lelenggahan iki.

79. Lan Ki Rahmannudin ika
Ahmad Ngusman lan Jayasentika glis
matur saniskaranipun
Pangran Dipanagara
Ion ngandika: "Kaki Rahmannudin ingsun
lawan sira Ahmad Ngusman
padha seksenana mami.

80. Menawa lali ta ingwang
pan sunkarya eling ugering ati
ajaa kinarya ingsun
iya Pangran Dipatya
nadyan silih sun banjur kinarya ratu
lamun kaya kangjeng rama
utawa jeng eyang mami.

81. Sun dhewe mapan anedya
tobat marang Pangran Ingkang Luwih
pira lawas neng donyeku
tan wurung manggung dosa."
Pan tumungkul katiga tan saged matur
mangkana wus tan winarna

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jendral datan lami prapti.

82. Langkung kathah ingkang wadya
wong Ngayogya pan wus sadhiya sami
gegamanira prang pupuh
pan samya gregutira
Dyan Tumenggung Sumadiningrat puniku
ingkang kekah aturira
kang remen dadosing jurit.

83. Nanging Jeng Sultán karsa
langkung ewed paman tansah pradondi
lan kang putra tiganipun
Pangran Mangkudiningrat
Pangran Jayakusuma Santajayeku
remen ñora dados yuda
wus ngandel kang paman yekti.

84. Pangeran Natakusuma
mapan sagung pawartine wong kaji
lamun angger praptanipun
badhe anyepeng ika
Kangjeng Pangran Dipati Anom puniku
binekta dhumateng sabrang
marma Jeng Sultán puniki.

85. Langkung kewran ingkang naia
Kangjeng Pangran Dipati kang winarni
wus tau darbe karsa tuhu
mung nyarah ingkang putra
Pangran Dipanagara sakayunipun
ingkang rama wus tan nedya
yen nyeleyanana kapti.

86. Mangkana ingkang Winarna
Raden Jayasentika kinen nuli
ngaturi manjing puniku
Pangran Dipanagara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marang loji Jan Kerapet ayun pangguh
lan Jendral Raples Butarmas
Jeng Pangeran ngendika ris:

87. "Paran paman Jasentika
olehingsun bisa manjing ing loji,
wit ning kapingin ta ingsun
katemu lawan jendral
madha dhewe wus sun duga luman iku
Kanjeng Rama karusakan
yen kongsia tiwas iki.

88. Iya sapa kang rinebat
banget temen pakewuh ati mami
upama Jeng Rama iku
banjur sun gawa ika
manjing loji arerempon tumahipun
lamun nora rerempona
wus pasthi panduga mami.

89. Mawut sakeh wong Ngayogya
nora wurung abot sangganing jurit
mangkene wae ya ingsun
pan iya wus jinaga
Jasentika lamun amrih dhanganipun
kang dadi panjaluking wang
eyang Natakusumeki.

90. Malebuwa dhingin ika
marang loji ya yen wus duga mami
manawa bisa katengsun
nanging ya pirang bara."
Jasentika ing dalu nulya katemu
lawan Jan Kerapet ika
wus winartakaken sami.

91. Sagunging kang saniskara
Jan Kerapet asru derira angling:
"Yen mangkono karepipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangran Dipanagara
Jasentika antenana sesuk-esuk
Pangeran Natakusuma
jam lima malebeng loji.

92. Lamun nora malebua
pan wus pasthi sun obong somah neki
tutura mangkono iku
Iah wis sira muliha."
Tan winarna Raden Jayasentika iku
Pangeran Natakusuma
sareng pukul lima manjing

93. Loji sagarwa putranya
Sampun katur dhateng Jeng Sultan nuli
kalangkung denira bendu
sagung owong Natakusuman
ingkang kantun wus kinen nyepeng sadarum
mapan samya sinakitan
mangkana ingkang winarni.

94. Rahaden Jayasentika
pan tinagih mring Karapet kang jangji
Pangran Dipanagareku
mapan pinrih manjinga
dhateng loji Dyan Jayasentika muwus:
Tuwan becik karyanira
apan kathah susah neki.

95. Pangeran Dipanagara
datan darbe pangandika kakalih
yen sampun pitajeng sampun
nenggih datan prabeda,
panggih lawan boten mapan samya tuhu
tuwan punapa kang karsa
sagunge ingkang prajangji.

96. Kawula kang gadhahana
gih mungela Kangjeng Pangran Dipati."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dyan Jayasentika muwus,
binakta ngarsanira
Jendral Raples Butarmas nunurut sampun
sabarang ing karsanira
prajangji wus kawrat sami.

97. Mapan lajeng pinartandhan
Raden Jyayasentika wus nyanggemi
sabarang prajangjinipun
mangkana sampun dadya
mapan lajeng ingaturken surat iku
mring Pangran Dipanagara
Kawarna ing dalu malih.

98. Raden Tumenggung Janingrat
mapan langlang katanggor lawan Inggris
samya langlang karsanipun
lajeng campuh kewala
sami purun Tumenggung Janingrat tatu
Inggris satunggal pejah
lajeng dados bicareki.

99. Enjing Jendral pan kengkenan
juru basa panggih neng Srimanganti
lawan Kangjeng Sultan iku
Pepak putra sentana
Kangjeng Pangran Dipati kang munggeng ngayun
nanging sagung kang punggawa
tanapi manca nagari.

100. Sadaya wus datan ana
namung kantun Dyan Tumenggung puniku
Sumadiningrat puniku
kang munggeng ngarsa nata
kang sadhiya wus mapan panggenanipun
kang badhe nadhahi yuda
mangkana jru basa angling.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

101. Wau dhumateng Jeng Sultan
karsa boten Jeng Sultan denaturi
linorot rumiyin niku
kalamun darbe karsa
pan jumeneng malih mundhuta puniku
inggih dhateng tuwan Jendral
lawan malebeta loji.

102. Dados boten kang bicara
winangenan lampah kula puniki
mung saejam dangunipun
Jeng Sultan langkung duka
juru basa datan kangge aturipun
pan dereng ngantos saejam
juru basa den susuli.

103. Ingundang mring loji nulya
Jendral Glespi pan sampun dendhawuhi
lamun datan dadi iku
iya ingkang bicara
pan saejam nulya kinen nyumet iku
mariyem sampun mungela
nulya Jeng Sultan dhawuhi.

104. Ing kadipaten punika
ingkang kinen amalsesa rumiyin
Kartawijaya kang tunggu
Tumenggung Maniksela
mapan lajeng males anyumet puniku
ing loji anulya surak
ing karaton wus nimbangi.

105. Dadya rame mariyeman
Dyan Tumenggung Sumadiningrat aglis
mapan wus kalilan metu
tetindihihing ngayuda
Raden Riya Sindureja patih sampun
nyegati bantu kang prapta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan Dyan Martala yeki.

106. Aneng Jenu dennya nyegat
sakancane prajurit mapan sami
aprang sanggen-enggenipun
mangkana kang winarna
kadipaten kang dineresan puniku
mariyem ing loji ika
pan ajrih wedalireki.

107. Kangjeng Pangeran Dipatya
lan kang putra Pangran Dipanagari
mangkana ingkang winuwus
kang dados senapatya
kadipaten Pangran Dipanegaraeku
sultanan kang senopatya
Pangran Mangkudiningrati.

108. Pangeran Dipanagara
nuwun bantu mapan panggih pribadi
lawan ingkang paman iku
Pangran Mangkudiningrat
mapan aneng Srimanganti barisipun
Sumenggung Sumadiwirya
aneng Pagelaran baris.

109. Sagung kang putra santana
neng Sitinggil Brajanala gen baris
lawan Kamandhungan iku
Pangran Mangkudiningrat
mapan nuju aneng Kamandhungan pangguh
lan Pangran Dipanagara
adangu pradongdi iki.

110. Pangeran Mangkudiningrat
angandika mring Pangran Dipanagri:
"Ing nguni prajangji ingsun
anakmas lawan sira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wus rubuhan ing kene katempuh ingsun
ing kadipaten pan sira
nguni mapan wus nyaguhi.

111. Pangeran Dipanagara
ris turira: "Sanajan samangkin inggih
mapan dereng oncat tuhu
kadipaten kawula
nanging kedah ingsun wuninga wratipun
nadyan tan binantonana
nging sampun tinetah ugi.

112. Saking keron tyas kawula
tiyang kedhik kathah ajenganeki."
Mangkana binanton sampun
nanging putra santana
mung satengen Pangeran Mangkubumiku
lan Pangran Harya Panengah
Pangran Abubakar iki.

113. Sakanan Pangran Panular
lajeng samya mangkat mring baluwarti
nadyan rame mriyemipun
loji mapan kalawan
kadipaten patrape nitir kalangkung
tan ana ingkang kuciwa
ing ngalun-alun winarni.

114. Tumenggung Sumadiwirya
mapan arsa gungjeg dhumateng loji
sabab dinugi katungkul
sampun karsaning Suksma
kenging mimis mariyem kontal dyan menggung
tan pasah mutah ludira
ing kadipaten winarni.

115. Tumenggung Kartawijaya
Selamanik kenging mimis puniki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mriyem suku kalihipun
tan pasah lumpuh ika
kados sampun pinasthi karsa Hyang Agung
dadya sagung wong Ngayogya
sadaya alit tyas neki.

116. Kang baris sitinggil ika
mapan kathhah katiban mimis sami
dadya kathah ingkang lampus
giris putra santana
nulya lajeng ngalempak marang kadhatun
munggeng ngarsanya Narendra
ing kadipaten winarni.

117. Maksih rame mariyeman
pan ing dalu babaris ngadhep iki
dyan Jayasentika kang iku
Tumenggung Kartadiija
Sakawati dhadhal lawan mantri sagung
mantri sepuh Pancasura
lawan sang prajurit neki.

118. Inggris lan Sepei nulya
samya mungguh ngandhani baluwarti
lingsir dalu wayahipun
pan sareng ajengira
ingkang baris palastra tetindhihipun
prajurit setabel samya
Kangjeng Pangran Mangkubumi.

119. Kalawan Pangran Panengah
ingkang baris wetan tinindih neki
Pangran Mukadad puniku
Bubakar pan kalawan
Pangran Harya Panular titindhihipun
kalangkung panggah pan samya
nging meksa rinangsang iki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

120. Kathali Sepehi kang pejah
jinojohan waos saking ing ngingggil
nanging maksih meksa iku
kagyat Pangran Abubakar
mulat lamun pojok kilen wetan iku
Inggris Sepehi wus munggah
anulya mundur tur uning.

121. Lawan Pangeran Panular
dhatcng Kangjeng Pangeran Adipati
pan mangkana aturipun:
"/\ngger sumangga karsa
abdi dalem sadaya pan sampun mundur
baluwarti sadayanya
pan sampun kancikan sami.

122. Inggris Sepehi punika
rayi dalem anak mas Mangkubumi
lan Panengah sampun mundur
mapan sareng kawula
kendel baris neng Tanjung Anom sadarum
lan sagung prajurit samya
kawula kinen tur uning.

123. Kangjeng Pangeran Dipatya
ris ngandika anantun maring siwi:
Paran karsanira kulup
Dipanagara turnya:
Yen marengi kalayan karsa pukulun
kawula kang methuk yuda
paduka kantuna ngriki.

124. Pun adhi Adinagara
pan kantuna tengga paduka ngriki
mung Surabrangta puniku
ingkang kawula bcktn."
Kangjeng Pangran Dipati ngandika arum
Tan gelem ingsun karia

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lara pati lumuh kari."

125. Pangeran Dipanagara
langkung kewran temahan aturnya ris
Yen makatena pukulun
inggih karsa paduka
pejah gesang aluwung nunggila tuhu
inggih lawan Kangjeng Eyang."
Kangjeng Pangeran Dipati.

126. Aris denira ngandika:
"Ingsun kulup apan nedya tut wuri
apa ing karsanta iku."
Samana nulya budhal
saking kadipaten mring kadhaton iku
nadyan silih ta puruna
neng kadhaton karsaneki.

127. Nging sampun karsaning Suksma
kori ketanggelan wus denbuntoni
sela kang kinarya tutup
mapan umpak sekawan
gotong kalih dasa kang satunggalipun
Pangeran Dipanagara
langkung kewran ing tyasneki.

128. Mundur malih wus tan bisa
lurung kebak wong kadipaten sami
dadya medal dukanipun
Pangran Dipanagara
nyandak agem waos pusaka puniku
Kyai Randha namanira
kang kori jinojor nuli.

129. Nulya na pitulunging Hyang
kori menga kang sela piyak sami
prapta Sri Manganti sampun
kang kori ingineban

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nanging menga kedhik nenggih ingkang tunggu
Pangeran Jayakusuma
Kangjeng Pangran Dipati.

130. Arsa manjing cinegatan
pan mangkana Pangeran atur neki:
Yen paduka arsa mlebu
kenging namung priyangga
pan Anak Mas sadaya kantuna iku."
Pangeran Dipanagara
langkung bramantya tyasneki.

131. Nging kaselak enget ika
wus pinupus lamun karsaning Widi
Kang Rama katuran laju
mapan dhumateng taman
angampiri sagung rerepot sadarum
mapan lolos sadayanya
mung anut lembaking ati.

132. Prapta taman gya tinata
kang prajurit wus kinen munggeng ngarsi
santana satunggil iku
Pangran Arya Panular
ingkang lajeng dherek Pangran Dipatyeku
lampahira sampun prapta
ing palengkung Tamansari.

133. Kori maksih tinetegan
Pangran Dipanagara anulya glis
parentali ngengakken pintu
sapalih kang watara
ingkang sampun medal saking beteng iku
pan kasaru praptanira
Inggris kalawan Sepehi.

134. Ing lurung jawi kebekan
balu warti enggal sampun den nggeni

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking gadhing inggahipun
iku sadaya mentas
saking Somadiningratan pan puniku
Tumengggung Sumadiningrat
mapan sampun prapta sabil.

135. Pan kathah angsanya bela
Inggris lawan Sepehi ingkang mati
mangkana ganti winuwus
Kangjeng Pangran Dipatya
mapan nantun Tumenggung kang putra iku
Pangeran Dipanagara
dene wus tan bisa mijil.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IV. Mij il

1. Kangjeng Pangran Dipati Nabda ris
"Pangran Kulup mangko
kang perjurit wus tan kantun kabeh,"
Pangran Dipanagara tur neki
Kalamun marengi
pan prayogi wangsul.

2. Dhateng alun-alun kidul malih
sanadyan rerempon
aneng ngriku pan wiyar papane
ingkang Rama pan lajeng nuruti
lumampah neng ngarsi
lan repot sadarum.

3. Pangran Dipanagara neng wingking
lawan ngampil mangko
Suranata kalawan gamele
mung punika ingkang meksih kari
lan kang rayi kalih
perjurit wus mawut.

4. Lagya prapta aneng Tamansari
katututan mangko
mring wong Inggris lawan Sepehine
pan ingedrel lawan densuraki
pan neng baluwarti
ngandhaping palengkung.

5. Dadya lingsem ing Pangran tyasneki
nuwun pamit gupoh
mring kang Rama mangkana ature:
"Pan kawula nuwun pamit
isin densuraki
tan betah angrungu."

6. Dadya kendel Jeng Pangran Dipati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

angandika alón:
"Yeng mangkono karepira kuwe
wus ta payo padha bareng mati
ing saolehneki
padha bareng ngamuk."

7. Pangran Dipanagara turneki:
Sun coba kemawon
tuwan kendela ningalibae
lamun sampun kawula ngemasi
sumangga Dewaji
ing sakarsa tuhu."

8. Dadya kendel Jeng Pangran Dipati
tyas nedya rerempon
yen tumeka kang putra sabile
mung kang nedya belani kang siwi
Pangran Suryabrangti
mangkana umatur.

9. Mring kang Raka datan saged keri
tan tinaolih mengko
sarwi muwus ana ing wurine
Pangran Dipanagara wus prapti
marang lurung malih
gya ingedrel iku.

10. Ingkang mimis lir pendah garimis
nging karsa Hyang Manon
tan tumama mring Kangjeng Pangrane
pangraosnya lir sinawur wedhi
peteng kukus neki
sendawa kalangkung.

11. Langkung kewran Jeng Pangran tyasneki
mangkana cinriyos
ingkang baris ageng pangirirde
Jendral Glespe ing lurung winarni

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang dadya pangirid
nenggih Mayor Dhelhun.

12. Pan kalawan sekretaris Edim
ri wus kita mangko
pangedrelnya datanpa wekase
Jeng Pangeran pan eca mandhiri
aneng satengahing
lulurung puniku.

13. Mayor Dhelhun sekretaris Edim
amrepeki alón
mapan lawan ya saradhadhune
wus kinepang Pangran Dipanagari
mayor sekretaris
mapan sampun cundhuk.

14. Pangran Dipanagara nulya glis
nyandhak tangan alón
sekretaris lawan sru sabdane
"Sekretaris, payo bareng mati,
sira lawan mami
pan wus sedhengipun.

15. Lamun sira mati lawan mami
yen Jeng Ramaningong
ñora estu iya ing dadine
anggenteni Kangjeng Eyang pasthi
sun pilaur mati
Edim mintak ampun.

16. "Pan kawula langkung kilap yekti
winastanan mangko
Kangjeng Sultán punika yektos,
ing samangke kawula aturi
lajeng manjing loji
pan sinumpak sampun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

17. Jumenengnya Pangeran Dipati
nulya Mayor Dhelhon
aparentah sanjata kendele
kawarnaa Jeng Pangran Dipati
waspaos ningali
kang putra kinepung.

18. Winastanan kalamun wus sabil
nedya bela gupoh
lan katawur ing kukus petenge
saking jawi kukus tan kaeksi
yen kang putra maksih
mangkana winuwus.

19. Pangran Dipanagara ningali
mring Kang Rama alón
nulya ingkang rayi ika kinen
Pangran Suryabrangta angaturi
lawan atur uning
lamun sae sampun.

20. Saradhadhu ingkang negpang sami
gya piniyak alón
Kangjeng Pangran Dipati nulya ge
rawuh lawan kang rerepot ngiring
sekretaris Edim
lawan Mayor Dhelhun.

21. Kalih pisan tangannya pan sami
cinepengan kukoh
mring Pangeran Dipanagarane
Jendral Glespi lajeng denpurugi
pan sampun kapanggih
sekretaris matur.

22. Tuwan Jendral Glespi neng nginggil
baluwarti manggon."
Nulya Pangran Dipanagarane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jendral Gelspi lajeng den purugi
pan sampun kapanggih
ngadeg ngandhapipun.

23. Wit kumuning cinandhak asteki
wus karsa Hyang Manon
Jendral Glespi teka nurut wae
mapan lajeng tangannya kinempit
nulya binekta glis
tumedhak anurut.

24. Sampun prapta ing ngarsanireki
Pangran Dipatyanom
Pangran Dipanagara ature
mring kang Rama, "Tuwan tedhak mugi
saking ing turanggi
punika pukulun.

25. Mapan Jendral paduka prajangji."
Jeng Pangran duk anón
iya marang kang putra ature
nulya tedhak saking ing turanggi
wus cundhuk prajangji
lan Jendral Glespiku.

26. Jendral Glespi pan lajeng nyagahi
barang karsa katong
lajeng meling sekretaris bae
mapan kinen ndherekna mring loji
Jendral Glespi nuli
lawan Mayor Dhelhun.

27. Pamit lajeng sareng lampahneki
datan cinarios
Kangjeng Pangran Dipati lampahe
apan sampun prapta aneng loji
nenggih Jendral Glespi
methuk jawi plengkung.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Sampun cundhuk Jeng Pangran Dipati
lawan Jendral mangko
mapan lajeng kakanthen lampahe
Jendral lawan Jeng Pangran Dipati
nulya lenggah kalih
loji ageng iku.

29. Pangran Dipanagara nulya mit
mring kang Rama katong
ngupadosi Kang Eyang karsane
Kangjeng Ratu Kadhaton puniki
Kang Rama nglilani
lawan Jendral iku.

30. Nulya medal Jeng Pangran ing loji,
nitih kuda mangko
Kyahi Guyanti apan namane
sagung ngampil samya ndherek iki
ngalun-alun prapti
mangkana kapethuk.

31. Aneng kidul wringin kurung iki
lan kang Eyang mangko
Kangjeng Sultan tumungkul lampahe
ginarebeg sagung upsir sami
dene ingkang nganthi
Jan Kerapet iku.

32. Dene putra kang ndherek mung katri
kang santanaloro
kang bupati sakawan kathahe
putra Pangran Mangkudiningrat
Pangran Martasini
lan Dipatyeku.

33. Kang santana Pangran Demang iki
lan pangran kang loro
Sumayudha ingkang bupatine

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dyan Tumenggung Sumadiwiryeki
dyan Martanagari
dyan Wiryatruneku.

34. Lan Dyan Menggung Yudawijayeki
mangkana duk anon
Kangjeng Pangran Mangkudiningrate
mring kang putra Pangran Dipanagri
nulya matur aris
mring Jeng Sultan iku.

36. Mring Kang Eyang langkung kawlas asih
meh supe Sang Anom
mring pratingkah kang kalakon kabeh
nanging enget punika kang wiji
ngadeg ing tyasneki
pan arsa rinebut.

37. Nulya wonten pitulunging Widi
Pangran nget jro batos
mring Kang Rama yen wis neng lojine
lan wus dadya sagung kang prajangji
datan wände ugi
samya risakipun.

38. Nanging maksih katawis netyeki
nulya matur alon
mring Kang Eyang kawula yektine
pan binandhang dhateng tiyang Inggris
Jeng Raja tan uning
arsa tedhak iku.

39. Saking kuda Mayor Dhelhun nuli
apitutur alon
sampun tedhak saking turanggane
mapan tuhu wong tuwa puniki
pan cilaka ugi
pan sampun tan patut.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

40. Dadya Pangrantan saged ningali
mring tiyang mangkono
anulya nyamethi turanggane
nander wangsul dhateng loji malih
kebon kang winarni
kangjeng Sultan sampun.

41. Manjing loji apan tan winarni
mangkana Sang Anom
Pangran Dipanagara karsane
dumungekken denira ngulari
mring Kang Eyang malih
nanging dharat iku.

42. Ingkang ngiring mung emban satunggil
Surajaya mangko
sampun prapta kadhaton lampahe
Pangran Dipanagara wus panggih
lan Kang Eyang iki
lenggah ngandhap anggur

43. Pan rinubung ing Inggris Sepehi
gya piniyak alon
mring Pangeran Dipanagarane
langkung elok kodrating Hyang Widi
pan mangkono maning
Pangran lebetipun.

44. Apan yayah ingganing wong ngimpi
satingkahnya mangko
miyak-miyak kewala lebete
wiwit siti inggil ngantos prapti
Prabayeksa ugi
kebak Inggris iku.

45. Apa dene ingkang kori-kori
wus karsa Hyang Manon
Jeng Pangeran mapan lajeng wae

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

datan ana ingkang ngupakardi
wong Jawa sawiji
wus tan ana kantun.

46. Ingkang lanang eman kang winarni
wus tan saged anón
saking jrihnya dadya merem bae
Kangjeng Ratu sareng aningali
mring kang wayah prapti
anulya rinangkul.

47. Sarwa muwun ri wusnya tanya ris
"Ramanira mangko
ing saiki ing ngendi enggone."
Pangran Dipanagara turneki
"Sampun wonten loji
kawula ingutus.

48. Ngupadosi mring paduka yekti
lan tur uning mangko
Kangjeng Rama sampun wilujenge
sampnn ngantos paduka rudatin."
Jeng ratu nulya glis
ingaturan kondur.

49. Mring kang wayah Jeng Ratu nuruti
sampun lenggah mangko
Pangran Dipanagara nulya ge
wonten Inggris pan litnan sawiji
kinen tengga iki
dhumateng Jeng Ratu.

50. Ri sawusnya Jeng Pangran nulya mit
mring Kang Eyang alón
nuwun wangsul dhateng loji maneh
ingkang eyang pan sampun nglilani
"Mting adhineki
Suryabrangta iku.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

51. Konen tunggu iya marang mami."
Sandika lengser Ion
tan winarna ing loji praptane
Ingkang Rama paman sampun ngalih
loji kebon iki
lan jumeneng sampun.

52. Ingkang rayi dyan Mas Ambyah iki
pan sampun gumantos
nama Pangran Dipati ing mangke
Pangran Dipanagara kapanggih
neng ngajenging loji
lan Raden Tumenggung.

53. Jasentika lan Kapitan Jingsing
gya ndherek Sang Anom
Kangjeng Pangran Dipanagarane
nulya cundhuk kalawan Sang Aji
pan wus katur sami
saniskaranipun.

54. Lan welingira Kang Eyang iki
kalamun ing mangko
wayah juga kinen tengga mangke
Pangran Suryabrangta dendhawuhi
tengga Eyang neki
ana ing kedhatun.

55. Wus lumampah pan datan winarni
pra Dipati mangko
kalih dalu antawis praptane
sami sowan dhumateng ing loji
ngirit ki Dipati
Danuija puniku.

56. Lawan Pangran Mangkuningrati
ngaturken Sang Katong
Kangjeng Sultan Karapet rembage

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

winedalken nuli
saking gedhong iku.

57. Jan Kerapet kang ngirid pribadi
sampun prapta mangko
Kangjeng Sultan pan ans sabdane
"Wis ta adhi ywa kakehan pikir
wus karsaning Widhi
barang lakon iku.

58. Mapan ingsun darma anglakoni
karsane Hyang Manon."
Pangran Mangkudiningrat ature
Inggih lamun paduka sayekti
bonten angewahi
ing nguni sadarum.

59. Dadya kanggeg Jeng Sultan kang galih
gya kendel Sang Katong
Pangran Dipanagara ing tyase
langkung dennya bramantya miyarsi
mring atur tan yekti
dadya ngandika sru.

60. Mring kang paman pangucap punapi
dene ta mangkono
"Bilih paman maksih cuwa tyase
pan sumangga samangke puniki
kawula ladosi,"
nulya kesah iku.

61. Dhateng kantor ing dalu winarni
jendral pista mangko
nging Pangran Dipanagarane
datan tumut pista anjageni
gung rerepot sami
ingkang rayi iku.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

62. Pangran Hadinagara lan gunging
putra santana nom
ingkang sampun golong prapta mangke
samya kinen tumut pista iki
jendral karsaneki
yen Raden Tumenggung.

63. Jasentika lawan Kaptin Jingsing
Jan Krapet nadba Ion
"Heh sagunging ingkang pista kabeh
ngestokena jendral karsaneki
Jasentika iki
ing mangko jinunjung.

64. Iya mapan kinarya pepatih
kaya kang kelakon
Adipati Danuija arañe."
Pangran Mangkudiningrat anuli
kesah animbali
Gandadiwiryeku.

65. Sareng bubar pista manggen sami
Jasentika mangko
mapan nunggal lan Jingsing pondhoke
nulya Gandadiwirya tut wuri
ñora den nyanani
dalu lajeng ngamuk.

66. Raden Jayasentika pan guling
kang cinolong mangko
dhuwung wasiyat anulya age
linarihken pan lajeng ngemasi
sambat datan mawi
Gandadiwiryeku.

67. Lajeng ngiwut denira nyuduki
dadya kathah kang wong
ingkang mati kelangkung gegere

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jingsing iya mapan sampun kanin
Gandadiwiryeki
apan sampun lampus.

68. Kinarubut mring sakeh Sepehi
wus karsa Hyang Manon
Raden Jayasentika praptane
jangji karsa cinidra puniki
dadya cuwa sami
Jendral langkung bendu.

69. Marang Pangran Mangkudiningrati
winangsulken gupoh
mring kadhaton tan winarna kiye
kawarnaa Kangjeng Sultan iki
gennya wonten ngloji
ngantos pitung dalu.

70. Nulya kundur kadipaten malih
tigang dina manggon
pan ngentos kedhaton riseke
sareng sampun resik mapan nuli
ngadhaton winarni
Kangjeng Sultan Sepuh.

71. Linajengken mring sabrang kang ngiring
putra kalih Katong
Pangran Mangkudiningrat kalihe
Pangran Martasana kang bupati
kalajeng sawiji
Rahaden Tumenggung.

72. Sumadiwirya sadaya sami
linuwaran mangko
ingaturken mring Jeng Sultan age
Pangran Natakusuma winarni
lan saputraneki
pan kedah lumebu.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

73. Dadi wongnya gupernemen Inggris
tinurutan mangko
lajeng salin ingkang jejuluke
Pangran Mangkualam namaneki
ingkang putra kalih
sami namanipun.

74. Dyan Tumenggung Natadiningrati
salin nama mangko
Pangran Suryaningrat pan arine
Dyan Mas Salya nenggih namaneki
pan pangran puniki
Suryaningprang iku.

75. Sampun tata Jendral nulya pamit
marang ing Sang Katong
Jendral Glespi kantun ngrantosake
ingkang labet lengen kenging mimis
dadya antukneki
elet tigang dalu.

76. Sampun pepak wong Ngayogya sami
kang kalajeng bodhol
ingkang tebih iya pangiline
Kangjeng Pangran Harya Mangkubumi
mapan sampun prapti
lajeng ngalih iku.

77. Dalemira lan satanahneki
ingurupan mangko
marang Pangeran Mangkualame
dadya sampun sami ngalihneki
Pangran Dipanagri
nuwun amit iku.

78. Mring Jeng Sultan arsa kundur iki
ing Tegalharja non
ingkang Rama datan marengake

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya lami nunggil neng jro puri
aneng gedhong kuning
pasanggrahanipun.

79. Pangran Adinagara gentosi
ing daleme mangko
Raden Mangku Sumadiningrate
Pangran Tengah pinaring nameki
Pangran Dipayani
kang dados pangulu.

80. Anggentosi Muhamad Sapingi
Rahmannodin mangko
ingkang dadya wadana jro mangke
manca nagri dipati ing Ngrawi
nama denparingi
Pringgadiningratku.

81. Anggentosi marang prentah neki
Dyan Tumengggung mangko
Sumadiningrat kawarna mangke
Pangran Dipanagara wus lami
nunggil neng jro putrì
mapan sänget rikuh.

82. Nuwun kundur neng Tegalhardjeki
tan linilan mangko
sabab sänget dening ing tebihe
dadya nuwun masanggrahan jawi
sampun den lilani
aneng Mijen iku.

83. Sagung ingkang bicara ing loji
Kangjeng Sang Akatong
mapan sampun pitados putrane
Kangjeng Pangran Dipanagareki
Kyai Adipati
Danuijan puniku.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

84. Lamun mentas dhateng saking loji
lajeng sowan mangko
mring Pangeran Dipanagarane
pinanggihan neng Mandhungan iki
lan sagung bupati
kang agung sadarum.

85. Bilih linton ing mancanagari
lan Priyangan mangko
Pangran Dipanagara karsane
sebab sampun dados kang prajangji
lan ingkang rumiyin
nanging geseh tuhu.

86. Datan timbang ing karsanireki
gupernemen mangko
lintonana ing sapamedale
mring sagunging kang mancanagari
lawan bandar iki
pan sareng sinuwun.

87. Sinaosan inggih saben warsi
tigang atus ewon
paspat ika pan sampun wancine
lan ing Serang kang manca nagari
tanah Jipang sami
lan Priyangan urup.

88. Ingkang bandar pan lajeng lestari
manca nagri mangko
Pangran Dipanagara karsane
kang urupan iku pan tinampik
dadya surupneki
paosipun iku.

89. Pinaringken kang samya darbeni
Ki Danuijan mangko
nulya wangsul dhateng loji maneh

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan sagung kang para bupati
ingkang nycpeng sami
parental! puniku.

90. Jan Kerapet mapan sampun panggih
Ki Danurja kono
sakancanya amratelakake
ingkang karsa saniskara sami
dadya renaneki
Jan Kerapet iku.

91. Dadya serap mangkya amaosi
tanah Jipang dados
sampun rampung bandar lan Jipange
Jan Kerapet nulya nembung malih
tanah Kedhu iki
tinedha puniku.

92. Serap linton bandha beya neki
duk aprang rerempon
jen wus cukup ya muliha maneh
pan wus muni ing layang prajangji
ingkang anyaguhi
lan kang layang iku.

93. Ana Pangran Dipanagareki
Ki Danurja mangko
nulya medal sakancane kabeh
saking loji lajeng sowan panggih
lan Jeng Pangran nuli
sadaya wus katur.

94. Lajeng sami sowan Sri Bupati
marang ing karaton
sampun katur ing saniskarane
Sri Narendra nyarah ingkang siwi
Pangran Dipanagri
ing Kedhu wus rampung.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

95. Ki Dipati Danuq'a wus bali
mring loji wawartos
lamun Kedhu wus pinarengake
Jan Kerapet langkung suka neki
karenan tyasneki
pan wus tan cinatur.

96. Tata titi ing Ngayogya mangkin
wus tan kasayektos
Jing Sing pan wus ginanjar namane
Dyan Tumenggung Secadiningrate
mangkana winarni
Jeng Pangeran iku.

97. Neng Ngayogya mapan sampun lami
dwi warsa kalakon
nuwun pamit mring Tegalharjane
ingkang Rama lami tan marengi
kedah kinen iki
lajeng dalem ngriku.

98. Tegalharja karsanya Sang Aji
kinen karya kebon
Pangran Dipanagara karsane
kedah kundur mring Tegalharjeki
sebab ingkang nagri
wus waluya iku.

99. Sagung ingkang bicara matosi
wus tan ana mangko
marma Kangjeng Pangeran karsane
dumugekken denira nenepi
mbatos kundurneki
mring Tegalharjeku.

100. Kangjeng Sultan pan sareng miyarsi
yen kang putra mbolos
meksa kundur mring Tegalharjane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

langkung cuwa ing tyasya Sang Aji
gya pinupus iki
yen karsa Hyang Agung.

101. Yen Kang Putra tan remen nangnagri
wus karsaning Manon
namung pendhak garebeg sowane
lawan lamun wonten kang prakawis
ingkan amatosi
tinimbalan iku.

102. Lamun kathah ruweding nagari
lajeng datan miyos
nunggil aneng jroning pura bae
lamun kedhik ingkang Rama asring
mapan amengkoni
Kangjeng Sultan iku.

103. Tedhak marang ing Tegalharjeku
gantya cinariyos
Jan Kerapet anuwun gantine
ingkang patih Kangjeng Sultan yekti
Kyai Adipati
Danuq'a wus sepuh.

104. Sring kalintu barang bicareki
Jan Kerapet mangko
watos bokmanawi mecahake
nging Jeng Sultan pan maksih pradondi
lan kang putra iki
karsa durungkumpul.

105. Kangjeng Pangran Dipanagareki
kang pinilih mangko
nenggih Pangran Dipakusumane
nging Kang Raja Kangjeng Sultan iki
datan arsa ugi
angandika arum.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

106. Mring Kang Putra Pangran Dipanagli
"Kulup ingsun mangko
uwakira Dipakusumane
pan wus akeh iya cacatneki
karodene maning
maksih nggone iku.

107. Nangingiya mung kari sathithik
lan papatih mangko
dene ingkang wus dadi karepe
Jan Kerapet uwakiraiki
Pringgadinengra ti. "
Jeng Pangran umatur.

108. "Inggili sanget mopo amba yekti
mring punika Katong
pan kalangkung inggih pakewede."
dadya lami kendel datan kardi
mangkana winarni
Jan Kerapet iku.

109. Kedah nedha gantosing papatih
Cadiningrat mangko
kang kinengken mring Tegalharjane
Kangjeng Pangran Dipanagareki
lagya gerah iki
Cadiningrat cundhuk.

110. Mapan ngiras juru basa iki
Cadiningrat alon
pan aturnya sampun boten kangge
mring Jeng Pangran aris aturneki
"Kulangutus Gusti
dhumateng Sang Prabu.

111. Lawan saudara Tuwan Gusti."
Jan Kerapet mangko
estu nuwun papatih gentose

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Rama Tuwan Sri Bupati
mung nyarah pribadi
mring paduka tuhu.

112. Pan kakalih rancanganing patih
ingkang sampun dados
Pangran Dipakusuma tan kangge
Kang puniku pundi tuwan pilih
Pringgadiningrati
Sumadipureku."

113. Kangjeng Pangran angandika aris
"Lamun wus mangkono
Cadiningrat Jeng Rama karsane
lan si bapa Jan Kerapet iki
iya kang sun pilih
Sumadipureku.

114. Nangingingsun durung bisa iki
asebaa mangko
Cadiningrat matura mangkene
wus muliha Cadiningrat nuli
lengser saking ngarsi
mapan lajeng pangguh.

115. Jan Kerapet sampun denwartani
ing karsa sang anom
kalamun Mas Tumenggung Japane
kang pinilih mring Jeng Pangran yekti
Jan Kerapet nuli
sowan ing Sang Prabu.

116. Cadiningrat mapan datan kari
wus manjing kadhaton
sampun cundhuk lan Jeng Sultan mangke
Jan Kerapet nulya matur aris
Jeng pareng Sang Aji
inggih sampun rampung.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

117. Ingkang dados Sumadipureki."
Jeng Sultán nabda Ion
"Iya uwis besuk Senen bae
ingsun mapan yun temu pribadi
mring Tegalharjeki
Jan Kerapet mantuk.

118. Kangjeng Sultán sampun tedhak nuli
mring Tégalhaijenggon
sampun panggih kalawan putrane
Kangjeng Pangran Dipanagareki
Jeng Sultán nabdatris,
Paran sira kulup

119. Teka dhemen Sumadipureki
mangka maksih anom
lan wong desa iya kapindhone
kaping telu asih sanak mami
manaweku dadi
pocapan ing besuk.

120. Lawan ñora tau prentah yekti
mring wong gedhe mangko
menek iya nglingsemi dadine
beda lawan Pringgadiningrati
wus tuwa kang dhingin
lan maning wus tau.

121. Aparentah mring sapadhaneki
lan wus tau momong
marang putra santanaku kabeh."
Pangran Dipanagara tur bekti:
"Sampun la-es yekti
karsa Jeng Sinuwun.

122. Ing tyas amba tan pitajeng yekti
kang sampun kelakon
datan wonten kang mantep ujare

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sae kang wit awon temahneki
Sumadipureki
lan kangbadhe tuhu.

123. Bilih kenging winulang prayogi
ing tyas amba yektos
kang pitajenga punika mangke."
Kangjeng Sultan angandika aris
"Yen meksa sireki
kulup, ingsun turut.

124. Besuk Senen pan bisa sireki
seba mringkadhaton
kados boten Kangjeng Sultan mangke
sampun kundur Senen miyos iki
lenggah neng Sitinggil
Jan Krapet neng ngayun.

125. Pepak sagung kang pra santana ji
myang punggawa mangko
Kangjeng Sultan nulya dhawuhake
Ki Danuija linorot kang linggih
pinaring wewangi
Kyai Purwa iku.

126. Mas Tumenggung ing Japan pinaring
pan anama mangko
Raden Adipati Danuijane
Jan Kerapet sampun angestreni
wus lumrah sagunging
wongNgayogya iku.

127. Sampun luwar Sang Nata tinangkil
mring sagunging kang wong
tata titi nagri Ngayogyane
sampun karta paman winatawis
angsal tigang warsi
Jeng Sultan winuwus.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

128. IngkangPutra Pangran Dipanagri
pan tinari mangko
krama nanging tan arsa lamine
langkung susah tyasira Sang Aji
mangkana marengi.
Jeng Pangran pinuju.

129. Tanimbalan mring kadhaton prapti
ing ng^rsa sang Katong
Jeng Pangeran Dipanagarane
pan ingutus karsanya Sang Aji
kinen nari iki
dhumateng Kang Ibu.

130. Kangjeng Ratu Bendara puniki
maksih ayu anom
mapan dereng adarbe putrane
Kangjeng Sultan welas mring kang rayi
marma kinen nari
krama lamun purun.

131. Nulya lengser Pangran Dipanagri
sing ngarsa Sang Katong
kinen miyos ing kaputren bae
sowan dhateng ingkang eyang iki
wus karsa Hyang Widhi
Jeng Pangran andulu.

132. Neng kaputren myat putri sawiji
pan jumeneng mangko
ingkang kori butulan panepen
nanging Sang Dyah mapan tan udani
pan lagya marengi
dyah jumeneng pungkur.

133. Kangjeng Pangran sareng aningali
marang Sang Dyah sinom
dangu kendel amaspadakake

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking wingking tuhu angebati
pan kepareng ugi
nolih Sang Retna yu.

134. Mapan anging panjangputra iki
tibeng selamangko
sakaliyan tan paja dugane
Sang Kusuma tan saged lumaris
langkung wirangneki
dadya ndhodhok iku.

135. Kangjeng Pangran pan mangkono ugi
meh supe Sang Anom
dupi miyat Sang Dyah ing warnane
trenyuh ing tyas pan anglir ngemasi
mangkana tyasneki
sun durungandulu.

136. Aneng donya wong wadon liriki
ayu kang mangkono
nora ana kang cinawat kiye
sapa baya ingkang asesiwi
mangkana winarni
ingkang dherek iku.

137. Nyai Lurah kaparak kakalih
Mong Semita karo
iya Nyai Among Mirutane
mulat lamun Jeng Pangran ningali
jumeneng tan mosik
dadya Ion umatur,

138. Gih punapa Gusti dentingali
de kendel kemawon
gih kang wonten ing kori wiyose
rayi dalem punika pribadi
titilaraneki
nenggih Kangjeng Ratu.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

139. Madu Retna sampun ta ginalih
duk Gusti kadangon
lamun karsa kados boten wände,"
dhasar samya sembrananya kalih
abdi dalem sami
marma purun matur.

140. Kangjeng Pangran angandika aris
sarwi mesem mangko,
"Allah iya puniki meh klalen
tambuh-tambuh ingkang ingsun pikir
wus matura dhingin
mring eyang sireku.

141. Lamun ingsun ingutus Rama ji
ayun seba ing ngong."
Mong Semita lengser sing ngarsane
Kangjeng Ratu Ageng kang winarni
lagya gerah iki
nging tan sanget iku.

142. Sampun matur angandikan nuli
Jeng Pangran wus rawoh
Kangjeng Ratu Ageng andikane,
"Kulup, sira kinongkon puna pi
mring ramanireki,"
Jeng Pangran wot santun.

143. "Pan ingutus inggih nantun krami
dhateng ibu mangko
kinen nantun ngarsa dalem mangke
bok manawi Allah amarengi
taksih paring wiji,"
gya ngandika rawuh.

144. Kangjeng Ratu Bendara neng ngarsi
ngarseng ibu Katong
Kangjeng Ratu Ageng ris sabdane,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Anakireku ingutus Nini
mring kakangireki."
Jeng Pangran umatur.

145. "Ibu, kula pan ingutus Kyai
Raka Jeng Sang Katong
kinen nantun krana Allah bae
Kangjeng Rama awelas ningali
mring paduka yekti
dereng darbe tuwuh.

146. Bilih Allah maksih paring wiji
mring paduka mangko."
Kangjeng Ratu Bendara sabdane,
"Iya kulup matura sireki
marang Sri Bupati
ing sih wus kasuwun.

147. Apan ingsun wus nyarah ing takdir
begjane wakingong
namung injßun nyuwun pangestune
mring Jeng Sultan muga awak marni
kinuwatna ugi
mring ngibadah ingsun.

148. Lawan ingkang supangat Jeng Nabi
pira bara ingong
lamun kamulyan wakira tembe
dene iku iya mati sabil
nanging ana siji
adhinira kulup.

149. Wus diwasa iku dadya ati
durung ana mangko
ingkang mangko iya prayogane
lawan kareming ngibadah yekti
yen sembadeng bapti
aturna Sinuwun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

150. Mring Jeng Sultan jodhone mak mami."
Jeng Pangran turnya Ion
sarwi mesem, "Ajrih kula mangke
apan matur lamun sanes kardi
bilih denwastani
salah kardi ulun."

151. Kangjeng Ratu Ageng ngandika ris,
"Bener nakmu dhenok
lamun sira duwe karep kuwe
anakira ngur tururna maring
mbokayunireki
Ratu Kancaneku."

152. Pangran Dipanagara nulya mit
kundurira alon
Ingkang Eyang lan kang Ibu mangke
ing samarga apan mandheg nolih
kang kesthi ing galih
kang neng kori wau.

153. Nyai Lurah kekalih tur malih,
"Duh Gusti kadangon
tedhak kundur salah weng-weng bae
pijer kori ingkang dentingali
pan wonten punapi."
Kalihnya gumuyu.

154. Kangjeng Pangran mesem gya lumaris
sampun prapta mangko
ing kadhaton ngarsaning Pamase
Kangjeng Sultan dangu ngarsi-arsi
dereng ewah saking
dennya lenggah wau.

155. Kangjeng Sultan ndangu ingkang siwi,
"Suwe putraningngong
apa baya kang rinembug kabeh."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Pangeran aturnya wotsari,
"Mapan kathah ugi
eyang karsanipun.

156. Lawan Kangjeng Ibu sami ugi
kangsabda mating ngong
Kangjeng Sultan aris ngandikane,
"Iya sukuralkhamdulilahi
yen ibunireki
kuwat luwih bagus."

157. Nyai Lurah kalih atureki,
"Putranta Sang Katong
boten dangu sowan mring eyange
pijer salah weng-weng wonten margi
wus kadugeng galih,"
mesem Jeng Sinuhun.

158. Pan tumungkul Pangran Dipanagri
nanging tyas wus yektos
kang katingal kang neng kori bae
Jeng Sinuhun mesem ngandika ris
wis ta kulup dhingin
muliha nakingsun."

159. Kangeng Sultan wus lengser sing ngarsi
ing Rama Sang Katong
lajeng kundur mring Tegalharjane
Sarawuhnya mapan mujung gulung
namung kang kaeksi
Sang Retnaning ayu.

160. Kangtumanem aneng pulung ati
pan tansah katongton,
"Pantes tenan warna tenagane
pasemone tuhu dyatmikani
sotyaning pawestri
baya kang tumurun.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

161. Mideringrat sun durung ningali
sosotyaning wadon
ingkang memper pan sathithik bae,"
leng-lenging tyas datan mijil-mijil
warnanen Sang Aji
ingutusan iku.

162. Kangjeng Ratu Kancana pribadi
kang lumampah mangko
tedhak marang ing Tegalharjane
sampun prapta anulya kapanggih
Jeng Pangran tinari
krama lajeng purun.

163. Lan Sang Retna sasekaring puri
sukeng tyas Sang Anom
lara agring antuk usadane
Kangjeng Ratu Kancana ling malih,
"Dene duk rumiyin
andika tan purun.

164. Inggih lamun tinaria krami
pan salaminingong."
Kangjeng Pangran mesem Ion ature,
"Salaminya dereng angsal ugi
kang katingal yekti
dyah anglir puniku."

165. Mesem Ratu Kancana nulya mit
kundur mring kadhaton
sampun rawuh katur mring Sang Rajeng
langkung suka Kangjeng Sri Bupati
lawan ngandika ris
"Ya bener anakmu.

166. Nadyan ingäun ya durung ningali
kang memper wong wadon
lan ibune dhasar becik si Beng

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tanah Jawa kaya tan na kalih
lan tetekoneki
dyatmika turpatut.

167. Dhasar pantes iya andarbeni
Tegalhaija mangko
lan kang lanang padha tetekone
kapandhitan padha denkaremi
sun duga ing ati
wus kanthine iku."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

V. KINANTHI

1. Duking dhingin duryatinpun
kala aneng ing suwargi
mangkana Sri Naranata
pan lajeng kinen dhawuhi
Raden Dipati Danurja
lan sagung santana sami.

2. Wulan kaji mapan nuju
gung putra santana sami
tugur aneng Tegalharja
Kangjeng Pangeran Dipa Ji
atengga dhateng kang raka
lan Pangaran Mangkubumi.

3. Pangeran Ngabei iku
tan tengga anging atuwi
Pangeran Dipanagara
mapan datan mijil-mijil
neng Selaraja kewala
kang neng dalem ingkang rayi.

4. Pangeran Dipati iku
lawan Pangran Mangkubumi
angentingaken kasukan
sadaya ingkang nyegahi
Pangeran Adinegara
lan Pangran Suryabrangteki.

5. Pangeran Surya adiku
sadaya pan wus wineling
wan dhumateng kang raka
ing sakarsa karsaneki
anelasaken kasukan
marma datan teka sami.

6. Ing kadhaton kang winuwus

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sagunging kang para putrì
mapan apepak sadaya
tan liya Tegalhaijeki
samya cinegah kasukan
mring Kangjeng Sri Narapati.

7. Mangkana ingkang winuwus
wus prapta semayan neki
ing dinten Senen punika
mapan nulya den timbali
Jeng Pangran Dipanagara
dhumateng Sri Narapati.

8. Pan ingirin^ken sagung
putra santana pan sami
sampun prapta ing Ngayogya
lajeng ngandikan mring puri
sampun pepak pra ngulama
tanapi kang pra dipati.

9. Sadaya ngandika sampun
ingkang ageng-ageng sami
ngulama alit sadasa
tanapi bupati alit
pan kinen kantun punika
sadaya neng Sri Manganti.

10. Jeng Sultan alenggah sampun
wonten ing panepen neki
lan kyai pangulu ika
tanapi kang pra ngulami
Kangjeng Pangran lenggah bangsal
ingandikan sampun prapti.

11. Mring panepen ngiring sampun
pra putra santana sami
myang sagunging pra dipatya
ingkang ngagung-agung sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Pangran nulya ningkah
marangSang Retnaning puri.

12. Mapan sinaidan sampun
mring sagungingpra ngulami
pragad denira aningkah
nulya kinen medal sami
kyai pangulu lawan
sagunging kang pra ngulami.

13. Kangjeng Sultan miyos sampun
saking ing panepen nuli
angiringaken kang putra
langkung tyas marwata siwi
lenggah neng bangsal sakedhap
nimbali Radyan Dipatya.

14. Kala wan Raden Tumenggung
Pringgadiningrat punika
tan tebah lawan kang putra
Jeng Pangran Dipanagari
sinandhing acedhak dhampar
lan Jeng Pangeran Dipati.

15. Sarta pra putra sadarum
sowan ing taratag sami
nunggil lan Radyan Dipatya
Sang Nata ngandika aris,
"Ing mengko sore Danurja
pukul telu pepak neki.

16. Joli lan jempana iku
pepakna magangan nuli
lan Pringgadiningrat sira
den samekta kangjajari
sagunging prajurit iya."
"Sandika," aturnya kalih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

17. Ngandika malih Sang Prabu
marang Raden Adipati
lan mring Dyan Pringgadiningrat,
"Ing mengko tyas ingsun iki
bareng gelem rabi iya
nakingsun Dipanagari.

18. Pan wus lega ing tyas ingsun
tanana sun pikir malih
dadya wus resik tyas ingwang
amung kari ing Hyang Widi
ing wuri walahualam
wus padha mundura aglis."

19. Tur sembah kalih gya mundur
kawarnaa Sri Bupati
maksih lenggah aneng bangsal
lan sagung pra putra sami
Kangjeng Sultan angandika
mring Pangran Dipanagari.

20. "Wus sira banjura kulup
marang ing kadhaton becik
metuwa kene kewala
kaputren dandana agalis
ing daleme eyangira."
Tur bekti mundur ing ngarsi.

21. Ingiring kang rayi sagung
ing karaton sampun prapti
Jeng Ratu Ageng winarna
mapan lagya gerah iki
marma tan saged tumuta
nenggani kang wayah krami.

22. Kangjeng Pangran ngandika rum
dhumateng kang rayi katri
Pangeran Adinagara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ian Pangsran Suryabrangti
tiga Pangran Adisurya,
"Wus padha muliha dhingin.

23. Mring Tegalharja katelu
poma aja anglingsemi."
Katiga matursandika
nulya lengser saking ngarsi
kang kantun ngladosi ika
kang rayi Pangran Dipati.

24. Lawan ingkang rayi sagung
ingkang maksih timur sami
ri sampunira busana
mangkana ingkang winarni
Sang Retna sekaring pura
neng kadhaton mapan sami.

25. Binusanan kang pra ibu
sagung ratu pepak sami
tanapi putri sadaya
Sang Dyah tan lengganeng kapti
pan bangun turut kewala
Kangjeng Sultan anenggani.

26. Ri sampun busana iku
tan kena winarneng tuhu
kadya murca kinedhepna
tuhu hyang-hyanging swarga di
musthikaning tanah Jawa
keh pawestri leng-leng brangti.

27. Sanajan kang para ratu
sadaya pan mung ningali
tan anonton dayanira
sagung putri tanah Jawi
Kangjeng Sultan ngandikanya,
"Wus begjane anak mami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Lan pinasthi mring Hyang Agung
jodho punjul tanah Jawi
darma ratu Maduretna
anglairaken puniki
mendah bae menangana
ibu lan ramanireki.

29. Jeng Sultan mangkana sampun
lenggah bangsal Kencana di
ingayap sagung biyada
Sang Retna gya den timbali
tedhak saking Prabayeksa
Jeng Ratu Bendara ngirid.

30. Lawan sagung para ratu
tanapi kang para putri
ingayap mring sang kusuma
lir Esri tedhak swarga di
deniring gung widadara
dewi Uma ingkang ngirid.

30a. Ratih lan Supraba iku
Wilutama pami neki
kang para ratu sadaya
pra putri lir widodari
Kangjeng Sultan lirupama
Hyang Jagadnata mantesi.

31. Lenggah Jonggring Salakeku
Sang Pinangantyan wus prapti
lenggah andher ing taratag
mangkana Sri Narapati
autusan Nyai Riya
animbali ingkang siwi.

32. Lan sagung parekan iku
Nyai Riya sampun prapti
ngarsanya Kangjeng Pangeran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dipanagara lumaris
ingayap sagung parekan
lan Kangjeng Pangran Dipati.

33. Miwah ingkang rayi sagung
ingkang maksih timur sami
miyos sing kaputren ika
lir bathara Wisnu murti
tedhak saking Suralaya
wus prapta ngarseng Narpati.

34. Kinen lenggah jajar sampun
kadya Wisnu lan dewi Sri
kathah wadya kang kagiwang
aningali kang sarimbit
Sang Nata langkung marwata
umiyat ing putra kalih.

35. Arsa pinaringan iku
wedang nanging datan kanti
sampun karsaning Hyang Suksma
kathah pawestri kang lali
saweneh kang nangis ana
kang kabanjur datan eling.

36. Dadya nulya Sang Aprabu
aningali mring kang siwi
dereng dugi karsanira
selak keh pawestri brangti
nulya aris angandika,
"Wus Kulup mangkata nuli.

37. Kangjeng Pangran nembah mundur
kinen kanthen lan Sang Putri
sang Retna datan suwala
Ratu Bendara neng ngarsi
lan para ratu sadaya
pra putri garebeg wuri.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

38. Kangjeng Sultan mapan tumut
yun uning mring angkatneki
ingaturan datan kena
mring Ratu Kencana iki
kalawan Kangjeng Ratu Mas
samana pan sampun prapti.

39. Ing Magangan sampun rawuh
risang Pinanganten kalih
katiga Ratu Bendara
ingkang anunggil sajoli
pra ratu kang enem samya
lan sagung kang para putri.

40. Samya nitih jempaneku
mapan iya warni-warni
mangkana pan lajeng budhal
prajurit kang aneng ngarsi
marapit ing iring kanan
ing tengah sagung pawestri.

41. Lawan upacaranipun
risang Pinangaten kalih
lan para ratu sadaya
tanapi kang para putri
ampilan titipanira
Ki Kramadaya nameki.

42. Kinarunga sajoliku
gambira samargi-margi
miyos Plengkung Gading ika
supenuh ingkang ningali
gamelan samarga-marga
Kangjeng Sultan kang winarni.

43. Dadya kalajeng puniku
mundhut titihan tut wuri
saking tresnanya mring putra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang dherek Pangran Dipati
miyos baluwarti ika
supenuh ingkang ningali.

44. Kang aneng joli winuwus
Kangjeng Pangran ing tyasneki
kaya ge-agea prapta
saking rempuning kang galih
kdi katiban musthika
sangalam dunya upami.

45. Kangjeng Ratu Bendareku
ingkang lenggah munggeng ngarsi
kang neng wingking patahira
nulya Sang Resmining puri
Kangjeng Pangran wingkingira
pijer tansah uthak-uthik.

46. Ning Sang Dyah Resmining santun
kendel datan aningali
mung eca lenggah kewala
Jeng Ratu Bendara nglirik
mring solahe ingkang putra
langkung sukaning panggalih.

47. Samana pan sampun rawuh
ing Tegalhaija puniki
sagunging putra santana
amethuk pasowan jawi
ingkang dados pangiridnya
Kangjeng Pangran Mangkubumi.

48. Kang manggihi sagung tamu
ingkang rayi tiga sami
namung ngladosi kawala
kalangkung sukanireki
dennya boja andrawina
datan lamun nguciwani.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

49. Mangkana ingkang winuwus
risang Pinangantyan kalih
pan sampun salin busana
nyamping cindhe dhasar wilis
semekan jingga rinenda
wawi sinekaran adi.

50. Asingsim inten jumerut
miwah barliyan sinangling
asengkang panata brangta
cundhuk manik amantesi
prasaja solah bawanya
mundhak pantes lamun angling.

51. Tuhu mustikaning ayu
pepunjuling para putrì
datan kena yen cinandra
panjalmaning dewi Estri
pan sarwi punjul sadaya
saisining pura nagri.

52. Kangjeng Pangran kang winuwus
mapan lenggah aneng wingking
tansah ngresahi kewala
nging Sang Dyah datan ningali
mangkana nulya binekta
miyos lelenggahan malih.

53. Sang Ratna yu bangun turut
laju nulya dhahar sami
ri sampunira bubaran
sagung ingkang para putrì
mung kantun Ratu Bendara
ingkang kantun anenggani.

54. Nulya pasang kelir sampun
ing jawi drawina sami
sagunging putra santana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tanapi pra kang dipati
apan samya anayuban
angenting kasukaneki.

55. Jroning dalem kang winuwus
Jeng Ratu Bendara uning
mring semune ingkang putra
mesem angandika aris,
"Wus Kulup padha ngasoa
iya ingsun arsa guling."

56. Jeng Pangran lega tyasipun
mesem angandika aris
nanging sang Resmining pura
esmu awrat ing tyasneki
mangkana Ratu Bendara
kundur ing panepen dhingin.

57. Sapengkernya ibu kundur
Jeng Pangran angarih-arih
dhumateng Sang lir kusuma
nulya ingemban Sang putri
Sang Retna datan suwala
binakta mring tilam sari.

58. Sarawuhnya tilam santun
sinarekken Sang Dyah putri
nanging tan arsa anendra
lenggahan neng tepas wangi
kasorotan mring papadhang
sarira lir mas sinangling.

59. Jeng Pangran tyasnya matrenyuh
anon mring kang sawang sari
dadya alon angandika,
"Dhuh Mas mirahingsun Gusti
punapaa tan anendra
dadya prihatining abdi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

60. Bendara kawulanipun
datan nedya anyidrani
amung anyarah paduka
kalamun cidra kang abdi
sumangga den tengerana
sukallamun dendukani."

61. Dadya nurut Sang Retnayu
sare aneng tilam sari
nanging ing tyas tan pracaya
dadya ingeletan guling
pan saben dalu mangkana
Jeng Ratu Bendara iki.

62. Nenggani pan kalih dalu
kundur Jeng Sultan winarni
miyos dhateng Tegalharja
bekta kasukan puniki
bedhayan kalawan beksan
suka-suka Sri Bupati.

63. Ri wusnya kundur Sang Prabu
Kangjeng Pangeran winarni
kascaryeng tyas mring kang garwa
nanging Sang Retnan ing puri
pan dereng karsa ngandika
nanging lamun kathah janmi.

64. Apan langkung bangun turut
samana nuju marengi
Sang Retna jumeneng ika
aneng sangandhap kumuning
ang^sta sekar cepaka
nyamping parang rusak klithik.

65. Kasumekanira gadhung
tinepi kadya tan janmi
aririmong cindhe sekar

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aneng satepining warih
balumbang ing patamanan
Jeng Pangran tandya nututi.

66. Saking wingking Sang Ratna yu
mapan datan ngudaneni
jumeneng Kangjfeng Pangeran
wus dangu wonten ing wingking
ingkang tyas apan sangsaya
trenyuh denira ningali.

67. Mring Sang Dyah resmining santun
dadya kadumuk Sang Putri
nolih pan lajeng ingaras
langkung wirang kang mindha Sri
tyasnya tansah tarataban
dheprok neng ngandhap kumuning.

68. Kangjeng Pangran gya anambut
ingemban kang mindha sasi
mider aneng patamanan
nging Sang Dyah tyasira maksih
anggalih mung wirangira
dene dangu tan udani.

69. Mring kang raka rawuhipun
dadya waspanira mijil
nulya mulat Jeng Pangeran
lamün kang rayi prihatin
binekta mring pasareyan
rinepa ingarih-arih.

70. "Dhuh bendara pupujanku
punapa kang dados rujit
kang abdi tan ngraos dosa
mung kedhik ngeget-egeti
ing mangke apan sumangga
dhinedha inggih ngladosi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

71. Nging Mas Mirah abdinipun
nunuwun den andikani
neng Tegalhaija wus lama
pan tansah denpitambuhi
pinten banggi pinaringan
esem usadaningbrangti.

72. Kang abdi matur saestu
sarawuh paduka Gusti
wonten nagri Tegalhaija
mapan lir upamineki
ginanjar inten kumala
sangalam donya punika.

73. Marma mangke badhenipun
bendara tan ngraos krami
kawula pindha ngawula
rumiyin duk aningali
Gusti mring warna paduka
prapteng wisma lir ngemasi.

74. Ing mangke pan gesang sampun
atemah denpitambuhi."
Mangkana Kusumeng pura
sareng amiyarsa iki
mring sabdanira kang raka
dadya keh wirang kaeksi.

75. Mangkana tyasnya Sang Ayu,
"Dadya ingsun iki dhingin
kaya angadhang wong lanang
adol marang rama mami."
Dadya adres ingkang waspa
Kangjeng Pangran aningali.

76. Kalamun Sang Murtiningrum
sangsaya ingkang prihatin
Mangkana Kangjeng Pangeran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sangsaya angarih-arih
"Dull Gusti paran kang karsa
Kang waspa saya dres mijil.

77. "Punapa Gusti kaduwung
angabdekken mring kang dasih
kula matur saestunya
lamun tan ngapura Gusti
kawula amung sumangga
ing Tegalharja puniki.

78. Amung ulun amit nglangut
ngupaya niarganing pati
Mangkana sang pindlia Retna
sareng midhanget puniki
kumepyure lajeng sirna
sadaya kang dados runtik.

79. Nuli mesem ngandika rum
"Betah temen lamun angling,"
sarwi malerok Sang Retna
"Ngendi ana wong pawestri
iya wineha nagara
bisa temen amek ati.

80. Tur mangsa mantepa iku
besuk thak-thik nuli salin
kaya tan wruh ing bedanya."
Kangjeng Pangeran miyarsi
mring ngandikanya Sang Ratna
kumepyur ing tyas matur aris.

81. Sarwi mesem mamatkung
"Yektos Gusti duk rumiyin
ing mangke punapa karsa
kawula ajrih nglampahi
tan nedya malih akrama
namungna ngabdipun Gusti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

82. Nuwun sili paduka tuhu."
Sarwi ingaras Sang Putri
tangkising gelung kusuma
kenging pamindhangan neki
malengos Sang Dyah ngandika
"Marmane gelema marni.

83. Iya kalamun calathu
larangan den pangarahi
apa lali jare ika
naracakira andadi."
Kangjeng Pangeran ngandika
sarwi mesem ngasta weni.

84. "Gusti sampun limrahipun
ingkang abdi namung darmi
prentahing Allah tangala
margi nurutaken wiji
mila estu yen awisan
nging dasih wus denlilani.

85. Pan sinung wewenang sampun
kantun paduka pribadi
kados pundi tan kalilan
marma nunuwun kang abdi
mugi ta kalilanana
manjing jroning taman sari.

86. Lamun tan kalilan tuhu
tan wände pun kakang mati
dinukan dhateng Hyang Suksma
ingutus tan angsal kardi."
Mesem Sang Retna ngandika
"Dhasar betah bisa angling.

87. Iya sapa bisa iku
madoni wong kudu amrih
pan sampun karsaning Suksma

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

panggih jodho donya ngakir
sampun lejar ing tyasira."
Sang Retna wus asrah dhiri.

88. Kangjeng Pangeran andulu
semuning garwa nimbangi
nulya sinambut Sang Retna
tanpajiwa kalih neki
wus lintu asmara gama
ingemban Sang Pindha Sari.

89. Pan wus karsaning Hyang Agung
panggih jodho jalu estri
dadya sami tisnanira
tan kenging benggang sanyari
mapan lir mimi mintuna
langkung remen kang ningali.

90. Kawarnaa kang mong kayun
Kangjeng Sultan kang winarni
pan sampun karsaning Suksma
agerah celep puniki
pan sampun angsal sacandra
nanging miyos Setu maksih.

91. Mangkana ingkang winuwus
Kangjeng Pangeran marengi
arsa sowan mring kang eyang
wit wus lami gerah neki
kapethuk lawan kang rama
Kangjeng Sultan pan marengi.

92. Arsa ameng-ameng iku
ningali kang baluwarti
kang ndherekken punakawan
Kangjeng Pangeran tan lining
kinira dede Kang Rama
dadya tan mandhap sing wajik.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

93. Mung duga kang rayi tuhu
wit tebih katingal alit
kapethuk plengkung kaputran
Jeng Pangran kagyat ningali
wau dhumateng Kang Rama
mesem Kangjeng Sri Bupati.

94. Lawan angandika arum
"Sira sengguh sapa mami?"
Kangjeng Pangran aturira
"Nun, kinten dhimas dipati
samya anitih turangga."
Mesem Sang Nata nabda ris.

95. "Menyang ngendi sira kulup?"
Jeng Pangeran matur aris
"Badhe sowan Kangjeng Eyang."
Jeng Sultan ngandika malih
"Wus kulup sira banjura
anginepa aja mulih.

96. Sesuk sebaa den esuk
aja nganti sun timbali
metua kaputren ika
Si Beng apa melu iki?"
Kangjeng Pangeran aturnya
"Inggih tumut wonten wingking."

97. Kangjeng Sultan sampun laju
kur-ungkuran lampah neki
dalu enjing tan kawarna
ari Senen amarengi
Jeng Sultan nulya ngandika
utusan keparak kalih.

98. Nyai Among Sasmiteku
lawan Nyai Soka prapti
wus prapta ngarsa Pangeran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tur sembah aturaneki
"Dhuh Gustiku katimbalan
Jeng Rama dalem ngentosi.

99. Ngajeng-ajeng sampun dangu
lenggah wonten jamban Gusti
paduka kinen lajenga."
Jeng Pangran nulya lumaris
mapan datan kakampuhan
kering Nyi Lurah kalih.

100. Miyos kaputren wus rawuh
gedhong marapet kang kori
ing ngajenge gedhong jamban
Kangjeng Sultán lenggah kori
sesendhen korining jamban
sareng kang putra kaeksi.

101. Sampun karsaning Hyang Agung
Jeng Sultán waspanya mijil
Kangjeng Pangeran wuninga
jen Kang Rama waspa mijil
ing tyas kadya binethota
nging tambuh kang dados galih.

102. Dadya tumut mijil iku
ingkang waspa kalih neki
Jeng Sultán lan Jeng Pangeran
mangkana lurah kakalih
alajeng tumut karuna
sareng wrin ing gusti kalih.

103. Asamya arawat eluh
mangkana tulunging Widhi
kalihnya ical sungkawa
enget mring purbaning Widhi
manungsa suka sungkawa
wus kanthine ing ngaurip.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

104. Kulup, sun undang sireku
sun wruh aku lara yekti
nanging nora dadi ngapa
iya rasaning kang sakit
nanging tyassun wus karasa
kaya wus karsaning Widhi.

105. Ing wuri mung pasrah kulup
mangsa bodhoa sireki
kabeh adhi-adhinira
ing mengko dhingin sayekti
ingsun tan ningali liyan
amung sira anak marni.

106. Sampun karsaning Hyang Agung
Jeng Pangran nampa ing galih
tan anyana lamun arsa
nenggih tinilar tumuli
wan dhumateng kang rama
mangkana aturireki.

107. Namung Pangestu pukulun
rumiyin tekeng samangkin
tan wonten ingkang suwala
dhumateng kawula yekti
Kangjeng Sultan angandika
"Ya kulup, pracaya marni.

108. Lah ta wus muliha kulup
metua ing kene becik
iya jroning prabayasa
palataran akeh kaki
sagung wong kang padha seba
sun myarsa wus padha prapti.

109. Sira tan basahan iku
pan saru yen akeh uning
ingsun arsa nemonana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring sagung bocah bupati
wus kulup sira muliha
Jeng Pangran lengser ing ngarsi.

110. Lajeng sowan mring kadhatun
amarak eyang puniki
Jeng Ratu Ageng atanya
"Den undang apa sireki
kulup marang ramanira."
Jeng Pangran umatur aris.

111. "Datan wonten weca tuhu
Eyang, kalangkung prihatin
margi sänget nandhang gerah
sänget tan sänget luinaris
lan malih wus sepuh ika."
Jeng Pangran watos sing galih.

112. Sampun lami gerahipun
mangkana aturireki
"Mapan tan wonten punapa
mung kangen timbalaneki
nulya pamit mring kang eyang
kundur mring Tegalharjeki.

113. Lawan sang retnaning ayu
tan kenging benggang sanyari
langkung dening sih-sinihan
mangkana ingkang winarni
mapan wus karsaning Suksma
Kangjeng Sultan prapteng jangji.

114. Namung elet kalih dalu
lawan nggenira weweling
wau dhumateng kang putra
ing dinten Kemis marengi
Paing nenggih pasarannya
kundur mring rahmatullahi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

115. Langkung horeg Ngayogyeku
surutnya Sri Narapati
sabat sagung kagyat samya
tan boten nyana sayekti
Kangjeng Sultan yen suruda
kundur marang ngalam gaib.

116. Residen Garman kalangkung
wau nggenira anangis
maksih enggal langkung cuwa
dhumateng Sri Narapati
nggenira ngladosi ika
sinare Jimatan nunggul.

117. Kala wan kang eyang iku
Kangjeng Sultan Ngayogyadi
ingkang jumeneng sapisan
mangkana Pangran dipati
datan pisah lan kang raka
Jeng Pangran Dipanagari.

118. Anulya bicara sampun
jumeneng Pangran Dipati
nanging mawi winakilan
Pangran Pakualam iki
wus tentrem nagri Ngayogya
Jeng Pangran akundur nuli.

119. Mring Tegalhaija pan sampun
mangkana ngalami-lami
Jeng Sultan sampun diwasa
supit mapan nulya krami
duk supit kang mangku ika
Minister Graman pribadi.

120. Kang raka jeng pangran itu
kang nutupi netraneki
duk krama marengi ika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jan Kerapet dados malih
neng masjid ageng ningkahnya
pan angsal tilaran neki.

121. Raden Dipati puniku
kang seda kadhaton dhingin
Ratu Angger kang atmaja
apan sampun nama iki
anenggih Ratu Kancana
Jeng Ratu Kancana ngalih.

122. Mapan nama Ratu iku
sabab Ratu Ageng maksih
Jeng Ratu Ageng winarna
sampun karsaning Hyang Widhi
sareng surut ingkang putra
gerahnya waluya nuli.

123. Dadya panjang yuswanipun
amomong kang wayah iki
mangkana kang parentahan
sampun ingaturken malih
wan dhumateng Jeng sultan
Pangran Pakualam iki.

124. Mapan sampun kendeliku
nggennya dados wewakil
kathah setori Ngayogya
nanging tan dados punapi
Jeng Pangran Dipanagara
dados langkung singkel neki.

125. Kangjeng Sultan kang winuwus
ingkang cinelakken iki
Raden Dipati Danuija
lan Raden Wiranagari
Rahaden Pringganingrat
apan sampun angemasi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

126. Sampun karsaning Hyang Agung
asanget maksiyat neki
nanging yen wonten keng raka
Jeng Sultan amaksih ajrih
Inggris wus salin Walanda
Residhen Nahis nameki.

127. Karemannya mangan nginum
lan anjrah cara Walandi
nadyan kang putra santana
ingkang anem-anem sami
pan sampun katut sadaya
batal karam wus tan tolih.

128. Mangkana karya kolektur
nanging tan atur upeksi.
mring Pangran Dipanagara
dene kinarya bukti
amundhuti artanira
marang sagung wong sanagri.

129. Dene karyanya kolektur
anjaga Raden Dipati
pan sampun rembug sadaya
Minister Nais ngideni
lawan anuwun pratandha
ecap Jeng Sultan pribadi.

130. Pan sampun pinaring iku
mangkana ingkang winarni
sagung kang putra santana
ingkang sepuh-sepuh sami
tanapi sagung dipatya
Ngayogya pan susah sami.

131. Apan rembug samya matur
mring Pangran Dipanagari
mangkana Kangjeng Pangeran.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

langkung kagyat ing tyas neki
nulya tedhak mring Ngayogya
ing kadhaton sampun prapti.

132. Lajeng panggih lan kangIbu
Jeng Pangeran atanya ris
"Punika wonten pakarya
dene datan paring uning
Ibu dhumateng kawula
karya susah wong sanagri."

133. Jeng Ratu Ibu lingnya rum
"Kawula pan datan uning
dadose rembug punika
kula tanya sampun warti
inggih dhateng jengandika
Jeng Pangeran atanya ris.

134. "Sultán ing pundi genipun,"
Jeng Ratu Ibu nabda ris
"Wonten Bangsal Panggung ika,"
Kangjeng Pangran nusul nuli,
panggih kalawan Jeng Sultán
Jeng Pangeran ngandika ris.

135. "Sultán marma praptaningsun
ayun tanya mring sireki
pan ingsun angrungu warta
karya kolektur sireki
iku apa karyanira?"
Kangjeng Sultán matur aris.

136. "Danuija kang darbe rembug
lawan Pun Wiranagari
sebab kirangJcang kengkenan
dene karyanipun malih
anglempakken sakeh arta
panyumpleng punika sami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

137. Kalih kula tanya sampun
ngaturi wuninga ugi
inggih dhumateng paduka
warti yen sampun marengi
Kangjeng Pangeran ngandika
"Iku pasthi goroh yekti.

138. Sultan yen siratan weruh
iku ta pangrasa marni
liwat lakuning duijana
tan wurung karyeku pasthi
iya marang kasusahan
ing besuk wekasaneki.

139. Marang wong cilikku besuk
lan apa pangane iki
kolektur pira cacahnya
lawan badinane iki
ing endi pasebaniia."
Sri Nata umatur aris.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VI. S i n o m

1. Tedhanipun apan ngiras
sawidak tiyang satunggil
lurahipun kalih belah
cacah tiyang kawandesi
apan langkung kakalih
lurah kakalih puniku
pasowannya sadaya
wonten Danurejan sami
lamun telas kedhik punika tambelnya.

2. Karyanipun saben mangsa
medal marang dhusun sami
mundhut panyumpleng punika
Kangjeng Pangran ngandika ris
sarwi mesem puniki
wus tan lidok ujaringsun
mangkono maneh Sultan
yen ora ngrusaka bumi
gunung iku sukur bage kena ingwang.

3. Duk dhingin swargi Jeng Rama
gunung wus sun suwun iki
ilange kabeh ku ika
marga dadi susah neki
sagung wong cilik-cilik
kang sun karya ganti tuhu
suku lan uwang
dhuwit bandar kabeh iki
wus sun duga turahane kurangana.

4. Dene kang parentah desa
muliha kaya kang dhingin
duk Eyang Buyut ika
Kangjeng Rama wus nglilani
nanging semados neki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

amung masa satahun
kinarya isi ika
sabab uwang kathah enting
durung nganti kelakon kaselak seda.

5. Ing mengko iki ta sira
malah yun sira wuwuhi
ywa susahing wong desa
lah kaya ngapa sireki
Jeng Sultán matur aris
sampun ta kados puniku
cap kawula punika
sampun kinarya ngecapi
kang nawala badhe paneteping desa.

6. Lah Sultán sira jabela
yen durung kebanjur iki
undangen Wiranegara
Kangjeng Sultán nulya aglis
utusan animbali
Raden Mas prapteng sampun
Kangjeng Sultán angandika
Mayor kaya ngapa iki
tuturira apan wus atur uninga.

7. Mring kangmas pan wus kalilan
mengko ingsun den dukani
tumungkul Wiranagara
tan saged matura iki
nulya ngandika malih
mengko layang ingsun pundhut
kolektur wurungena
Wiranagara tur neki
kawula jrih sampun klajeng kang nawala.

8. Wonten Residen punika
kewedan Jeng Sultán iki
dadya kendel tan ngandika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Pangran bendu tyas neki
ngandika mring kang rayi
wus Sultan pilihen ingsun
iku mung wong sajuga
lan loro kok pilih endi
lamun sira pilih ingkang loro iya.

9. Wus layang sira banjurna
lamun sira milih mami
jaluken nawalanira
dene Residen ku ugi
kalamun srengen iki
aja sira melu-melu
yen milih loro sira
iya Sultan luwih becik
nanging ingsun wis tan melu-melu ika.

10. Umatur Wiranagara
kados pundi gen mangsuli
timbalan sampun dhumawah
mungel wonten kitab ugi
nasika tul muluki
yen ratu ngandika sampun
tan kenging mangsulana
Kangjeng Pangeran miyarsi
mring ature Tumenggung Wiranagara.

11. Dadya medal dukanira
jiniwir kupingnya kalih
dhinupak sru angandika
heh ya mukidin sireki
jawane memuruki
pan kitab kang sira ampung
sireku luwih bisa
wong kabeh tan ana uning
ala becik pan ingkang weruh mung sira.

12. Kangjeng Pangran angandika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Sultan sun tanya sayekti
sira pajara den nyata
sapa ingkang duwe pikir
lamun sira pribadi
iku alas lokil makpul
yen rembuge wong liya
pasti kena den owahi
iku setan Sultan ingsun ora lila.

13. Kangjeng Sultan Ion aturnya
pan saking tiyang kekalih
Danuija Wiranagara
lan kawula pitakeni
pan sampun matur ugi
dhateng paduka satuhu
mila kula pracaya
lajeng kawula ideni
pan tumungkul Tumenggung Wiranagara.

14. Kangjeng Pangran angandika
iku wus tetela yekti
lamun setan angrancana
pan kitab karya ling-aling
Jeng Sultan ngandika aris
Iah matura maneh iku
mayor maring kakangmas
lamun sira maksih wani
babing kitab ingsun arsa myarsakena.

15. Dyan matur Wiranegara
tan saged matura malih
Kangjeng Sultan angandika
wus sira amundhut iki
wurung kolektur dadi
wus sira metuwaiku
Mayor Wiranagara
tur sembah lengser sing ngarsi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Sultán umatur dhateng kang raka.

16. Suwawi kundur kakangmas
dhahar kadhaton rumiyin
kaliyan sareng lumampah
lenggah wonten Gedhong Kuning
Jeng Ratu Ibu prapti
lan Jeng Ratu Kencaneku
nulya amundhut dhahar
Nyai Riya kang ngladosi
Kangjeng Ibu Ratu alón atetanya.

17. Paran Sultán dadinira
prakara Kolektur iki
Kangjeng Sultán ris turira
inggih tamtu boten dadi
Jeng Ratu mesem angling
Sultán ingsun ngling satuhu
ingkang duwe nagara
Ngayogya iki sayekti
kakangira Pangeran Diponegara.

18. Mapan Sultán dhinawuhan
mring ramanira ing nguni
duk ana ing Kadipatennya
mangke timbalan neki
Den Ayu sun pajari
awya nyakarep anakmu
ingkang dadya tyas ingwang
nakingsun kang tuwa yekti
aturingsung manira sumangga.

19. Semu lingsem Kangjeng Sultán
sabab akeh wong kang myarsi
mangkana ing aturira
sampun paduka wawarti
kula sampun udani
kangjeng rama welingipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

inggih dhateng kawula
Jeng Pangran mesem nabda ris
Ibu Ratu kadiparan ta paduka.

20. Ngandika wados punika
pan kathah tiyang udani
mesem Jeng Ratu Kencana
ri sampunira dumugi
dhahar anulya pamit
Kangjeng Pangeran wus kundur
dhumateng Tegalharja
samana apan wus lali
Kangjeng Ratu Ageng gerah sänget ika.

21. Anuju ing wulan Ramlan
sagung putra wayah sami
tugur neng kraton sadaya
tanapi kang pra ngulami
Ki Pangulu ngaturi
mukah siyam Kangjeng Ratu
nanging meksa tan karsa
kadya wus sinedyeng galih
sareng ngajengaken Bakda supe nulya.

22. Jeng Sultan matur kang raka
kados pundi benjing-injing
prakawis grebeg punika
Kangjeng Pangran ngandika ris
aja sira ngowahi
iya dene ingkang tunggu
Kangjeng Eyang sun dhawak
lan Bu Ratu Bendareki
Ratu Angger kabeh padha garebega.

23. Ki Mangkubumi sampeyan
nggih sowana benjing-injing
Kangjeng Sultan ris aturnya
bilih kula tan meningi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Pangran ngandika aris
walahu aklam ing sesuk
nanging panduganing wang
Kangjeng Yang kaya ngenteni
mring pepeke kang putra wayah sadaya.

24. Nangkana sampun klampahan
pan karsaning Hyang Widhi
Kangjeng Ratu surudira
sampun bakda grebeg iki
putra wayah wus prapti
tanapi kyai pangulu
myang sagung pra ngulama
mapan sampun pepak sami
sinarekken Jimatan tunggil kang putra.

25. Riwus kawandasa dina
Jeng Ratu Ibu gumanti
Ratu Ageng namanira
dalemira kang ngenggeni
Jeng Ratu Bendara neki
mangkana ingkang winuwus
ri sampunira lama
wonten cobaning nagari
pan karaman anama Manduratmaja.

26. Mapan ngembani punika
Jeng Pangran Diposaneki
Kangjeng Pangran wus uninga
saking wong desa kang warti
nanging maiben yekti
dene langkung boten rukun
Panran Diposana
repot jompo lawan alit
lawan kalangkung manah remen maksiyat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

27. Nanging ragi gerah manah,
duk kala timurireki,
marma datan linagewa,
samana nuju marengi,
Kangjeng Pangran nimbali,
abdi kinen maos iku,
nama Sukbatal iman,
lawan Mukhamad bunari,
kitab nami Khatulmuluk kang winaca.

28. Lenggah bale sawo ika,
paseban Selarajeki,
andangu nulya utusan,
iya saking ingkang rayi,
Jeng Sultan atur uninga,
anenggih ingkang denutus,
Raden Sasrawirana,
lan Sasrabau, tur bekti,
"Kula Gusti ingutus Rayi Narendra.

29. Kinen ngaturi uninga,
dhumateng paduka Gusti,
ing Kedhu wonten pakarya,
karaman ageng kang baris,
dhusun Bendha nggen neki,
Sinduatmaja ranipun,
estri ingkang satunggal,
sampun pejah ing Walandi."
Jeng Pangeran mesem aris angandika.

30. "Lah iya Sastrawirana,
Sultan apa wis bantoni,"
aturnya Sastrawirana,
"Inggih sampun kang lumaris,
Raden Mayor pribadi,
lan Raden Ritmester iku,
bekta sakancanira,
lajeng angkatipun sami,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan residen Nahis sadinten punika.

31. Iya wus Sastrawairana,
sira amuliha dhingin,
ing mengko ingsun pan arsa.
marang kadhaton pribadi,
lawan ayun udani,
Adinagara mamantu,
nulya Sastrawirana,
tur nembah lengser sing ngarsi,
Kangjeng Pangran tan adangu nulya tedhak.

32. Prapta kadhaton wus panggya,
Jeng Pangran lawan kang Rayi,
Jeng Sultan matur niskara,
Jeng Pangran mesem nabda-ris,
"Ya wis sun udaneni,
ingkang karya reka iku,
Lamun Residen prapta,
yang Dipasana den aglis,
wenehana iku kang gawe gendra."

33. Wus lajeng Kangjeng Pangeran,
mring Adinagara prapti,
Pangeran Adinagara,
emeh wände mantu iki,
Kangjeng Pangeran nabda-ris,
"Wus tutugna gonmu mantu."
Antara telung dina,
Residen Nahis kang prapti,
tur uningá karaman Kedhu wus bubar.

34. Nulya Pangran Dipasana,
cinepeng binuwang nuli,
wau dhumateng ing sabrang,
Mangkana ngalami-lami,
saya kathah setori,
nagari Ngayogya iku,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nanging datan punapa,
Jeng Pangran langkung prihatin,
datan kondur neng Selaraja kewala.

35. Jeng Sultan ingkang winarna,
yen marengi kangen iki,
wau dhumateng kang Raka,
nusul mring Selarajeki,
Samana amarengi,
Kangjeng Sultan prapta iku,
kangen dhateng kang Raka,
Kangjeng Pangeran marengi,
lagya lenggah kolah milih ingkang tigan.

36. Klangenan ulam wader bang,
munggeng sela gilang iki,
Kangjeng Sultan nulya prapta,
pan lajeng tumut milihi,
kang nderek Pangran kalih,
samya kang Raka puniku,
Pangeran Suryabrangta,
lawan Suryawijayeki,
Kangjeng Pangran sampun karsaning Hyang Suksma.

37. Ingkang tyas langkung pracaya,
wau dhumateng kang Rayi,
Kangjeng Pangeran ngandika,
"Payo Sultan padha ngalih,
lenggah ing gedhong iki".
Kangjeng Sultan nderek sampun,
lawan kalih kang Raka,
Pangeran Suryabrangetki,
pan kalawan Pangeran Suryawijaya.

38. Kangjeng Pangran angandika,
sarwi mesem mring kang Rayi,
"Sultan sun pajari sira,
sakehe ingkang prajangji,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

duk dhingin jaman Inggris,
mapan maksih ana ingsun,
kadhaton nora ana,
mung kontrak kang ana iki,
lan prajangji pametune kang nagara.

39. Dene sakeh panganggeran,
maksih ana kene iki,
kang dadi watir tyasingwang,
manawa ingsun ngemasi,
apa dene sireki,
ora wurung iku besuk,
mapan dadi brawala,
anakira lan nakmami,
lamun ora ana pitulung Hyang Suksma.

40. Dene mengko karsaningwang,
layang sun wenehken iki,
Sultan iya marang sira,
nanging ingsun Sultan titip,
mring sakeh nakireki,
Kalamun ngemasi ingsun,
sultan mangsa bodhoa.",
Jeng Sultan aturireki,
pan sandika Jeng Pangeran angandika,

41. Mring Pangeran Suryabrangta,
lawan Suryawijayeki,
"Sira karo lumakua,
suwunen layang prajangji,
marang bakyunireki",
tur sembah kalih wus mundur,
saking ngarsa kang Raka,
tan adangu nulya prapti,
ingkang serat wus katur marang sang Raka.

42. Tinampen nulya ngandika,
"Ya Sultan wruhanireki,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

layang iki ingkang nurat,
pan Jendral Raples pribadi,
kang sisih Jawa iki,
Cadiningrat nulis iku,
wusnya sira gawaa,
nanging poma wekas marni,
pan mung iku kang dadi watir tyasingwang.

43. Jeng Sultan matur sandika,
"Kalangkung panuwun neki,"
gya pinaringken kang surat,
Kangjeng Sultan anampeni,
langkung suka tyasneki.
Jeng Sultan nulya mit mundur,
mapan sampun kalilan,
mundur sing Selarajeki,
pan surat binekta Jeng Sultan priyangga.

44. Datan winarna ing marga,
kedaton pan sampun prapti,
apan wus karsaning Suksma,
Kangjeng Sultan datan lami,
saking gung rencaneki,
setan kang samya bibidhung,
kang surat ingaturan,
besmi pan datan prayogi,
yen taksiha manawa bilih manawa.

45. Kadya wus takdiring Suksma,
Jeng Sultan gampil nuruti,
mring atur kang tan prayoga,
Mangkana surat binesmi,
sampun karsaning Widi,
tan lami Jeng Sultan iku,
lawan antaranira,
denira ambasmi tulis,
prapteng jangji Kangjeng Sultan nulya seda.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

46. Mapan datan mawi marga,
ing gerah saking sakedhik,
pan kendel gennya besiyar,
namung ingkang dadya margi,
dhahar turaturneki,
Raden Dipati puniku,
pan lagya ngunjuk jangan,
sareng cekoh pan cumekik,
lajeng dhawah Jeng Sultán apan trus seda.

47. Satira abuh sakala,
langkung geger Ngayogyeki,
pan samya kaget sadaya,
ingkang Raka sampun prapti,
nanging datan meningi,
lan putra santana sagung,
jalu estri pepakan,
gumerah swaraning tangis,
saking gunging pawestri sajroning pura.

48. Tanapi sagung punggawa,
apan sampun pepak sami,
ki pangulu sakancanya,
nuwun nuli densirami,
tan suka sekretaris,
ibu ken ngentosi iku,
apan lagya utusan,
nusul residhenireki,
kang marengi Baron Silwis namanira.

49. Pan lagya kesah mring Sala,
ingkang kinen angenteni,
lagya jinujul punika,
Jeng Pangeran wus ningali,
mring layone kang Rayi,
nulya pineksa puniku,
pan kinen nyiramana,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anulya dipunsirami,
ri sampunnya sinarekken Prabayasa.

50. Sadinten sadalu ika,
Barón Silwis dereng prapti,
sareng injing tinimbalan,
kretaris dan suka malih,
nanging pineksa malih,
mring Kangjeng Pangeran iku,
sampunnya tinimbalan,
tinengga neng bangsal sami,
Barón Silwis jam sewelas praptanira.

51. Pan lajeng kinen ngangkatna,
Jeng Ratu Ageng puniki,
langkung sanget pamuwunnya,
ingaturan datan kenging,
ngantos kaku tyasneki,
Barón Salewis puniku,
mapan kakanthen sasta,
lan Pangeran Dipanagri,
prapta ngalun-alun kidul wangsul samya.

52. Sadaya wus prapteng pura,
ingkang datan dherek sami,
sagung kang putra santana,
Residhen Salwis nabda ris,
Pangeran Dipanagri,
"Sampeyan bok sampun kundur,
lajenga tengga putra,"
Kangjeng Pangran ngandika ris,
"Ora gelem sun mulih bareng lan sira.

53. Pan sekretaris kewala,
lan si Ditri iku becik,
kariya atunggu pura,
lan Kyai Mangkubumi",
Barón Silwis nuruti,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mapan samya bubar sampun,
sagung putra santana,
kang tuguran nging bupati,
Kangjeng Pangeran wus kundur mring Teglhaijo.

54. Ingkang dherek mring Jimatan,
sadaya pan sampun prapti,
sinarekaken Jeng Sultan,
pasareyan ninggal dadi,
kang tunggil kang Ramaji,
mangkana ingkang winuwus,
Jeng Sultan tilar putra,
sasanga kathahireki,
kang winarna namung kang jalu kewala.

55. Den Mas Menol parabira,
saweg yuswa tigang warsi,
nanging sampun pinaringan,
nama Pangeran Dipati,
mangkana ngantos lami,
apan dereng dadi iku,
Raden Mas Gatot arinya,
Den Mas Mursada puniki,
Den Mas Mangun kang jalu sakawan ika.

56. Ingkang putrì mapan gangsal,
mangkana ingkang winarni,
Jeng Pangran Dipanegara,
mapan asring denaturi,
mring Residhen ing loji,
nanging awis kersanipun,
lawan malih menawa,
Residhen malebeng puri,
ingaturan Kangjeng Pangran awis karsa.

57. Lan asring tinitik ika,
mring Residhen yuswaneki,
kalamun marengi karsa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingaturan dhateng loji,
langkung Residhen iki,
genira met galihipun,
lan asring ingaturan,
lenggahan sami pribadi,
pan Residhen ingkang ngladosi priyangga.

58. Sabarang kang dinangua,
Baron Silwis aturneki,
Tegalhaija Selaraja,
Kangjeng Pangran Mangkubumi,
graita jroning galih,
samana gya tedhak sampun,
dhumateng Tegalhaija,
mapan sampun akapanggih,
lan kang putra neng jro gedhong Selahaija.

59. Kangjeng Pangeran angandika,
"Kulup tan anduga mami,
Baron Silwis karepira,
banget kayungyun nireki,
kulup marang sireki,
kaya ana atine iku,
ngenteni karepira,
manawa dhingin sireki,
wus celathu, Kangjeng Pangeran ngandika.

60. "Sampun gampil bab **puniKa,**
kawula lumuh sayekti,
kalamun margi punika,
puruna sampun rumiyin,
mangsa kaselan ugi,
inggih dhumateng pun Bagus."
Kangjeng Pangran ngandika,
wau dhumateng kang siwi,
"Paran kulup banget temen watiringwang.

61. Iya manawa kaliya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kaya paran polah mami."
Kangjeng Pangran aturnya,
sarwi mesem," Sokur ugi,
lamun purun ngowahi,
Kyai marang jangjinipun,
aluwung makatena,
boten angewed-ewedi,
pan kawula angindhung purbaning Suksma.

62. Sampun kondur Jeng Pangeran,
watara let pitung ari,
Den Mas Menol pan ingangkat,
jumeneng mapan gentosi,
mring ingkang Rama sawargi,
nanging mawi wakil iku,
nenggih ingkang kinarya,
Kangjeng Pangran Mangkubumi,
pan kalawan Kangjeng Pangeran punika.

63. Hariya Dipanagara,
lawan Ratu kancaneki,
Ratu Ageng sekawannya,
Jeng Pangran lumuh kepati,
nanging pineksa ugi,
dadya sanget lingsemipun,
tan saged mulat janma,
ngantos tugel pecuh neki,
ingkang kampuh genira nitih kereta.

64. Datan tinoleh kapidak,
sekretaris ingkang nganthi,
anglir sedaa sakala,
pan sampun prapteng ing janji,
kontrak winaos nuli,
Den Mas Menol sebutipun,
kepejeng pamuwusnya,
namung moh datan apti,
apan meksa Residhen pangangkatira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

65. Lan Ratu Ageng kang meksa,
ri sampun kondur tumuli,
lenggah sitinggil sakedhap,
lajeng mring kedhaton sami,
lenggah bangsal puniki,
Barón Silwis mapan asung,
kang serat peijanjian,
kangjeng Pangeran tan apti,
kinen maos kewala mapan tan bisa.

66. Jinaluka atandha asta,
ngandika tan bisa nulis,
tinedha ingkang pratandha,
ora gawa ecap mami,
Jeng Pakualam iki,
mesem krasa ing tyasipun,
Pangran Dipanagara,
dadya wewah lingsem neki,
pan rumaos lamun ingesem-eseman.

67. Dadya mubarang pakarya,
Kangjeng Pangran Mangkubumi,
ingkang nindhihi sadaya,
Residhen narima iki,
ri wusnya bubar sami,
mangkana ingkang winuwus,
Pangran Dipanagara,
kundur mring Tegalharjeki,
sapraptanya langkung denira sungkawa.

68. Kang ginagas mung lingsemnya,
dene ora katon janmi,
kinarya wakiling bocah,
bok iya nganggi tinari,
pinadhakken puniki,
lir wong ngempek-empek iku,
dol gawe luru pangan,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ora kaya awak marni,
kudu temen delap urip aneng donya.

69. Kalangkung rempu tyasira,
Jeng Pangran Dipanagari,
lajeng manijng pasareyan,
anedya anganyut urip,
wus nir sagung kaeksi,
saking sanget wirangipun,
mangkana kang kusuma,
kumepyur tyas ningali,
mring kang raka ingkang tyas ora kaduga.

70. Dene langkung singkelira,
apa ingkang dadi wadi,
mangkana sang Retnaningdyah,
tan eca raosing galih,
nulya anusul nuli,
sang Retna mring tilam santun,
tumingal mring kang Raka,
yen arsa hangayut urip,
Sang Aputri nyungkemi medal kang waspa.

71. Pegat-pegat angandika,
"Kangmas ora bisa kari."
sarwi nungkemi pranaja,
"Ngur ingsun matiya dhingin,
sampun ta lamun keri,
sampun karsaning Hyang Agung,
Jeng Pangran tingalira,
mantuk mring bangsa Sepehi,
duk miyarsa sasambate Sang Kusuma."

72. Dadya ucul tingalira,
sang Retna sinambut ririh,
pinangku sang lir kusuma,
kalawan ngandika aris,
"Wus kendela tan apti,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wurung mati abdinipun,"
sang dyah aris aturnya,
"Punapa kang dados rujid,
dene ngantos padukarsa tilar donya."

73. Kangjeng Pangran angandika,
"Mas Mirah gusti wong kuning,
sosatyaning Tanah Jawa,
pun kakang pajar sayekti,
langkung wirang ing urip,
ana ing donya wakingsun,
kinarya wakiling bayi,
ora mantra kalamun katon manungsa.

74. Den bubungah lir wong corah,
dene liwat mejanani,
kalamun ingsun gelema,
dadi ratu pan wus dhingin,
mengko kinarya wakil,
dene liwat nistha iku,
abanget ingsun wirang,
den unggahken emban marni,"
dadya mesem Sang Retna aris aturnya.

75. "Nuwun ngapunten kawula,
den ageng dhumateng abdi,
mokal paduka kilapa,
menggah utamaning margi,
kang dhateng ngalam gaib,
datan makaten pukulun,
pan rumiyin paduka,
ngandika margi utami,
pan kawula taksih emut sapunika.

76. Mapan kawula anedya,
kalamun kantuna yekti,
dhateng ngalam kelanggengan,
Kawula nuwun rumiyin,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan saged aningali,
kalamun kantun saestu,
inggih dhateng paduka,
kawula sampun sayekti,
anenuwun dhateng Robil ngalaminna.

77. Ljiwan pangestu paduka,
supangatira Jeng Nabi,
Mukhamadinnil Mustafa,
benjing prapta ngalam suci,
kawula kang rumiyin,
lawan ing margi puniku,
utami ingkang wiyar,
lawan gumantunging takdir,
kang kasesa lan sabar mangsa sanesa.

78. Namung kantun sautama,
kang sabar punika ugi,
apan kathah cariyosnya,
lan mindhak amai sayekti,
yen kaleresan ugi,
lawan pitulung Hyang Agung,
apan kawula nedya,
angawula tekeng ngakir,
anyenyethi inggih dhumateng paduka.

79. Paduka yun nyupet karsa,
tan rila hukuming Widi,
pan inggih mangsa wandeya,
namung kantun sautami,
yekti wirang donyeki,
yen tan ewah niyatipun,
dados ngamal sadaya,
tur temtu cobaning Widi,
pan sadaya sih nugrahaning Hyang Suksma.

80. Apan kawula punika,
marma purun matur yekti,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rumiyin saking panduka,
inggih ingkang memejangi,
nuwun lumangkung ugi,
bilih kasupen pukulun."
Jeng Pangran duk miyarsa,
marang ature kang Rayi,
dadya mesem lir sinapon dukanira.

81. Sang Retna sinambut sigra,
Kangjeng Pangran ngandika ris,
"Adhuh Mas Mirah bendara,
kang mindha inten ing wukir,
piturun saking swargi,
nugrahanira Hyang Agung,
musthikaning wanodya,
satanah Jawa puniki,
tambuh-tambuh nah angger sun rasakena.

82. Sayekti yen bener sira,
banget kalalen kang abdi,
kang iman upama surya,
ati upamaning angin,
coba rancana iki,
apan anglir mega mendhung,
kang jasmaniku dewa,
kaya upamane bumi,
iya lamun nora katibanan udan.

83. Paran margane thukula,
sagung wiji kang neng bumi,
pan ngamal becik bendara,
yeku upamane wiji,
marma ingkang jasmani,
bisa ngumpul imanipun,
lan ati katelunya,
iku wutuh dadi siji,
iya dene sababe ingkang panrima.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

84. Tegese ingkang panrima,
thukule sakehing wiji,
lamun ora mangkonoa,
tanpa paedah wong urip,
wong aneng dunya iki,
Mas Mirah kautameku,
kang gedhe cobanira,
nging lawan nugrahan jati,
yen kuwawa yeku kekasih Hyang Suksma.

85. Kalamun datan kuwawa,
kang wiji besuk upami,
pan datan tuwuh sadaya,
dadi tuna wong ngaurip,
angur duk kala bayi,
matiya wus tan kaetung,
nah angger kang utama,
pan papat dadi sawiji,
ngamal ngelmu ngamal maklum apan nunggal.

86. Panuju ingsun bendara,
ana nugrahaning Widi,
eling coba saka sira,
meh kalalen ingsun gusti."
Enengena tan winarni,
Ngayogya ingkang winuwus,
Kangjeng Pangeran ika,
Mangkubumi apan maksih,
pan pinardi menggah capira kang putra.

87. Baron Silwis tan anrima,
mring kang ecap tiga sami,
kedah nedha jangkepira,
sekawan maksih angudi,
mangkana ujarneki,
"Nadyan tan ana iku,
kang telu iku iya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen ana ingkang sawiji,
iku bae Pangeran Dipanagara.

88. Dene kang katelu ika,
mapan ya minangka saksi,
lamun ora ana ika,
iya-cap ingkang sawiji,
mapan tan kena manjing,
kang duwe bandar sadarum,
pasthi tan aweh ingwang."
Dadya Pangran Mangkubumi,
pan ginubel dhateng wong gedhe tetiga.

89. Sebab tan saged balaka,
dadya Pangran Mangkubumi,
tedhak marang Tegalharja,
Mangkana ingkang winarni,
Kangjeng Pangran marengi,
lenggah aneng Balekencur,
pan lagya kinen maca,
Harjunawijaya iki,
pan kinarnya anglipur rujiting driya.

90. Ingkang abdi kalih ika,
Dyan Wiryadikusumeki,
kang sawiji namanira,
Mas Sastrawinangun iki,
Jeng Pangran Mangkubumi,
sareng rawuh sigra nusul,
dhumateng Sela raja,
panggih alenggahan sami,
Balekencur Jeng Pangeran angandika.

91. "Kulup marma ingsun prapta,
atutur rusaking nagri,
dhuwit bandar ora kena,
sun jaluk lan bakyu iki,
lawan adhinireki,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ratu Kencana cap telu,
kudu jaluk capira,
malah ingsun densrengeni,
mring Residhen paran mengko karsanira."

92. Jeng Pangran Dipanagara,
esmu duka jroning galih,
"Marma rumiyin kawula,
datan purun dados wakil,
kadya berah upami,
awande ing ñama tuhu,
salaminipun dadya,
pan dereng kawula kardi,
angecapi namung saweg kaping tiga.

93. Punika pan raja pejah,"
Kangjeng Pangran Mangkubumi,
mapan aris angandika,
"Kaya paran polahneki,
sanak-sanakireki,
padene prajurit iku,
ingkang padha belanjan,
masthi padha susah iki,
lamun ora dhuwit bandar malebua.

94. Jeng Pangran Dipanagara,
langkung kewran ing tyasneki,
mangkana lajeng anembah,
marang kawirangan yekti,
nanging geseng tyasneki,
mesem angandika rum,
"Kyai mapan sumangga,
nanging kawula aseksi,
cap punika mapan lajeng kula bucal.

95. Dados sampun mantun ñama,
kawula Dipanagari,
Ngabdulhamit ñama kula."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Pangran Mangkubumi,
ngandika esmu ajrih,
"Ya kulup apa kersamu,
sapa kang wani malang,"
pinundhut ecap wus prapti,
lajeng ngaturaken dhumateng kan rama,

96. Kangjeng Pangran ngandika,
"Meling punika kiyai,
kalamun prakawis arta,
sampun mawi kula malih."
Jeng Pangran Mangkubumi,
mapan angandika arum,
"Ya kulup sun kaduga,
yen ana pratandha iki,"
nulya pamit kudnur pan wus tan winarna.

97. Kangjeng Pangran ing tyasira,
sangsaya gesengireki,
kinarya panglipur tedhak,
marang daleme kang rayi,
Pangeran Suryabrangti,
anyupitken putranipun,
jenenging Kangjeng Pangran,
lajeng anyare sawengi,
mapan lenggah patamanan Suryabratan.

98. Lan sagung pra putii asamya,
sadalu tan arsa guling,
ameng-ameng catur ika,
lawan kang eyang ngladosi,
Raden Ayu puniki,
Danukusuma kang sepuh,
injing kundur Jeng Pangran,
dhumateng Tegalrejeki,
Sang Dyah Retna amethuk wonten taratag.

99. Sinambut sang lir Supraba,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

binekta mring tilamsari,
Kangjeng Pangran nuli nendra,
supe solat, dhahar iki,
sadinten ngantos ratri,
ajrih mungu sang Renayu,
mung tinengga kewala,
wancinira tengah wengi,
nulya dhawah tandha benduning Hyang Suksma.

100. Ardi Mrapi murup ika,
anglir sundhul ing wiyati,
kadya kebekan Ngayogya,
kang ngakasa dadi geni,
kang swara gegirisi,
jumegur lawan gumludug,
brama pating pancurat,
kalangkung giris pan sami.
ting kudhandhang ngupados pangungsen samya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

VII. Dhandhanggula

1. Tambuh-tambuh kang samya denungsi
ing ngawiyat langkung petengira
mangkana kang winameng reh
Jeng Pangran dereng wungu
langkung eca denira guling
sang Retna pan kewedan
esmu maras iku
menawi tinilar seda
mring kang raka arsa mungu langkung ajrih
mung tinengga kewala.

2. Sang Kusuma mangkana tyasneki
maspaosken dhumateng kang raka
lamun lajeng seda mangke
mung nyipta bela iku
tuhu lamun tan nedya kari
mangkana tan winarna
sang Retnaning ayu
apan kagungan parekan
langkung dennya sembrana tan pirsa ajrih
bok Buang namanira.

3. Langkung ajrih ningali wiyati
lan suwara tambuh solahira
dadya jerat-jerit bae
lawan parekan sagung
gustinira kaliyan neki
maksih aneng jron tilam
mangkana winuwus
Kangjeng Pangran duk miyarsa
mring swaraning parekan samya anjerit
kagyat wungu tumulya.

4. Aningali sang resmining putii
lenggah dagan Jeng Pangran atanya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Ana apa ta nak Angger,"
sang Dyah alon umatur
"Tan uniga kawula yekti
pan dereng medal-medal
Jeng Pangran nulyeku
miyos akekanthen asta
lan sang Retna mring palataran wus prapti
ningali ing gegana.

5. Lamun ardi ingkang murub iki
lawan obahira kang bantala
mesem Jeng Pangran kalihe
kalawan aturipun
para sagung parekan sami
mapan awarna-warna
mangkana nulyeku
Jeng Pangran nambut sang Retna
pan binekta wangsul'mring tilam sari
dumugekken kang karsa.

6. Ri wusira Jeng Pangran nulya mit
mring sang Retna kundur Selaraja
mangkana kang caritane
ing Ngayogya puniku
pan kalangkung gegerineki
Jeng Ratu ageng ika
kang tyas langkung kuwur
tan ana sinambat-sambat
mung kang putra Pangeran Dipanagari
saben ana wong prapta.

7. Pelajengan pan tinarka iki
yen kang putra Jeng Pangran kang prapta
dadya langkung cuwa tyase
nging sekretaris Abu
lawan Pangran Hamangkubumi
de tri Raden Dipatya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dyan mayor puniku
Baron Silwis ora ana
lagya kesah samana ingkang winarni
sangetnya tigang dina.

8. Kawarnaa ingkang agung brangti
Kangjeng Pangran aneng Selaraja
wus tan kawarna ing tyase
aneng donya puniku
langkung dennya katutuh neki
mangkana kang winarna
apan tan panuju
ing taun Edal punika
sirah tanggal wulan Ramlan anujoni
ping salikur tanggalnya.

9. Jeng Pangeran aneng guwa iki
pan ing Secang araning kang guwa
saben ing wulan Ramlane
mangkana karsanipun
Kangjeng Pangran ngujalat iki
aneng sajroning guwa
pan tan kundur-kundur.
Mangkana panuju ika
lenggah aneng sela gilang wastaneki
enenggih Ngambar maya.

10. Pan punika lalangenan sami
jroning guwa minangka dalemnya
beji jero neng kolahe
jrejes telaganipun
amerancang sumur upami
Widarakandhang ika
pan pasowanipun
kori kang gampeng tinatar
Kangjeng Pangran liyep-liyep kadya guling
mangkana nulya ana.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Wong sawiji prapta ngarsa neki
mapan sareng kaliyan maruta
sampun prapta ing ngarsane
ingkang pangangge iku
kang pinindha lir pendah kaji
kagyat Kangjeng Pangeran
angandika arum
ingsun tambuh lawan sira
wong ing ngendi, kang tinanya anauri
kawula tanpa wisma.

12. Prapta amba ingutus nimbali
mring paduka, Jeng Pangran ngandika
"Sapa kang kongkon arane
lan ngendi wismanipun?"
Wong punika aris turneki
"Pan inggih tanpa wisma
rat jawi sadarum
punika minangka wisma
mangke samya jinulukan Ratu Adii
ingkang ngutus kawula.

13. Animbali mring paduka yekti
pan ing mangke jumeneng punika
sapucaking ardi mangke
saking ing ngriki iku
kidul wetan pernah ing ardi
Rasamuni punika
nging paduka iku
tan kalilan bekta rencang,"
gya lumampah Kangjeng Pangeran ingiring
dhateng tiyang punika.

14. Kadya sampun karsaning Hyang Widi
Kangjeng Pangran anurut kewala
datan antara praptane
ngandhaping ardi iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang nimbati musna tan keksi
mangkana tan winarna
Ratu adii iku
jumeneng pucuking arga
rebut sorot lan sang Prandanggapati
dangu surem Hyang Ngarka.

15. Kangjeng Pangran tan kuwasa uning
aningali marang kang wadana
Sang Ratu Adii cahyane
kasor Hyang Arka tuhu
mung busana awas ningali
Kangjeng Pangran sadaya
ijem surbanipun
arasukan jobah seta
lan celana seta ngagem sabi abrit
ngaler ngilen ajengnya.

16. Pan jumeneng neng pucaking ardi
munggeng sela malenas kewala
tan wonten aub-aube
pan suketan kadulu
resik kadya densaponi
Kangjeng Pangran neng ngandhap
pan tumenga iku
ngidul ngetan ajengira
Ratu Adii nulya angandika aris
"Heh Ngabdulkamit sira.

17. Marmanira sira suntimbali
wadyaningsun kabeh sira duwa
ing Jawa rebuten angger
lamun ana wong iku
atatakon marang sireki
nuwalanira kuran
kon nggoleki iku."
Jeng Ngabdulkamit aturnya:
"Amba nuwun sampun tan kuwawi jurit.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan tan saged ika.

18. Aningali dhumateng pepatih
lawan malih rumiyin kawula
sampun nglampahi yektose
pandamel wonten langkung
inggih sami samining janmi
Jeng Ratu Adii nabda
"Ora kena iku
wus dadi karsaning Suksma
tanah Jawa pinasthi marang Hyang Widi
kang duwe lakon sira.

19. Datan ana ingkang maning-maning,"
sira wusnya kumepruk swaranya
mapan anglir upamane
panjang binanting watu
nulya musna kaliyan neki
kadya pan datan kena
winarna puniku
mangkana mapan anulya
pangraosnya Kangjeng Pangeran pribadi
ingkang jumeneng arga.

20. Datan ewah jumenengireki
ngaler ngilen wau ajengira
Jeng Pangran langkung getun
myang raos jajanipun
kadya konang pating karelip
mangkana kagyat nulya
becak-becik iku
mapan lawan puthut lawa
alok-alok samodra murub puniki
lan gumludhug kang swara.

21. Lan gemuruh lir ardi Merapi
Kangjeng Pangran tedhak miyos ika
tumut aningali age

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mapan wus tan cinatur
bakda kundur Jeng Pangran agüs
dhumateng Tegalhaija
mangkana winuwus
nenggih nagri saya kathah
rubedanya Ngayogya ruweding nagri
ki pangulu winarna.

22. Pan sulaya lan Raden Dipati
Baron Silwis wus ganti punika
Semitsar iku arane
lan sekretaris Abu
sampun salin ingkang genteni
Suwaliye punika
nenggih namanipun
mangkana Raden Dipatya
lawan Kyai Pengulu kelajeng sami
wau nggennya sulaya.

23. Wulan Ramlan ki Pangulu iki
gennya boyong marang Tegalharja
ambruk mring Selarajane
lawan rerepotipun
neng pasowan selarajeki
angendhih ingkang griya
Mas Kartajayake
Kangjeng. Pangeran tan mirsa
pan marengi tedhak guwa Secang malih
samana sampun lama.

24. Ki Pangulu pan sinuprih mulih
nanging sampun tan purun mantuka
nulya ginentenan mangke
ketib nginggahken iku
ketib Anom namanireki
Jeng Pangran sinuwunan
idi datan ayun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangkana malih winarna
Kangjeng Ratu Ageng pan supeneng ratri
mireng swara mangkana.

25. Ratu Ageng Ratu Kancaneki
temokena lawan wali ika
Wudhar lor kulon wismane
yen tan kalakon iku
pasthi rusak ing Tanah Jawi
sun pundhut nyawanira
mangkana pan iku
ngantos jangkep kaping tiga
mapan samya ujare kang suwareki
Jeng Ratu langkung jrihnya.

26. Sampun tita tan salin swareki
Kangjeng Ratu angaturi nulya
Jeng Pangran Mangkubumine
prapta kadhaton sampun
panggih Kangjeng Ratu nabda ris
"Pangeran paran karsa
kawula myarseku
kang swara sajroning nendra
ngantos jangkep kaping tiga swara sami
tan mawi ewah-ewah.

27. Putra tuwan Ratu Kancaneki
mapan kinen inggih manggihena
lan putra sampeyan mangke
Pangran Dipanagreku
lamun boten kalakon pasthi
risake Tanah Jawa
lan kula pinundhut
umur kula aneng donya
kados pundi prayogineki
kawula pan sumangga."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Mesem Kangjeng Pangran Mangkubumi
ris turira, "Pan langkung prayogi
kalamun ajeng pun thole
yen tan ajeng puniku
mapan mindhak ngisin-isini
sinten purun meksaa."
Jeng Ratu Nabda rum
"Pan kados pundi Pangeran
boten wände lamun kawula ngemasi
lan risaking Ngayogya."

29. Kangjeng Pangran alon aturneki
"Yen marengi pan rayi sampeyan
Den Ayu kula kengkena
yen dhangan gampil tuhu
yen tan dhangan tan anglingsemi
pan anglir pagujengan
kemawon puniku
kawula ajrih kalintang,"
mring pun thole Jeng Ratu ngandika aris
"Inggih sinten puruna.

30. Nulya Kangjeng Pangran Mangkubumi
utusan dhumateng ingkang garwa
Raden Ayu Sepuh mangke
mapan Den Ayu Sepuh
ingkang purun gujengan iki
lawan Kangjeng Pangeran
wus wineling iku
wau dhumateng kang raka
nulya mangkat mring Tegalhaija wus prapta
panuju Jeng Pangreran.

31. Lenggah lawan sang lesmining puri
Raden Ayu Sepuh mesem turnya
"Punika bok upamine
rayi paduka tuhu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pinaringan rakit prayogi
kang samya sepuhira
lawan ayunipun
ljr Ratih lawan Supraba
mendah dene remen kawula ningali,"
mesem Kangjeng Pangeian.

32. Gya sinambut ingkang mindha Ratih
pan sinandhing ing Gusti Sri Nata
mesem Jeng Pangran sabdane.
"Mirahnya angalindur
sare lawan alenggah iki."
Den Ayu Sepuh myarsa
malerok basengut
lajeng bengis angandika
"Olehe sok karem manas ati
wong lenggah jare nendra."

33. Jeng Pangeran angandika aris
"Pundi wonten kang memper kewala
anglir gusti nahing angger
nugrahaning Hyang Agung
pan piturun saking swarga di
musthikaning wanodya
tanah Jawa tuhu
tumendhak ing Tegalhaija
pan ginanjaraken dhateng kula yekti
dora lamun wontena.

34. Gih wanodya ingkang animbangi
Raden Ayu Sepuh bengis nabda
"Mundhak den papanas bae
gih sampun kula mantuk,"
nulya kundur wus tan winarni
samana kang winarna
Jeng Pangran anuju
tedhak mring kedhaton ika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan kang rama Pangeran Amangkubumi,
lenggah bangsal Kencana.

35. Lang kang ibu Ratu Ageng iki
Kangjeng Pangran pamit tuwi ika
mring kadhaton wetan kuwe
dhumateng ingkang ibu
Ratu Ernas gerah sakedhik
sapungkurnya Jeng Pangran
pirembagan iku
Jeng Ratu Ageng kalawan
ingkang rayi Kangjeng Pangran Mangkubumi
prakawis kang supena.

36. Lamun prapta putranta samangkin
kula remen paduka pajara
supena saniskarane
manawi wonten iku
kogelipun dhateng nagari
kula sampun kengkenan
rayi padukeku
Den Ayu Sepuh lumampah
apan temah den gujeng kewala inggih
dhateng putra andika.

37. Tan adangu Jeng Pangran wus prapti
nulya sami lenggahan katiga
Jeng Ratu Ageng sabdane
pajar supenanipun
ingkang dadya watiring galih
sampun telas niskara
Jeng Pangran nabda rum
"Inggih pandugi kawula
kados jajal kewala ibu sayekti
yen wangsit satuhunya.

38. Inggih benjing lamun prapta malih
sampeyan ken pinanggih priyangga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kalawan kawula mangke
Jeng Ratu ngandika rum
"Sok sampuna kawula warti
kangge boten punika
kawula pan sampun
boten katitipan basa
kangjeng Pangran esmu sungkawa kang galih
tegese wali wudhar.

39. Pan sinamur mesem atanya fis
mring kang rama, "Punapa artinya
"Kyai wali wudhar kuwe,"
Pangran Mangkubumiku
mesem sarwi ngandika aris
"Tegese wali wudhar
iya iku wurung,"
Jeng Pangran Dipanagara
sareng myarsa saya sungkawa kang galih
wirang marang Hyang Suksma.

40. Nulya samya pamit medal ngalih
lajeng kondur marang Tegalhaija
Kangjeng Pangran sapraptane
tan mampir dalemipun
lajeng dhateng Selarajeki
langkung wirang mring Suksma
manjing gedhong sampun
mapan ngantos tigang dina
datan ngaos miyos dhateng ing surambi
ki pangulu graita.

41. Wus dinuga yen sungkawa yekti
Jeng Pangeran Ki pangulu nulya
sowan pan panuju mangke
lenggah Jeng Pangran niku
wonten ngajeng gedhong neki
munggeng sela gigilang
ingauban iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kumuning ngideran kolah
mawi pulo tinaneman ing waringin
pethetan warna-warna.

42. Ngajeng gedhong blumbang geng ngideri
toya wening akathah ulamnya
mapan ta kathah warnane
keri pastahan iku
Ki pangulu umatur ans
"Gusti punapa marma
sungkawa sun dulu
inggih sarawuh paduka
sing kadhaton Kangjeng Pangran ngandika ris.
"Ki pangulu manira.

43. Banget wirang marang ing Hyang Widi
wus jinarwa ingkang saniskara
Ratu Ageng supenane
kalawan jarwanipun
Pangran Harya Amangkubumi
ingkang dadya sungkawa,"
mesem ki pangulu
umatur, "Sanes punika
pan tegese wali wudhar kang sayekti
inggih wali angiras.

44. Cinepengan adil ing Hyang Widi
pun punika inggih tegesira
kadi ta kang upamine
pra nabi satus ewu
lan patlikur ewu pra nabi
anenggih ingkang wudhar.
namung nem puniku
rtglairken karsaning Suksma
Nabi Adam, Nabi Nuh, Nabi Ibrahim
kalawan Nabi Musa.

45. Nabi Ngisa nenem kang mungkasi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Nabi Mukhamad punika
ìng Jawi pan upamine
wali kang wudhar iku
mapan inggih Sinuwun Giri
kalawan eyang paduka
Kangjeng Sultán Agung
punika kang samya ngiras
kasihing Hyang dene paduka pribadi
inggih walahualam.

46. Kersa Allah ing wekasanneki
Kangjeng Pangran karaos tyasira
kala pinanggihan mangke
mring Ratu Adii iku
pan mangkana raosing galih
dadi wus nora kena
gumingsira ingsun
nanging datar, angandika
pan sinamur mesem angandika aris
"Kaki alkhamdulillah. '

47. Pan wong urip punapa denanti
lamun kaki datan angantia
pakaryan kang luwih gedhe"
Kyai pangulu umatur
"Inggih Gusti lamun kuwawi
pan langkung utaminya
nugraha satuhu"
Kangjeng Pangran angandika
muga kaki padha sukura mring Widi
muga denlestarekna"

48. Mapan sampun tan winarna iki
Kangjeng Pangran wus pulih tyasira
amung meleng panuwune
yen enjing miyos iku
Jeng Pangeran dhateng surambi
pan samya darus Quran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan Kyai pangulu
samana panuju ika
wulan Ramlan Jeng Pangran ngujalat iki
dhumateng guwa Secang.

49. Myang kinarya panglipuring galih
mider-mider aneng pakebonan
ing guwa saniskarane
samana apan nuju
Jeng Pangeran alenggah iki
neng ngandhap kajeng gurda
bakda asar iku
kang kebon winastan Modang
myarsa swara lamat-lamat pan dumeling
"Heh Ngabdulkamit sira.

50. Aranira mengko denparingi
iya marang Robbilngalamina
Jeng Sultán Nganbdulkamite
Herucakra Sayidu
Panatagama ing Jawi
Kalipah Rasullolah
sam ta sira iku"
ri sampun ical kang swara
Kangjeng Pangran waktu mahgrib kundur nuli
dhumateng guwa Secang.

51. Bakda tarweh Jeng Pangeran mijil
pan alenggah neng sela gigilang
ing kanan kori prenahe
ingkang sowan neng ngayun
mapan punakawan kakalih
puthut Lawa kalawan
puthut Guritneki
bocak-bacik Suradana
lan Muhyidin Diryasemita pan sami
aneng pawon kewala.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

52. Malem pitulikur anujoni
taun Ebe sampunira dhahar
Jeng Pangran kalajeng sare
neng sela gilang iku
puthut kalih samya nenggani
lajeng kalih anendra
aneng daganipun
mangkana Jeng Pangeran
jroning nendra supena aneng guweki
kaydya neng Selaraja.

53. Lenggah aneng selagilang iki
pulo wringin mangkana anulya
na janma wolu prapta ge
dhesthar koncer sadarun
kang neng ngarsa ambekta tulis
sinangga kalih asta
Jeng Pangran andulu
tedhak mapan nulya kurmat
semu ajrih kawolu cahyanya sami
lir wulan kang purnama.

54. Kangjeng Pangran jumeneng ngurmati
ingkang prapta tan praduli ika
lajeng jujug blumbang bae
Jeng Pangran nulya tumut
pan sadaya ngadeg neng tepi
kang gangsal aneng wetan
tiga kang neng kidul
Kangjeng Pangeran tumut ika
kang neng kidul dadya sakawan puniki
majeng ngaler sadaya.

55. Kang neng wetan ngilen ajeng neki
ingkang bekta nawala neng ngarsa
kalih sisih pangapite
nulya winaos iku
kang nawala ungelnya sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan swaraning undhang
mungel kang sinuwun
pang Kangjeng Sultan punika
Ngabdulkamit Herucakra kang Sayidin
Panata ing Agama.

56. Kalipahing Jeng Rasullolahi
ingkang aneng iya Tanah Jawa
samya mangkana jawabe
"Ngalaihi salamu"
ingkang maos nyendhu nabdaris
"Iku luput jawabnya"
kang sinendhu matur
"Kados pundi panembahan"
jawabipun kang nyendhu ngandika aris
"Iki prakara dadya.

57. Jebeng jawab ngalihisalami
mapan bakal dene kang wus dadya
pan nampung tekdir jawabe"
lajeng samya puniku
maos tekbir kawolu sami
sanga Kangjeng Pangeran
tumut tekbir iku
ingkang surat mapan nulya
cinemplungken balumbang ambles ing warih
pan wus datan katingal.

58. Janma wolu musna tan kaeksi
saking gen jumeneng punika
anglir kukus supamine
Kangjeng Pangeran iku
kantun gennya jejer pribadi
samana pan enjingnya
Jeng Pangran winungu
wau dhateng puthut Lawa
dhahar saur lajeng salat subuh sami
mapan wus tan winarna.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

59. Bakda kundur Tegalhaija neki
riwusira dhateng Selaraja
mangkana kang winarneng reh
nenggih kyai Pangulu
apan sampun miyarsa warti
lamun Kangjeng Pangeran
pan ingangkah iku
nenggih dhateng Walanda
kabar terang pawarta saking Samawis
kyai Pangulu nulya.

60. Sowan manjing mring Selarajeki
Jeng Pangeran mapan nuju lenggah
munggeng ing sela gilange
kyai Pangulu matur
"Kula Gusti miyarsa warti
kabar saking Samarang
sampun terang tuhu
lamun paduka ingangkah
saradhadhu apan sampun kathah Gusti
kang prapta ing Samarang.

61. Kados pundi karsa kang sayekti
lamun estu kang warta punika"
Jeng Pangran mesem ature
"Paran prayoganipun
pan manira tan dosa kaki
kalamun iku nyata
swarga ginawe yu
goleki marga punapa
lan maninge kaki napa dika lali
Ratu Ageng impennya.

62. Bokmanawa wahanane iki
dhingin dika ingkang aweh jarwa
kula tan dosa yektine
nging lamun karya dudu
pan manira kaki tan wedi"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ki pangulu aturnya
pan sarwi tumungkul
lawan kumembeng kang waspa
"Sampun leres yen wangsit punika sidik
nging pangraos kawula.

63. Boten wande karsaning Hyang Widhi
nanging sampun margi saking yuda
Jeng Pangeran andikane
"Paran prayoganipun"
Ki pangulu alon turneki
"Lamun estu punika
Gusti wartinipun
prayogi nurut kewala
sakajenge panganiaya Walandi
kados eyang paduka.

64. Kang Sinuhun Sepuh duk rumiyin
dados boten darnel karisakan
dene Hyang Suksma karsane
tan silih marga tuhu
dene kula tan nedya keri
sakit prapteng antaka
pan dherek saestu
nanging lamun margi yuda
pan kawula wus sepuh boten kuwawi
kantun mangsa sageda."

65. Jeng Pangeran mesem ngandika ris
"Kula kaki apan remen yuda
rnati becik pocapane
Kyai pangulu matur
"Yen makaten kang karsa Gusti
kawula amit kesah
datan saged ndulu
inggih kaji dhateng Mekah"
Jeng Pangeran mesem anangdika aris
"Kaki luwih prayoga.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

66. Sukur kaki dika kula jangji
lamun besuk dika prapteng Mekah
poma aywa muleh-muleh
matia aneng ngriku
yen manira antuk kang kardi
dika kabar-kabarna
lan dika nunuwun
pandongane para imam
muga kula oleha supangat Nabi
lan karilaning Allah.

67. Denkuwatna manglawan mring kapir
lan den banget andika nenedha
sujud ing kakbahtolahe
nunuwuna ing Hyang Agung
lestarine kang tanah Jawi
dadya balad agama
Kaki lamun estu
wonten pitulung Hyang Suksma
Ki pangulu den rikat andika mulih"
Ki pangulu aturnya.

68. "Pan sandika mung pangestu Gusti
inggih mugi kula saged prapta
dhumateng kakbahtolahe"
Jeng Pangran ngandika rum
"Nggih pun kaki kula jurungi
muga ta kalilana
mring Allah kang Agung"
Samana wus tan winarna
Kyai Rahmanudin mapan sampun pamit
mring wong gedhe sadaya.

69. Nulya mangkat prapta ing Samawis
tan winarna Ki pangulu ika
Tegalhaija winarneng reh
Kangjeng Pangeran iku
langkung dennya sungkaweng galih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dene miyarsa warta
pan lir paminipun
karubuhan ing ngakasa
nanging kang tyas sampun tan nedya gumingsir
mung anglindhung ing Suksma.

70. Dadya sima sagunging prihatin
namung pati kang denarsa-arsa
Sang Retna mangkono maneh
mapan tan nedya kantun
mring kang raka awal lan akhir
mangkana ingkang dadya
bubuka puniku
apan nagri Tegalhaija
pinathokan datan mawi tur udani
arsa kinarya ratan.

71. Dadya sampun karsaning Hyang Widhi
Tanah Jawa risake punika
pan iku dadya margane
mangkana kang winuwus
Kangjeng Pangran tan mijil-mijil
neng gedhong Selaraja
samana panuju
bakda ngasar wayahira
Kangjeng Pangran bakda salat miyo.s nuli
dhumateng pasabinan.

72. Sajawining Selaraja iki
ñama sabin Punjuntru punika
mawi lenggahan pinggire
kinubeng blumbang iku
dadya kana ubaub neki
kalawan kajeng soka
lenggah sela iku
ki Soban kang aneng ngarsa
waktu iku Kangjeng Pangran yüswa neki
pan sampun kawandasa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

73. Langkung kalih kagyat aningali
lamun ana rubung-rubung ika
Jeng pangran lon pandangune
"Soban, apa rinubung
mring wong akeh ingsun tingali
Ki Soban atur sembah
"Pan tiyang sadarum
badhe akarya wradinan
utusane abdi dalem Den Dipati
pan sampun tigang dina.

74. Kados telas Tegalhaija Gusti
inggih dados wradinan sadaya
badhe meranem wartine
pan pinathokan sampun"
Jeng Pangeran bendu tan sipi
dupi myarsa aturnya
Ki Soban puniku
Branjangkawat kang dinuta
animbali dhumateng ingkang pepatih
Mas Bei Mangunharja.

75. Mangunharja tan adangu prapti
Jeng Pangeran nulya atatanya
"Mangunhaija prakarane
sira tan matur ingsun
dene ana mangkono iki"
Mangunhaija tur sembah
"Abdi jrih pukulun
inggih kalamun matura
pan punika tan mawi pratela Gusti
inggih dhateng kwawula.

76. Pan miyarsa kawula kang warti
saking abdidalem lit sadaya
tan pinartela yektose
marma ajrih umatur"
Jeng Pangeran ngandika malih:

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Lamun mangkono iya
wus pengingen iku
yen tan kena bedholana"
Mangunharja sandika lengser sing ngarsi
mapan lajeng kapanggya.

77. Lan utusanira Dyan Dipati
pan pinenging meksa datan kena
ajrih Residen saure
Mangunharja nulyeku
aparentah kinen bedholi
sagung pathok sadaya
ingkang neng lor kidul
wetan kulon binedholan
lajeng malih kengkenan Raden Dipati
Raden Brantakusuma.

78. Lurah gandhek Dutawijayeki
bekta pathok lan kerig punika
lajeng binethot dhuwunge
dhumateng tiyang dhusun
ing Timpayan namanireki
Raden Brangtakusuma
tan saged lumayu
pan lajeng binujung samya
gya wawarti dhumateng Raden Dipati
bramantya ing tyasira.

79. Nulya margi kang kinen buntoni
ing Jagalan wastane punika
margi mring Ngayogya mangke
sareng kapriksa iku
apan lajeng kinen bubrahi
yen kang bubrah wus kesah
malih kinen buntu
ngantos jangkep kaping tiga
pan binubrah lajeng kinen buntu malih
wus katur mring Jeng Pangran.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

80. Lamun margi meksa denbuntoni
"Kados pundi menggah karsa tuwan
apan dalu pambuntune
yen siyang datan purun
apan meksa ulun tenggani
lamun mantuk kawula
wingking pan binuntu"
Jeng Pangran bendu tyasira
"Yen mangkono Mangunhaija kaya uwis
datan kena mundura.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Vili. D U R M A

1. Kangjeng Pangran sarwi mesem angandika
"Mangunharja sireki
lah ngati-atiya
kabeh sakancanira
yen kaya mangkono iki
ingkang kinarya
bubuka ratan iki.

2. Sayektine apan arep nganiaya
ingsun tan nedya gingsir
saajanging ajang
lah mara Mangunharja
padha timbalana aglis
kang tuwa-tuwa
marang ing ngarsa marni"

3. Pepakena Mangunharja tur sandika
wus lengser saking ngarsi
prapta ing paseban
mapan sampun pepakan
sagung ingkang tuwa sami
kendel ing lurah
sadaya wus miyarsi.

4. Warta saking pawong sanaknya sadaya
lamun Tegalharjeki
pan arsa rinusak
datan antara prapta
sagung ingkang para mantri
kang tuwa samya
tan nganti den timbali.

5. Lamun Demang kang cilik-cilik wus prapta
sami pawartaneki
mangkana anulya
Mas Behi Mangunhaija

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sadaya lajeng den irid
mring Selaraja
kendel asowan sami.

6. Sagung Mantri atanapi kang para Demang
neng Baie sawo sami
Jeng Pangran winarna
mapan lenggah neng sela
gigilang Pulo Waringin
Ki Soban ngarsa
lan Kartisasi iki.

7. Mangunharja wus prapta sakancanira
sowan andher neng ngarsi
alon aturira
"Gusti amba tur priksa
kang abdidalem pra Mantri
lan kanca Demang
kang celak sampun prapti.

8. Lawan bekta dadamel ing ngayuda
Gusti kula takeni
mapan sami turnya
lawan kanca sadaya
sampun waradin kang warti
lamun Paduka
badhe dipun ayoni.

9. Kangjeng Pangran mesem aris angandika
"Ing mengko ana ngendi
kabeh kancanira
Mantri kalawan Demang"
Mangunharja atur neki
"Wonten sowanan
Baie sawo ing jawi"

10. Kangjeng Pangran apan aris angandika
"Ya wus tarima marni

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nging padha den nyata
mengko padha dhawuhna
ingsun tan bia nemoni
pan yvus pracaya
ya marang turireki."

11. Mangunharja aturnya, "Inggih sandika"
Jeng Pangran nulya nari
mring abdi kang tuwa
Raden Kartadiwirya
lawan Mas Singaharjeki
lan Martayuda
Dyan Wiryadikrameki.

12. Pangulunya Muhamad Bahwi kang nama
tilaran ingkang swargi
eyang buyutira
wus sepuh wayahira
nanging ingkang tyas puniki
langkung gambira
lamun tinarijurit.

13. Mengsah lawan titiyang kapir punika
suka matinya sabil
sadaya mangkana
mapan samya aturnya
Jeng Pangeran ngandika ris
"Padha sun trima
aturira mring mami.

14. Nanging poma wekasingsun mring sira padha
aja na kang miwiti
lamun kapir sida
iya niayanira"
sandika aturnya sami
"Padha metuwa
lan den yitna sireki."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Atur sembah wus lengser sing Selaraja
lang sagung kang pra Mantri
miwah para Demang
pan wus sami prayitna
lan ngupados daya sami
nengna winarna
Kangjeng Pangeran malih.

16. Saundurnya kang sami sowan sadaya
apan lenggah pribadi
mung lawan Ki Sobat
Murdiyah lagya prapta
lawan Ki Muhamad Arif
Muhamad Mursan
dadya tan kondur iki.

17. Dhahar salat neng Sela Gilang kewala
tan arsa nendra iki
lendheyan neng sela
myarsa swara mangkana
wancinira bangun injing
dumling kang swara
"Heh kaki Rul Mukmini.

18. Aja sira prihatin mungsuh Walanda
Hyang Suksma kang nulungi
lamun ana ika
wong kang tan melu sira
wus pinasthi mring Hyang Widhi
pecat imannya
sagung wong Tanah Jawi."

19. Sampun sirna swara enjing kang winarna
Pangeran Kusumeki
mapan tuwi ika
anulya pinanggihan
aneng Bale sawo iki
ans aturnya,
"Mas putu kados pundi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

20. Benjing grebeg punapa boten tedhakan
mring pagelaran inggih"
Jeng Pangran ngandika
'Tng pundi marginira
apan sampun den buntoni
kula ken bubrah
inggih binunton malih."

21. Pangran Mangkukusuma malih atanya
"Punika ayun kardi
inggih kang wradinan
punapa tan mawia
punika atur udani"
Jeng Pangran nabda
"Pindho karya puniki.

22. Yen wartinya inggih pandugi kula
boten dados prakawis"
Pangran Mangkusuma
pan alon aturira
"Mas putu kula panggihi
lawan Danurja
kawula pitakeni.

23. Sagahipun sadaya atur uninga
dados dora sayekti"
Nulya pamit ika
Pangran Mangkukusuma
mangkana tan wus winarni
kang kawarnaa
tiyang kang samya prapti.

24. Apan ngantos kalampahan tigang dina
MasDemang sampun prapti
Pajang wismanira
teka sakula wangsa
apan kakapalan sami
seket watara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan sagagaman neki.

25. Atanapi sagunging wadya Ngayogya
wates Tumenggung iki
inggih sapangandhap
kang sampun sami prapta
Kangjeng Pangran Mangkubumi
ingkang winarna
langkung watir tyasneki.

26. Nulya tedhak dhumateng ing Tegalreja
lajeng nusul puniki
dhateng Selaraja
mapan sampun papanggya
samya alenggahan sami
neng Sela Gilang
Jeng Pangran Mangkubumi.

27. Lon ngandika, "Kulup ingsun atatanya
paran karsanireki
ingsun tan kaduga
dene keh temen janma
apa arane ta iki
banget tyas ingwang
kuwatir mring sireki.

28. Jeng Pangeran Dipanagara aturnya
"Pan punika Kiyai
janma ingkang prapta
mapan samya kajengnya
pribadi tan ngundang yekti
inggih kawula
sampeyan pitakeni.

29. Nggih punika kapalanipun sadaya
sampun sami neng ngriki
lan sagagamannya
apan sampun samekta"
Kangjeng Pangran Mangkubumi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nulya atanya
marang sagung kang janmi.

30. "Sira padha prapteng kene iki apa
iya karyanireki"
sadaya aturnya
"Kawula myarsa warta
lamun putra dalem Gusti
arsa den angkah
inggih dhateng Walandi.

31. Tiyang Jawi sadaya pan boten rila
lamun ngantos sayekti
binekta Walanda
suka tumpes sadaya"
Kangjeng Pangran Mngakubumi
aris ngandika
"Dene sinten udani.

32. Iya warta kaya ingkang tuturira"
Jeng Pangran Mangkubumi
pan aris ngandika
dhumateng ingkang putra
"Paran kulup karsaneki
apa ta sira
bisa nanggulang sayekti.

33. Lamun karya rusuh marang ing Nagara"
Jeng Pangran matur aris
"Nggih Kyai sampeyan
punapa ta sagede
ananggel kados kang warti
wau punika
lamun sageda iki.

34. Pan samangke tiyang kajengipun bibar
kabeh kula ken sami"
Jeng Pangran ngandika
"Kulup ingsun tan bisa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ananggung lir warta iki"
Jeng Pangran nabda
"Kawula saged Kyai.

35. Inggih nanggel dhumateng tiyang sadaya
kalamun ngrumiyini
nging Kyai punika
lamun den kriyinana
sayektos kula tan ajrih
jang aneng ajang
siyang dalu ngladosi."

36. Jeng Pangeran Mangkubumi ris ngandika
"Wus kulup ingsun mulih
yen mangkono iya
wus ruwet kang prakara
pirang bara ingsun kaki
manawa ana
pitulunging Hyang Widdhi.

37. Bisa karya padhanging ingkang Nagara
sun kundur tan winarni
ya ta kang winarna
Raden Wiryadikrama
ginubel marang sagunging
para kapala
nuwun pratandha sami.

38. Ingkang tebih-tebih punika sadaya
Pasisir Manca Nagri
Baglen Sokawatya
samya nuwun sadaya
pratandhanireng ngajurit
wus katur nulya
Jeng Pangran ngandika ris.

39. "Jarot ingsun mapan tan duwe pratandha
ana ing Mangkubumi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lamun sira meksa
lah suwunen priyangga
iku kalamun marengi"
Wiryadikrama
nulya lumampah aglis.

40. Tan winarna Mangkubumen sampun prapta
nulya sinuwun iki
wau kang pratandha
sampun karsaning Suksma
Kangjeng Pangran teka gampil
ingkang pratandha
apan sampun pinaring.

41. Nanging meling lamun uwis ulihena
kene cotho kapati
lamun ora ana
iku ingkang pratandha
dhuwit ora kena manjing
pratandhaningwang
lan bakyu ora dadi.

42. Raden Wiryadikrama matur sandika
tan winarna wus prapti
nenggih Tegalhaija
lajeng karya nawala
sagunging kapala sampi
wus pinaringan
tandha dadining jurit.

43. Nanging mawi tinengeran ungelira
mariyem lamun muni
pan samangsa-mangsa
nadyan dalu siyanga
samana sampun waradin
ingkang parentah
janma saya keh prapti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

44. Kadya sampün karsaning Allah taala
risake Tanah Jawi
pan margi pünika
brubul tanpa wilangan
apan sami prapta iki
gagamanira
penthung alu seligi.

45. Sebutipun sadaya tan wonten trima
sadaya bela Gusti
bandhil sabukannya
lan padha ngandhut sela
samana ingkang winarni
Kangjeng Pangeran
sampun pasrah Hyang Widdhi.

46. Lara pati iya mapan ora bakal
lohilmahful pinasthi
nulya Jeng Pangeran
kundur sing Selaraja
saking kathah kang sumiwi
dadya tan kewran
kalih dinten antawis.

47. Kundurira Jeng Pangran sing Selaraja
nulya Dyan Adipati
utusan tur surat
ungelnya tembung lampah
Jeng Pangran tan arsa iki
kinen wangsulna
tigang dinten antawis.

48. Nulya ana surate Residen ika
ingkang ambekta iki
Mas Hastradimeja
Papatihnya kang rama
Kangjeng Pangran Mangkubumi
mapan ungelnya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pitaken karsaneki.

49. Kangjeng Pangran estu yen tan darbe karsa
nulya kinen mangsuli
kang rama priyangga
nanging wangsulaniara
amundhut Raden Dipati
Residen ika
datan mangsuli malih.

50. Apan lajeng adandan mriyem kewala
tukang wesi kinerig
ri wusira dadya
tukang wesi sadaya
mapan lajeng atur uning
mring Tegalharja
yen loji sampun rakit.

51. Dadya hinggar tyasira wadya sadaya
lamun sida kang kardi
mangkana Jeng Pangran
apan anuju alenggah
aneng paregolan iki
kang ngadhep ika
Kyai Muhamad Bahwi.

52. Bangsukbatul Iman lawan Nur Ngaliman
Murdiyah Ahmad Arif
lan Muhamad Mursam
Muhamad Santri ika
lawan Muhamad Jelani
pan bakda Asar
ana utusan prapti.

53. Sing Kadhaton Lurah Kaparak punika
Nyai Soka nameki
prapta atur sembah
Gusti abdi dinuta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing Ibu Dalem Jeng Gusti
inggih Paduka
sakedhap den timbali.

54. Kangjeng Pangran mesem aris argandika
"Rejeb matura iki
sun wus ora bisa
kalamun lunga-lunga
pan sira weruh pribadi
akehing janma
manawa ora ngerti.

55. Dadi ewuh tan wurung dadi prakara
yen ibu nedya becik
angur marenea
wayahe den gawaa
kabeh aja na kang kari
wis ta muliha"
Nyai Soka tur neki.

56. "Kawula jarih pan sampun dalu punika
Gusti kawula mriki
bekta konca tiga
samya wangsul sadaya
langkung ajrih aningali
dhateng barandhal
kebak pepet ing margi.

57. Pan kawula lumampah nusup kewala
Suryabrangtan samriki
pan sampun kebekan
kula merem kewala
yen boten ingater Gusti
ajrih kawula
lamun mantuka Gusti

58. Kangjeng Pangran mesem kinen nimbalana
kapala brandhal sami
marga kewuh inya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Singabarong namanya
Selabegasil umiring
pan sampun prapta
kinen ngatera sami.

59. Nyai Soka samana wus tan winarna
enjing Jeng Pangran iki
lenggah neng pandhapa
pukul wolu watara
Kangjeng Pangran Mangkubumi
ing rawuhira
Jeng Pangran aningali.

60. Yen kang rama rawuh pinethuk tumulya
tedhak saking pandhapi
ngandhap sawo prapta
panggih Jeng Pangran nulya
ingkang putra den arasi
rinangkul sigra
lan sarta den tangisi.

61. Apan maksih samya jumeneng kewala
kang rama den aturi
nulya tata lenggah
ri wusnya gya ngandika
Kangjeng Pangran Mangkubumi
"Marma sun prapta
kulup kinongkon marni.

62. Mring Residen arep ketemu sadhela
kulup lawan sireki
pan sira den undang
marang loji sadhela,"
Jang Pangran mesem turnya ris
"Kyai sumangga
nanging kula puniki.

63. Sampun dados melikipun tiyang kathah
katantuna pribadi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sadaya punika
inggih kalamun suka
suwawi mangkat Kiyai"
Jeng Pangran nulya
nantun mring kang sumiwi.

64. "Apan sira kabeh ingsun tari padha
Gustimu den aturi
residen sadhela"
sadaya aturira
mapan samya mopo iki
suka ngabena
pejaha ing ing ajurit.

65. Kangjeng Pangran nuli matur ingkang rama
"Kiyai kadi pundi
gen kula lumampah
ing ngriki kadi paran"
Kangjeng Pangran Mangkubumi
alón ngandika
"Kulup sun pajar yekti.

66. Mapan ingsun wus tan bisa mulih nyawa
ing loji pan wus rakit
mapan Paku Alam
saanak prajuritnya
wus padha ana ing loji
ingsun tan duga
kang dadi karep neki.

67. Marma ingsun gelem kinongkon yektinya
pan sedya metu mami
mati lan uripa
sun sedya labuh sira
mung imán sun rebut kiki
ingsun wus tuwa
mangsa anoma maning".

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

68. Jeng Pangeran mapan aris aturira
"Ya alhamdulillahi
Kiyai kawula
inggih darmi kewala
kinarya lampaban yekti
Karsaning Suksma
sampeyan kados pundi.

69. Duk rumiyin sagah nepangaken kula
lawan Residen malih"
Jeng Pangran ngandika
"Kulup ya bener sira
tan kena Karsaning Widdhi
sapraptaningwang
teka ing kene dhingin.

70. Mapan banjur den undang Residen ingwang
ingsun ta den takoni
kulup sun balaka
Sekretaris kang ana
de Cakradiningrat iki
Residen tanya
apa karepireki.

71. Sauringsun datan karep apa-apa
nuli Residen angling
kepripun beciknya
amrih ilange ika
ingkang dadi napsu neki
pan saur ingwang
kajaba den turuti.

72. Ingkang dadi napsune gawa Danurja
Residen saur neki
pan ewuli Pangeran
iku uga baturnya
Gupremen kawula ajrih
pan saur ingwang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nggili dika jaluk ugi.

73. Mring Gupremen Residen pan aturira
bok saliyane ugi
kula boten ninga
Sekretaris angucap
manawa jaluk dadya Ji
wonten tandhanya
tan remen neng wismeki.

74. Sabeng alas gunung parang lawan guwa
saenggon-enggon ngabekti
nuli ingsun mojar
heh Sekretaris sira
aja mangkono sireki
ing wong sembahyang
saenggon-enggone dadi.

75. Saba alas karemane cilik mula
gelema dadi Aji
pan wus dhingin mula
ya iku ingkang wadya
yen ora ngandel sireki
mara takokna
marang kapitan tangsi.

76. Iku ana kang weruh prakaranira
duk kala alam Inggris
Cadiningrat mojar
Sekretaris andika
sampun anyana kadyeki
lamun karsaa
dadya ratu pan dadi.

77. Mangsa silih ingkang rayi jumenenga
kang dados tlenging galih
inggih ingkang rama
Kangjeng Pangran punika
Jan Kerapet makaten inalili

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apan kawula
kang ingutus rumiyin.

78. Apan nganti tinangisan ingkang rama
nging meksa datan apti
dene gung bicara
sadaya sinagahan
sabab Pangeran Dipati
enggen bicara
kang rayi maksih lalit.

79. Pan Residen banjur anambungi sabda
kaya paran ta iki
pan ing Tegalharja
wong wis tanpa wilangan
kabare loro sayekti
ana kang lunga
ana kang nggitik loji.

80. Cadiningrat pan mangkana saurira
inggih kabar kakalih
pangraos kawula
inggih dora sadaya
lamun yektosa kadyeki
salali satunggal
purun dipun jujuwing.

81. Pan kawula kang purun nanggel punika
kajawi den wiwiti
adate punika
tan karsa karya susah
sampun ingkang karya pati
lamun ngarsakna
rusuli mawon tan apti.

82. Pan Residen mangkene ujare ika
marma ewuli tyas marni
banjur nari mring wang
kados pundi Pangeran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saurku sumangga inggih
Residen mojar
sampun ta binjing-injing.

83. Dika wonten Kadhaton ing pukul sanga
kawula badhe manjing
pareng pukul sanga
Residen nuli teka
kalawan Danuija iki
Wiranagara
de tri Residen angling.

84. Kadi pundi Ratu Ageng ingkang karsa
Ratu Ageng nauri
pan mangsa bodhoa
kula pan boten bisa
lawan Pangran Mangkubumi
Residen mojar
ingkang katemu mami.

85. Dika Pangran lan kula tiga Danurja
samya lumampah iki
dhateng Tegalharja
priyekowe Danuija
apa ta prayoga iki
Danurja mojar
kalangkung ewet neki.

86. Boten wande dados salang surupira
waktu wus kathah janmi
banjur ingsun mojar
empun dika kewala
lawan kawula pribadi
mangsa wontena
ing kawekasan neki.

87. Lamun sanity asa rinembag kiwala
kajaba ditekadi
dika kalih kula

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nggih wong roro kewala
saure Resdein iki
dika Pangeran
nanggung punapa wani.

88. Lamun wonten dedene inggih punika
saur sun mangkene iki
inggih mati dika
kula mangsa karia
yen den undang dugi mami
mangsa tekaa
wong pun makewet niki.

89. Saurira Residen nggih pun Pangeran
andika binjing injing
jam pitu manjinga
nggih daweg padha mrika
loji bareng esuk mami
anulya prapta
wus beda patrap neki.

90. Paman Paku Alam lan nak prajuritnya
bareng katemu mami
lan Residen ika
mangkene ujarira
Pangeran dika pribadi
kang lumampaha
kawula ewet iki.

91. Mapan kula Wakile Jendral punika
sayekti datan keni
lamun marikaa
dene putra andika
prapta tan praptaa yekti
katempuh dika
lamun tan bisa yekti.

92. Prapta kula tuturake Jendral dika
mulane ingsun prapti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mesem Jeng Pangeran
myarsa ingkang pawarta
nulya Pangran Mangkubumi
nimbali sigra
dhumateng kang Papatih.

93. Mas Ngabei Hastradimeja namanya
lajeng kinen nimbali
sagarwa putranya
datan antara prapta
sadaya Tegalharjeki
anulya ana
oredenas saking jloji.

94. Nginggalaken dhumateng Kangjeng Pangeran
nging winangsulan iki
balia kewala
datan antara prapta
kengkenan saking jro puri
Ki Suranata
mapan inggih nimbali.

95. Kangjeng Pangran Mangkubumi wus tan karsa
lawan ngandika aris
heh ta Suranata
apa ta lali sira
bener iki anak marni
ing lahirira
nanging kang darbe siwi.

96. Apa nyata iku sadulurku tuwa
marma ingsun labuhi
lawan ngrebut iman
wus ta sira matura
pirangbara nemu urip
Ki Suranata
wus mundur saking ngarsi.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

97. Kangjeng Pangran Mangkubumi alon tanya
dhumateng ingkang siwi
Paran karsanira
sakeh rerepot iya
apa ora kon sumingkir
banget tyasingwang
kuwatir aningali.

98. Mara kulup Rangga pa bener tyasingwang"
Pangran Rangga tur neki
"Aleres paduka
repotira kokgawa"
Pangeran Rangga tur neki
"Pan sampun prapta
sadaya wollten ngriki.

99. Ingkang rayi-rayi wus prapta sadaya
nging kinen kundur sami
mung Pangeran Rangga
kinen mundur tan kersa"
Kangjeng Pangeran turnya ris
dhateng kang rama
sumingkir dhateng pundi.

100. Yen kawula gadhaha kajeng punika
pesthi karya rumiyin
nggen rerepot samya
mila ing tyas kawula
mapan tan nedya gumingsir
nadyan pejaha
ipan sampun prayogi.

101. Wonten ngrika titilaraning Jeng Eyang
ewed punapa estri
tan tumut punapa
ngriki sampun prayoga
kinarya enggen ngemasi"
Kangjeng Pangeran

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mangkubumi nimbali.

102. Mapan dhateng abdinira ingkang putra
kang sepuh-sepuh sami
pan samya aturnya
langkung kuwatosira
tan wande ngeron-eroni
yen wonten karya
kang rembag sampun gilig.

103. Kangjeng Pangran lajeng nuruti kang rama
nging Sang Lesmining Puri
asangetlenggana
nadyan tekeng palastra
kawula manawi kari
datan wuninga
Jang Pangran Mangkubumi.

104. Nulya wangsul ngandika dhateng kang rama
"Dhuh rama sun wus panggih
lawan putranira
sun tuturi priyangga
prapteng pati lumuh kari"
Kangjeng Pangeran
nulya tedhak murugi.

105. Dhateng dalem sampun panggih lah kang garwa
sang retna anungkemi
padane kang raka
adres medal kang waspa
nanging datan saged angling
Jeng Pangran nabda
dhuh mirahingsun Gusti.

106. Ingkang abdi nunuwun den turutana
manawa nemu urip
sadinten punika
yen nak angger tan karsa
sampun tamtu yen ngemasi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dinten punika
bendara ingkang abdi."

107. Dadya nurut Sang Retna jumeneng sigra
lumampah pan aririh
sarwi ngemu waspa
sampun budhal sadaya
sagung kang rerepot sami
Kangjeng Pangeran
ngateraken ing kori.

108. Mring Silarong budhalnya repot sadaya
ingkang kinen angiring
wong lanang kang tiiwu
Tegalharja sadaya
pan sampun tan wonten kari
pitulunging Hyang
lampahira lestari.

109. Tan kapethuk lan mengsah pan tunggil marga
rong panginang watawis
lawan praptanira
Bupati kalihaira
Mas Sindunagraga iki
lan Mas Mandura
mapan ambekta tulis.

110. Ingkang surat saking Residen punika
Jeng Pangran ngandika ris
"Sun tan bisa maca
Iah Rangga tampanana"
Pangran Rangga anampeni
lajeng w i naca
sampunira durnugi.

111. Saniskara kangjeng Pangran angandika
mring Mas Sindunagari
"Heh Sindunagara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingsun tan darbe karsa
den undang tan gelem niami
sun dudu bocah
paran arep denapusi."

112. Mas Tumenggung Sindunagara tur sembah
"Gusti lamun marengi
Residen punika
pinundhut sepaosnya"
Kangjeng Pangran ngandika ris
"Supata apa
ingsun tan darbe kapti."

113. "Yen Paduka Gusti estu datan karsa
nyuwun wangsulan tulis"
Jeng Pangran ngandika
"Lah iya tulis apa
mapan sun wus ora kapti"
Kangjeng Pangeran
Mangkubumi nabda ris.

114. "Ora kulup becike ya wangsulana
sauni-uni neki
ku bae Danuria
sida jaluken iya
tur mangsa aweha kaki
Jeng Pangran turnya
"Pan sumangga Kiyai.

115. Ingkang serat inggih sakersa paduka"
Kiyai amangsuli
Kangjeng Pangran nulya
nimbali carik ira
lagi angsal gangsal larik
nulya miyarsa
swaraning bedhil muni.

116. Kaping tiga pas samya kagyat sadaya
nulya Sindunagari

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kakalih lan dura
pamit pan samya sagah
mariksa unining bedhil
sampun kalilan
gya lengser saking ngarsi.

117. Tan antara nulya rame kang sanjata
lawan mariyem neki
nulya Jeng Pangeran
wadya kang sami sowan
sadaya wus kinen mijil
tutulung yuda
duk nguni pan pinenging.

118. Tata-tata tinunggil Sindunagara
lamun tan sae neki
sareng samya medal
sampun tan angsal papan
panuju kapalang sami
mantuk sadaya
tinarka datan dadi.

119. Ingkang kantun ing Samen Jayamenggala
lawan kang para Mantri
tuwa buru samya
lan Demang saanaknya
punika ingkang nadhahi
saangsal-angsal
mengsah pinara kalih.

120. Ingkang medal sawetaning Tegalharja
anenggih kang nadhahi
Den Demang ing Pajang
lawan sakula warga
nanging karoban kang tandhing
anulya prapta
Raden Natadirjeki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

121. Lan kang rayi Rahaden Nataprawira
lan Den Jasentaneki
tutulung ayuda
ing guni mapan sowan
neng ngarsa Jeng Pangran sami
Mas Mangunharja
lan Mas Brajadirjeki.

122. Ki Sukbatul Iman lan Muhamad Darsan
Ki Murwiyah puniki
lan Ki Martayuda
Tulung Jaya menggala
nging meksa karoban tandhing
lan uwus kepapan
nging meksa panggah sami.

123. I^angjeng Pangran dereng ewah gennya lenggah
aneng pandhapa maksih
lawan ingkang rama
kang rayi Pangran Rangga
punika kang munggeng ngarsi
lan punakawan
ngampil gamel kang maksih.

124. Sowan ngadhep dhumateng Kangjeng Pangeran
anulya atur uning
Kyai Darmajaya
Lurah Ngawin punika
di dalem kaseser sami
kathahen lawan
ing Pandhan sampun prapti.

125. Nanging inggih taksih sami tinangledan
Jeng Pangran datan angling
pan kendel kewala
wangsuling Darmajaya
Kangjeng Pangran Mangkubumi
aris ngandika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Paran kulup karseki.

126. Apa ora iya tata-tata sira"
Jeng Pangran matur aris
"Ing ngriki kewala
medal mundhut punapa
inggili lamun prapteng takdir
neng ngriki ngrika
mangsa wande ngemasi.

127. Wonten ngriki yen tinulungan mring Suksma
inggih sampun prayogi"
nulya Darmajaya
wangsül sarwi karuna
umatur, "Dhuh Gusti marni
abdi Paduka
sampun datan kuwawi.

128. Saking gening mengsah palengkung kang prapta"
Jeng Pangran Mangkubumi
pan datan ngandika
anulya ingkang putra
cinandhak astanireki
binekta medal
kori butulan iki.

129. Nulya prapta kilen jawi Tegalharja
aneng nglurung ring sabin
mengsah tan uninga
yen Jeng Pangran kalihnya
kalamun sampun ing jawi
gya nitih kuda
Ki Githayu nameki.

130. Cemeng pancal panggung sukunya sakawan
belalak netra neki
langkung agengira
ingkang rama kudanya
pan lagya kasingsal iki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

anitih tundhan
saking kasesa neki.

131. Belo cemeng bathilan kalangkung kera
wacucal larapneki
wus karsaning Suksma
sagunging kang dandanan
sadaya pan padha kari
namung pusaka
lan kang titiyan sami.

132. Datan kari Kangjeng Pangran nulya ngasta
ingkang pusaka iki
waos Kyai Rondhan
ingkang rama mangkya
Kyai Jimat wus pinasthi
Pangeran Rangga
datan nitih turanggi.

133. Pan gondhelan sampeyanipun kang raka
Jeng Pangran yun udani
dhumateng kang mengsah
tan kantun ingkang rama
Kangjeng Pangran Mangkubumi
sareng katingal
húsar anander sami.

134. Tinadhahan mring Kyai Sukbatul imán
lan Ki Martayudeki
lan Mas Brajadirja
Murdiyah lan Sahiman
Muhamad Mursam puniki
Jaya menggala
ing Samen kang nadhahi.

135. Tinumbakan mapan húsar kathah pejah
sanget karooan neki
lan ingiles kuda
saliyane punika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apan sampun nyabrang sami
kang Wong sadaya
dhumateng kilen kali.

136. Ingkang sampun dhumateng ing takdirira
Bei Brajadirjeki
lurah Wirabraja
Pandhita Ki Murdiyah
Kaum Muhamad Mursami
kang punakawan
Bekel Saheman Sabin.

137. Pan sadaya sakawan kang sampun prapta
Sukbatul Iman kanin
Kyai Martayuda
lawan Jayamanggala
antuk pitulunging Widdhi
datan tumama
nging kasayahan kalih.

138. Dadya dhawah katiga neng pasabinan
tinarka wus ngemasi
pan lajeng tinilar
suwaliye sakawan
De tri awas aningali
mring Jeng Pangeran
kalih nulya ngabani.

139. Sagung húsar mapan lajeng nander samya
suwaliye kang ngirid
nulya Jeng Pangeran
mapan ginadhang-gadhang
lawan kinarubut bedliil
titihanira
Githayu eca nyirig.

140. Langkung bigar mapan anglir tinabuhan
Jeng Pangran ing tyas neki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apan ta mangkana
yen ingsun matenana
mring sakehing husar iki
datanpa karya
lir mateni cicindhil.

141. Meneng bae meksa ingsun binedhilan
dadya Jeng Pangran iki
tedhak saking ratan
lumampah pasabinan
nanging meksa den tututi
mring sagung husar
tan kendel amistuíi.

142. Pun Githayu kalangkung dennya tenaga
lir panganten upami
den arak punika
kang rayi Pangran Rangga
tan ucul gennya nyepengi
sampeyanira
ingkang raka puniki.

143. Tan karaos gerah pitulunging Suksma
Jeng Pangran Mangkubumi
nenggih kang winarna
langkung akas kudanya
tan sambada lan warneki
kudaning husar
tan saged anututi.

144. Lamun wonten satunggal kalih kang celak
ngancaran lawung nuli
husar lajeng bubar
dadya tan angsal ika
Kangjeng Pangran aningali
dhateng kang rama
langkung suka tyas neki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

145. Dene gagab Kyai cengkiling astanya
mangkana mapan sami
ingkang husar kathah
wangsul dhateng wradinan
pan namung Litnan satunggil
langkung kendelnya
lawan sänget angudi.

146. Mring Jeng Pangran tan kendel pamistulira
Githayu eca nyirig
samana Jeng Pangran
apan ta semu kewran
pan arsa tinunjang iki
rumaos nistha
anulya aningali.

147. Wonten brandhal titiga ingawe prapta
Jeng Pangran ngandika ris
"Iki patenana
Walanda tanpa ngrasa"
barandhal titiga sami
matur sendika
sareng tumandang katri.

148. Wonten saler dhusun Sumberan ika
Kangjeng Pangran jenengi
kinarubut tiga
mestul medhang tan angsal
kinarocok lajeng mati
lawan kudanya
Kangjeng Pangeran nuli.

149. Tedhak dhateng wradinan tunggil kang rama
suwaliye udani
yen Litnannya pejah
lajeng wangsul sadaya
sasanderán husar sami
mring Tegalhrjara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngrisak lawan besmeni.

150. Sampun telas sagung brana Tegalharja
nengna gantya winarni
nenggih Jeng Pangeran
pan esmu kesayahap
lawan malih angentosi
kang dereng prapta
laku asmara kingkin.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

IX. A S M A R A D A N A

1. Apan sampun risak sami
negari ing Tegalhaija
Kangjeng Pangran winiraos
akaliyan ingkang rama
aneng tengah radinan
maksih mangku neng kudeku
sarwi leyangan landheyan.

2. Angentosi mring kang abdi
mapan ingkang dereng prapta
mangkana sareng praptane
Rahaden Natadidiija
lan Raden Demang Pajang
Raden Nataprawireku
lan Raden Jayasentana.

3. Dinangu pan lajeng sami
nging Walanda kathah pejah
wolung dasa watawise
jeng Pangran kadya supena
mangkana ingkang rama
titihannya wus kapangguh
lajeng ans angandika.

4. "Paran kulup karasaneki"
Jeng Pangran aris aturnya
Kula sumangga kemawon
tiyang sampun tanpa wisma
Jeng Pangran angandika
Kulup saparan-paranmu
pan ingsun mangsa karia.

5. Mapan iki ya wis wengi"
Kangjeng Pangeran aturnya
"Kyai kajeng kula mangke
ngupados putra sampeyan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing pundi panggenannya
Kangjeng Pangran anabda rum
wau dhumateng kang putra.

6. "Mring Selarong duga marni
mau rembugnya mangkana
sakehe rerepot kabeh
Kangjeng Pangran aturira
dhumateng ingkang rama
"Kyai salata rumuhun
pan wektu magrib punika.

7. Lan ngaso sakedhap Kyai,
pan kawula saweg sayah
yen sampun bakda magribe
sumawi Kyahi lumampah"
anulya sami salat
neng lepen Bayern sadarum
bakda magrib gya lumampah.

8. Sampun karsaning Hyang Widhi
pan samya bingung sadaya
pan saking sanget petenge
dadya kalajeng lampahnya
medal Sumangir ika
dadya sanget sayahipun
lan luwe arip sadaya.

9. Dadya kendel lan dumugi
neng ereng gunung kewala
mapan samya nendra kabeh
sareng inj ing gya lumampah
prapta ing lepen Soka
Kangjeng Pangeran andangu
marang Demang Lepen Soka.

10. Panggenan repot sangunging
Kyai Demang aturira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

inggih nglempak ing Selarong
mulya kinen nimbalana
datan antara prapta
mapan lir supena tuhu
sadaya pengesthinira.

11. Ri sampuna samya panggih
marang kang repot sadaya
gya pinernah dhewe-dhewe
mapan cekap Lepen Soka
Kangjeng Pangeran nulya
tedhak mring Selarong iku
tan kantun lawan kang rama.

12. Kangjeng Pangran Mangkubumi
kang rayi Pangeran Rangga
kinen tengga repot bae
lawan wong kang tuwa-tuwa
ingkang kinen rumeksa
repot lawan dhaharipun
Mas Ngabei Mangunharja.

13. Mangkana wus tan winarni
sagung rerepot sadaya
mapan wus eca enggone
Kangjeng Pangeran winarna
kalawan ingkang rama
nenggih pasanggrahanipun
neng Selarong wismanira.

14. Ki Demang Harjabayeki
wonten malih kang winarna
ingkang rayi nusul mangke
Pangeran Hadinagara
bekta prajurit ika
Mandhung apan matang puluh
kalih atus winatara.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Lajeng pinasrahan iki
wau dhumateng kang raka
dadya ngiras papangihe
lawan nyuwun salin ñama
Pangeran Surenglaga
kang raka nglilani sampun
lan ingiden mring kang rama.

16. Kangjeng Pangran Mangkubumi
datan lami linurugan
pan saking ing Ngayogyane
kinerig sagung wong Yogya
Mantri lawan Dipatya
suwaliye tindhihipun
lawan sagunging Walanda.

17. Ngayogya tan ana kan
nanging kang Residen ika
miwah putra sentanane
lan Raden Dipati ika
Pangeran Mangku Alam
mapan kang tumut puniku
nenggih Pangran Suryaningprang.

18. Sigra pinethukken aglis
marang sagunging wong desa
JayamanggaJa tindhihe
kalawan Hanggawikrama
kalawan Ki Bahuyuda
kalangkung rame prangipun
kendhang tinitir wurahan.

19. Barung lan mariyem muni
sanjata lit barondongan
dadya saya kathah mangke
wong desa kang samya prapta
lajeng tulung sadaya
kang tan darbe gaman iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

bandhil alu pan binekta.

20. Pan sampun karsaning Widdhi
bandhil purun lan sanjata
dadya kalangkung ramene
mangkana Kangjeng Pangeran
langkung marma tyasira
kang rayi kinen tutulung
wau kalawan kang putra.

21. Pangran Suryengalageki
lawan Raden Antawirya
Rahaden Natadirjane
lan Raden Nataprawira
Raden Jayasentana
miwah mandhimg patang puluh
dadya kiwul ing ngayuda.

22. Mariyem wus datan muni
ing Samen Jayamanggala
pan kalangkung pangamuke
Garogol Ki Bahuyuda
wong Yogya kathah pejah
sampun karsaning Hyang Agung
Bupati kathah kang mbandhang.

23. Apan lajeng teluk sami
kang tan teluk dhinedhelan
kinintunken kathok bae
temah samya kawirangan
kang tan kacandhak ngajang
datan pinejahan iku
Walanda kathah kang pejah.

24. Suwaliye apan kanin
kenging bandhil dhengkulira
tiba saking kuda lempoh
lajeng binekta lumaywa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wus mundur wong Ngayogya
langkung kathah angsalipun
, bandhangan awarna warna.

25. Kangjeng Pangran aningali
wau kalawan kang rama
neng ngarsa Wijil namane
sampun katingal sadaya
solahe kang ayuda
lamun estu sampun unggul
Jeng Pangeran nulya tedhak.

26. Mring Kembang Putihan iki
lenggah aneng pakarangan
datan antara praptane
kang rayi lawan kang putra
ngirit sagung Bupatya
ingkang sampun sami teluk
mring kang sinembah ing yuda

27. Tumenggung Martalayeki
Dyan Tumenggung Danusuma
Tumenggung Wiryasumane
Dyan Tumenggung Natayuda
Raden Wiryataruna
Raden Yudawijayeku
Tumenggung Purbakusuma.

28. Tumenggung Dipadirjeki
lawan Dyan Haryasinduija
Tumenggung Sumarejane
sadalu wus tinarima
gya ujung gantya-gantya
ri wusnya anulya kundur
ri sang Sinembah Ngayuda.

29. Marang Pasanggrahan neki
wau kalawan kang rama

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Pangran Mangkubumine
nulya Pangran Suryenglaga
ngaturaken bandhangan
mapan warna warna iku
nulya kinen maringena.

30. Dhumateng kang angsal sami
poma aywa liru iya
saolehe dhewe-dhewe
lawan iya Suryenglaga
padha mupakatena
ya si Jayamanggaleku
ingsun ganjar aranira.

31. Raden Jayanagareki
lawan si Sumadigdaya
anunggaka semi bae
mring uwa Sumadiningrat
Raden Sumadiningrat
lan si Jayawinateku
mapanane makilana.

32. Pangran Suryangalageki
tur sembah nuwun sendika
nulya aluwaran mangke
ing dalu pan samya prapta
arap putra sadaya
repotnya kang samya nungkul
dadya gegering Ngayogya.

33. Dhasar mentas kawon jurit
putri kathah samya medal
Residen tambuh polahe
nulya dalu malih ika
Pangran Jayakusuma
Pangran Balitar iku
Pangran Muhamad Bubakar.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

34. Pangran Riyamanggaleki
lan Pangeran Hadisurya
Pangran Hadiwinatane
lan Raden Mangkuwijaya
Rahaden Mangkudirja
Raden Dipayana iku
lan Raden Diryataruna.

35. Miwah Raden Singasari
tanapi sarib sadaya
haji lawan ulamane
pan sampun sowan sadaya
myang sagunging pandhita
putra santana kang kantun
makasih ana ing Ngayogya.

36. Apan sami den cepengi
ginedhong loji sadaya
nging Pangran Paku Alarne
ingkang datan ginedhongan
lawan saputranira
mangkana ingkang winuwus
Silarong langkung harjanya.

37. Mapan ta wus dadi Nagri
Ngayogya ngalih punika
kang peken langkung agenge
mirah kang sarwa tinumbas
pajeng tiyang sadeyan
dadya samya rena sagung
tan ana kang dora cara.

38. Ri Sang Pramudeng Ajurit
apan lagya siniwaka
munggeng ingkang tarub gedhe
pepak kang putra sentana
ana sagung pra pratiwa
nung-anung pan munggeng ngayun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tuwan Kaji lan Ngulama.

39. Lan para pandhita sami
ingkang rama datan tebah
Jeng Pangran Mangkubumine
ingkang murbeng ngarsanira
Pangeran Suryenglaga
Ri Sang Pramudeng prang pupuh
mapan aris angandika.

40. "Suryenglaga karsa mami
si adhi Mangkuwijaya
sun paringi nama mangko
Pangeran Mangkudiningrat
si adhi Mangkudirja
Pangeran Nataprajeku
payung kuning anganggoa.

41. Lawan si Martayudeki
anama Wiryanagara
si Jarot iku arana
Tumenggung Wiryadireja
Demang Pajang arannya
Karya Pangalasan iku
kang rayi matur sandika.

42. Pangran Suryengalageki
tur sembah nuwun sandika
"Pan punika sadayane
anerang dhateng kawula
punapa ing karsa"
Ri Sang Pramudeng Apupuh
apan aris angandika.

43. "Heh ya Suryengalageki
si Tumenggung Danusuma
menyanga Bagelen mangko
ngenbanana putraningwang

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ya si Dipanagara
lan putrane Kyai iku
iya si Mangkuatmaja.

44. Arane ingsun paringi
Pangeran Suryakusuma
iya ingkang dadya mbane
iya si Hastradimeja
ingsun paringi aran
Tumenggung Reksaprajeku
ing Bagelen den rataa.

45. Apan Hadiwinataki
menyanga ing Kedu ika
Mangundipura embane
kalawan si Natayuda
iya Muhamad ika
Bubakar marang Lowanu
dene kang dadi embannya.

46. Si Sukbatul Iman iki
arana Tumenggung iya
si Jayamustapa munggoh
lan si adhi Hadisurya
barisa kulon Yogya
kalawan anakireku
si Dhandhang iya arannya.

48. Pangran Sumanagareki
dene ingkang ngembanana
ya si Wiryanagarane
kalawan si Trunajaya
ing Gamplong aranira
Cakranagara Tumenggung
lan paman Jayakusuma.

48. Ana ing lor Ngayogyeki
dene ingkang ngembanana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ya si Suradilagane
lan kang mungwing wana - wasa
Eyang Blitar barisnya
dene kang ngembani iku
Tumenggung Sumadiwirya.

49. Mangkudiningrat sireki
kalawan si Natapraja
lan sadulurina kabeh
Sambirata barisana
ingkang ngembani iya
si Ranupati Tumenggung
kalawan si Suraharja.

50. Suryenglaga nakireki
si Bancak sun pundhut ika
arana Pangeran mangke
Suryanagara barisa
sawetaning Ngayogya
dene kang ngembani iku
iya si Suranagara.

51. Lan Sudiranagareki
dene kene iku iya
cukup Janagara bae
kalawan Sumadiningrat
katelu Jawinata
si Singasari ya iku
Gunung Kidul den rataa.

52. Sun paringi araneki
Pangeran kang ngembanana
ya si Warsakusumane
ing Pajang ingkang ngrataa
iya si Martalaya
lan Wiryakusuma iku
Sindurja lan Dipadirja.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

53. Kartadirja Sokawati
Pasisir si paman Serang
ingkang angrataa kuwe
dene ing Manca Nagara
sun tempuhake iya
kabeh kang ngrataa iku
iya si Mangun Nagara.

54. Sandika sadaya sami
langkung enggar ing tyasira
nulya atur salam mangke
kang eyang lawan kang paman
kang rayi lan kang putra
sami ngaras pada iku
lawan sagung pra Dipatya.

55. Kang samya pinaring kardi
marang Ri Sang Miseseng Prang
nulya aluwaran mangke
kundur dhateng Pasanggrahan
tan kantun ingkang rama
mangkana ingkang winuwus
kang samya pinaring karya.

56. Mapan abudhalan sami
sareng sadinten sadaya
mring prenahe dhewe - dhewe
samyangsal pitulung Suksma
lajeng atata barisnya
sadina - dina prang pupuh
samana wus tan wirnana.

57. Ramening prang Tanah Jawi
nulya ana bantu prapta
saking ing Kedu margane
kalih atus winatara
lan ngiringaken arta
gangsal leksa kathahipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prapta ing Legorok ika.-

58. Ingkang baris aneng margi
Kiyai Muhamad Arfah
lawan Mulyasentikane
pan kagyat non Landa liwat
nulya nembang tengara
wong desa kalangkung gregut
lajeng gendhong titir samya.

59. Nulya campuh ing ngajurit
saradhandhu ngedrel nulya
nanging Mulyasentinake
tan praduli mring sanjata
lajeng kuwelan samya
dadya kathah samya ambyuk
bantu kalih atus telas.

60. Mung gangsal welas wetawis
kang samya lumajeng gesang
nanging sampun tatù kabeh
anulya Mulyasentika
arta lawan busana
sanjata pan lajeng dinum
mring sagung kang mulyeng yuda.

61. Pan lajeng ingangge sami
saruwal lawan rasukan
myang sanjata sadayane
langkung inggar tyasnya samya
lajeng sowan sadaya
dhumateng Silarong iku
kalih belah winatara.

62. Samya ngangge lir Walandi
sanjata sangkuhan samya
nulya ing Salarong kaget
tinarka Walanda prapta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

arsa pinethuk ing prang
gya Muhamad Arfah iku
ananderaken turongga.

63. Kancanira kendel sami
pan kinen baris sadaya
ri sampun pratela mangke
mring Pangeran Suryenglaga
lajeng dadya tontonan
pan samya suka sadarum
wadya Silarong punika

64. Muhamad Arfah tumuli
kalawan Mulyasentika
lajeng ngirid nyowanake
mring Pangeran Suryenglaga
marang Sang Pramudeng Prang
lajeng ginanjar nameku
Tumenggung Secanagara.

65. Muhamad Arfah puniki
arinya Mulyasentika
pan ginanjar nama mangke
Tumenggung Kartanagara
lan kinen angradina
Kedu wetan kidul iku
kalihnya matur sendika.

66. Langkung enggar tyasnya kalih
wus lengser lan mantuk samya
pan wus tan winarna mangko
kawarnaa bantu prapta
sangking ing Surakarta
medal wetan marginipun
prajurit Mangkunagaran.

67. Pinethukaken tumuli
mring Tumenggung Surareja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aneng Randugunting gupoh
langkung ramening ngayuda
telas Mangkunagaran
titindhihira kacakup
anama Raden Suwangsa.

68. Nulya sinaosken aglis
dhumateng Silarong ika
ri sang kalangkung welase
wektu masih rare ika
mapan nangis kewala
pinaringan busaneku
lajeng kinen ngaterena.

69. Mantuk dhateng Sala iki
mangkana ingkang winarna
Ri Murtining Palugon
kalangkung prihatinira
kagagas ing wardaya
namung wangsid king Hyang Agung
nawala Qur'an punika.

70. Tan kalilan den owahi
punapa saparentahnya
kinen anglampahi kabeh
marma prihatin kalintang
Ri Sang Murtining Yuda
ingkang rama kang winuwus
tyasira mapan tan duga.

71. Nulya angandika aris
"Paran kulup marmanira
ingsun tan anduga angger
ingkang dadya priliatinnya
wadinireku nyawa
pan wus tan kuciwa tuhu
ing endahe kang ayuda."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

72. Ri Sang Murtining ngajurit
apan aris angandika
"nggih Kiyai satuhune
ingkang dados tyas kawula
inggih lampah punika
tan prihatin dening mungsuh
inggih sanajan wewaha.

73. Tinelasna tiyang kapir
mapan ta kawula temali
yen makasih kinarsakake
Kiyai dados lampahan
nanging karya punika
rumiyin kawula estu
mapan kinen ngangkat Qur'an.

74. Tan kenging lamun ngewahi
dhateng parentahing Qur'an
nging kawula saestune
dereng sumurup sadaya
ing Qur'an kang parentah
marma tyas kula kalangkung
ajrih bilih kalepatan."

75. Kangjeng Pangran Mangkubumi
mapan aris angandika
"Kulup tan ngapaa kuwe
apan akeh pra ngulama
kang sumurup artinya
ing Qur'an parentahipu
wong namung darma pratela.

76. Kulup marang ing sireki
endi kang sira karsakna
wong alim Ngayogya kabeh"
mesem Ri Sang Kang Misesa
aris dennya ngandika
"Kiyai leres puniku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nging kula kirang pracaya.

77. Kyai sampeyan rencangi
nuwun dhateng ing Hyang Suksma
rumiyin kawula anon
tiyang kakalih punika
amulang wonten Maja
Ki Wiron satunggilipun
punika kula pracaya.

78. Dene sawangipun kalih
pan samya pekir tekonnya
kados ajrih mring Hyang Manon
kalaniun angewahana
mring parentahing Qur'an
Keweron Hyangipun sepuh
ing Maja anom punika."

79. Kangjeng Pangran Mangkubumi
mapan aris atatanya
"Pa sira wus tepung angger"
Ri Sang Siniwi ngandika
"Inggih sampun sapisan"
nulya pitulung Hyang Agung
tan antara Kyai Maja.

80. Prapta lan saanak rabi
tanapi lan kulawarga
Ri Sang sukur ing Hyang Manon
lawan aris angandika
"Kyai kirang satunggal"
nulya na marma Hyang Agung
Ki Keweron praptanira.

81. Mapan namung let sawengi
bekta saanak putunya
sakulawargane kabeh
ri sampun prapta sadaya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sagung kang pra ngulama
Ri Sang Siniwakeng Pupuli
siniwi ing masjid nulya.

82. Pepak sagung ingkang nangkil
ingkang rama datan tebah
Jeng Pangran Mangkubumine
ingkang rayi munggeng ngarsa
Pangeran Suryengalaga
Ri Sang Pramudeng Apupuh
mapan aris angandika.

83. "Heh sakehe sanak mami
sagung ingkang pra nuglama
sarip kalawan kajine
yen ing mengko karsaningwang
iya si paman Maja
pan ingsun lilani iku
yen matura marang ingwang.

84. Sabarang parentah iki
ingkang muni jroning Qur'an
poma aja wedi mangko"
Ki Maja matursandika
Ri Sang malih ngandika
"Heh sagunging sanak ingsun
pandhita lan pra ngulama.

85. Sarip atanapi kaji
Iah ayo padlia tuntunan
ngangkat adiling Hyang Manon"
sadaya atur sandika
Ri Sang nulya Uiwaran
samana Ki Maja iku
mondhok neng masjid Kewala.

86. Lan Kyai Keweron iki
nging repotira sadaya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nunggil neng Lepen Sokane
winarna Nagri Ngayogya •
apan wus dadya wana
bong - obongan siyang dalu
wus telas sagunging wisma.

87. Gedhe cilik datan kari
mung kantun Kadhatonira
loji kalawan masjide
Danurjan Paku Alaman
lawan Wiranagaran
sa da ya wus sirna iku
kinepung Nagri Ngayogya.

88. Mapan wus tan keni mijil
Senapati samya ngatas
arsa binedhah amangko
Ri Sang mapan tan kalilan
kinen ngepang kewala
mung sinuprih engetipun
sagunging para santana

89. Samana wus medal sami
kang rayi - rayi sadaya
tan kari lan pangulune
ketib modín lan marbotnya
mung kantun kalih ika
Pangeran Suryabrangteku
lan Pangran Suryawijaya.

90. Lan ingkang putra satunggil
Pangeran Dipakusuma
ginedhong neng loji mangko
myang sagung kang eyang - eyang
lawan kang paman - paman
ingkang makasih samya kantun
langkung samya kawlasarsa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

91. Nanging ingkang paman kalih
kang saged nusul punika
nulya pinaringna maneh
ingkang sepuh pinaringan
Pangran Mangkudipura
ingkang anem namanipun
Pangran Panengah punika.

92. Lawan ingkang rayi sami
Den Mas Sungep pinaringan
Pangran Hadinata rane
Den Mas Grontol namanira
Pangran Suryadipura
Den Mas Kandang namanipun
Pangran Suryadi punika.

93. Den Mas Cangkik namaneki
pan Pangran Tepasonta
Selarong langkung arjane
mangkana Secanagara
mapan atur uninga
ing Dimaya baris agung
saking Kedu praptanira.

94. Ingkang ngirid Walandeki
Dyan Tumenggung Danuningrat
langkung kalih ewu kehe
marmanya atur uninga
rumaos tan kawawa
Secanagara puniku
kalawan Kartanagara.

95. Mapan lajeng den bantoni
ñama prajurit Bulkiya
pan tigang atus kathahe
langkung tiga welas ika
kang dados pangiridnya
Ki Muhamad Bahwi iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangulu duk Tegalharja.

96. Sampun sepuh wayah neki
nanging tyasnya langkung sura
tan kalilan meksa bae
pan kapengin pejah ika
ing ngaprang sabilullah
nulya pinaring nameku
Muhamad Ngusman Ki Basah.

97. Tumenggungira kekalih
prajurit Bulkiya ika
Kaji Ngabdulkadir rane
kang sisih Kaji Mustapa
kalihnya langkung sura
lawan binektanan iku
ngulaminya kalih ika.

98. Kiyai Guru Melangi
Muhamad Salim namanya
lan Kiyai kasangane
Ngabdul Raup ingkang nama
pandhita pan satunggal
Ngabdul Katib namanipun
samana pan lajeng budhal.

99. Saking ing Silarong iki
gangsal atus winatara
sadaya kalempakane
sampun prapta ing Dimaya
lajeng ayun - ayunan
pan sampun tinata iku
Bulkiya kang dadya dhadha.

100. Tumenggung Secanagari
kang dadya pangawak kanan
kering Kartanagarane
nulya Ngusman Ngalibasah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngabani kancanira
Bulkiya pan sareng maju
arempeg pangamukira.

101. Tengara bedhug tinitir
gung samya munya gagana
sing Kutha Windu asale
Kiyai Ngusman Ki Basah
wus mandhi kang paringan
waos pusaka puniku
awasta Ki Barutuba.

102. Apan lajeng murub iki
marma gung wadya Bulkiya
tan wonten uwas manalie
mariyem wus kalancangan
mung mungel kaping tiga
saking rikat plajengipun
ngedrel wus tan linegewa.

103. Lajeng kuwel ing ngajurit
senjata wus datan munya
carub waos lan sangkuhe
pedhang lawan dhuwungira
Rahaden Danuningrat
ing yuda niapan kapangguh
lan Ki Ngusman Ngali Basah.

104. Langkung ramening ngajurit
kapanggih sami sudira
nanging karsaning Hyang Manon
Dyan Danuningrat kuciwa
mapan sampun palastra
bathang saradhadhu tumpuk
kedhik kang gesang lumajar.

105. Mapan sami den tutuit
kekecer saenggon-enggonnya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Islam lujeng sadayane
nanging wus karsaning Suksma
Kyai Melangi prapta
sabilullah marginipun
kenging lantaking sanjata.

106. Saradhadhu ingkang mbedhil
pan saking kasupenira
tan ngantos mendhet lantake
nulya tinumbak santrinya
saradhadhu wus pejah
pan kathah bandhanganipun
mariyam lawan sanjata.

107. Obat lawan mimis neki
atanapi kang sandhangan
Ki Ngusman tan mantuk mangke
kalawan sakancanira
mung tur surat kewala
yen wilujeng kancanipun
lajeng baris Kedu ika.

108. Dhusun pasantren den nggoni
Bulkiya nenggih barisnya
samana Tanah Jawane
langkung ramening ngayuda
ing sanggen-enggenira
Pasisir Manca Nagriku
Pajang lawan Sokawatya.

109. Gunung Kidul jawi kori
Ledhok Gowong lan Banyumas
mangkana kang winiraos
ing Kedu kantun satunggal
Raden Sumadilaga
ing Parakan Nagrinipun
ingkang tan nedya girisa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

X. G I R I S A

1. Mapan lajeng nginggahana
saking Ledhok Gowong ika
Mas Tumenggung Handhangkara
ing Gowong Gajah Permada
ingkang dadya pangiridnya
Mas Rongga Prawirayuda
ing Parakan sampun prapta
mulya pinethuk ing yuda.

2. Sumadilaga kuciwa
mangkana sampun palastra
ingkang mejahi punika
pan Demangira priyangga
Secapati namanira
wus bedhah praakan ika
mangkana ingkang winarna
sagunging putra santana.

3. Kang dadya Senapati ka
sadaya sami sulaya
lan ingkang ngembani ika
Pangeran Hadiwijaya
Pangeran Jayakusuma
Mangkudiningrat punika
lan Pangeran Natapraja
Pangeran Babakar ika.

4. Pangeran Balitar iya
sadaya ngandikan nulya
mring Silarong sampun prapta
lajeng tan pinaring karya
nging Pangran Balitar ika
nuwun mring Bagelen kewala
sanadyan silih kendela
Mangkudiningrat punika.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

5. Lan Pangeran Natapraja
sadaya lan sadhereknya
pan kinen mring Kedu samya
baris ing Langon punika
mangkana ingkang winarna
Jendral De Kok sampun prapta
saking Samarang sawadya
ing Nagari Surakarta.

6. Lajeng dhumateng Ngayogya
ngerig gung putra santana
ing Surakarta sadaya
lan Pangran Mangkunagara
samarga - marga ayuda
nanging gung kang jagi marga
sadaya tan na kuwawa
saking kathah balanira.

7. Samana apan wus prapta
Jendral ing Ngayogyakarta
lajeng akintun nawala
mring Ri Sang Murtining Yuda
Bupati ingkang dinuta
Ranadiningrat namanya
mapan sampun apanggya
lawan Pangran Suryenglaga.

8. Wus katur ingkang nawala
mring Pangeran Suryenglaga
kang duta ingandheg nulya
apan kinen ngantosana
kature ingkang nawala
mring kang sinembah ngayuda
mangkana ingkang winarna
Jeng Ri Sang miyos sineba.

9. Munggeng masjid agengira
pepak kang para ngulama

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pandhita sarip kajinya
myang sagung putra santana
tanapi kang pra pratiwa
gung - agung munggwing ngarsa
tan tebih lawan kang rama
Ki Maja Ki Kawron ika.

10. Nulya Pangran Suryenglaga
ngaturken kang nawala
saking Jendral De Kok ika
mring Ri sang Murtining Yuda
mangkana alon ngandika
wau dhumateng kang rama
Jeng Pangran Mangkubumi ka
Kiyai mangsa bodhoa.

11. Kalawan si paman Maja
wanguslan layang punika
kawula wus tan uninga
den rembuga kang prayoga
nulya kondur kang sineba
kundur masangrahan ika
Kangjeng Pangran kantun iya
neng masjid lawan Ki Maja.

12. Lan Pangeran Suryenglaga
Pangeran Jayakusuma
samya angrembag nawala
badhe wawangsulan ika
mring Jendral De Kok tumulya
tembung ingkang kara - kara
punika ingkang nawala
Jang Pangran Mangkubuminya.

13. "Dhateng ingkang saudara
Jendral De Kok ri sampunnya
tabe kawula punika
dene Jengandika tanya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

menggah karsane Ki Harya
estu yen darbe karsa
rumiyin lan sapunika
nging luhuring kang agama.

14. Ing Tanali Jawi sadaya
kalamun estu andika
tan makewedi punika
mring agamane akar ya
Islame ing Tanah Jawa
pan inggih purun Ki Harya
dhame lawan Jengandika
nanging anedha pratandha.

15. Ecap lawan kang pratela
semados ing dintenira
lan pundi enggen papanggya
yen andika mbekta baia
kita inggih mbekta baia
yen Jengandika priyangga
inggih pribadi Ki Harya"
wus telas ingkang nawala.

16. Sampun pinaringken sigra
mring Ranad iningrat ika
ka bektaa mring Ngayogya
mapan wus datan winarna
ing Silarong kawarnaa
Ri Sang Miseseng Ngalaga
ginubel kang pra ngulama
myang sagung putra santana.

17. Sadaya para pandhita
tanapi kang pra pratiwa
Ki Kenwiron lan Ki Maja
kang rama saftgat aturnya
karsa jumeneng nata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sabab ewed hukumira
kang samya prapta sabilnya
sumedya angaben bala.

18. Punika Jendral wus prapta
lamun datan jumenega
sayekti apan kuciwa
lan kathah pakewedira
kang aprang panggah bicara
sabab wus samya narendra
dadya tan wonten kuciwa
kantun pasrah mring Hyang Suksma.

19. Jeng Pangran Mangkubumi ka
ngarih - arih mring kang putra
sanget aris angandika
"Kulup welasa mring bala
lan manawa dhinginana
iya wangsiting Hyang Suksma
dene dadining ngayuda
mokal kulup yen sepiya.

20. Dene datan karepira
wekasan mangkene iya"
Ri Sang Murtining Ngayuda
wekasan wudhar kang karsa
mesem aris angandika
"Kyai rumiyin kawula
nyumpena wonten nawala
ingkang mbekta tiyang astha.

21. Winaos mungel mangkana
Parentali Qur'an punika
Kang Sinuhun Sultan ika
Ngabdulkamit Herucakra
Kabiril Mukminin Sayida
Panata Agama Jawa
Kalifatur Rasul iya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

samya ing Jawa sadaya.

22. Ingkang mbekta lajeng musna
serat cinemplungken toya
Jeng Pangran Mangkubumi ka
langkung lega ing tyasira
Kyai Kewiron mangkana
atanapi Kyai Maja
inggih punika pratela
kalamun wangsit Hyang Suksma.

23. Kangjeng Pangran Mangkubumi ka
nulya kinen nimbalana
mring Pangeran Suryenglaga
tan antara nulya prapta
ing ngarsanira kang rama
Jeng Pangran Mangkubumi ka
apan.aris angandika
"Heh ta thole Suryenglaga.

24. Besuk Senen parentahna
mring sagung putra santana
lawan kang para Dipatya
Mantri prajurit kang ana
lan andika Kyai Maja
den pepak sagung ngulama
Sarip Kaji lan Pandhita"
kalihnya matur sandika.

25. Samana wus tan winarna
ing dina Senen punika
enjing wus pepak sadaya
sagung ingkang siniwaka
sampun jumeneng punika
Jeng Sinuhun Sultan iya
Ngabdulkamit Herucakra
Kabiril Mukminin ika.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. .Winahidan pra Ngulama
Sarip Kaji lan Pandhita
myang sagung putra santana
tanapi kang pra pratiwa
ri wus aluwaran samya
langkung lega ing tyasira
sagung ingkang wadyabala
Ngulama sukuring Suksma.

27. Ri wusnya gantya sang Dipa
angaturi ingkang rama
nama Panembahan ika
Ngabdul Raub jujuluknya
ingkang ibu namanira
Kangjeng Ratu Ageng ika
dene namun ingkang garwa
Jeng Ratu Kadhaton iya.

28. Wonten malih ngaturana
Kangjeng Ratu Ibu iya
kaprenah sepuh punika
kalawan swargi kang rama
nanging sanes ibunira
Kangjeng Sultan ibunira
Pangeran Dipanagara
pinaringan nama ika.

29. Kangjeng Pangeran Dipatya
kang putra Dyan Antawirya
mapan pinaringan nama
Pangeran Dipanagara
wonten kang anama juga
Pangeran Jayakusuma
pinaringan nama ika
Pangeran Jayadi ika.

30. Putranya pinundhut nulya
mapan pinaringan nama

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Jaya kusuma
mangkana wus tan winarna
kawarna putra santana
lan sagung para pratiwa
tanapi kang pra Ngulama
pan samya angarsa - arsa.

31. Mring Jendral wangsulanira
ngantos lami antaranya
pan samya kendel kewala
dadya ing tyas samya lena
mangkana ingkang winarna
wonten pandhita kang prapta
ing Majasta pondhokira
wasta Mas Lurah punika.

32. Nanging Pandhita lalana
saking Arab wijilira
saestu Sarip punika
nanging namur nama Jawa
saking karem mring Hyang Suksma
pan wus supe dhahar nendra
salat wus tanpa wektunya
datan wonten kendelira.

33. Neng Majasta den sikara
mring Pangran Mangku Nagara
mapan parentahing Landa
dadya mring Silarong ika
lan Jeng Sultan papanggya
dadya langkung tresnanira
mapan samya ambekira
pan estu nunggil kang karsa.

34. Wus pinaring pondhokira
langgar alit jero nggennya
anunggil Jeng Sultan iya
samya langgar pondhokira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saben bakda salai Ngisa
Mas Lurah sowan punika
Mring Kangjeng Sultan mangkana
pinuju sareyan ika.

35. Mas Lurah anulya prapta
lajeng meteki kang pada
sareng dangu - dangu nulya
Mas Lurah medal kang waspa
Jeng Sultan aris katanya
"Heh Mas Lurah ana apa
ya gene sira karuna"
Mas Lurah Ion aturnya.

36. "Anak Sultan satuhunya
sun lamun weruh mring sira
yen upama gedhang ika
kaya sun untai - untala
banget welasku lan sira"
Jeng Sultan mesem ngandika
"Sira welas agenea"
Mas Lurah malih aturnya.

37. "Sireku mapan kinarya
mring Allah Kalifah Jawa
pan ora pinaring ika
kanthi marang wong sajuga"
Kangjeng Sultan angandika
"Dene lir wong ngimpi sira
pan iki satanah Jawa
wus dadi rewangku padha.

38. Ngulama lawan Pandhita
Sarib Ngabid lan Suhada
mapan akeh Tanah Jawa
apa dene Kyai Maja"
Mas Lurah aris aturnya
"Kabeh iku geseh padha

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ing besuk wekasanira"
Jeng Sultan mesem ngandika.

39. "Sanajan kabeh geseha
ingsun kanthi lawan sira"
Mas Lurah aris ngandika
"Ingsun iki satuhunya
pan wus bosen aneng donya
sun prapta saksi kewala
anak iya marang sira
mung amrih sabil kewala."

40. Mangkana wus tan winarna
kawarnaa Kyai Maja
lan sagung pra ngulama
tanapi kang pra pratiwa
myang sagung putra santana
samya ngajeng - ajeng ika
serat Jendral wangsulannya
dadya ing tyas samya lena.

41. Tan ana mikir yuda
pan namung patemonira
kang samya den arsa - arsa
pan langkung katungkulira
sagung ingkang Senapatya
ing Mataram pan sadaya
maksih baris neng prenahnya
ngajenganira priyangga.

42. Samana panuju ika
ing dina Jumungah ika
Jeng Sultan arsa salata
lawan sagung pra ngulama
anulya myarsa suwara
mriyem mungel tan antara
pacalang atur uninga
yen mengsah ngedali yuda.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. Langkung kathah balanira
Kangjeng Sultan apan nulya
parentah kinen methuka
mring Pangeran Suryenglaga
lan Pangran Dipanagara
nanging wus karsaning Suksma
wau Pangran Suryenglaga
mapan sänget ribedira.

44. Dadya kang nindhihi yuda
mung Pangran Dipanagara
kalih atus winatara
prajuritira priyangga
kalawan Jayanagara
kang baris kidul sadaya
anging langkung karobanira
dadya mung saangsalira.

45. Pangran Suryengalaga
ngenggalken kadangon ika
dadya Jeng Sultan priyangga
ingkang nyarirani yuda
ingiring kang pra Ngulama
tanapi Mas Lurah ika
Ki Keweron Kyai Maja
apa dene ingkang rama.

46. Kangjeng Panembahan ika
Ardi Wijil sampun prapta
nulya tinata sadaya
pan nedya methuk kang yuda
Kangjeng Sultan ris ngandika
wau dhumateng kang rama
"Sumawi pinara tiga
Kiyai tiyang punika.

47. Sampun angrompol kewala
Kaki Keweron wangsula

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tunggua masjid kewala
lawan andika ndedonga"
Ki Keweron tur sandika
wus wangsul mring masjid nulya
mangkana ingkang winarna
Jeng Pangran Dipanagara.

48. Prapta lan sawadyanira
matur sampun tan kuwawa
kang mengsah langkung agengnya
wus prapta kacepit ika
Kangjeng Sultan ris ngandika
wau dhumateng kang rama
"Sumawi angedum karya
sampeyan anindhihana."

49. Wus tamtu pinara tiga
Kyai Maja kang saduman
nulya tinata barisnya
sampun karsaning Hyang Suksma
janma tan kenging tinata
sareng den mariyem ika
samya bubar ngungsi ika
ing wingkingira Jeng Sultan.

50. Kangjeng Panembahan prapta
akaliyan Kyai Maja
nerang punapa kang karsa
wadya tan kenging ngabena
Kangjeng Sultan angandika
"Kyai punapa kang karsa
kawula nyarah kewala"
Kangjeng Panembahan nabda.

51. "Kulup yen dhangan lan sira
prayoga mundur kewala
wadyanira nora kaya
pan wus tan kena tinata"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kyai Maja pan mangkana
apan sami aturira
lawan Panembahan ika
samana ingkang winarna.

52. Sira Pangran Suryenglaga
prapta lan saprajuritnya
tanapi putra santana
nging sampun datanpa karya
lajeng kinen mundur ika
kalangkung dennya kasesa
kang mengsah bereg kewala
lawan ngudani sanjata.

53. Sampun karsaning Hyang Suksma
dadya bubrah tatanira
tan ana kang kawal yuda
lumajeng sakarsa - karsa
angrebat anak - rabinya
kalangkung dennya kasesa
Kangjeng Sultán kang winarna
rangu - rangu lampahira.

54. Marma datan tahan samya
myarsa swara mimisira
dadya kasesaning bala
watara mung kawan dasa
ingkang tansah ndherek ika
Kangjeng Sultán lampahira
lajeng minggah dhateng arga
kang mengsah ngungsir kewala.

55. Prapta pasanggrahan nulya
Silarong binasmi samya
Ki Keweron kang winarna
maksih aneng masjid ika
lajeng kinepang kewala
binarondong ing sanjata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wantu wus sepuh punika
datan saged yen kesaha.

56. Pan lajeng ginendhong ika
binekta lumajeng nulya
dhumateng ing muridira
narajang mengsah kewala
lajeng pinedhangan ika
nanging pitulunging Suksma
pedhang tan ana tumama
kalawan kang nggendhong ika.

57. Nanging Kitab Qur'an samya
aglar kantUn masjid samya
lajeng rinisak sadaya
kang masjid binasmi nulya
kawarna Pangran Disurya
lan Pangran Sumanagara
atutulung karsanira
prapta lawan prajuritnya.

58. Apan sewu winatara
lajeng nusul minggah ngarga
wus cundhuk lawan Narendra
lajeng anungkemi pada
Kangjeng Sultan lenggahira
aneng sanginggiling guwa
ingkang ndherek winatara
namung kantun kawan dasa.

59. Kyai Maja munggeng ngarsa
lawan Raden Natadirja
myang Pangran Dipanagara
lan Raden Nataprawira
Panembahan pisahira
lan Pangran Ngabei nulya
Kangjeng Sultan angandika
wus adhi sira menenga.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

60. Nulya tata lenggah samya
Nata aris atatanya
"Sira nggawa baia pira"
Jeng Pangran aris turira
"Sewu watawis kawula
nging dereng dhateng sadaya
saking kasesaning driya"
Jeng Sultan anantun nulya.

61. Wau dhumateng Ki Maja
"Paran mengko kang prayoga
apa banjur binanjelan"
Ki Maja aris turira
"Pan sampun tanggel punika
ingkang rinebat punapa
luhung ngaso tata - tata
dhumateng ing Lepen Soka."

62. Jeng Sultan nurut aturnya
nulya aris angandika
"Wus adhi ingsun tarima
wadyanira undurena
ingsun arsa ngaso iya
dhihin marang Kali Soka
lawan kabeh dhawuhana
sakehe kang Senapatya.

63. Kabeh den padha samekta
jer Landa wus estu cidra"
Kangjeng Pangran tur sandika
sampun lengser saking ngarsa
lan Pangran Sumanagara
Jeng Sultan malih ngandika
mring Dyan Pangalasan ika
la Wan Mas Mangun nagara.

64. "Lah padha sira kariya
ana ing kene kewala

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mriyemingsun Kyai Naga
ya iku sira pasanga
kalamun Walanda ika
nututi mring ingsun nulya
mariyem sira unekna"
kalihnya matur sandika.

65. Jeng Sultán lumampah nulya
mung gamel ngampil punika
ingkang ndherek salampahnya
atanapi Kyai Maja
lan Pangran Dipanagara
lan Rangga Den Natadirja
tanapí Nataprawira
lawan Dyan Jayasentana.

66. Lan panakawan satunggal
Adam Jaka ñama ika
mangkana kapethuk nulya
lan Mas Lurah aneng marga
Mas Lurah aris katanya
"Nak Sultán mring ngendi sira
Kangjeng Sultán angandika
yun ngaso mring Kali Soka."

67. Mas Lurah aris katanya
"Bok ayo sabil kewala
iki Jumungah dinanya
mapan luwih aprayoga"
Jeng Sultán kendel sakala
mangkana osiking drinya
"Wus bener Mas Lurah ika
nging sun tan rinilan Suksma.

68. Sadina iki sirnaa
pan aja kongsi kadawa"
Kangjeng Sultán angandika
mring Pangran Dipanagara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Heh kulup prajurit ika
saanane tuturanä
yen sun arsa sabil iya"
Kangjeng Sultan apan biya.

69. Anyanderaken turangga
pan giris mung ingkang rama
tan kantun Mas Lurah ika
lan Rahaden Natadirja
ing sadaya winatara
ingkang sareng ajengira
lan Kangjeng Sultan punika
Ki Maja ngonthel kewala.

70. Aneng wuri tebihira
kalawan sawarganira
Kangjeng Sultan kang winarna
lan Mas Lurah sampun prapta
enggennya baris Walanda
apan rempeg ajengira
tiyang sadaya punika
lajeng ingedrel sanjata.

71. Mariyem lan kalantaka
giris mung datan kuwawa
anadhahi mimis ika
dadya amogok kewala
Kangjeng Sultan apan nulya
tedhak saking ing turangga
nging supe tan ngagem wastra
nulya na parmaning Suksma.

72. Warni camethi punika
mapan lajeng aneng asta
Jeng Sultan amung punika
kang kinarya magud yuda
Mas Lurah pedhang agemnya
de Rahaden Natadirja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mapan angagem sanjata
lan Raden Nataprawira.

73. Tiga Raden Jasentana
sakawan pun Adam Jaka
gangsal Kaji Samsar ika
kang samya ngangge sanjata
ingkang ngangge waos iya
Muhamad Maram wastanya
lan Muhamad Jajarika
lan Muhammad Jalasutra.

74. Muhamad Melangi ika
kalawan Syeh Ahmad iya
saking Judah wijilira
namung pedhang anggenira
lajeng campuh ing ngayuda
nusup kukusing sanjata
pas lajeng kuwel kewala
Mas Lurah ing tandangira.

75. Anglir bantheng tawan brana
angiwa-neng pedhangnya
sadaya mapan mangkana
mbelasah bangke neng ngarsa
kang samya ngangge sanjata
wus telas kang obat samya
mung ginebuken kewala
saking tyasira tan suda.

76. Kangjeng Sultan kang winarna
mobat - mabit tembungira
wus brastha ingkang pangarsa
irig wuri saya keh prapta
kapir belasah bangkenya
pan sampun karsaning Suksma
Mas Lurah prapteng sabilnya
saking sänget sayahira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

77. Tan pasah ingkang sarira
dadya tunggal kang kunarpa
lawan bangke kapir ika
mangkana ingkang winarna
Rahaden Nataprawira
lawan Raden Jasentana
sampun telas kang sandawa
lawan tatu wentisira.

78. Sinangkuh mring kapir ika
mulat mring Jeng Sultan samya
kalangkung dennya bramantya
mobat - mabit tandangira
lir supe purwa duksina
dadya Dyan Nataprawira
lawan Raden Natadirja
katiga Dyan Jasentika.

79. Pra samya nggondheli ika
umatur sarwi karuna
Jeng Sultan ngaturan nulya
mundur ngaso ing ngayuda
kinipataken tan kena
nulya na parmaning Suksma
Jeng Sultan emut sakala
dadya nurut mundur nulya.

80. Mengsah saya kathah prapta
nanging tan purun mbujunga
pan namung ngedrel kewala
lawan mariyem punika
Jeng Sultan lajeng lampahnya
mundur dhateng Lepen Soka
anenggih ingkang winarna
Pangeran Dipanagara.

81. Lawan Pangalasan ika
katiga Mangun Nagara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prapta sarta mbekta bala
arsa tutulung ngayuda
wus panggih sapih kang yuda
lan kasaput dalu ika
anulya nusul kewala
dhumateng ing Lepen Soka.

82. Sampun panggih lan kang rama
Jeng Sultan ingkang winarna
mapan kandel socanira
kalih tan saged mengaa
ingkang lajeng sabil ika
Pandhita Mas Lurah iya
lan Muhamad Melangi ka
Muhamad ing Jalasutra.

83. Lawan Lurah gamel ika
Mas Kali Sekar namanya
nging kapir tumpuk bangkenya
samana ingkang winarna
dalu Pangran Bei prapta
lan Pangran Jayakusuma
lajeng ngaturi usada
dhumateng Jeng Sultan nulya.

84. Winarna Rahaden Riya
Natareja apan prapta
saking ing Kedu punika
mbekta bala kawan dasa
wus panggih lawan Ki Maja
lajeng kinengken anulya
ngaturi Jeng Sultan ika
lengser saking Lepen Soka.

85. Semu ajrih aturira
Jeng Sultan aris atanya
"Iku sapa ingkang prapta"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dyan Riya gugup aturnya
"Kawula pun Natareja
yen pareng tur pamrayoga
Paduka yen tan lengsera
Sinuhun sing Lepen Soka.

86. Tan wände kinepang ika
lamun Paduka lengsera
tinututan dugi amba"
mesem Jeng Sultan ngandika
"Heh ta iya Natareja
yen melek netra manira
ingsun bali maning uga
mring Silarong banjel yuda."

87. Mangkana ingkang winarna
sareng injing samya prapta
Kangjeng Panembahan ika
lan Pangran Prabu anulya
tumingal dhateng kang putra
kincup kalih ingkang soca
Panembahan apan nulya
angrangkul sarwi karuna.

88. Apan sarwi angandika
"Dhuh nyawa ingsun tan nyana
lamun katemu ing sira"
Jeng Sultan ans ngandika
"Kiyai Tuwan kendela
kawula taksih waluya"
mangkana parmaning Suksma
watara ing kalih dina.

89. Jeng Sultan dhangan gerahnya
lan wadya wus samya prapta
mapan lajeng siniwaka
Panembahan munggeng ngarsa
atanapi Kyai Maja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

jajar Pangran Ngabei ka
lan Pangran Dipanagara
Pangran Prabu jajarira.

90. Pangeran Suryengalaga
tinimbalan datan prapta
mangkana rembagan nulya
Kangjeng Sultán ris ngandika
wau dhumateng kang rama
"Kiyai kajeng kawula
suwawi apan dum karya
sampeyan ingkang rumeksa.

91. Dhumateng rerepot samya
mrih sampun keron tyas kula
lawan paman Prabu ika
sadaya mangsa bodhowa"
Panembahan tan lenggana
nanging Pangran Prabu ika
tyasira gadhah sudira
pan sanget nggennya lenggana.

92. Apan remen ndherek yuda
Jeng Sultán nuruti ika
pan wus dadi rembagira
Kangjeng Panembahan nulya
pamitan dhateng kang putra
linilan salaman nulya
neng Gugulu repot samya
mapan wus datan winarna.

93. Kangjeng Sultán kawarnaa
anantun dhateng Ki Maja
lamun ingkang paman ika
tanapi kang pra pratiwa
prakawis tingkahing yuda
Pangran Ngabei aturnya
"Pan mangsah malih barisnya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Silarong Mangir punika.

94. Sumangga karsa Paduka"
Kangjeng Sultán angandika
kados punapa saenya
apan jing - injing kawula
arsa manggut ing ngayuda
Pangeran Bei aturnya
kalawan Kiyai Maja
"Yen pareng karsa Narendra.

95. Kajawi sareng kewala
sinabet mengsah punika
mrih sampun ngereni yuda"
Kangjeng Sultán angandika
"Pundi kang ageng barisnya"
Pangran Ngabei turira
"Silarong warti punika
kawaji karsa Paduka.

96. Mas putu Dipanagara
lan Kangmas Prabu punika
ing Mangir dipun sabeta
prajurit kidul sadaya
punika den tidhihana
kajawi Jayanagara
wonten ing ngarsa Narendra"
sampun dados rembagira.

97. Injing nuli budhal samya
sumahab kang baia kuswa
marengi Senen kang dina
apan sareng budhalira
datan winarna ing marga
Jeng Sultán Silarong prapta
mengsah sepi datan ana
lajeng masanggrahan samya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

98. Gya ngukup Mas Lurah ika
kang layon tan mantra seda
pan kadya nendra kewala
lawan wetah kang sarira
tan wonten tilas warastra
sato tan purun celaka
gandanira kang sarira
arum lir garu candhana.

99. Kangjeng Sultan rasukannya
kinarya ngurmati ika
kapanggih tengah bangkenya
sakehing kapir sadanya
dene kapir bangkenira
tinedha gagak lan sona
Jeng Sultan tan tahan ika
mámbet kapir bangkenira.

100. Mangkana wus tan winarna
ya ta ingkang kawacana
Pangeran Dipanagara
lan Pangeran Prabu ika
angsal pitulunging Suksma
dhadhal kapir barisira
kang wonten Mangir punika
mbesmeni samarga - marga.

101. Wus prapta Silarong ika
Pangeran Dipanagara
Jeng Pangran Prabu anulya
cundhuk Kangjeng Sultan ika
sampun katur saniskara
samana wus tan winarna
sareng injing mengsah prapta
saking Nagari Ngayogya.

102. Nging pinilih lampahira
Kangjeng Sultan nantun ika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dhumateng Kiyai Maja
lan Pangeran Ngabei ka
gya sami pinilih nulya
Pangeran Dipanagara
lan Pangeran Prabu ika
ingkang kinen nindhihana.

103. Ingkang sapalih punika
kalihnya matur sandika
sampun lengser saking ngarsa
kalawan sawadyanira
Bupati nenem punika
Pangalasan tindhihira
lajeng campuh ing ngayuda
tan wonten ingkang kuciwa.

104. Dene kang sapalihira
Rahaden Jayanagara
kang tinuding nindhihana
lawan Mas Mangun nagara
tiga Tuwan Sarip ika
Jeng Sultán lenggah kewala
aneng pakaranganira
ningali ingkang ngayuda.

105. Kalangkung ing ramenira
kapir kathah kang palastra
Islam pan lujeng sadaya
mangkana ingkang winarna
pan lagya ramening yuda
wonten wong lumajeng ika
apan ngaturi wuninga
mring Pangran Dipanagara.

106. "Gusti Jeng rama Paduka
sampun kaseser ngayuda"
kagyat Jeng Pangeran nulya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingunduraken kang wadya
lawan ngaturi wuninga
dhumateng kang eyang ika
Pangeran Prabù mangkana
apan amundur kewala.

107. Dadya samya kagetira
sampun bubrah tatanira
wus kesah ingkang wawarta
wadya tinaia tan kena
kang perlu mantuk sadaya
mring Jeng Sultan ngarsanira
Ki Maja atur uninga
punika putra Paduka.

108. Kados kaseser juritnya
sampun mundur saking ngrika
Jeng Sultan kalangkung marma
dhateng Dyan Jayanagara
kapir saya kathah prapta
lajeng kinen nimbalana
sadaya sabalanira
wus mundur dhumateng ngarga.

109. Lawan Kangjeng Sultan ika
pan prapta Karebet panggya
lan Pangran Dipanagara
pan sampun pepak sadaya
lawan kathah ingkang prapta
wadya kang nusul punika
inggih saking Lepen Soka.
Jeng Sultan kendel karsanya.

110. Apan lagya dhahar ika
kasaru mungsuh kang prapta
pan namung husar kewala
kedhik apan winatara
kawan dasa apan nulya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kinepung húsar punika
pan lajeng kendel kewala
datan saged yen kesaha.

111. Ri wusnya dumugi samya
nggenipun dhahar sadaya
Pangran Ngabehi aturnya
dhumateng Jeng Sri Narendra
Punapa tan sinabeda
inggih Walandi punika"
Kanjeng Sultán angandika
"Paman tanggel kalih nistha.

112. Walandi bingung punika
kedhik kalawane ika
suwawi lajeng kewala
mring Trucuk kajeng kawula"
Jeng Sultán nitih turangga
apan girismun punika
Githayu pinuju ika
mapan kinarung punika.

113. Sampun karsaning Suksma
pisah klentu marginira
ingkang húsar kawan dasa
saungkurira Sang Nata
pan lajeng ambujeng ika
mring wadya kang kantun ika
lan kancanya sampun prapta
pun Githayu kang winarna.

114. Binujung mring húsar nika
kalangkung dennya gambira
pan lajeng ucul sadaya
de saking karunganira
medhot pisah gamelira
lajeng kinepang kewala
pinasang dedamelira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Githayu datan tumama.

115. Kapir katungkul sadaya
ayuda lawan turangga
dadya datan angsal janma
meh prapta ing Lepen Soka
Githayu kapeluh ika
pan lajeng palastranira
nanging ta pan angsal bela
Walandi sakawan ika.

116. Kang pejah neng sandhingira
mangkana wus tan winarna
ngalih pasanggrahanira
apan an eng Trucuk ika
kapir Mangir barisira
sadina - dina ayuda
pan dereng wonten kuciwa
mengsah wewah kathahira.

117. Repot giris manahira
saben dina myarsa yuda
dadya rembag ngalih samya
dhumateng Kulur sadaya
mangkana wus tan winarna
kawarnaa ingkang yuda
Jeng Sultan asring kuciwa
pan kongsi nyabrang Peraga.

1.18. Pan sampun ngalih punika
Jeng Sultan pasanggrahannya
Jeng Pangeran Ngabei ka
umatur lawan Ki Maja
"Yen pareng karsa Narendra
prayogi kanca Bulkiya
punika tinimbalana
kinen methuk yudanira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

119. Dhumateng kapir punika"
Kangjeng Sultán ris ngandika
"Mapan Kedu sir punapa
bilih kapir malih ngrebda
dadya awrat sanggenira"
Pangran Ngabei aturnya
"Tinantun kang Senapatya
kadugi tuwin botennya.

120. Rumeksa bawah punika
kalih sampun kathahira
dadalem Kedu sadaya
kados yen boten pepeka
rumeksa Kedu kewala
tinilar kanca Bulkiya
dugi kawula kuwawa
lan sampun rembang sadaya.

121. Sagunging kanca punika
kinarya pangirid yuda"
Jeng Sultán nurut turira
kang parrtan lawan Ki Maja
lajeng kinen nimbalana
gandhek kang lumampah sigra
gagancangan lampahira
datan winarna ing marga.

122. Ing Pasantren sampun prapta
gandhek panggih lan Bulkiya
Ki Ngusman Ki Basah ika
lajeng mepak Senapatya
ing Kedu pinara tiga
sakilen Ngelo punika
pan kalih Senapatiya
nenggih Pangran Natapraja.

123. Mapan kalawan kang raka
Mangkudiningrat punika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang wonten Ngelo sadaya
Pangran Pakuningrat ika
tinantun samya kaduga
rumeksa Kedu sadaya
Ki Ngusman Ki Basah nulya
budhalan sakancanira.

124. Saking ing Pasantren ika
kang ngirid gandhek punika
datan winarna ing marga
mangkana pan sampun prapta
wus cundhuk Jeng Sultan samya
sagung prajurit Bulkiya
sampunira ngaras pada
lajeng pinasrahan karya.

125. Kapir Mangir barisira
dadya namung let Peraga
mengsah kapir lanWalanda
nulya pirembagan samya
yun nyabet mring kapir ika
sampun dados rembagira
Jeng Pangran Dipanagara
lawan ingkang eyang ika.

126. Kanthi prajurit Bulkiya
mapan kinen medal ika
ing Gugulu pangiridnya
Ki Muhamad Ngusman ika
Li Basah wus mangkat samya
saking ngarsaning Narendra
Rahaden Jayanagara
Raden Pangalasan ika.

127. Wus mangkat sakancanira
ingkang dadya tindhihira
Kangjeng Pangeran punika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ngabei lawan kang putra
Pangeran Jayakusuma
medal ing Cicilan ika
wus sami nabrang Peraga
lajeng campuh ing ngayuda.

128. Kalawan kapir punika
apan sami purunira
samana ingkang winarna
Pangeran Dipanagara
lawan Prajurit Bulkiya
sampun anabrang Peraga
nulya narambul ngayuda
wong kapir langkung bingungnya.

129. Dadya bubrah tatanira
mapan kathah kang palastra
wong Islam slamet sadaya
dadya kalindhih yudanya
kapir lumajeng sadaya
ngungsi dhateng ing Ngyogya
pan kekecer bangkenira
binujung samarga - marga.

130. Kenging kalih mariyemnya
apan wus atur uninga
dhumateng Jeng Sultan nulya
tedhak nyabrang ing Peraga
dhinerekken pra Ngulama
lajeng masanggrahan ika
aneng Sekar Ageng nulya
watara satengah candra.

131. Kapir tan medali yuda
angentosi bantunira
ingkang saking Surakarta
samana pan sampun prapta
sadaya Nagri Ngayogya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Henengena kang winarna
ing Sekar Agung punika
apan pepak pra Ngulama.

132. Marengi Mulud wulannya
dalu sagung pra Ngulama
kalawan wadya Bulkiya
samya salawatan ika
Syeh Ngabdul Raup ngandika
ngulami ageng punika
"Heh ta kanca sapa iya
nedya marga kang utama.

133. Pan iki kapareng uga
Kangjeng Rasul babarira
pan lawan mapdi lan padha
mung geseh tahun kewala
kalamun sabil utama
sabab tabek Nabinira
dadya rembug golong samya
tan ana kumambang driya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XI. MASKUMAMBANG

1. Kang Pandhita Ngulama kalawan Kaji
sedya sabil samya
Ketib Iman matur aris
"Sampeyan punapa pirsa.

2. Wartinipun gen kapir ngedali jurit
apan sampun lama
kapir tan purun medali
lan parlu grebeg punika."

3. Kyai Ngabdul Raup mesem ngadika ris
"Ya adhi tib Imam
mapan wsu ngrungu pawarti
sesuk garebeg wong Yogya.

4. Lawan bantu Surakarta pan wus prapti
dadya rembag samya,"
Anengna kawarna injing
pacalang atur uninga.

5. Lamun mengsah kapir Ngayogya medali
langkung agengira
gya nembang tengareng jurit
nanging kalangkung kasesa.

6. Kangjeng Sultan mapan lagya miyos iki
saking pakarangan
ingkang mengsah sampun prapti
baris andher neng paseban.

7. Lajeng campuh kalawan Bulkiya nuli
lan prajurit samya
pan namung sawonten neki
sanjata lir ardi rebah.

8. Langkung peteng kukusing sanjata iki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya nusup samya
sadaya pangamuk neki
anglir bantheng iawan brana.

9. Nanging sänget nggenira karoban tandhing
kapir kathah pejah
mapan meksa angurugi
pati dhumateng wong Islam.

10.. Kyai Guru Kasongan Ngabdul Raupi
dhateng sabilullah
Pandhita Syeh Ngabdul Latip
Kaji pasantren pan tiga.

11. Lurah Kaum wasta Muhamad Santri
Tumenggung satunggal
Raden Candra namaneki
ingkang dhateng sabilullah.

12. Kangjeng Sultan kalangkung bendunireki
gya nyamethi kuda
apan arsa nyarirani
ingkang kuda ginendholan.

13. Marang sagung kang putra santana sami
tanapi kang paman
Kangjeng Pangeran Ngabehi
kalawan Kiyai Maja.

14. Mapan sänget angaturi mundur sami
dadya Kangjeng Sultan
narimah takdiring Widdhi
nulya nurut mring kang paman.

15. Samya mundur wadya Islam metu sami
mangkana winarna
Den Menggung Martalayeki
kalawan Syeh Abutallah.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Ngabdul Rahman kinepung dhateng wong kapir
lajeng ngamuk samya
katiga wus nedya sabil
kapir sayah kathah pejah.

17. Nanging dereng dhumateng takdiring Widdhi
katiga samya wal
mbelasah bangkening kapir
dadya sapih ingkang yuda.

18. Kapir mundur dhumateng Ngayogya malih
lawan mbekta samya
bangkene para geng neki
kang alit samya tinilar.

19. Kangjeng Sultan parentah kinen ngukupi
mring kunarpanira
ingkang sampun samya sabil
gandanira warna-warna.

20. Ana ingkang lir garu cendhana iki
ana kang lir sekar
mangkana wus tan winarni
Kangjeng Sultan kawarnaa.

21. Pan sineba munggeng pasanggrahanneki
pepak kang suwe
Ki Maja kang aneng ngarsi
lawan Pangran Bei ika.

22. Syeh Muhamad Ngusman Basah turnya aris
"Yen marengi Narpa
kawula anyuwun pamit
lawan sakanca sadaya.

23. Samya ayun wuninga dhateng nak rabi
mapan sampun lama
dimayan ngantos sapriki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dereng wonten pirsa griya."

24. Ya ta mesem Jeng Sultan ngandika ans
"Kados pundi paman
punapa dipun turuti,"
Pangran Bei aturira.

25. "Lan Ki Maja prayogi dipun turuti
nanging Jeng Paduka
kawula aturi ngalih
neng ngriki sänget watirnya.

26. Abdi dalem kidul kados sayah sami
yen pareng Narendra
didalem saler Nagari
prayogi ingaben yuda.

27. Sampun lami tan tanglet lawan tyang kapir,"
Kangjeng Sultan dadya
nuruti aturireki
kang paman lan Kyai Maja.

28. Nulya budhal saking Sekar Agung iki
sareng lan Bulkiya
kang ndherek Jeng Sultan aming
didalem lebet sadaya.

29. Lawan putra Ngulama santana Kaji
kang prajurit ika
mapan Mandhung namaneki
pangiride Martalaya.

30. Sampun prapta ing dhusun Jumenung nuli
ngedhaton Jeng Sultan
nimbali pratiwa sami
kang neng ler kilen Ngayogya.

31. Ingkang rayi Jeng Pangran Ngabdurrahimi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Harya Hadisurya
lawan ingkang pra Bupati
Pangeran Sumanagara.

32. Mapan mbekta prajurit sewu kang tindhih
Tumenggung sakawan
Kyai Cakranagareki
lan Kyai Wiryanagara.

33. Mangkuyuda Martadipura puniki
ingkang ler Ngayogya
kang dados pangageng neki
Tumenggung Kartanagara.

34. Lan Tumenggung Secanagara puniki
sewu prajuritnya
kang dados pangirid neki
Mas Tumenggung Japanawang.

35. Mas Tumenggung Martadiwirya lan maning
Mas Tumenggung Braja
Yuda kalawan Kiyai
Tumenggung Bunlayadriya.

36. Mas Tumenggung Secadirja lan Kiyai
Menggung Mandhalika
lan Sumadiwirya Kyai
lan Menggung Sumamenggala.

37. Sampun pepak sowan mring Jumenung sami
nulya dhinawuhan
mring Kangjeng Pangran Ngabei
sadaya matur sandika.

38. Pan rumeksa dhumateng Jeng sultán sami
baris mará tiga
kinen bubaran ta sami
anata Pecalang samya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

39. Nulya ana bantu saking K«dhu prapta
medal ing radinan
gangsal atus kathah neki
prapta ing Lenggorok nulya.

40. Pinethukken mring Kartanagara jurit
langkung ramenira
wong kapir kuciwa iki
mapan kathah ingkang pejah.

41. Babektannya pan kathah tinilar sami
lumajeng mring Yogya
bangkenya mbelasah sami
lan kecer samarga-marga.

42. Namung kedhik ing Ngayogya bala kapir
pan prajurit samya
dadya lena tyasireki
sembrana kantrak kewala.

43. Datan nyana yen kapir ngantep ing jurit
kathah mantuk samya
pitung dina winatawis
kapir prapta mara tiga.

44. Pan sadaya ingkang baris den medali
pan Islam kuciwa
sabab kathah mantuk sami
Jumenung pan sampun prapta.

45. Kang Pecalang sareng ngaturi udani
meh sareng kewala
lawan kapir praptaneki
dadya sanget gugupira.

46. Ingkang wonten mung Ki Cakranagareki
lan saprajuritnya
lajeng kinen methuk nuli.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan prajurit kebut samya.

47. Kangjeng Sultan langkung kasesa tyas neki,
nggenira busana
mapan kalawan lumaris
titihan lagya ginuyang.

48. Sampun miyos sajawining dhusun nuli
kang titihan prapta
Kangjeng Sultan nulya nitih
ngandika dhateng kang paman.

49. "Kangjeng Pangran Ngabei lan Ki Majeki
Mas Bei sampeyan
ngajengna ngetan puniki
lan sira Dipanagara.

50. Pengalasan ingkang sampeyan tindhihi
lan pun Mertalaya
Ki Maja dika nindhihi
marang si Cakranagara.

51. Pan manira kang dadi dhadha puniki,
lan putra santana,"
sandika samya tur neki
Ki Maja penjawat kanan.

52. Pangran Bei kang dadya penjawat kering,
mapan sampun dadya,
nulya pisah enggen neki
Jeng Sultan takabur naia.

53. Sabab kapir katingalan namung kedhik
wus karsaning Suksma
Ki Cakranagara iki
sareng celak kapir nulya.

54. Dipun edrel prajurit lumajeng sami
tan kenging ngabena

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nanging kesamur puniki
baledug katiga dawa.

55. Kyai Maja datan ngaturi udani
Jeng Sultán pan dadya
kinepung dhumateng kapir
mung lawan putra santana.

56. Punakawan kalawan gamel Bupati
tan saged medala
mergi sampun den enggeni
dhumateng kapir sadaya.

57. Lurah gamel lan Lurah Suryagameki
pan samya karuna
Kangjeng Sultán den tangisi
..ingaturan mundur nulya.

58. Ingkang mimis pan dhawah kados garimis
Jeng Sultán ngandika
mundur paran marganeki
angur baya angamuka.

59. Lurah gamel Mas Harjawijaya iki
Lurah Suryagama
Mas Kaji Muhamda sami
kalih anungkemi pada.

60. Pan kawula Dewaji ngupados margi
sabil sampun rila
mung panjanga Paduka Ji
wus nurut Jeng Sultán nulya.

61. Nulya ngamuk narajang kapir kang sami
ambuntoni marga
mbélasah bangkenya kapir
Jeng Sultán wus angsal marga.

62. Sampun mundur kang putra lan sentaneki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kendel ing Mriyana
angasokaken turanggi
lawan ngentosi kang paman.

63. Datan dangu Kyai Maja nuli prapti
pan kadya kasesa
nulya wonten prapta malih
Pangeran Dipanagara.

64. Kangjeng Sultán kagyat nulya atanya ris
"Endi eyangira,"
Jeng Pangran matur wotsari
Kawula boten wuninga.

65. Taksihipun kalawan ing sabil neki
pan wau kinepang
inggih dhumateng wong kapir
kawula kinen lumajar.

66. Pan makaten Jeng Eyang timbalan neki
putu lumayua
matiya ingsun pribadi
Mas Putu ingong wis tuwa."

67. Kangjeng Sultán sareng marysa atur - neki
wau ingkang putra
semu duka jroning galih
mring Pangran Dipanagara.

68. Lajeng mundhut turangga sinusul malih
inggih ingkang paman
tan antara Pangran Bei
prapta lawan Pangalasan.

69. Martalaya Sindurja wus pepak sami
lawan prajuritnya
mangkana ingkang winarni
Pangeran Mangkudiningrat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

70. Arsa bantu wus prapta ngarsa Narpati
lan saprajuritnya
Kangjeng Sultan ngadika ris
"Wus adhi ingsun tarima.

71. Mapan tanggung adhi iki pan wus wengi
lan kapir sun duga
kaya wus mundur saiki
sabab banget rusakira."

72. Kangjeng Sultan nulya wau den aturi
masanggrahan ika
dhumateng ing Langon nuli
nuruti kang rayi nulya.

73. Budhal saking Pasareyan Nglangon prapti
Jeng Sultan parentali
kinen mariksa kang sabil
lan sami aneng payudan.

74. Lawan lajeng wau kinen anyaeni
Rahadyan Sindurja
lawan Tuwan Sampar Wadi
kang lumampah sampun prapta.

75. Nulya matur, "Di dalem kang samya sabil
Bupati pun kakang
Tumenggung Dipadirjeki
lawan Tuwan Sarip Kasan.

76. Lurah Suryagama nenggih Tuwan Kaji
Muhamad punika
Lurah gamel Mas Ngabei
Haijawijaya punika.

77. Mapan sampun sadaya kula saeni,"
Jeng Sultan ngandika
"Iya alhamdulillahi,"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nulya ngalih masanggrahan.

78. Salak Mambeng mangkana rembagan nuli
pados pasanggrahan
ingkang prayoga kinardi
atata-tata ing bala.

79. Kangjeng Pangran Ngabei ingkang lumaris
pados pasanggrahan
tan winarna angsal nuli
winastanan dhusun Jeksa.

80. Nulya wangsul sowan dhateng Sri Bupati
matur sampun angsal
Sang Nata dipun aturi
saking Salak Mambeng budhal.

81. Tan winarna ing marga Jeksa wus prapta
dhusun langkung gengnya
lan ingapit dening kali
ingkang rama ingaturan.

82. Panembahan lan sagung rerepot sami
saking Kulur budhal
tan winarna sampun prapti
mapan lajeng ingaturan.

83. Masanggrahan aneng Ngardi Swela sami
pan wus tan winarna
sagunging rerepot sami
Kangjeng Sultán kawarna

84. Animbali sagung ingkang Senapati
pan arsa tinata
mangkana wus samya prapti
pepak neng Jekas sadaya.

85. Ingkang mengsah mapan wus tan saged mijil

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sanadyan medala
lajeng pinethuk kang jurit
mring Pangeran Hadisurya.

86. Mapan wangsul maksih sänget kontrak neki
mangkana Jeng Sultan
apan karya basah malih
pan Rahaden Natadirja.

87. Pinaringan ñama Imam Muhamadi
Ngabdulkhalim Basah
tigang atus kang prajurit
Pinilih lawan Suraya.

88. Tumenggungnya Pinilih namanireki
Dyan Prawiradirja
Dyan Nataprawira nguni
pinaring nama punika.

89. Kang Suraya Tumenggung Busengep iki
prajurit Bulkiya
Tumenggungira kakalih
Syeh Kaji Dulkadir ika.

90. Lan Syeh Kaji Mustapa Basah ireki
Syeh Muhamad Usman
Li Basah prajurit neki
tigang atus tiga welas.

91. Kang prajurit Mandhung satus tindhih neki
Dyan Tumenggung Merta
Laya Mantri Lebet iki
Dyan Tumenggung Puthut Lawa.

92. Kawan dasa Mantri Lebet kathah neki
lawan Suyagama
punika prajurit Kaji
kathahira kawan dasa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

93. Tindhihira Dullah Kaji Badarudin
mapan Suranata
kawan dasa tindhih neki
dene Tuwan Sarip ika.

94. Sampar Wadi Kyai Maja pan pinaring
prajuri punika
Baijumungah nama neki
kawan dasa kathahira.

95. Pangran Ngabdurrahman Harya Hangabei
pan pinaring ika
kawan dasa kang prajurit
mapan nama Jagasura.

96. Panembahan satus pinaring prajurit
nama Jagakarya
namung tengga repot sami
lan guru Kaweron ika.

97. Kang Papatih Dyan Riya Nataharjeki
kalih Tumenggungnya
Raden Purwadirja iki
kalawan Mas Mangun Praja.

98. Kang Bupati Lebet kang rumeksa Aji
Dyan Harya Sindurja
lan Raden Natayudeki
Dyan Menggung Purbakusuma.

99. Raden Sumayuda Dyan Suryanagari
Dyan Wiryawinata
Raden Wiryataruneki
lan Raden Dia.

100. Dyan Tumenggung Kerta Pangalasan iki
karsaning Narendra
jinunjung namanireki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ngabdul Katib Ngali Basah.

101. Angrehaken sadaya kilening Pragi
sewu prajuritnya
sadaya Tumenggung neki
Kaji kalih pamomongnya.

102. Kaji Ngisa kalawan Kaji Ibrahim
sakidul Ngayogya
kang gados pangageng neki
Tumenggung Jayanagara.

103. Apan sewu kathahe ingkang prajurit
nenggih Tumenggungnya
Raden Sumadiningrati
lawan Raden Jawitana.

104. Pangran Suryabrangta lan Ki Rajaniti
Raden Sumadirja
lawan Raden Demang iki
lan Raden Senakusuma.

105. Ing Jimatan Syeh Kaji Mudha punika
satus prajuritnya
anenggih ingkang ngembani
Rahaden Rasakusuma.

106. Kitha Ageng Dulah Reksasentikeki
satus prajuritnya
kang neng wetan Ngayogyeki
anenggih pangagengira.

107. Dyan Tumenggung Suranagara puniki
lan Mangun Nagara
Sudira Nagara iki
kalawan Nitinagara.

108. Suraharja lan Tumenggung Ranupati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nenggih prajuritnya
pitung atus wetan Nagri
Remame lan Prabalingga.

109. Tumenggungnya Raden Jayapernateki
lan syeh Ngabdurrahman
Wirareja kang prajurit
tigang atus kathahira.

110. Ing Bagelen mapan tiga Basah neki
nyewu prajuritnya
Tumenggung nyadasa sami
Rahaden Danukusuma

111. Raden Jayasudarga lawan Pangran iki
Suryakusumeka
dene ingkang anindhihi
Kangjeng Pangeran Dipatya

112. Ing Lowanu Tumenggungira kakalih
Syeh Jayamustapa
lawan Mas Tumenggung iki
Jayaprawira punika.

113. Basah kalih kang aneng ngarsa Narpati
lan prajurit samya
Jero nenggih karya neki
mapan ambantu kewala.

114. Pundi ingkang kawratan dipun bantoni
wus dadya rembagnya
sadaya karsa Narpati
nulya kinen mantuk samya.

115. Nulya bibar wangsul mring barisan sami
prenah sowang - sowang
kapir langkung ringkes neki
saben medal tinakenan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

116. Apan mantuk kadya ing Silarong nguni
Jeksa langkung kerta
kapir datan saged iki
yen medal kedhik kewala.

117. Temah dadya kathah tyas tekabur neki
mangkana nulya na
bebendunira Hyang Widhi,
ing Serang mapan wus bedhah.

118. Pangran Serang lumajeng mring Sokawati
bedhah Sokawatya
mapan lajeng nglempak sami
dhumateng Mariyun ika.

119. Dyan Tumenggung Mangun Nagara den ungsi
nulya sabilullah
lan raden Tumenggung iki
ing Niten Suradireja.

120. Sabilullah wangsul dhateng Sokawati
Mas Tumenggung Karta
Dirja lan Pangeran iki
Serang mapan lajeng yuda.

121. Mas Tumenggung labet mimis wentis neki
mapan lajeng ika
kacakup binekta nuli
dhumateng ing Surakarta.

122. Pangran Serang lumajeng dhateng Mantawis
lan Dyan Sukur ika
lawan ngaturi udani
ing Pajang ingkang winarna.

123. Mas Tumenggung Cakradipura pan sabil
lan Jayadipura
kantun Mas Tumenggung iki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kartadipura lumajar.

124. Mring Mantaram dadya meksih nglempak sami
dhumateng Ngayogya
dadya kapir agung malih
nanging meksa katadhahan.

125. Gunung Kidul ingkang dados senapati
Pangran Singasekar
dena ingkang angembani
Balimbing Gunawijya

126. Lajeng sabil mudhun Pangran Singasari
mring Magiri nglempak
lawan Kaji mudha iki
ing Magiri inginggahan.

ì 27. Lajeng Bedhah Dullah Kaji Mudha sabil
Pangran Singasekar
lan Den Rasakusumeki
lumajeng mring Jayanagaran.

128. Pan sadaya punika kang samya sabil
langkung kathahira
angsalnya bela wong kapir
Tumenggung Jayanagara.

129. Tur uninga nuwun babantu Narpati
nulya binantonan
Kangjeng Sultan kang binudi
Kiyai Ngusman Ki Basah.

130. Lajeng mangkat sagunging Bulkiya sami
budhal saking Jeksa
anglurug dhateng Margi
lawan Dyan Jayanagara.

131. Tan winarna ing marga Magiri prapti

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lajeng campuh yuda
langkung rame dennya jurit
wong Sala mapan kuciwa.

132. Kathah pejah anulya lumajeng sami
Dyan Wiryakusuma
binopong nak rabineki
lajeng katur dhateng Jeksa.

133. Pan ing Tingal kinarya baris wong kapir
langkung agengira
Kurnel Kebes tindhih neki
Senapati tan kawawa.

134. Mapan lajeng tur uning mring Jeksa nuli
nuwün bantu nulya
Kangjeng Sultan Amaringi
Jeng Gusti Muhamad Imam.

135. Ngabdul Kamit lan Raden Martalayeki
budhal saking Jeksa
tanapi ingkang prajurit
tan winarna marga prapta.

136. Pan ing Tingal lajeng campuh ing ngajurit,
langkung ramenira
nanging kuciwa wong kapir
Kornel Kebes pan lumajar.

137. Mapan kathah bangkenira tiyang kapir
Islam lajeng samya
angsal bandhang mriyem kalih
wus katur mring Kangjeng Sultan.

138. Parambanan kinarya baris wong kapir
Mayor Leger rannya
ingkang dados tindhih neki
Kangjeng Sultan gya utusan.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

139. Kinen nyambut prajurit wetan Nagari
Dyan Suranagara
kalawan sakancaneki
Bupati wetan sadaya.

140. Pan Kaliwon kalih kang kinen njenengi
kalawan Ngulama
kang wasta Kyai Ajali
kalawan Den Kakrasana.

141. Mangunyuda nulya campuh ing ngajurit
langkung ramenira
mbelasah bangkening kapir
Mayor Leger pan kacandak

142. Pinejahan mring Raden Suryanagari
Islam lajeng samya
angsal mariyem satunggil
sampun katur mring Jeng Sultan.

143. Jendral De Kok langkung bingung ing tyas neki
Pangran Martasana
lawan Pangran Mangkubumi
ingaben tinantun samya

144. Yen kadugi mengsah Kangjeng Sultan nuli
kinundurken nulya
kalihnya sagah pan sami
kinundurken sampun prapta.

145. Pangran Mangkubumi neng Surakarteki
Pangran Martasana
ing Ngayogya sampun prapti
lajeng ngalih namanira.

146. Pangran Murdaningrat dadya Senapati
ana ing Ngayogya
nanging meksa tan wigati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangkana ingkang winarna.

147. Pangran Mangkudiningrat sedheng tyas neki
sareng praptanira
Pangran Murdaningrat iki
mapan asring ambebeka.

148. Mring Jeng Sultan anuwun nama puniki
Pangeran Dipatya
Kangjeng Sultan amarengi
dadya kendho juritira.

149. Mapan asring ing Nglangon kinggahan kapir
dadya repot samya
aneng Suwela kuwatir
anulya ingelih ika.

150. Pan s^dhiya Pasanggrahan Kitha Giri
mangkana winarna
ingkang eyang gerah iki
Kangjeng Pangeran Muhamad.

151. Abubakar mapan lajeng kondur iki
dhateng rahmatullah
lajeng sinarekken iki
neng wukir Gedhorong ika.

152. Kyai Guru Keweron neng kitha Giri
lajeng sakit ika
sampun prapta jangji neki
mantuk dhateng rahmatullah.

153. Mapan lajeng sinarekken Kitha Giri
wonten malih gerah
nenggih Dyan Ayu Ngabei
kang mara sepuh Jeng Pangran.

154. Lajeng kundur dhumateng rahmatullahi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sinarekken ika
wonten Celareng puniki
mangkana ingkang winarna.

155. Mengsah-kapir saya kathah ingkang prapti
sagung Senapatya
samya ngajengken pribadi
sadina - dina ayuda.

156. Datan saged tulung - tinulungan sami
wadya lebet ika
kalangkung bingungireki
pundi - pundi ingkang ngawrat.

157. Tinulungan wong kapir kuciwa sami
mangkana winarna
Ngulami ageng puniki
ginuron samya ngulama.

158. Ing Gerajen wismanya namanireki
Syeh Ismail ika
tinukup mring tiyang kapir
Senapati tan uninga.

159. Lajeng ngamuk kathah kapir ingkang mati
Syeh Ismail nulya
dhumateng sabilullahi
Syeh Belawi ing Susukan.

10. Pan kinukup Syeh Belawi lajeng sabil
kapir kathah pejah
mangkana ingkang winarni
Tumenggung Kartanagara.

161. Lagya sakit kedhik ingadhep prajurit
namung kawan dasa
tinukup dhumateng kapir
lajeng saras sakitira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

162. Campuh ing prang kapir kathah ingkang mati
Kapitannya pejah
kalawan Litnanireki
kang kari lumajeng samya.

163. Lajeng atur kang surat mring Sri Bupati
malih kang winarna
Tumenggung Mandhalikeki
sakit kinukup Walanda.

164. Ingkang ngadhep namung sadherek ireki
lan Martawijaya
tan ingadhep ing prajurit
maksih tinilar barisan.

165. Lajeng ngamuk mapan namung tyang kekalih
kapir kathah pejah
Ki Martawijaya iki
lajeng prapta sabilullah.

166. Ki Tumenggung Mandhalika sareng uning
mring kunarpanira
yen risak arinireki
apan langkung pangamuknya.

167. Kadya bantheng katawan brana puniki
putung lawungira
Kyai Tumenggung puniki
ngamuk lan keris kewala.

168. Langkung kathah ingkang pejah tiyang kapir
Ki Tumenggung ika
bedhil pedhang sangkuh iki
apan tan wonten tumama.

169. Kadya gila samya lumajeng wong kapir
mapan winastanan
Ki Tumenggung dede janmi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lajeng sowan dhateng Jaksa.

170. Ngaturaken sirah kapalaning kapir
lajeng tinimbalan
dhumateng Sri Narapati
Ki Tumenggung nadarira.

171. Lamun gesang apan nyuwun angabekti
mesem Kangjeng Sultan
mangkana wus den rilani
lajeng ngaras ingkang pada.

i 72. Mring Jeng Sultan Ki Tumenggung mapan nuli
kinen mantuk nulya
ing wingking manawa watir
Ki Tumenggung apan nulya.

i 73. Sakit malih sampun karsaning Hyang Widdhi
Ki Tumenggung nulya
mantuk mring rahmatulahi
pan namung umur sacandra.

174. Ing Lowanu kainggahan dening kapir
pinethuk ing yuda
kalangkung ramening jurit
kapir kathah ingkang pejah.

175. Mas Tumenggung Jayaprawira puniki
wus karsaning Suksma
dhumateng sabilullahi
ing Lowanu pan kancikan.

176. Apan wonten ngulami ageng satunggil
wasta Syeh Ngabdullah
ing Papringan wismaneki
sowan dhumateng Jeng Sultan.

177. Apan nuju Jeng Sultan lenggah pribadi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Syeh Ngabdullah ika
kumembeng waspanireki
Kangjeng Sultán angandika.

178. "Ana paran Ngabdullah sira anangis,"
Syeh Ngabduilah turnya
"Kawula matur sayekti
raosing manah kawula.

179. Pan ing karsa Paduka inggih Dewaji
pitajeng kalintang
dhumateng Ki Maja iki
datan pethak sajatosnya.

180. Pan punika agadhah kajeng pribadi,"
mesem Kangjeng Sultán
lawan angandika aris
"dene ta kang ora - ora.

181. Sira pikir lah wis muliha sireki,"
mantuk Syeh Ngabdullah
mapan datan lama nuli
mantuk hateng rahmatullah.

182. Pan ing Ledhok kainggahan mengsah kapir
lajeng campuh yuda
kapir kathah ingkang mati
Mas Tumenggung Andhangkara.

183. Sabilullah mangkana ingkang winarna
Jeng Pangran Dipatya
kundur dhumateng Mantawis
sampun lami ingaturan.

184. Marang sagung Basah ing Bagelen iki
nanging datan arsa
ingkang rama Sri Bupati
ngatag meksa datan arsa.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

185. Kadya sampun karsanira ing Hyang Widdhi
Kangjeng Pangran ika
remen aneng Kitha Giri
kalawan sawadyanira.

86. Masanggrahan tunggil lan kang Eyang iki
Kangjeng Panembahan
rumeksa rerepot sami
Basah ing Bagelen samya.

Ï 87. Dadya gela kendho kang tyas mapan sami
ing ngajurit ika
nulya kalebetan iki
mengsah ing Bagelen ika.

• 88. Pangran Sumayuda kang dadya pangirid
prajurit ing Sala
apan kathah lawan kapir
ing Mantawis kang winarna.

189. Pangran Mangkunagara ingkang ngadani
Pasisir sadaya
kalawan Manca Nagari
kinerig dhateng Ngayogya.

190. Masanggrahan Jeng Pangran Mangkunagari
aneng Tanjungtirta
kalawan sawadyaneki
langkung ageng barisira.

191. Kang Bupati sadaya wetan Nagari
tan kuwawi samya
nglempak mring sakidul nagri
ngungsi mring Jayanagaran.

192. Ing Mantaram langkung kathah mengsah neki
Bagelen mangkana
dadya saben dinajurit

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sanadyan dalu mangkana.

193. Datan saged yen tulung - tinulung sami
Gampeng geng barisnya
kalawan ing Tempel iki
Terayem Balega ika.

194. Ing Mantaram kebekan kang mengsah kapir
Basah kalihira
mapan ngajengken pribadi
Muhamad Ngusman Ki Basah.

195. Ngajengaken mengsah ing Terayam iki
apan binantonan
Raden Riya Sindurjeki
lawan Raden Martalaya.

196. Saking Jeksa pan sewu prajuritneki
mapan sampun prapta
Pelerei pinethuk jurit
mring Pangran Mangkunagara.

197. Langkung rame Mangkunagaran kalindhih
Peleret kanggenan
dhateng Basah Ngabdul Katib
Raden Menggung Janegara.

198. Sakancanya datan saged tulung iki
ngajengaken ika
mengsah kang aneng Megiri
lawan Gunung Kidul ika.

199. Dadya datan tulung -tinulungan sami
ing satanah ika
Mantaram ramening jurit
mariyem mapan bandhungan.

200. Senjata lit berondongan siyang latri

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan wonten kuciwa
kendel lamun sayah sami
mariyem apan mangkana.

201. Raden Ngabdul Katib lan Ki Basah iki
lan saprajuritnya
Kadhaton kang den enggeni
aneng Palerei punika.

202 Kang Bupati sadaya wetan Yogyeki
saprajuritira
kinen baris wonten jawi
mangkana ingkang winarna.

203. Pangran Mangkunagara pan tan kuwawi
nedha bantu ika
dhateng Jendral De Kok aglis
apan nulya binantonan.

204. Jendral Pan Gin Ngayogya kinerig sami
kapir lawan murtad
sampun kumpul dadi siji
lan baris Mangkunagaran.

205. Langkung ageng tanpa wilangan kaeksi
Raden Ali Basah
mapan ingaturan mijil
nanging meksa datan arsa.

206. Kedah mempen samya rempu jroning puri
Peleret punika
ngantos sami den tangisi
Den Basah tan tolih wuntat.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XU. PANGKUR

1. Raden Basah sru manabda,
"Yen tan wani padha metuwa aglis
mapan ingsun wus tan ayun
kang kaya rembugira,"
mengsah agung sapraptaning apan sampun
lajeng pinethuk ing yuda
mring sagung kang pra Dipati.

2. Kalangkung rame sakala
tan kuwawi sagung kang pra Dipati
sawetan Ngayogya iku
saking karoban lawan
pan kalindhih pra Dipati juritipun
lajeng ngaturi wuninga
dhateng Raden Basah aglis.

3. Yen sampun datan kuwawa
ingkang mengsah kalangkung ageng neki
Dyan basah ngaturan metu
nanging meksa datan arsa
kedah rempu kewala neng jro Kadhatun
samana mengsah wus prapta
Paleret kinepung kikis.

4. Lajeng rame mariyeman
wantunira setabel tiyang Jawi
tan tahan nulya lumayu
mariyem wus den tilar
kapir sänget ngrampit pager banon sampun
nanging datan saged celak
saking lebet den bedhili.

5. Kathah kapir ingkang kena
ngantos dangu purunnya tiyang kapir
kapok ingkang sampun-sampun
nulya sareng ajengnya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang sanjata mapan wus tan angsal iku
kapir murtad apan samya
dhepepel pager bateki.

6. Kalawan amasang andha
nanging Islam taksih panggah ing jurit
kapir lamun menek iku
jonojoh waos samya
saking lebeting banon sadaya sampun
lebet banon prapti samya
dadya kapir kathah mati.

7. Ana ingkang ngungkih lawang
kapir murtad nanging katengga kori
kalangkung sudiranipun
Dullah Kaji Brahima
lan Mas Panji Jaya Sumitra puniku
lan Panji Wanawijaya
lawan prajurite sami.

8. Satus wong banter sadaya
langkung panggah kapir kathah kang mati
ingkang tengga kori kidul
Raden Tumenggung Wirya
Dirja satus ingkang prajurit iku
wong Keranggan lawan Ngaldah
tindhihnya Panji kekalih.

9. Mas Panji Suryasentika
lan Rahaden Kancil punika sami
sadaya prajurit iku
samya munggeng plataran
Panji Rongga Tumenggung titindhihipun
mubeng jro Kadhaton ika
ing jawi mangkana malih.

10. Kapir mubeng pangamuknya
mapan sami ndhepepel bata iki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sadina nggennya prang pupuh
kapir tan saged ngrangsang
saben menek jinojoh ing waos lampus
dadya banon pinendheman
dhumateng sandawa sami.

11. Pan sareng panyumedira
swaranira pan kadya ruging wukir
sampun karsaning Hyang Agung
kagyat kang neng plataran
pan sadaya anarka yen bata rubuh
prajurit pan mudhun samya
kapir saged minggah sami.

12. Sareng lan kukus senjata
langkung peteng Islam datan udani
kapir sareng inggahipun
wus samya neng pintaran
lajeng mudhun Islam sareng ya andulu
kagyat nulya tinadhahan
wus carup Islam lan kapir.

13. Arame uleng-ulengan
yudanira Islam kalawan kapir
aneng sajroning Kadhatun
kapir wus manjing samya
wadya Islam asanget karoban mungsuh
kapir namung kantun húsar
lan Jendral Gin neng jawi.

14. Kalawan mariyemira
ingkang taksih Jendral dipun tunggoni
dadya Islam kathah iku
kang samya sabilullah
mapan amor lan bangkene kapir iku
mangkana parmaning Suksma
Islam ingkang dereng prapti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

15. Ing janji medal sadaya
nunjang bans husarlan jendral sami
Raden Basah mapan sampun
binekta medal nulya
marang Dullah Kaji Ngisa apan langkung
Raden Basah kasayahan
ngantos datan saged angling.

16. Jendral Pan Gin kang winarna
mapan langkung dukane ing tyasneki
anarka yen Islam sampun
sewu tumpes sadaya
sabab ndulu kunarpa kathahe iku
sanadyan ana uripa
marojola namung kedhik.

17. Sareng tinitik sadaya
ingkang kathah namung bangkening kapir
kalawan murtad puniku
Jendral gela tyasira
ing Paleret wus kanggenan kapir iku
sampun katur mring Jeng Sultan
mangkana solahireki.

18. Apan Dullah Kaji Ngisa
ingkang sowan matur mring Jeksa iki
Kangjeng Sultan mapan dangif
kendel datan ngandika
langkung ngungun wekas mangkana dangu
"Kaji ana ngendi Basah,"
Syeh Kaji Ngisa turnya ris.

19. "Abdi dalem Raden Basah
sapunika pan dereng saged angling

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sänget kami tenggengipun
wonten Silarong nggennya,"
Kangjeng Sultan andangu kang sabil iku
Kaji Ngisa aturira
"Di dalem Jajar prajurit.

20. Mapan satus kalih dasa
pangagengnya abdi dalem kang prapti
ing sabilullah Sinuhun
Dullah Syeh Kaji Ibra-
him kalawan Den Menggung Wiryadiijeku
Panji Mas Jaya Sumitra
lan Raden Mas Panji Kancil.

21. Mas Panji Wanawijaya
lan Mas Panji Surasentika Aji
Mas Panji Trunadirjeku
Panji Muhidin Nata
mung punika didalem pangiridipun
ingkang samya sabilullah,"
Kangjeng Sultan ngandika ris.

22. "Wis Kaji Ngisa muliha
ngayomana sakehing kang prajurit
ingkang padha sabil iku
wus padha sulihana
mring anake yen anake masih tanggung
sadulure gumantia,"
sandika turnya Syeh Kaji.

23. Sampun lengser saking ngarsa
kawarnaa sagunging Senapati
samya alit manahipun
sareng sakawonira
Raden Basah ing ngaprang Paleret iku
Bupati sawetan Yogya
sadaya pan sowan sami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Mapan dhumateng ing Jeksa
matur tiwas anuwun den tindhihi
dhumateng Pangeran iku
Natapraja turira
"Pan sadayapunika panuwunipun,"
Jeng Sultan nuruti nulya
irtusan kinen nimbali.

25. Mring Pangeran Natapraja
neng pondhokan datan dangu gya prapti
ing ngarsanira Sang Prabu
Sri Narendra ngandika
"Sireku ya Natapraja pan jinaluk
mring Bupati wetan Yogya
apa kaduga sireki.

26. Mungsuh lan Mangkunagara
lawan sira iya ingsun bantoni
si Jayanagara iku."
Pangeran atur sembah
"Tur sandika pukulun namung pangestu
Paduka Dewaji ingkang
kapundhi ing siyang ratri."

27. Kangjeng Sultan angandika,
"Yen kaduga nulimangkata adhi,"
Pangeran Nataprajeku
nulya angaras pada
sampun lengser saking ngarsanya Sang Prabu
nulya budhal saking Jeksa
ingiring sagung Dipati.

28. Tan winarna lampahira
Pangran Natapraja mapan wus prapti
sawetaning Praga iku
njujug Sapen wus panggya
lawan Raden Jayanagara nulyeku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Gandhek dhawuhken timbalan
mring Raden Jayanagari.

29. Budhal Pangran Natapraja
saking Samen lawan sawadyaneki
Raden Jayanagara wus
ndherek sakancanira
sampun prapta Jalasutra lampahipun
mapan lajeng masanggrahan
tigang dinten winatawis.

30. Mapan lajeng inginggahan
saking Tanjungtirta langkung geng neki
Pangran Mangkunagareku
lan kanthi kapir nulya
Pangran Natapraja rembag pra Tumenggung
apan ngunduran kewala
yun methukken tan kadugi.

31. Pan lajeng ingelut nulya
ngantos prapta sakilen Praga malih
Pangran Mangkunagareku
manjing pasanggrahannya
aneng Rejakusuma kang wadya sagung
baris sawetaning Praga
dadya sagung Senapati.

32. Samya kisisan ing bala
mapan kathah ingkang samya angili
ngungsekken nak-rabinipun
ingkang kabubuh samya
api teluk Pangeran Nataprajeku
barisan kilening Praga
lan sagunging Senapati.

33. Ingkang ler Yogya mangkana
Senapati kesisan bala sami
sampun karsaning Hyang Agung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prajurit lit tyasira
apan kathah ingkang api-api teluk
namung kantun Panji Rangga
Ngabei punika maksih.

34. Tunggil lawan Tumenggungnya
gins saking kathahing mengsah kapir
kalawan murtad sadarum
sampun katur Jeng Sultan
namung kantun kakalih Basah puniku
pinilih lawan Bulkiya
ingkang taksih kedah bans.

35. Lan Pangeran Hadisurya
barisira apan wonten ing Gamping
siyang dalu aprang pupuh
mangkana kawarnaa
Jendral mapan arsa ngantep juritipun
kerigan kapir lan murtad
saking Ngayogya wus mijil.

36. Terayem Baligo nulya
binantonan langkung rame ing jurit
ingkang nindhihi puniku
Terayem pan Bulkiya
lawan Mandhung Suraya pinilih iku
nadhahi kapir lan murtad
kang baris Baligo iki.

37. Siyang dalu tansah yuda
langkung rame tan ana nguciwani
apan datan nyana iku
kapir lan murtad ika
medal Gamping ingkang agung dadya iku
Kangjeng Pangran Hadisurya
nadhahi datan kuwawi.

38. Pinilih lawan Bulkiya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan katungkul wau denira jurit
sampun karsaning Hyang Agung
kapir lan murtad nyabrang
ing Peraga mangkana ingkang winuwus
Kangjeng Sultan ingaturan
uninga yen mengsah sami.

39. Sampun anabrang Peraga
ingkang paman Kangjeng Pangran Ngabei
apan nuju sepi iku
tuwi mring repotira
ingkang wonten namung Kyai Maja iku
lawan sagung pra ngulama
prajurit Suryagameki.

40. Lan prajurit Suranata
Mantri lebet pan namung kantun kedhik
Jajar kang alit tyasipun
pan sampun ngili samya
Kangjeng Sultan ingkang ngadhep watareku
kalih atus sadayanya
Kyai Maja wus tan kenging.

41. Tinari namung sumangga
nulya wonten ingkang atur udani
kalamun kang mengsah sampun
prapta ing pondhokira
Kangjeng Sultan nulya nitih turanggeku
kang ñama Wijayacapa
pan arsa amethuk jurit.

42. Ingkang ndherek mung punika
kalih atus kalamun winatawis
prapta dhusun Dhandhung sampun
kapir prapta ing Pudhak
sareng arsa mudhun lepen kapir iku
Kangjeng Sultan apan nulya
kinen methukaken nuli.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

43. Prajurite Suryagama
Dullah Kaji Badaruddin puniki
kalawan sakancanipun
kapir wangsul anulya
lawan malih sampun kasaput ing dalu
kapir lajeng masanggrahan
aneng dhusun Pudhak iki.

44. Jeng Sultan neba kewala
sawadyanya nanging taksih let kali
dadya jeng-ajengan iku
kapir langkung gengnya
kumpul lawan murtad wong Ngayogya iku
Pasisir Manca Nagara
Jendral Pan Gin tindhih neki.

45. Murtad Pangran Murdaningrat
pan punika ingkang dadya titindhih
lan Pangran Panular iku
kapir murtad pan samya
suka-suka langkung rame swaranipun
Kangjeng Sultan kang winarna
sare ing ngandhap warseki.

46. Apan lagya gerah ika
Kyai Maja sanget aturireki
ngaturi lolos puniku
Kangjeng Sultan tan karsa
Gusti Imam Muhamad Li Basah ikù
sareng amiyarsa warta
kang tyas kalangkung kuwatir.

47. Wau dhumateng Jeng Sultan
sabab gerah anulya kundur nuli
mung kalawan Dullahipun
kalih ingkang binekta
kang prajurit sadaya tinilar iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

namung kantun Panjiraga
punika ingkang nindhihi.

48. Sasanderan lampahira
tan winarna ing marga sampun prapti
mulat mengsah langkung agung
lajeng nungkemi pada
Kangjeng Sultan ngaturan lolos puniku
nanging meksa datan arsa
kedah amethukken jurit.

49. Samana ingkang winarna
Kangjeng Pangran Ngabdurrahman Ngabei
tengah dalu rawuhipun
lajeng samya ngaturan
umatur Jeng Pangeran nulya cumundhuk
ing ngarsanira Jeng Sultan
mapan sänget atur neki.

50. Sri Narendra angandika
"Inggih paman gumingsir dhateng pundi
yen sampun ing jangjinipun
apan mangsa wandea,"
Pangran Ngabdurrahman aris aturipun
"Inggih leres yen sampuna
wonten kang binudi malih.

51. Inggih kang mengsah punika
pan kawula wau myarsa pribadi
inggih langkung agengipun
sarengan wonten marga
pan kawula medal ing ardi andulu
kapir punika sadaya
abdi dalem namung kedhik.

52. Kalih pandugi kawula
benjing injing tan ngamungken puniki
sanadyan kathah Sinuhun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen samyajeng-ajengan
boten dados kuwatosing tyas satuhu
puniku pun thole Basah
sampun wonten ngarsa Aji.

53. Kapir ing Baligo nata
boten wände narambul saking wuri
punika watosing kalbu
nadyan inggih wontena
ingkang gadhah ajeng-ajengan puniku
Pinilih lawan Suraya
datan wonten tindhihneki.

54. Pun thole Basah punika
lan Dullah kalihnya sampun neng ngriki
kados datan saged sampun
lamun kekah yudanya
apan namung tindhih Rangga Panji iku
lan abdi dalem Bulkiya
lamun mireng benjing injing.

55. Ing ngriki rame sanjata
Kyai Ngusman kados bibrah tyas neki."
Kangjeng Sultan dadya nurut
mring atureki.kang paman
ris ngadika, "Yen makaten paman sampun
angur sampeyan utusan
mring Bulkiya lan Pinilih.

56. Yen ing ngriki wus kanggenan
mesakake para kanca kasupit
sampeyan paringi weruh
yen kula sampun kesah
dhateng ngardi sadaya samya ken nusul,"
Kangjeng Pangran aturira
sandika utusan nuli.

57. Kangjeng Sultan nulya budhal

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking Jeksa lawan sawadyaneki
lingsir dalu wayahipun
minggah dhumateng arga
Lepen Wangwung Kangjeng Sultán sampun rawuh
sareng injing nulya tedhak
Kangjeng Sultán saking ngardi.

58. Masanggrahan Lepen Soka
animbali wau dhateng kang rayi
Pangran Ngabdurakim iku
Pangran Sumanagara
lawan sagung ingkang prajurit sadarum
lan ngentosi praptanira
Bulkiya lawan Pinilih.

59. Lawan kinen nimbalana
Basah Ngadul Katib sawadyaneki
tan antara prapta sampun
sagung kang tinimbalan
Pangran Ngabdurrakim dhinawuhan sampun
kinen baris wonten Pandhak
kalawan sawadyaneki.

60. Kapir murtad wonten Jeksa
dadya gentos nenggih panggenan neki
nging kapir pacalangipun
aneng Dhandhung punika
dadya samya jeng-ajengan barisipun
lawan ingkang aneng Pandhak
Kangjeng Sultán kang winarni.

61. Budhal saking Lepen Soka
masanggrahan aneng Kamal puniki
samana ingkang winuwus
Basah Bagelen samya
tiga pisan pan kalindhih yudanipun
ngungsi dhumateng Mantaram

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kapir murtad mapan sami.

62. Ngelut lajeng bans waja
Pangran Sumayuda titindhih neki
nulya tur uninga iku
dhumateng Kangjeng Sultan
Pangran Bei mangkana ing aturipun
kajawi Basah satunggal
pinethil saking ngarsa Ji.

63. Ngabdul Latip Ali Basah
mung punika kados ingkang prayogi
sabab punika rehipun
pan lajeng dhinawuhan
nulya budhal sing Kamal sawadyanipun
ngajengaken mengsah waja
lan Basah Bagelen sami.

64. Nenggih Pangran Natapraja
ngajengaken mengsah sawetan Pragi
lawan Bupati puniku
ingkang sawetan Yogya
kidul Yogya pan sampun nglempak sadarum
dhumateng sakilen Praga
Kangjeng Sultan kang winarni.

65. Ngajengaken kang neng Jeksa
lan Bupati ler kilen Yogya sami
samya jeng-ajengan sampun
samana Kangjeng Sultan
dalu lenggah aneng pasanggrahanipun
tan ingadhep dening janma
pan wus samya nendra iki.

66. Pitekur sendhenan saka
apan saking sungkawaning panggalih
mangkana ingkang winuwus
nulya ana kang prapta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kadya ndaru padhang pasanggrahan iku
rrulya lenggah ngarsanira
Jeng Sultan warni pawestri.

67. Kalih ingkang ngiring ika
sami estri dene kang warni sami
pan datan kena cinatur
mapan katiga pisan
undha-usuk lawan kang den iring iku
Jeng Sultan dangu tatanya
kami tenggengen ningali.

68. Lawan maspaosken ika
dennya lenggah datan kasrah ing siti
Kangjeng Sultan ngandika rum
"Nilakrama kawula
langkung tambuh Kangjeng Ratu aturipun
"Ing rumiyin pan kawula
lan Paduka sampun jangji.

69. Ing binjang yen sampun mangsa
lan Paduka boten wande kapangih,"
Kangjeng Sultan ing tyasipun
mangkana ciptanira
baya iki kang ingaran Ratu Kidul
dene banget anomira
Kangjeng Sultan ngandika ris.

70. "Pan sampun enget kawula,"
Kangjeng Ratu pan aris atur neki
"Yen pareng amba tutulung
inggih dhateng Paduka
nging kawuala anuwun janji satuhu
yen sampun sirna sadaya
sagung ingkang lannat kapir.

71. Kawula Tuwan suwunna
dhateng Allah ingkang Robul ngalamin

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mantuka malih puniku
ingggih dados manungsa
dene sagung wadya Paduka sadarum
sampun wonten tumut yuda
kawula ingkang nyagahi.

72. Sirnanipun lannatullah,"
Kangjeng Sultán apan ngandika aris
"Kawula tan nedha tulung
inggih mring sama-sama
yen agamí namung pitulung Hyang Agung,"
Kangjeng Ratu nulya musna
mangkana ingkang winarni.

73. Kapir lannatullah samya
kang neng Jeksa arsa nganteping jurit
Jendral Pan Gin tindhihipun
sagung murtad sadaya
Pangran Murdaningrat lan Pangran puniku
Panular titindhihira
injing nulya mangkat jurit.

74. Ingkang baris aneng P&ndhak
Pangran Ngabdurrakim sawadyaneki
lan Pangran Suma Narendraku
pan lajeng campuh yuda
langkung saking tikel gangsal tandhingipun
dadya Islam mundur samya
tan kuwawi anadhahi.

75. Apan nulya tur uninga
dhateng Kamal yen sampun tan kuwawi
kapir langkung kathahipun
Kangjeng Sultán anulya
nuding ingkang kinen nadhahi prang pupuh
Pinilih lawan Bulkiya
lan sagung kang pra Dipati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

76. Kang ler Ngayogya sadaya
Kangjeng Sultán myat ngereng-ereng ardi
pan katingal dhatengipun
wau ta ingkang mengsah
lamun tinon kadya gunung alelaku
kapir murtad kathahira
ra-ara kebekan sami.

77. Genderanya Mangkuyuda
katututan dening húsar puniki
mogok apan lajeng ngamuk
bantu tiyang satunggal
lajeng sabil húsar mapan kathah lampus
tan antara húsar prapta
ing Kamal dipun tadhahi.

78. Dhateng prajurit Bulkiya
lan Pinilih lawan Kartanagari
húsar mapan kathah lampus
kalindhih kapir samya
apan lajeng binujung húsar lumayu
ingkang agung nulya prapta
Jeng Sultán marma ing abdi.

79. Apan kinen mundur samya
tan kalilan kalamun anangledi
sadaya pan kinen laju
mundur prajurit samya
Kangjeng Sultán nulya ingaturan sampun
wau dhumateng kang paman
masanggrahan Penggung nuli.

80. Neng Penggung apirembagan
Syeh Muhamad Nusman Li Basah iki
apan sanget aturipun
"Tan saged aprang ngarga
pan kawula punika tiyang wus sepuh
sanadyan inggih kathaha

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

punika pun lannat kapir.

81. Apan sampun tinemaha
nggih prayogi ngupados papan radin,"
Kangjeng Sultan dadya nurut
mring aturing Syeh Ngusman
Ali Basah nging meksa sumelangipun
kang dados watiring driya
Jeng Sultan mring repot sami.

82. Jeng Pangeran Ngabdurrahman
ris turira, "Inggih lamun marengi
pun Martalaya puniku
lawan sakancanira
kang prajurit Mandhung satus malihipun
kawan dasa Suranata
lawan Tuwan Sampar Wadi.

82b. Lawan pun Cakranagara
kados cekap rumeksa rerepot sami
lawan angampingi iku
mring kangmas Panembahan
sampun dados rembagira Dyan Tumenggung
Martalaya dhinawuhan
lawan Tuwan Sampar Wadi.

83. Budhal Mandhung Suranata
saking Penggung dhumateng Kitha Giri
Kangjeng Sultan kang winuwus
saking Penggung wus budhal
prapteng Sela masanggrahan sadaya wus
kapir murtad mapan samya
wangsul dhateng Jeksa malih.

84. Pangagengnya aneng Pandhak
Pangran Ngabdurrahman Harya Ngabei
umatur dhateng Sang Prabu
yen marengi Narendra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

luhung lajeng dhateng sawetan Prageku
wonten ngriki katanggelan
kalih celak Kitha Giri.

85. Bilih karya susah samya
mring rerepot prayogi inggih tebih
sanajan ngantep prang pupuh
sae sawetan Praga
samya rembag sadaya mring aturipun
Kangjeng Pangran Ngabdurrahman
Kangjeng Sultan anuruti.

86. Budhal saking Sela Mirah
sampun prapta ing sawetaning Pragi
mesanggrahan Senjati ku
mengsah anulya prapta
kapir murtad apan langkung kathahipun
dhatengira mara tiga
nanging datan den tangledi.

87. Apan ngunduran kewala
marang Barja undurira Sang Aji
pan lajeng kinodhol iku
mundur malih Narendra
dhateng Bancut mangkana Sang Nata ndulu
bong-obongan langkung gengnya
prenahe ing Kitha Giri.

88. Kangjeng Sultan angandika
mring kang Paman Harya Pangran Ngabei
"Paman pundi besmen iku
lir Kitha Giri paman,"
Pangran Ngabdurrahman aris aturipun
"Kados inggih leres sira
punika ing Kitha Giri."

89. Kangjeng Sultan angandika
"Yen estu Kitha Giri kang kabesmi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kawula paman yun wangsul
dhateng sakilen Praga
namung putra sampeyan kang dados kalbu
yen ngantos kagepok kopar
angur sirna paman mami."

90. Pangran Bei aturira
"Lamun sampun makaten karsa Aji
prayogi ngriki satuhu
kinarya ngantep yuda,"
Kangjeng Sultan dadya nurut aturipun
apan nedya ngantep yuda
nanging cobaning Hyang Widdhi.

91. Kang wadya telas sadaya
ing tyasira kathah pi-api mbalik
dadya ingkang ndherek iku
aneng Bandhut punika
namung Basah lebet kakalih puniku
prajurit namung Bulkiya
Mantri Lebet lan Pinilih.

92. Suraya lan Suragama
nanging sampun kantun kedhik ku sami
Ki Maja sakancanipun
ingkang para ngulama
kang Tumenggung ler Yogya satunggal iku
wasta Mas Jaya Panawang
nging wus tan ngadhep prajurit.

93. Kantun tiga rencangira
Kangjeng Sultan ing tyas wus sedya sabil
Jendral Pan Gin barisdpun
aneng Ketebon ika
lan Kemiri ing Ngardi Kanigareku
kapir murtad mara tiga
angepang ing Bandhut sami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

94. §yeh Muhamad Ngabdul Basah
ris turira dhateng Pangran Ngabei
"Yen pareng kula nunuwun
prayogi pados papan
ingkang radin wonten ngriki tanggel tuhu
yen kinarya ngantep yuda
ingkang papan kirang radin."

95. Apan sampun sami nedya
sabilullah kang papan ting clekuthik
apan samya rembag sampun
Kangjeng Sultan ngandika
"Inggih paman ing pundi kang radin niku,"
Pangran Ngabei aturnya
"Kawula dereng udani.

96. Ing tanah ngriki sadaya,"
Mas Tumenggung Japanawang tumya ris
"Yen pareng karsa Sinuhun
prayogi ing Kasuran
inggih radin lawan ageng ingkang dhusun,"
pan sampun rembag sadaya
Pangran Ngabei turnya ris.

97. "Yen sampun rembag punika
nggih prayogi nunten mangkat tumuli
lamun ngantosa puniku
injing dugi kawula
kapir murtad tan wände prapta sadarum
ingkang baris mara tiga,"
Kangjeng Sultan ngandika ris.

98. "Paman ing mangke kewala
dalu lamun sampun andadari sasi
lagya sanget arip tuhu
sakedhap ayun nendra,"
Kangjeng Sultan anulya sareyan iku
apan kalajeng anendra

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngantos wektu pajar iki.

99. Saking sanget aripira
datan vvonten purun mungokken iki
sampun samekta sadarum
samya ngadhep kewala
Kyai Maja lan Pangran Ngabei iku
pan samya iren kewala
kalih arsa mungu ajrih.

100. Kagyat wungu Kangjeng Sultán
pan tumingal lamun wus pajar sidik
pan langkung kasesanipun
Jeng Sultán nulya salat
bakda subuh Jeng Sultán busana sampun
budhal saking Bandhut nulya
prapta nggening mengsah sami.

101. Mapan sampun enjing ika
nanging wonten parmaning Hyang Widdhi
pedhut ageng prapta iku
ngalingi mring Jeng Sultán
sawadyanya kapir murtad tan na weruh
yen Jeng Sultán sampun budhal
saking Bandhut sawadyeki.

102. Dadya kapir murtad samya
sareng injing mapan kecalan sami
Kangjeng Sultán kang winuwus
sampun prapta Kasuran
sawadyanya panuju Jumungah iku
Sri Narendra angandika
mring sagung kang pra ngulami,

103. "Wus ta padha Jumungaha
apan ingsun ingkang amacalangi,"
mangkana ngulama sagung
apan samya Jumungah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sareng bedhug murtad kapir prapta sampun
mapan iya mara tiga
ingkang Jumungah pan sami.

104. Kalangkung dennya kasesa
ingkang kudbah namung perlunireki
Ki Maja ngimamki iku
ayat kulhu kewala
sampun bakda lajeng sowan mring Sang Prabu
Ki Maja sakancanira
Sri Narendra lenggah iki.

105. Lawan sendhen neng tirisan
Basah kalih ingkang munggeng ing ngarsi
lawan ingkang paman iku
Pangeran Ngabdurrahman
ingkang mengsah mapan sareng praptanipun
mriyem sampun tan mungela
mung kantun sanjata alit.

106. Basah kalih matur samya
nywun pamit arsa methuki jurit
Kangjeng Sultan ngandika rum
"Menenga bae padha
dimen pareg wong wis sedya sabil iku
mundhak sayah lakunira
lawan saksenana marni.

107. Yen ana pitulung Suksma
ingsun cukur lan wis tan.nedya marni
gumingsir goningsun lungguh,"
husar nulya katingal
Jendral Pan Gin ingkang dadya tindhihipun
apan cemeng kudanira
kang mengsah mung mara kalih.

108. Kang pelangkir medal wetan
ingkang husar medal wetan pan sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mimis langkung deresipun
mriyem wus tan mungela
namung kantun sanjata lit kang kumrutug
Basah Ngabdul Kamit nulya
nuwun pamit mring Sang Aji.

109. Ingkang tyas pan tan derana
wantunira maksih anem puniki
lawan kalih Dullahipun
Raden Prawiradiija
lawan Raden Abu Sungeb arinipun
samya kaduk purunira
Kangjeng Sultan ngandika ris.

110. "Mengko antinen sadhela
dimen parek," nanging meksa tan kenging
tiga nitih kuda sampun
lajeng nander kewala
methukaken ingkang husar yudanipun
Syeh Nugsman Ki Basah nulya
anembang tengareng jurit.

111. Gumregut bala Bulkiya
lan Pinilih Suraya apan sami
rempeg sareng ajengipun
Syeh Ngusman Ali Basah
kang nindhihi samana pan lajeng campuh
kalawan husar sadaya
wus carup ingkang ngajurit.

112. Kangjeng Sultan langkung mirma
nulya ngatag mring Ki Maja iki
kinen tutulung ing pupuh
lan sagung pra ngulama
nulya majeng mengsah saking wetan rawuh
Kangjeng Sultan nulya ngatag
mring Syeh Kaji Badaruddin.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

113. Lan Tumenggung Puthut Lawa
Suryagama lan Mantri Lebet sami
nuli campuh ing prang pupuh
lajeng ruket kewala
kang pelangkir kelangkung pangedrelipun
nging Tumenggung Puthut Lawa
lawan Dullah Badaruddin.

114. Kalawan sakancanira
samya nusup mring kukusing kang bedhil
Basah kalih kang winuwus
ingkang ngajengken húsar
lan Ki Maja kalawan sakancanipun
kalangkung ramening yuda
Japanawang kang winarni.

115. Kancanya wus kathah prapta
apan lajeng narambul ingajurit
sampun karsaning Hyang Agung
húsar pelangkir telas
Jendral Pan Gin lumayu nulya kinepung
húsar mung kantun sekawan
Jendral lajeng minggah ngardi.

116. Lawan kang húsar titiga
dereng untung kasaput dalu iki
Pangran Ngabei ingutus
ngunduraken kang yuda
yen sampuna Kangjeng Sultán karsanipun
sinapih ingkang ngayuda
Jendral Pan Gin kados keni.

117. Mapan mbelasah bangkenya
kapir murtad amor lawan pelangkir
Islam pitulung Hyang Agung
inggih lujeng sadaya
ingkang tatú kewala tan ana iku
Kangjeng Sultán langkung welas

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ningali kang bangke sami.

118. Pan tumpuk neng pasabinan
ara-ara lepen saenggen neki
dadya tan saged andulu
Jeng Sultán nulya abudhal
saking Suran apan iya dalu-dalu
angalih kang pasanggrahan
ing dhusun Kandhangan iki.

119. Kang wadya wus kathah prapta
Pangran Bei mangkana aturireki
yen pareng karsa Sinuhun
sae lajeng kewala
mupung angsal manah kang wadya sadarum
Jendral Pan Gin saenggennya
prayogi linantak nuli.

120. Sampun dhinahar aturnya
Pangran Bei kinen tengara nuli
Pinilih kang munggeng ngayun
sinambungan Bulkiya
sareng prapta Jendral Pan Gin barisipun
kapanggih sepi kewala
masanggrahan Toya Urip.

121. Kangjeng Sultán angandika
"Kados pundi paman lampah puniki,"
Pangran Ngabei turipun
"Sae lajeng kewala
mring Terayem sukur Jendral wonten ngriku,"
anulya kinen tengara
budfial saking Banyu Urip.

122. Prapteng dhusun Candhi ika
kendel aso nulya atur udani
lamun wonten mengsah rawuh
pan sewu wataranya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kedhikipun ingkang mengsah gangsal atüs
datan ngantos dhinawuhan
pan lajeng tengara sami.

123. Pan datan kenging tinata
rebat ajeng sagunging kang prajurit
saking samya ber tyasipun
pan mentas angsal manah
mengsah kaget pan lajeng ngedrel puniku
apan datan linagewa
wus campuh ingkang ngajurit.

124. Waos lawan sangkuh ika
tan antara nulya telas wong kapir
kantun ingkang murtad iku
lawan husar punika
Basah kalih awas denira andulu
kalamun ingkang santana
Kangjeng Sultan pepak sami.

125. Kang eyang lawan kang paman
ingkang rayi Basah kalih anuli
ngundurken prajurit sagung
arsa atur uninga
nanging sampun prajurit tan kenging iku
kadya wus karsaning Suksma
sadaya prapta ing jangji.

126. Pangran Bei lan Ki Maja
prapta ngunduraken meksa tan keni
sagung prajurit wus wuru
lir bantheng tawan brana
pangamuknya Dullah Prawiradirjeku
lajeng nyander tur uninga
dhumateng Jeng Sri Bupati.

127. Sang Nata nuju sareyan
aneng sela pinggir lepen puniki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kagyat mulat praptanipun
Dullah Prawiradiija
lajeng matur yen mengsah punika tuhu
santana dalem sadaya
nanging sagung kang prajurit.

128. Sampun tan kenging ingampah
Kangjeng Sultan nulya mundhut turanggi
Kyai Ranes wastanipun
saking ing Margawatya
paranakan kuda sembrani punikü
datan antara wus prapta
ing Lengong Sri Narapati.

129. Abdi pan kantun sadaya
samya nusul nanging prapta pribadi
wus kapanggih bangke tumpuk
kapir kalawan murtad
apan telas Islam wilujeng sadarum
kang tatú bae tan ana
kadya wus karsaning Widdhi.

130. Sang Nata sareng miyarsa
dhateng bangke kapir lan murtad sami
apan wus tumpuk-tinumpuk
lepen sabin ra-ara
Kangjeng Sultan kendel langkung welasipun
kami-tenggeng tan ngandika
samana kang paman prapti.

131. Pangran Bei lan Ki Maja
Basah kalih ngaturken rayi Aji
lan kang paman kalih iku
kang ngungsi Basah Iman
datan pejah kang liya wus telas iku
Kangjeng Sultan nulya tedhak
mring Salebet dhusun nuli.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

132. Aneng Lengkong Jawinata
datan saged ningali bangke sami
Sri Narendra lenggah sampun
Pangran Bei neng ngarsa
lan Ki Maja Basah kalih miwah sagung
Bupati andher ing ngarsa
kang samya tan menang jurit.

133. Ki Maja aris turira
"Basah Imam ngaturken rayi Aji
Pangran Suryawijayeku
lan kalih paman Nata
Pangran Martasana lan Natabayeku
kang punakawan satunggal
nenggih wasta pun Salimin.

134. Kang lumajeng maksih gesang
namung gangsal pratelanipun sami
liya punika Sinuhun
sasat pejah sadaya,"
Sri Narendra apan lajeng kinen ndangu
mring Pangran Suryawijaya
sapa kang lumayu urip.

135. Lan kang mati kabeh sapa
Pangran Suryawijaya ris tur neki
"Ingkang lumajeng pukulun
paman Santawijaya
lawan paman Purwakusuma puniku
kalih pan Walandi husar
satunggil pan rencang neki.

136. Inggih paman Murdaningrat
dene paman inggih sampun ngemasi
lawan Yang Panular iku
lan Eyang Danupaya
paman Hadiwinata lan malihipun
nggih paman Hadiwijaya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bupati tiga ngemasi.

137. Kaliwon kalih punika
ingkang kathah punika apan mantri
lawan Pasisir sadarum
Ambon Walandi samya,"
Kangjeng Sultan anulya nimbali gupuh
marang Dullah Suryagama
nenggih Kaji Badaruddin.

138. Kalawan sakancanira
apan kinen nyaeni kang ngemasi
Kangjeng Sultan budhal sampun
saking Lengkong punika
Sri Narendra masanggrahan ing Kemusuh
ngasokaken ingkang wadya
pitung dina winatawis.

139. Pan sampun pepak sadaya
pra Dipati kang eler Ngayogyeki
lawan Bupati ing Kedhu
Kangjeng Sultan ngandika
mring kang paman Jeng Pangran Ngabehi iku
kalawan Kiyai Maja
"Man Maja ing karsa marni.

140. Padha sira prentahena
lor Ngayogya ingkang sun alilani
ngrehna pra Dipati iku
iya si Japanawang
lan arine sun paringi jeneng iku
iya Dipati Urawan,"
sadaya jumurung sami.

141. "Dene si Kartanagara
Jaganagara karo sun undur iki
mijia bae maringsun
sun lilani parentah

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

karo iku prajurit mung ana nyatus,"
Ki Maja matur sendika
Sang Nata ngandika malih.

142. "Paran padha rembugira
apa sida bedhah Terayem iki
dadi bali maneh iku,"
sadaya tur sumangga
Kangjeng Sangran Ngabei aris umatur
"Yen marengi Sri Narendra
prayogi lajeng puniki.

143. Apan Terayem punika
amba taken tan wonten Jendral neki
mindhak lampah wongsal-wangsul
tan wonten paedahnya
nanging namung tinengga ing saradhadhu
inggih dinamel punapa
luhung nulungana sami.

144. Didalem kidul sadaya
kajengipun sami nunten atangi
pardenipun kang ler sampun
inggih tangi sadaya,"
Kangjeng Sultan apan ndhahar aturipun
lan sami rembag sadaya
mring ature Pangran Bei.

145. Sang Nata anulya budhal
sing Kemusuh ingkang dadya pangarsi
Dipati Urawan iku
lawan sakancanira
sampun pulih wadyanira kang Sinuhun
malah wewah kang tyas samya
waktu mentas angsal ati.

146. Kendel sadalu neng marga
pan kebekan sagung ra-ara sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

miwah ingkang dhusun-dhusun
Pangeran Hadisyurya
lan Pangeran Sumanagara wus nusul
mila saya kathahira
mangkana Jeng Pangran Bei.

147. Ing dalu mapan utusan
Mas Tumenggung Mangunhaija tinuding
kinen ndhawuhi iku
mring Pangran Natapraja
yen Jeng Sultan mangke arsa atutulung
nanging miyos wetan Praga
Pangran Natapraja iki.

148. Apan kinen angledheka
inggih saking sakilening Peragi
kang bans Mangir puniku
gya mangkat Mangunharga
sareng injing Kangjeng Sultan bodhol sampun
miyos ing Toya Tumampang
mangkana Pangran Dipati.

149. Nusul sawadyabalanya
tigang atus lan Raden Sinduijeki
lawan Kangjeng Sultan cundhuk
samana sampun prapta
ing Jipangan Jeng Sultan nyare sadalu
injing Pangran Bei nulya
anata lampahing baris.

150. Kang lung miranti ing bala
Pangran Ngabdwrahman Harya Ngabei
prajurit pinara telu
Ki Dipati Urawan
sakancanya kinen medal ngurung-urung
titindhih Pangran Dipatya
anjagani mengsah malih.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

151. Ngayogya lan Rejasuma
bokmanawa ana rambul ngedali
ingkang medal tengah iku
Pangran Sumanagara
pan angirid prajurit kilen Yogyeku
kalawan ing Kedhu ika
tindhih Pangran Ngabdurrakim.

152. Basah Imam Basah Ngusman
tinindhihan dhumateng Sri Bupati
lan Suryagama puniku
Mantri Lebet Ki Maja
Pangran Bei medal ngereng-ereng gunung
sapa ingkang namur karya
poma aja na praduli.

153. Mapan iya wus rubuhan
pan sandika sadaya atur neki
nulya tinengeran sampun
budhal saking Jipangan
mara tiga apan samya kathahipun
Kangjeng Sultan karsanira
ngampiri beteng ing ngardi.

154. Ing Silarong binetengan
apan iya Mangkunagaran sami
aneng sanginggiling gunung
pan makewedi ika
Basah kalih kang kinen ngerangsang iku
Pinilih lawan Bulkiya
Kangjeng Sultan anjenengi.

155. Bulkiya kang medal ngarga
pan Pinilih medal reng-ereng sami
nulya den mariyem iku
namung mungel ping tiga
sami dene samya rikat ajengipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya mriyem wus kaliwat
nulya ngedrel sanjata lit.

156. Langkung peteng kukusira
nanging sampun datan wonten praduli
Pinilih pan inggahipun
anurut yod-oyodan
kang landheyan sami sineret punika
pan kinempit godhinira
kang aneng jro beteng sami.

157. Giris mulat tandangira
mring Pinilih samana kang neng njawi
kang murtad húsar sadarum
wus tempuh lan Bulkiya
langkung rame sakedhap gya telas iku
kang gesang lumayu samya
apan lajeng den tututi.

158. Dhateng Basah Imam nulya
lawan Dullah sakawan apan nuli
pinedhangan samya lampus
kekecer bangkenira
sagung murtad ingkang aneng beteng iku
apan wus telas sadaya
ingamuk dhateng Pinilih.

159. Angsal mariyem satunggal
sanjata lit kathah datan kawilis
kalawan kuda puniku
murtad tumpuk bangkenya
kang neng beteng Kangjeng Sultán lajeng sampun
kendel ing dhusun Puluhan
ngentosi kang dereng prapti.

160. Lan ngasokken kang pra wadya
pan dinangu samya lujeng tur neki
namung satunggal kang tatú

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mapan datan punapa
kang prajurit Jajar Pinilih punika
mangkana anulya prapta
kang medal margi geng sami.

161. Kyai Dipati Urawan
sakancanya lan Pangran Ngabdurrakim
kalawan prajuritipun
Kangjeng Pangran Dipatya
apan ngantun njageni mengsah ing pungkur
manawa na bantu prapta
punika kang den jageni.

162. Abaris neng ing Sumuran
sawadyanya liya punika sami
wus prapta ngarsa Sang Prabu
Sri Narendra ngandika
mring kang paman Jeng Pangran Ngabei iku
"Mapan punapa punika
kendel datan lajeng jurit."

163. Pangran Bei aturira
"Pan ngentosi dugi kula ken nitik
mengsah nenggih kabaripun
mara kalih barisnya
pan ing kapir kalih Lepen Sat puníku
pundi kang ageng barisnya
kantun nata wrating jurit.

164. Tan antara nulya prapta
kang ingutus wasta Dhaeng Makincing
mangkana aturipun
kang ageng Lepen Esat
sewu langkung kedhik pan antawisipun
tindhih Pangeran titiga
mariyemipun kakalih.

165. Mangir gangsal atus mapan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

datan mawi Pangeran tindhih neki,
mariyem satunggal iku,
Pangeran Bei nabda,
nantun marang Syeh Ngusman Li Basah iku,
mangkana ing aturira,
inggih kalamun marengi.

166. Pan sampun tanggel punika,
wektu luhur sae salat rumiyin,
kalih samya kajengipun,
angsal ngaso sakedhap,
Pangran Bei sampun nurut aturipun,
mring Syeh Ngusman Ali Basah,
pan sampun tinata sami.

167. Nenggih Pangran Hadisurya,
binubuhan nyabet kang baris Mangir,
kalawan sawadyanipun,
kilen Yogya sadaya,
Ki Urawan lawan sagung wadyanipun,
sakancanira sadaya,
prajurit ler Ngayogyeki.

168. Kinen nyabet ing Lepen Sat,
Basah kalih kang tinuding nindhihi,
Bulkiya Pinilih iku,
lan prajurit Suraya,
Mantri Jero lan Suryagama punika,
Pangran Ngabei Ki Maja,
katiga Jeng Sri Bupati.

169. Sampun dados rembagira,
lajeng bubar asalat luhur sami,
sareng sampun bakda luhur,
lajeng nembang tengara,
nulya tata sagung prajurit sadarum,
ingkang tyas samya gembira,
waktu mentas angsal ati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

170. Sampun mangkat malih nulya,
Pangran Hadisurya minggah ing ngardi,
kalawan sawadyanipun,
Ki Dipati Urawan,
mring Lepen Sat kalayan sakancanipun,
tindhih Imam Ali Basah,
lan Ki Ngusman Basah iki.

171. Apan sampun prajanjiyan,
aja ana padha tutulung marni,
amrih santosaning pupuh,
pan wus padha timbangnya,
malah ngrobi sadaya pan sampun saguh,
ing Lepen Sat sampun prapta,
lagya jeng-ajengan jurit.

172. Ing Mangir wus campuh yuda,
langkung rame apan swaraning bedhil,
bareng lan mariyemipun,
Jeng Pangran Hadisurya,
pan kabereg prajuritira wus sawut,
sabab panganjuring perang,
ki Surajanggala kanin.

173. Kenging mriyem dhadhanira,
nging tan pasah Ki Tumenggung tan eling,
kontal binekta lumayu,
dhumateng kancanira,
kawarnaa nenggih wonten mantri sepuh,
wasta Mas Prabaleksana,
nyander matur Sri Bupati.

174. "Sinuhun rayi Paduka,
mapan sampun kabereg jurit neki."
Kangjeng Sultan lajeng nantun,
wau dhateng kang paman,
lan Ki Maja mangkana kalih turipun,
"Kados pundi yen ngantosa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nimbali wadya kang sami.

175. Ngajengken mengsah Lepen Sat,
kados mindhak keron tyasipun sami,
pan sampun bebahanipun,
kang jangji wau ana,
datan kenging punika tulung-tunilung,
yen pareng karsa Narendra,
mapan winangsulan malih."

176. Kangjeng Sultan esmu duka,
mring kang paman lan Ki Maja iki,
tan ngandika malih iku,
lajeng nitih turangga,
Ki Wijayacapa pan lajeng mamprung,
ingkang sareng lan Sang Nata,
mung Menggung Puthut Laweki.

177. Lan Rangga Puthut Guretna,
Raden Jayanagara anututi,
nyanderken kundanipun,
pun Jagul wastanira,
Kangjeng Sultan asru angandika arum,
"Heh sira Jayanagara,
kaya dudu anak janmi."

178. Dyan Menggung Jayanagara,
sareng myarsa timbalaning Narpati,
lajeng narik pedhangipun,
nander wus munggeng ngarsa,
mapan lawan tumenggung Puthut Laweku,
lan Rangga Puthut Guretna,
kang munggeng ngarsa Narpati.

179. Satunggal kang rayi ika,
Pangran Suryawijaya kang nututi,
prapteng Mangir lajeng campuh,
kinarutug sanjata,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan mariyem mungel kaping telu namung,
Jayacapa datan kena,
ingampah anulya prapti.

180. Marang nggen mariyem ika,
setabelnya sadaya pan wus mati,
winaos mring Dyan Tumenggung,
Puthut Lawa punika,
lan Rongga Puthut Guretna apan sampun,
mariyem binekta ngiwa,
dhumateng Jeng Sultan nuli.

181. Kawarnaa Basah Imam,
myarsa warta yen Jeng Sultan nylirani,
lajeng supe wadyanipun,
pan tinilar sadaya,
namung kalih Dullah kang nderek iku,
Bu Sungeb Prawiradiija,
tiga lajeng ngamuk sami.

182. Aneng saluhuring kuda,
ngagem pedhang lan Jayanagareki,
Puthut Lawa ngagem lawung,
lawan Puthut Guretna,
dadya nenem langkung lawung tandangipun,
wus supe ing subasita,
kapir murtad kathah mati.

183. Ingkang ngarsa wuri panggya,
pan kalangkung kapir pangedrel neki
Pinilih Suraya iku,
nututi pan wus prapta,
lajeng ngamuk nurut kukus sanjateku,
mangkana Ngusman Li Basah,
mapan lajeng prapta sami.

184. Lawan prajurit Bulkiya,
sareng ngamuk Ki Urawan nututi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

budhalan sakancanipun,
ing Lepen Sat tinilar,
Mantri Jero Suragama sareng ngamuk,
rempeg nusul kukus samya,
Ki Maja lan Pangran Bei.

185. Pan sampun prapta sadaya,
kapir murtad gansal atus sirna nting,
ingkang bangke apan tumpuk,
ana ing ara-ara,
wonten ingkang satunggal kalih lumayu,
pinejahan mring wong desa,
mangkana sasambat neki.

186. Dene wingi sore padha,
sun kon ngarit lawan ngiseni kendhi,
ana ngenam widhig iku,
sira ora suwala,
mbok den eling, "warna-warna sambatipun,
wong desa samya saurnya,
"Iya wingi aku wedi.

187. Gustiningsun durung prapta,
pan ing mengko ingsun pan wus ora wedi,
apan samya lajeng menthung,
dadya telas sadaya,
gangsal atus tumpes datan wonten kantun,
mapan wus karsaning Suksma,
Islam wilujeng pra sami.

188. Pan namung tatú satunggal,
punakawanira Pangran Dipati,
nanging tan punapa iku,
pan kasrempet kewala,
Kangjeng Sultán sampun rawuh enggenipun,
mariyem kinen nyemplungna,
ing sumur lajeng ningali.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

189. Mbelasah bangkening murtad,
ara-ara mapan kebekan sami,
pan kumembeng waspanipun,
Kangjeng Sultan tumingal,
lajeng marang Pijenan ngiring wadya gung,
sedya ngasokaken oala,
wadya aneng dhusun iki.

190. Pinilih lawan Bulkiya,
pan sadinten ayuda kaping kalih,
dadya sanget sayahipun,
mangkana kang winarna.
kapir murtad kang bans Lepen sat iku,
apan wus miyarsa warta,
yen tumpes kang baris Mangir.

191. Lawan ing Silarong ika,
ingkang beteng apan wus bedhah iki,
lawan tumpes kancanipun,
dadya tambuh polahnya,
lajeng budhalan ing margi agung,
pan sami lumayu ika,
samarga lawan mriyemi.

192. Kalawan kinodhol ika,
mring Pangeran Natapraja puniki,
kalawan sakancanipun,
Bupati wetan Yogya,
Kidul Yogya pan samya ngodhol sadarum,
dadya prang samarga-marga,
nging tan saged ruket iki.

193. Namung bedhilan kewala,
pan kekecer bangke murtad rut margi,
Jeng Sultan ningali iku,
neng pinggir padhusunan,
lawan sagung ingkang prajurit sadarum,
arsa malih binanjurna,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nging menggah tyasnya Narpati.

194. Dinugi sänget sayahnya,
angandika lawan mesem Sang Aji,
"Heh Basah Ngusman sireku,
pedhoten mungsuh ika,
nanging sira dhewe aja nggawa batur,
dimen rame Natapraja,
pan ingsun arsa udani.

195. Olehe campuh ing yuda,
yen bedhilan apa ora ngundhili,
olehe sapira iku,"
Basah ngusman aturnya,
lan gumuyu," Punapa dipun ken lampus,
wong sawiji kinen nyegat,
mring kapir sewu neng margi."

196. Pan lajeng gumujeng samya,
Sri Narendra ingkang paman tinuding,
kinen tumut ngodhol iku,
mring Pangran Natapraja.
Pangran Bei wus lengser saking ing ngayun,
kalawan sawadyanira,
Jagasura kawan desi.

197. Samana wus tan winarna,
Kangjeng Sultan apan nyae sawengi,
neng dhusun Pijenan iku,
injing anulya budhal,
mapan lajeng masanggrahan Liwureku,
pan sedya ngasokken baia,
Pangeran Ngabei prapti.

198. Lajeng matur mring Narendra,
Pangran Natapraja wus kinen baris,
nöng Bantul sakancanipun,
ngiras dados pacalang,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan binanton Tumenggung Jawinateku,
lan Raden Sumadiningrat,
mangkana ingkang winarni.

199. Kapir kang bans ing Waja,
lawan jeksa samya miyarsa warti,
yen Lepen Sat dhadhal sampun,
Mangir Slarong tumpesan,
dadya giris sadaya kang manahipun,
lan dalu asring nginggahan,
marang Basah Ngandulkatib.

200. Bagelen kang Basah tiga,
pan ing Jeksa apan mangkono ugi,
asring rinesahan iku,
marang Tumenggung tiga,
Mangkuyuda lawan Wiryanagareku,
Tumenggung Cakranagara,
dadya sareng dhadhal neki.

201. Waja Pangran Sumayuda,
marang Kedhu inggih undurireki
kinodohl Bagelen sagung,
Jeksa Jendral punika,
Pan Gin mundur dhumateng Ngayogya iku,
kinodhol Tumenggung tiga,
Harjakusuma winarni.

202. Pangeran Mangkunagara,
sareng prapta kang putra wayah sami,-
saking Lepan Sat puniku,
kaplayu lan tur priksa,
yek kang baris Silarong mangir sadarum,
apan sampun tumpes samya,
pejah tan kantun sawiji.

203. Dadya giris manahira,
Pangran Mangkunagara budhal nuli,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saking Haijakusumeku,
saputra wayahira,
sampun prapta Ngayogya Jeng Pangran cundhuk,
lawan Jendral De Kok nulya,
tinanya tan saged angling.

204. Tan antara praptanira,
Jendral Pan Gin lawan saopsir neki,
saking Jeksa pan kabujung,
nulya ana tur surat,
saking Kedhu yen Pangran Sumayudeku,
pan kabujung saking Waja,
mring wadya Bagelen sami.

205. Jendral De Kok langkung kurda,
Jendral Pan Gin ingkang dipun srengeni
nulya atatanya iku,
Pangran Mangkunagara,
"Pan ing mengko Sultan neng ngendi genipun,"
Pangeran Mangkunagara,
aris denira nauri.

206. "Kabare aneng Lipura,
ning si adhi Natapraja abaris,
iya ana Bantul iku,
pacalang Karangnangka."
Jendral De Kok nulya asru dennya muwus,
"Heh Pan Gin langgaren nulya,
mangkata sawengi iki.

207. Lan Pangran Mangkunagara,
wong Ngayogya melua kabeh sami,
iya saanane iku,"
mangkana nulya dandan,
pan sadalu datan ana wong kang turu,
sareng pukul lima mangkat,
saking ing Ngayogya sami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

208. Jendral Pan Gin pangiridnya,
langkung ageng nenggih dadamel neki,
prapta Karangnangka iku,
pukul pitu watara,
ingkang baris Karangnangka pan tinempuh,
Raja Niti tan kuwawa,
nulya lumayu tur uning.

209. Mring Pangefan Natapraja,
nulya tata sadaya methuk jurit,
lawan tur uninga iku,
dhumateng ing Lipura,
tan antara mengsah pan katingal iku,
husar kang dadya pangarsa,
lajeng campuh ingajurit.

210. Tinadhahan pra Dipatya,
tan kuwawa husar lumayu ngungsi,
dhumateng pelangkiripun,
nulya ngedrel pra samya,
pan sinareng kalayan mariyemipun,
pra Dipati tan kuwawa,
lan Pangran Nataprajeki.

211. Nulya ngaturi wuninga,
lamun sampun tan kuwawi nadhahi,
nulya Basah kalih iku,
tinuding nadhahana,
sampun budhal Suraya Bulkiya iku,
Pinilih prapta Sumuran,
kapethuk campuhing jurit.

212. Kalangkung ramening yuda,
swaranira mariyem sanjata lit,
Kangjeng Sultan bidhal sampun,
saking dhusun Lipura,
yun tumingal dhumateng ingkang pra pUpuh,
prapta ing dhusun Sumuran,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Bulkiya lawan Pinilih.

213. Suraya kaseser ing prang,
Kangjeng Sultan utusan kinen sami,
majeng malih aturipun,
nuwun ngaso sakedhap,
langkung sayah sadaya pan aturipun,
Sri Narendra angandika,
dhateng Kangjeng Pangran Bei.

214. Paman paran kang prayoga,
ingkang kinen nadhahi ingajurit,
Pangran Bei aturipun,
"Putu Pangran Dipatyä,
pan punika sangsaya dereng prang pupuh,"
Kangjeng Sultan angandika,
"Paman sampeyan dhawuhi.

215. Mangke neng pundi nggenira,
nggih punika ingkang baris ing wuri,"
Pangran Bei nyander sampun,
saking ngarsa Narendra,
sampun panggih lan Pangran Dipati iku,
samana wus dhinawuhan,
Kangjeng Pangeran Dipati.

216. Lajeng mangkat sawadyanya,
prapta sampun campuhireng ngajurit,
rame malih sanjateku,
mesem Jeng Sultan nabda,
"Paman Bei yen wayah sampeyan purun,
apan kenging tiningalan,"
mangkana Jeng Pangran Bei.

217. Tumingal erenging ngarga,
yen kang wayah nenggih Pangran Dipati,
wus aneng ngerenging gunung,
lan Pangran Natapraja,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawadyanya Pangran Bei iku matur,
punika putra Narendra,
lawan pun Nataprajeki.

218. Sampun minggah dhateng ngarga,
Kangjeng Sultan apan sareng ningali,
dhumateng kang putra iku,
lingsem dhateng kang paman,
Ki Wijayacapa gya ginitik mamprung,
lajeng ngawal Jayacapa,
arsa nyarirani jurit.

219. Mantri Jero Suragama,
mapan lajeng samya angrumiyini,
Basah Imam sareng dulu,
kalawan Basah Ngusman,
yen Sang Nata arsa nyarirani pupuh,
dadya sareng ajengira,
Bulkiya lawan Pinilih.

220. Suraya gumregut samya,
sadangunya mapan ingkang ngawali,
mring yudane kapir iku
Raden Riya Sinduija,
apan namung kewala neng lebet dhusun,
marma kapir tan uninga
yen ingkang ngawali kedhik,

221. Tinarka kathah kewala,
marma menggah ing tyas murtad lan kapir,
dhasar maksih mambu ihi,
samana sareng mulat,
mring Bulkiya Pinilih pan sareng maju,
lan sagung wadya sadaya,
gumrah kang tabuhan muni.

222. Saking kidul wetan ika,
lawan kilen mareng ajengireki,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kapir ngedrel mriyem iku,
pan wus tan linegewa,
Jendral Pan Gin taksih sänget kawusipun,
miyat Islam ajengira,
rempeg wus tan ajrih bedhil.

223. Adat Islam yen mangkana,
ora wurung tumpes kabeh wong kapir,
Jendral Pan Gin nulya mundur,
kapir murtad sadaya,
gagancangan apan samya rebat ngayun,
binuru mring wadya Islam,
Kangjeng Sultan kang njenengi.

224. Kapir murtad mogok kontal,
pan samarga mangkana perang neki,
Islam lamun lekas purun,
tan kena sinawawa,
kapir murtad tan kelar nadhahi iku,
mimisnya wus tanpa karya,
mring Islam tan miyatani.

225. Kapir murtad bangkenira,
pan kekecer nenggih samargi-margi,
Kangjeng Sultan kendel sampun,
aneng dhusun Kiringan,
pan ngentosi prajurit kang taksih mbujung,
sareng sampun sami prapta,
ngaso matur pangran Bei.

226. Yen marengi Sri Narendra,
sae lajeng masanggrahan Pandhawi,
Kangjeng Sultan sampun nurut,
masanggrahan Pendhawa,
sampun pepak sagunging wadyakusweku,
nanging Jeng Pangran Dipatya,
jrih lingsem mring Sri Bupati.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

227. Wangsul mring sakilen Praga,
lan kang paman Pangran Suryenglageki,
mangkana wus tan cinatur,
kawarna ing Pendhawa,
mapan kinen iya ananata sagung,
Kangjeng Sultan karsanira,
lajeng dhateng Sambiradhin.

228. Pepak sagung kang santana,
myang pratiwa Pangran Nataprajeki,
tinantun taksih purun,
dadya pangiriding prang,
"Kangjeng Sultan mapan arsa tedhak kulup,
iya maring Sambirata,
sira den angati-ati.

229. Baris saking Perambanan,
lan Bupati sawetan Ngayogyeki-,
lan ingsun bantoni kulup,
iya Sumadiningrat,
Jawinata Raja Niti wis ta kulup,
sira dhingin amangkata,
nging poma den ngati-ati.

230. Lan Tumenggung Surareja,
Ranupati barisa Nyamplung iki,"
sandika samya turipun,
Pangeran Natapraja,
nulya budhal saking Pendahwa myang sagung,
Pangeran Bei ngandika,
mring Pangeran Ngabdurrakim

231. Anak Mas karsa Narendra,
Jengandika kinen tengga ing wingking,
lan sagung Niyaka iku,
ingkang sakilen Yogya,
namung putu Sumanagara iku,
kalawan prajuritira,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang kisisan ndherek iki.

232. Ing wingking mangsa bodhoa,
pan sadaya nak Mas katempah sami,
mapan ing pangreksanipun,
Jeng Pangran Nadisurya,
Ngabdurrakim sañdika pan aturipun,
Kangjeng Sultan lajeng budhal,
saking Pendhawa puniki.

233. Prajurit pinara tiga,
lampahira tan tunggal marga sami,
Dipati Urawan iku,
lawan sakancanira,
Raden Jayanagara sakancanipun,
saking prayitnaning baya,
Kangjeng Pangeran Ngabei.

234. Kang tunggil margi Narendra,
Basah kalih lan Pangran Sumanagri,
samarga tabuhan umyung,
kapir murtad pan lagya,
sänget kandheg tan winarna marga rawuh,
Jeng Sultan neng Sambirata,
lajeng masanggrahan Aji.

235. Mas Tumenggung Sutayuda,
tur wuninga dhumateng Pangran Bei,
ing Kajiwan baris agung,
makewedi punika,
wonten wingking saking ngriki prenahipun,
Kangjeng Pangran nulya matah,
dhumateng Ki Adipati.

236. Urawan sakancanira,
ingkang ngirid Mas Tumenggung pangarsi,
Sutayuda mapan sampun,
tata Pangran ngandika,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Heh Urawan yen ana sihing Ywang Agung,
sira banjur abarisa,
Kajiwan den ngati-ati.

237. Kalawan sakancanira,
Ki Urawan sandika aturneki,
gya nèmbang tengara umyung,
sampun budhal sadaya,
saking Sambirata lan sakancanipun,
sampun prapta ing Kajiwan,
kang baris Kajiwan sami.

238. Sareng ningali kewala,
pan tinarka Kangjeng Sultan nindaki,
gya lumayu rebut dhucung,
wadya Mangkunagaran,
langkung sanget wau denira akawus,
pan lajeng binujung samya,
Kajiwan wus den anciki.

239. Mring Adipati Urawan,
sakancanya lawan atur udani,
mring Pangran Bei wus matur,
dhumateng Sri Narendra,
kawarnaa Pangeran Nataprajeku,
ingkang baris Perambanan,
lawan sagung pra Dipati.

240. Samana pan inginggahan,
mring wong kapir murtad wus campuh jurit,
langkung rame swaranipun,
sanjata lit kalawan,
mriyem bareng kadya ambruka puniku,
Kangjeng Sultan angandika,
mring kang paman Hangabei,

241. Kalawan Kiyai Maja,
apan wau kinen samya nulungi,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan Bupati sadarum,
kang munggeng ngarsa Nata,
Pangran Bei alan Basah kalih umatur,
"Ñanging panuwun kawula,
Paduka kendela ngriki.

242. Sampun ngantos tumut yuda,
yen kawula dereng atuf udani,"
"Nggih paman," gya tengareku,
sampun budhal sadaya,
Pangran Bei Ki Maja titindhihipun,
Kangjeng Sultan mung tinengga,
Dullah Kaji Badaruddin.

243. Lawan Dullah Puthut Lawa,
sakancanya mangkana Pangran Bei,
lawan mungsuh wus kapethuk,
nanging sänget kagetnya,
dereng ngantos katata gya kapethuk,
dadya kang prajurit samya,
lajeng bubrah tata neki.

244. Pan namung Kartanagara,
lawan Jayanagara kang ngawali,
mangkana Kangjeng Sinuhun,
datan eca tyasira,
nulya mundhut titihan pan sampun katur,
nenggih Ki Wijayacapa,
apan ngawal lampah neki.

245. Kang wadya kantun sadaya
Puthut Lawa lan Kaji Badaruddin
kalawan sakancanipun,
samya nututi ika,
Kangjeng Sultan ingkang ndherekna mung telu,
Pangeran Suryawijaya,
lan Den Harya Sinduijeki.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

246. Lan Tumenggung Cakradirja,
husar samya mbujung kang prajurit,
samana sampun kapangguh,
husar lawan Jeng Sultan,
Ki Wijayacapa anarajang purun,
husar sanget kagyatira,
gung husar lumayu nggendring.

247. Saking sanget panasira,
lan baledug marma datan kaeksi,
lamun Kangjeng Sultan iku,
kang ndherek namung tiga,
pan tinerak prajurit sadaya wangsul,
dhasar masih kawusira,
sagung murtad lawan kapir.

248. Samya supe palajengnya,
sagung husar tunjang-tinunjang sami,
kathah tiba pejah iku,
keles samya kancanya,
rontekira tiga welas ingkang runtuh,
mangkana ta nulya ana,
husar sing kidul nulungi.

249. Apan satus winatara,
pan waspaos yen Jeng Sultan pribadi,
ingkang nyarirani pupuh.
kang ndherekna mung tiga,
husar samya nyander lawan ngedrel mistul,
Kangjeng Sultan wus kabebah,
ki Wijayacapa nuli.

250. Malumpat ing pager jarak, ,
pinggir lepen wus kalumpatan sami,
husar samya wegah iku,
tan saged nututana,
dadya samya sapih kasaput ing dalu,
Kangjeng Sultan apan nulya,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kundur masanggrahan malih.

251. Pangeran Bei wus prapta,
lan Ki Maja tanapi Basah kalih,
myang sagung pra Dipatyeku,
Pangeran Natapraja,
sampun prapta nulya dhinawuhan iku,
kinen wangsul barissira,
marang Parambanan malih.

252. Nging den ngati-ati sira,
aja kaya kang wus kalakon dhingin,
kulup den prayitneng kewuh,
Kangjeng Sultan pan arsa,
lajeng tedhak mring Kajiwan iku,
wus kulup mara dhingina,
sandika gya budhal nuli.

253. Nenggih Pangran Natapraja,
sakancanya mring Prambanan malih,
injing kangjeng Sultan sampun,
budhal sawadya kuswa,
saking Sambirata ing Kajiwan rawuh,
apan lajeng masanggrahan,
ing dhusun Kuwenan nuli.

254. Nulya Pangran Mangkuningrat,
nusul lawan sasedherek reki,
lawan tur uninga iku,
kalamun ingkang raka,
Pangran Mangkudiningrat wus balik iku,
apan dhumateng Magelang,
enengna ingkang winarni.

255. Lannat kapir lawan murtad,
anututi mring Jeng Sultan wus prapti,
ing Kajiwan lampahipun,
panuju wektu Asar,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Sultan mapan lagya salat iku,
lan sagung wadya sadaya,
apan lajeng den mriyemi.

256. Ingkang pelor samya dhawah,
kiwa-tengenira Jeng Sultan iki,
sareng sampun bakda sagung,
ingkang salat sadaya,
Kangjneg Sultan anulya parentali iku,
wau dhumateng kang paman,
Kangjeng Pangeran Ngabei.

257. Mapan kinen methuk yuda,
lan Ki Maja gya nembang tengara glis,
wus tata gya mangkat iku,
Ki Dipati Urawan,
sakancanya pan minger mangilen sampun,
Basah Imam tindhihira,
Suraya lawan Pinilih,

258. Den Menggung Jayanagara,
Canagara Kartanagara sami,
mapan minger medalipun,
lawan sakancanira,
Basah Ngusman ingkang dadya tindhihipun,
lan sagung wadya Bulkiya,
ingkang dadya dhadha iki.

259. Rahaden Harya Sinduija,
lan Pangeran Sumanagara sami,
Pangran Pakuningrat iku,
kalawan sadherekira,
kang nindhihi Kangjeng Pangran Ngabei ku,
kalawan Kiyai Maja,
sampun campuh ingajurit.

260. Mapan sareng praptanira,
ingkang medal kilen lan wetan sami,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang ler Raden Riya iku,
ingkang minangka dhadha,
lannat kapir lan murtad awor ing dhusun,
kelangkung denira panggah,
dhasar samya kathah neki

261. Pan wus tan ana kuciwa,
datan purun ingkang majenga sami,
kalih samya wegahipun,
lannat kapir lan Islam,
ngantos dangu pan amung sanjatan iku,
Ki Maja atur uninga,
dhumateng Sri Narapati.

262. Yen ing yuda tanpa wekas,
mapan amung sanjatan kewaleki,
Kangjeng Sultan nulya bendu,
nitih Wijayacapa,
anrang baya Mantri lebet aneng ngayun,
lan prajurit Suryatama,
Basah kalih aningali.

263. Kalamun Sri Naranata,
apan arsa nyarirani ing jurit,
myang sagung Dipati iku,
dadya sarengan niba,
rempeg majeng sareng lan prajuritipun,
lannat kapir langkung kathah,
murtad ngedrel panggah sami.

264. Tinundha lan mariyemnya,
sagung murtad wong ing Madura iki,
ingkang ngampingi sadarum,
mapan tigang bandera,
marma eca gung lanat pangedrelipun,
langkung peteng kukusuira,
wadya Islam apan sami.

265. Nusup kukusing sanjata,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Basah lawan sagung kang pra Dipati,
pan wus datan sedya mundur,
tinindhihan Sang Nata,
Ki Wijayacapa wus tan kena iku,
ingampah pan ginendholan,
marang gamel kalih sisih.

266. Nanging Ki Wijayacapa,
ora kena gamel pan kontal sami,
tiba tebih apan sampun,
nenggih Wijayacapa,
pan panggenan mariyem ingkang jinujug,
setabelira Walanda,
kalawan ingkang ngampingi.

267. Pan Walanda salawe prah,
sampun pejah telas dipun tumbaki,
mariyem pan kenging sampun,
tiga alit punika,
ingkang lannat kapir sampun mawut,
tinadhanan pra Dipatya,
mung kedhik kang mundur urip.

268. Wong murtad Madura kathah,
ingkang pejah banderanira kenging,
mapan tiga pisan iku,
tumpuk kapir bengkenya,
lawan murtad ana kang kekecer iku,
apan sak nggen-enggenira,
lannat murtad bangkeneki.

269. Nenggih Ki Wijayacapa,
kang taracak sakawan gupak getih,
lajeng kasaput ing dalu,
kapir ingkang lumajar,
lawan murtad namung kantun kedhik iku,
ngungsi beteng ing Kalasan,
wong Islam kang mbujung sami.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

270. Apan wus wangsul sadaya,
Kangjeng Sultan kendel asalat Magrib,
aneng ara-ara iku,
lan sawadya sadaya,
sampun bakda Sri Narendra lajeng ndangu,
apa ana kang sabilullah
Ki Urawan atur neki.

271. Kanca kawula satunggal,
apan Rangga ingkang wasta Syeh Edris,
lan Mantri Lebet puniku,
wasta Syeh Jinan Imam,
punakawan Mas Saripi wastanipun,
kang ngampil Syeh Jaga Swara,
kalawan kalajeng sami.

272. Pan inggih pangamukira,
dados tunggil lawan bangkene kapir,
apan nulya kinen mundhut,
sinaenan sadaya,
kang mariyem samya kinen mundhut iku,
nulya kundur masanggrahan,
mring Kuwanen Sri Bupati.

273. Injing Pangran Natapraja,
ngaturaken babandan murtad sami,
kawan dasa kathahipun,
Madura Bugis ika,
lan Sepei ingkang pisah kancanipun,
lajeng kinen nguculana,
megatruh ingkang gumanti.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XIII. MEGATRUH

1. Kawarnaa wau ta ingkang anusul,
Tuwan sarip Sampar Wati,
kang kinen tengga Jeng Ratu
Kadhaton pan sampun prapti
lawan Martajaya mangko.

2. Sakancanya Mandhung lan Suranateku
wus prapta ngarsa Narpati
Tuwan atur salaminipun
Dyan Menggung ngusweng pada Ji
Sang Nata kagyat sumedhot.

3. Lajeng enget mring kang rayi Kangjeng Ratu
Kadhaton, mesem tanya ris
"Paran Sarip ing wartamu
ingsun dhingin pan meh bali
paman Ngabei kang kukoh.

4. Mbacutake ngantep prang wetan Prageku,
marmane kalakon iki
yen nuruta karep ingsun
apan meh kaliru yekti
bareng mulat geni ingong.

5. Kaya uga Kutha Giri geni iku,"
Tuwan Sarip atur bekti,
Mila punika saestu
kinepang pun Kitha Giri
murtad lan kapir samya wor.

6. Kang den angkah rayi dalem Kangjeng Ratu
apan inggih warti neki
ingkang darbe rembag tuhu
Pangran Hadiwinateki
mring Jendral Pan Gin cariyos.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

7. Paduka Ji lamun kenging Kangjeng Ratu
sampun tamtu lamun gampil
marmanya lajeng kinepung
nenggih ardi Kitha Giri
kemput tan kenging marojol.

8. Kangjeng Panembahan mapan ngantos muwus
ngaturi inggal lumaris
mengsah pan katingal sampun
surak lawan ngedrel sami
malah kendel rayi Katong.

9. Eca lawan aris angandikanipun
Kyai kesah dhateng pundi
rumiyin kawula sampun
nuwun mring Robul Alamin.
tan ayun ginepok mring wong.

10. Lanang liya putra Paduka satuhu
punika malih wong kapir
yen sageda celak iku
kawula pan ngandel yekti
inggih dhumateng Hyang Manon.

11. Lawan putra sampeyan saestunipun
kalamun tan jayengjurit
luhung kawula rumuhun
mantuk mring rahmatullahi
nulya kapir mburu mbrondong.

12. Lawan murtad kadya sampun myarsa tuhu
lamun rayi dalem yekti
antawis suka kalangkung
kados wonten ingkang warti
dinugi datan marojol.

13. Lawan Kangjeng Panembahan sampun temtu
kacakup pangraos neki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rayi dalem Kangjeng Ratu
apan sanget den aturi
anyimpng margi gya miyos.

14. Lajeng nurut manjing wana Kangjeng Ratu
nging tan tebih saking margi
kados parmaning Hyang Agung
kapir murtad kang nututi
sadaya pan datan anón.

15. Jroning wana ingosak-asik sadarum
pan lawan den sanjatani
kados kaken manahipun
ngulati datan kapanggih
nulya jro wana den obong.

16. Panembahan kawula tama digdeku
mapan sampun nyipta sabil
nging rayi dalem Jeng Ratu
tan montra susahing galih
pan eca lenggah kemawon.

17. Sampun telas wana kayu tepinipun
sadaya sampun binasmi
pan namung kedhik puniku
kawula datan andugi
kaelokaning Hyang Manon.

18. Datan pasah latu langkung agengipun
pasanggrahan Kitha Giri
pan wetah sadayanipun
sareng tita tan kapanggih
kapir murtad lajeng bodhol."

19. Kangjeng Sultán atanya, "Ing mengko iku
sakeh repot ana ngendi,
apa isih manggon iku,
ana Kutha Giri maning,"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tuwan Sarip matur alon.

20. Apan ngalih dhateng Rejasa sadarum
sabab sampun tan kuwatir
mengsah sampun telas iku
kalawan Bagelen sami
Ali Basah mantuk gupoh."

21. "Apa ora ana kecer repot iku,"
Tuwan Sarip atur neki
"Namung nini dalem iku
Nyai Jawinata kenging
binekta mring Yogya mengko."

22. Kangjeng Sultan anulya angandika rum,
mring kang paman Pangran Bei
"Man Bei sampeyan mantuk
rumiyin kula wangeni
nggih pitung dina kemawon.

23. Lawan Pakuningrat kabeh sadulurmu
wus padha melua mulih
angentenana sireku
mring Mangkudiningrat iki
poma aja owah mengko."

24. Pangran Mangkuningrat sandika turipun
Jeng Sultan ngandika malih
"Paman Bei lamun sampur
kilen kedhik watir neki
yen wangsul sampeyan mawon.

25. Basah Ngabdul Katib saprajuritipun
sampeyan bekta mariki,"
sandika pangran turipun
wus lengser Pangran Ngabei
saking ngarsanya Sang Katong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

26. Lawan Pangran Pakuningrat datan kantun
budhalan sadherek neki
saking Kuwanen sadarum
samana wus tan winarni
sagung kapir murtad mangko.

27. Apan langkung samya telas manahipun
namung kantun jail neki
saben Senapati iku
sami tinibanan tulis
den cuk - icuk myang den onggrong.

28. Jendral De Kok pan Gin wus aneng Saleku
Ngayogya apan wus sepi
kapir murtad pan ngalumpuk
sadaya neng Sala sami
ingkang baris tigang enggon.

29. Singasari ing Lungge lawan Delanggu
tan purun majenga malih
dhumateng Kuwanen iku
apan sanget kawus neki
wong Pajang prapta barobol.

30. Samya sowan dhumateng Kuwanen iku
nulya Kangjeng Sri Bupati
anuding Ki Maja iku
kinen nggitik sagung baris
anulya wakil kemawon.

31. Kyai Maja tan purun tebih Sang Prabu
wakil Ki Kasan Besari
kalawan prajuritipun
baris Jumngah mapan sami
angirit wong Pajang bodhol.

32. Kangjeng Sultan apan amaringi bantu
Urawan sakancaneki,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gya nembang tengara umyung
budhal sagung kang tinuding
saking Kuwanen gumolong.

33. Tan winarna marga Langge prapta sampun,
mapan datan nganti jurit
sareng katingal puniku
dadamel ageng kang prapti
tinarka Bulkiya mangko.

34. Kapir murtad taksih sanget kawusipun
tan ngetang dandanan sami
lumayu arebut dhucung
mariyemnya tiga kari
sampun katur Jeng Sang Katong.

35. Lajeng kinen anggitik mring Singasantun
budhal sangking Lungge sami
mangkat dhateng Singasantun
pan mangkana ingkang baris
Singasari tindhihnya wong.

36. Inggris Slewer apan ta sareng andulu
dhumateng gaman Mantawis
langkung ageng narka iku
Kangjeng Sultán kang nindaki,
dadya tan linawan pupoh.

37. Pan lumayu datan ngetang donyanipun
mariyem nenem kang kari
dadya sadaya angumpul
mring Delanggu dadi siji
pan sedya samya rerempon.

38. Sagung putra santana Surakarteku
pra prajurit lan Bupati
Walanda pan sampun kumpul
ing Delanggu tata baris

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nging nedya tadhah rerempon.

39. Apan rakit bareng lan mariyem sampun
kalih welas mriyem neki
dadamel sadayanipun
kumpulnya murtad lan kapir
sangang ewu cacahing wong.

40. Tan kuwawi sagung wadya kang rumuhun
dadya kendel samya baris
mung ajeng-ajengan sampun
Kasan Besari tur uning
lawan Ki Urawan mengko.

41. Lan ngaturken bandhangan mariyem sagung
Kyai Maja angaturi
mring Kangjeng Sultan pan laju
tan arsa Sri Narapati
ngentosi kang paman Katong.

42. Kangjeng Pangran Ngabei pan rawuhipun
Kangjeng Sultan pan sayekti
kalamun tan ana iku
kang paman Pangran Ngabei
ingkang tyas kalangkung giyoh.

43. Datan saged mratikelken kang prang pupuh
saliyanya Pangran Bei
dene Ki Maja puniku
tan kenging tinari kardi
kalamun katingal mungsoh.

44. Yen tan ana kewala sänget tekabur
marma Kangjeng Sri Bupati
mapan semu gela tuhu
mring Ki Maja ingkang galih
langkung ajrih mring Hyang Manon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

45. Wektu iku Ki Maja asring sinendhu
dhumateng Sri Narapati
dene kathahen tekabur
nanging kathah kang tan yekti
ajrih sakedhap kemawon.

46. Saking kathah ingkang dadya sukanipun
mangkana wus tan winarni
Pangran Ngabei wus rawuh
ngirit Basah Ngabdul Latip
lan prajuritnya gumolong.

47. Lajeng katur salaming Kangjeng Sang Prabu
Basah nguwsa pada Aji
ri wus Pangran Bei matur
niskara wus katur sami
Jeng Sultan sukur ing Manon.

48. Ri sampunnya Kangjeng Sultan nunten dhawuh
mring kang paman Pangran Bei
lan sampun pinaring weruh
sadaya pratingkah neki
Pangran Bei matur alon.

49. "Lamun pareng lan karsa Kangjeng Sang Prabu
di dalem Basah satunggil
pun Ngabdul Latip Sinuhun
lawan saprajurit neki
sewu pinaringna Katong.

50. Nenggih dhateng pun Natapraja puniku
di dalem Bupati katri
sakidul Ngayogya iku
ngalempak wonten ngarsa Ji
dados boten ceweng mengko.

51. Kalih Basah Ngabdul Latip mapan sampun
pirsa pakewet sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawetan marga geng iku,"
Kangjeng Sultan wus marengi
gya kinen dhawuhken gupoh.

52. Basah lawan Pangran Natapraja sampun
kinen lajeng baris Baki
lan angradina puniku
sawetan margi gung sami
sandika Basah turnya Ion.

53. Lajeng budhal basah lan prajuritipun
saking Kuwanen wus prapti
Parambanan sampun pangguh
lan Pangran Nataprajeki
lajeng dhinawuhan gupoh.

54. Ing sabarang karsanya Kangjeng Sinuhun
Pangran langkung sukaneki
binantonan Basah iku
pan sewu prajurit neki
Bupati katri wus miyos.

55. Sareng lawan gandhek apan lampahipun
Sumadiningrat puniki
lan Raden Jawinateku
tiga Kyai Raga Niti
kawarna Kangjeng Sang Katong.

56. Apan budhal saking Kuwanen Sang Prabu
lawan sawadya kusweki
ing Gendaren sampun rawuh
lajeng masanggrahan Aji
Pangran Bei matah gupoh.

57. Ingkang kinen rumeksa pakewet pungkur
Raden Riyasindurjeki
baris desa Sela iku
kalawan Tumenggung Bumi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mas Suta yuda Kajambon.

58. Pangran Natapraja lan sakancanipun
Bupati wetan Yogyeki
lan Raden Basah puniku
Ngabdul Latip budhal sami
saking Parambanan miyos.

59. Datan wonten ingkang methukken prang pupuh
apan lajeng teluk sami
wong wetan radinan iku
prapteng Baki tata baris
Sala langkung geger giyoh.

60. Enengena kawarna ing Daren iku
Kangjeng Sultan nulya nuding
mring sagung Bupati iku
pan kinen nggitika sami
mring baris Delanggu enggon.

61. Pangran Sumanagara pangiridipun
lan Raden Jayanagari
myang sagung pra Dipatyeku
apan sewu kang prajurit
saking Gendaren wus bodhol.

62. Ambantoni mring Kasan Besari iku
neng Koripan baris neki
tan winarna prapta sampun
nanging samya wegah neki
dadya yun - ayunan mawon.

63. Ki Urawan karsanya Kangjeng Sinuhun
mapan kinen mantuk iki
lawan saprajuritipun
gilir rumeksa ing wingking
lan Pangran Suryadi anom.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

64. Nanging Pangran Hadisurya dereng rawuh
dadya kang rumeksa iki
mung Basah kalih puniku
aneng Gendaren Narpati
Pangran Bei Maja karo.

65. Tuwan Sarip Tumenggung Puthut Laweku
Dullah Kaji Badaruddin
lan sagung ngulama iku
sewu mapan langkung kedhik
ingkang rumeksa Sang Katong.

66. Neng Gendaren mangkana ingkang Sinuhun
kang baris Koripan sami
ingkang rembag datan ngumpul
apan pisah - pisah sami
sadaya kang baris manggon.

67. Wus kapriksa dhumateng ingkang Sinuhun
kalamun mangkana sami
kang baris Koripan iku
dadya langkung amatosi
arsa tedhak Jeng Sang Katong.

68. Basah kalih apan dhinawuhan sampun
nulya atengara sami
budhal sing Gendaren sampun
sawadya kuswa tan kari
lerep aneng Ngumbul mangko.

69. Injing mangkat Koripan mapan wus rawuh
jam sawelas wanci neki
dadya kendel tanggel iku
nimbali kang pra dipati
Pangran Bei aneng wiyos.

70. Lan Ki Maja Basah kalih lawan sagung
kang para ngulama sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ian kang pratiwa nung - anung
Kangjeng Sultan ngandika ris
mring kang paman Ngabei Ion.

71. "Paman Bei sampeyan tata puniku
sadaya rakiting jurit,"
Pangran sandika turipun
nulya nantun Pangran Bei
mring Ngusman Ki Basah alon.

72. Basah Ngusman mangkana ing aturipun
"Inggih kalamun marengi
mangke yen wus salat luhur
lan angsal ngaso sakedhik,"
wus marengi Jeng Sang Katong.

73. Mring ature Ngusman Li Basah ta iku
nulya Jeng Pangran Ngabei
andangu mengsah Delanggu
kathahnya mring rakit neki
Kasan Besari turnya Ion.

74. "Ingkang wau mengsah apan wolung ewu
sareng Pangran prapteng Baki
lan Basah Dui Latip iku
mengsah suda sewu mangkin
dados kantun pitung ewon.

75. Mung mariyem taksih kalih welas iku
lawan Jendralipun taksih
myang putra santana sagung
lan Ngayogya wonten sami
ngalempak Delanggu Katong.

76. Ing Kalathen apan taksih kedhik iku
myang Kalitan inggih taksih
lawan ing Kartasureku
apan Delanggu puniki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mra tiga barise manggon.

77. Jendral lawan putra santana sadarum
wonten tengah baris neki
ingkang kidul saradhadhu
kang ler sagung pra Dipati,"
Pangran Bei atanya Ion.

78. "Kanca Pajang apan pinten barisipun
sadaya kang ndika irid,"
Kasan Besari turipun,
"Apan inggih sewu nanging.
kajawi prajurit kang wong.

79. Adhi Maja kanca bar Jumungah iku
kang minangka otot neki
kanca ing Pajang sadarum,"
mesem Kangjeng Pangran Bei
nulya angandika alon.

80. "Basah Imam Basah Ngusman rembugipun
mapan wus karuwan iki
ingkang mengsah amratelu
paran ing prayoganeki,"
Ngusman Li Basah turnya Ion.

81. "Lamun pareng prayogi bebahan iku
sampun lung - tinulung nenggih
amrih mantep tekadipun
rehning wong karoban tandhing
lan kuciwa ingkang enggon.

82. Lamun boten makaten tan wände iku
iren dados ngapirani
dene kawula saestu
boten nyuwun bantu malih
mung kanca kula kemawon.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

83. Pan Bulkiya mapan tigang atus sampun
dene kang kawula pilih
tengah nggen weruhanipun
dados dhumatenga sabil
apan wus sinedyeng batos.

84. Lawan sae ing wingking pocapanipun
Basah Imam pan amilih
kang panggenan saradhadhu
dene barising Bupati
lan sagung ingkang pakewuh.

85. Pan kawula sumangga Paduka sampun
Basah kalih aturneki,"
Pangran Bei ngandika rum
"Yen mangkono pra dipati
dadya katempuh maring ngong.

86. Iya akeh kanca Bupati Mantarum
nanging durung miyatani
yen kinarya ngantep pupuh
Puthut Basah Ngabdul Kalim
aku njaluk tulung kang wong.

87. Prajurit kangSuraya liruning ingsun
Mandhungan Suranateki
Surayagama iku patut
ingkang ndherek Sri Bupati
cukup Mantri Jero kang wong.

88. Gamel ngampil punakawan iku patut
anak mas adhi mas iki
prandene wus padha nusul,"
Basah Imam atur neki
"Apan sumangga kemawon."

89. Ing Delanggu barisa Wiyagang iku
ngarepena mengsah kalih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kang prajurit Pajang sewu
lawan bar Jumungah sami
sampun wonten milu pupoh.

90. Ing Delanggu barisa Wiyagang iku
ngarepena mengsah kli
Kalitan Kartasureku,"
sandika Kasan Besari
"Nging poma ndika den kukoh.

91. Amrih sampun ngapirani kang pra pupuh
Jayanagara sireki
lawan Kartanagareku
katelu Secanagari
padha baris lurung manggon.

92. Gedhe iya ngarepena ingkang mungsuh
ing Kaiathen bok metoni
ngong poma padha den kukuh
wus padha bubuhan iki,"
sandika aturnya golong.

93. Sampun rampung nulya kinen mangkat gupuh
nenggih Ki Kasan Besari
lan Pajang prajurit sewu
tanapi Tumenggung katri
sing Koripan sareng bodhol.

94. Ngrumiyini ing Wiyagang prapta sampun
nenggih Ki Kasan Besari
lajeng tata baris nglurung
dene kang Bupati katri
ing Lanjar prapta wus mangko.

95. Mapan inggih lajeng samya baris nglurung
Koripan ingkang winarni
lajeng samya salat Luhur
bakda Basah kalih nuli

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

gya nembang tengara gupoh.

96. Apan sampun prajurit lajeng mratelu
Basah Imam Ngabdul Kalim
apan kang budhal rumuhun
Pinilih kang munggeng ngarsi
Raden Prawiradirja nom.

97. Ingkang dadya pangiriding prang puniku
nulya Mandhung kang nambungi
Tumenggung Martalayeku
Dullah Kaji Badaruddin
prajurit Suryagameng don.

98. Tuwan Sarip Sampar Wadi ngirid iku
prajurit Suryanateki
Gusti Basah aneng pungkur
ginarebeg santaneki
anglir Den Bima nukaot.

99. Apan nitih kang turangga pun Prang Gemuh
nulya Kangjeng Pangran Bei
budhalan Ki Maja iku
kang dadya cucuk kang baris
Pangran Sumanagara nom.

100. Lawan Raden Bu Sungep Suraya sagung
nulya Kedhu kang nambungi
Syeh Ngabdurrahman puniku
lan Dyan Sumadiningrati
lan Raden Jawinata nom.

101. Raja Niti nulya Jeng Pangeran iku
lan Ki Maja munggeng wuri
ginarebeg ngulama gung
budhal sing Koripan sami
anulya Bulkiya bodhol.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

102. Ingkang dadya pangiriding prang puniku
Syeh Dullah Kaji Dulkadir
nulya Syeh Dullah puniku
Kaji Mustapa nambungi
Ngusman Babah pungkur kang nggon.

103. Kang tengara tinabuh swaranya umyung
apan langkung nggegirisi
mangkana Bulkiya iku
sampun karsaning Hyang Widdhi
yen badhe lanang palugon.

104. Kang tengara lir muni ngawiyat sagung
nulya mandhi pusaka di
waos Ki Barutubeku
Bulkiya samya udani
lamun murub kadya obor.

105. Pan mangkana Bulkiya tengeranipun
tabuhan lan waos neki
dadya tan ajrih pakewuh
sagung Bulkiya pan sami
Delanggu kang winiraos.

106. Apan sampun uninga kang baris agung
mara tiga den inggahi
kapir murtad tata sampun
nulya ngedrel mriyem sami
apan sareng praptaning nggon.

107. Basah Imam lawan Basah Ngusman iku
tanapi Jeng Pangran Bei
dadya tan tulung - tinulung
langkung rame yudaneki
sanjata lir gunung ruboh.

108. Ingkang baris Wiyagang mangkono iku
lawan ing Lajur pan sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya tanpa rungon iku
unine kang sanjata lit
barung lan mariyem brondong.

109. Kangjeng sultán tan sakeca galihipun
kantun pasanggrahan iki
aneng Koripan pan iku
nulya mundhut kang turanggi
Jayacapa katur gupoh.

110. Sampun nitih Mantri Lebet munggeng ngayun,
Puthut Lawa kang pangirid
lawan Phuthut Guritneki
gamel ngampil aneng wuri
lawan punakawan golong.

111. Kang santana Pangran Suryawijayeku
Pangran Suryadipureki
Pangran Suryadi puniku
Pangran Hadinagareki
Pangran Tepasanta mangko.

112. Pangran Wijil Pangran Mangkudipureku
neng marga kapethuk nuli
satunggal Suraya tatu
kenging mimis dhadhanéki
butul nanging datan layon.

113. Kang Sinuhun ingkang tyas saya kalangkung
kuwatir ginelak prapti
Bulkiya panggenanipun
Ngusman Li Basah duk uning
lamun Sinuhun Sang Katong.

114. Langkung ajrih kang Bulkiya tigang atus
nir baya wus tan kaeksi
samya rempeg ajengipun
nging tan saged sareng sami

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan turut galeng kemawon.

115. Kang sabin langkung lebet paluhanipun
marma turut galeng sami
prajurit Bulkiya sagung
ingedrel den mariyemi
Bulkiya pan tan nedya non.

116. Ingkang mimis wus tanpa karya satuhu
dadya kapir murtad sami
kalangkung giris andulu
pra Bulkiya ajeng neki
gya bubrah tatanya ködhol.

117. Sagung putra santana Surakarteku
carup kalawan Walandi
ingkang ageng-ageng iku
apan langkung geger neki
samya ngrebut kuda gentos.

118. Mapan dadya kapiran tan angsal iku
kaselak Bulkiya prapti
pan lumayu rebut dhucung
mangkana Pangeran Bei
ing Surakarta pan katon.

119. Palayunya panuju kapethuk iku
lan Dullah Kaji Dulkadir
lajeng ingancaran sampun
waos nabda Pangran Bei
heh Ngabdulkadir sira non.

120. Apa pangling sira iku marang ingsun
Dullah Dulkadir nauri
inggih mapan boten pandung
nging Paduka sapuniki
pan sampun murtad sayektos.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

121. Kangjeng Pangran anulya winaos iku
mring Dullah Kaji Dulkadir
pan dhawah kuntal puniku
wungu pan winaos malih
nanging karsaning Hyang Manon.

122. Mapan datan tumama Jeng Pangran iku
ngantos pugut waos neki
Kangjeng Pangran gya rinebut
marang sagung ingkang abdi
gya binekta mlayu gupoh.

123. Inkang abdi langkung kathah ingkang lampus
tunggil lan bangkening kapir
kang samya nunggang puniku
kareta kabubuh sami
tinututan pan samya njlog.

124. Pan wus bedhah ingkang baris tengah iku
mariyem nem ingkang kari
kareta titiga iku
samana ingkang winarni
kang baris samya rerempon.

125. Gung Bupati ing Sala titindhihipun
kalawan Manca Nagari
anenggih Raden Tumenggung
Sasrawiyata nameki
kang rayi Patih Sala nom.

126. Pan katanggor Dullah Sura panggih iku
Raden Bu Sungeb puniki
apan samya purunipun
pan tan nedya mundur kalih
dangu drei - drelan kemawon.

127. Ngantos telas ingkang obat kalihipun
Raden Sasrawinateku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apan nulya nyandhak lawung
Bu Sungeb mundur tumuli
Dyan Sasrawinata nguwoh.

128. "Heh prajurit balia aja lumayu,"
Den Dullah Bu Sungeb angling
"Ingsun pan ora lumayu
arsa njupuk tumbak marni
ngantia sadhela kono."

129. Raden Dullah Bu Sungeb wus salin lawung
sigra wangsul prapta nuli
gebang - ginebang adangu
pan samya sudiraneki
nanging karsaning Hyang Manon.

130. Dyan Tumenggung Sasrawinata puniku
kasliring winaos kenging
jajanira apan butul
niba lajeng angemasi
Bupati sadaya awor.

131. Para mantri mapan kathah ingkang lampus
mariyem tiga kang kari
kang lengser wus bedhah iku
mung kantun kang kidul iki
Basah Islam langkung giyoh.

132. Dene kewian pan kinarya lesan iku
datan saged manjing iki
apan langkung ewedipun
paluh lawan den barengi
kandel pagernya pan atos.

133. Kang prajurit Pinilih sanjatanipun
mimisnya pan tanpa kardi
sagung wong Sumenep iku
sasuka - sukanireki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngangsalken sanjata keron.

134. Lan mariyem Sultán Sumenep pan langkung
suka denira udani
prajurit pinilih iku
apan kathah ingkang kanin
pitulas kang samya ruboh.

135. Pan satunggal Ngabehi Pinilih tatú
Ki Surawana wasta ki
nging tan samya punapeku
Rangga sakawan anangis
saking kakuning tyas keron.

136. Sadangunya kinarya lesan puniku
manjing datan saged sami
dening borang lawan paluh
yun matur Rangga samya jrih
mring Gustinya Basah anom.

137. Raden Basah Prawiradiija umatur
dhateng Basah Ngabdul Kamit
apan sarwi nangis iku
ngaturi mundur rumiyin
apan sanget eweding nggon.

138. Datan saged males dados lesan iku
apan Rangga samya nangis
Prawiradilaga iku
lawan Prawirajayeki
Bahuyuda Jadrana nom.

139. Basah Imam ngandika pan ismu bendu
"Lamun padha wedi mati
wus mundura kabeh iku
ingsun tan nedya gumingsir
apan ta wus janjining ngong."

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

140. Dullah Kaji Tuwan Sarip samya matur
nging meksa tan pinarduli
Raden Prawiradiijeku
lajeng nyander atur uning
dhumateng Kangjeng Sang Katong.

141. Lawan Raden Jayasentana puniku
mangkana jeng Sri Bupati
pan alagya lenggah nuju
aneng sangandhap waringin
kagyat praptanira karo.

142. Raden Dullah Prawiradiija umatur
"Pukulun putra Narpati
Jeng Gusti Basah puniku
tan kenging amba aturi
kang pinilih kathah ruboh.

143. Pan kinarya lesan ing sadangunipun
males datan saged yekti
pan langkung pakewedipun
mimis langkung deres neki
putra dalem masih neng nggon.

144. Wonten kuda kawula aturi mundur
putra dalem datan apti
inggih pangandikanipun
lingsem yen tan bedhah iki
baris Dlanggu yen tan bodhol."

145. Kangjeng Sultan sareng myarsa aturipun
Raden Prawiradiijeki
apan langkung watosipun
nulya mundhut kang turanggi
Ki Jayacapa wus miyos.

146. Sampun nitih lawan angandika arum
"Karia kene sireki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kabeh ja na milu mring sun,"
sandika samya tur neki
nulya mangkat Jeng Sang Katong.

147. Ingkang ndherek mung Dyan Prawiradirjeku
kalih Jayasentikeki
tan antara nulya rawuh
nggennya Basah Ngabdul Kamil
Kangjeng Sultan anabda Ion,

148. "Wus ta kulup ayo mundur dhingin iku
luru dalan ingkang becik,"
Basah Imam datan matur
malah datan aningali
dhumateng Kangjeng Sang Katong.

149. Sri Narendra dados langkung watosipun
nulya nunuwun mring Widdhi
samana pan ana lesus
saking kidul wetan iki
lan brama sangkannya ta mboh.

150. Lajeng mbesmi sadaya wisma Delanggu
lawan pager - pager enting
Sumenep katempuh iku
apan kathah ingkang mati
kobong geger langkung giyoh.

151. Kang prajurit Pinilih sareng amaju
ngamuk lawan waos sami
sareng lawan brama iku
Sumenep lumayu aglis
mangalor cinegat nanggor.

152. Mring Syeh Ngusman Ki Basah sakancanipun
Bulkiya samya numbaki
wangsul tinadhahan apyu
marang prajurit Pinilih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya kedhik kang marojol.

153. Langkung kathah bangkene Sumenep iku
wus bedhah Delanggu sami
mangkana ingkang tutulung
saking Kalathen wus prapti
lajeng tinindhihan gupoh.

154. Marang Jayanagara Secanagreku
katiga Kartanagari
bantu tan kuwawi wangsul
ingkang ler mangkono malih
yun tulung sing Kalitan brol.

155. Lan ing Kartasura sareng praptanipun
Wiyagang wus den tadhahi
mring Kasan Besari iku
lan prajurit Pajang sami
dadya sareng mundur jawoh.

156. Kawarnaa Kangjeng Sultan pan wus kundur
dhumateng Koripan malih
lajeng masanggrahan iku
Pangran Bei sampun prapti
kalawan Ki Maja karo.

1 57. Basah kalih lajeng samya sowan iku
dhateng Kangjeng Sri Bupati
ngaturken bandhanganipun
mriyem kalih welas iki
ingkang katur mring Sang Katong.

158. Raja brana apan langkung kathahipun
nanging tan katur Sang Aji
mapan lajeng sampun sinung
kang samya angsal pribadi
nging mariyem lawan songsong.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

159. Lan gendera ingkang katur mring Sang Prabu
mangkana mesem tanya ris
mring kang paman Ngabei ku
"Punapa ta lujeng sami
kang samya aprang rerempon."

160. Pangran Bei mangkana ing aturipun
sadaya sami basuki
angsal pangestu Sang Prabu
namung kathah ingkang kanin
gya pucung ingkang gumantos.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XIV. P U C U N G

1. Kanca ulun apan tiga ingkang tatú
nging datan punapa
sadaya jajar prajurit
Kedhu kalih Suraya ingkang satunggal.

2. Kang Bulkiya wilujeng sadayanipun
nging mas putu Basah
kancanipun kathah kanin
kang prajurit Pinilih apan pitulas.

3. Ngabeinya satunggal Surawan iku
samya tan punapa
Jeng Sultán mesem nabda ris
sampun paman sagung kang tatú sadaya.

4. Sampeyan ken angantukaken rumuhun
Pangran Bei turnya
sandika wus luwar Aji
masanggrahan samana wus tan winarna.

5. Sampun lami Kangjeng Sultán wonten ngriku
apan pitung dina
kapir langkung kendhak niki
lawan murtad tan purun medali yuda.

6. Mapan mempen anengKalitan puniku
Ki Maja aturnya
dhumateng Sri Narapati
ing Kalitan ngaturan bedhah punika.

7. Kangjeng Sultán anuruti aturipun
budhal sing Koripan
sawadya kuswa tan kari
prapteng Pengging apan nulya masanggrahan.

8. Aneng Ngumbul nenggih kalangenanipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Suhunan Sala,
ingkang toya langkung wening
mina kathah Kangjeng Sultan pan kacaryan.

9. Dadya enget mring kang rayi Kangjeng Ratu
pan wus tigang wulan
Kangjeng Sultan ngantep jurit
ngantos supe mangkya enget ing tyasira.

10. Sareng mulat toya wening umbul agung
lan kathah minanya
lawan wonten bulus neki
sela gilang dadya enget Selaraja.

11. Dadya ewah Kangjeng Sultan niyatipun
kadya kenging coba
Ki Maja sri nerang iki
pan Kalitan binjing punapa binedhah.

12. Kangjeng Sultan apan semu gela tuhu
dhumateng Ki Maja
saya keh tekabur neki
dene kapir lan murtad pan wus tan bisa.

13. Lamun metu Pangran Mangkubumi sampun
Sala sampun seda
kenging mimis wentis neki
marmanira Ki Maja sangsaya ndadra.

14. Tekaburnya mangkana pangucapipun
"Sapa den andelna
wong ing Sala kabeh iki
bapakane pan munde bapakingwang..

15. Ing saiki apan kabeh muridipun,"
mangkana Jeng Sultan
Kyai Maja den dukani
mapan namung kendel sakedhap kewala.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

16. Sabab Pajang pan sampun radin sadarum
namung kantun Sala
Lawan ing Kalitan iki
Bayalali punika pan dereng bedhah.

17. Nanging apan sadaya tan saged metu
marma Kyai Maja
kalangkung tekabur neki
saben dina ngaturi bedhah Kalitan.

18. Namung tiga punika kang dereng rembug
Syeh Ngusman Li Basah
lawan Imam Basah iki
Pangran Bei kedah ingantos kewala.

19. Kyai Maja apan sanget aturipun
nulya tinurutan
gya nembang tengara jurit
pinartiga lampahe wadya sadaya.

20. Saking gunging prajurit Pajang Mantarum
lawan Kedhu ika
apan kathah nusul sami
wus tinata Kyai Maja tindhihira.

21. Lawan Kangjeng Pangeran Ngabei iku
apan sampun budhal
wadya gung kang saking Pengging
Kangjeng Sultan arsa ningali kewala.

22. Apan miyos radinan ageng puniku
ingkang ndherek ika
gamel punakawan ngampil
prapteng Pasar Ngasem kendel Kangjeng Sultan

23. Apan lenggah sangandhaping asem iku
kang nglurug wus prapta
Kalitan campuh ing jurit
langkung rame swaraning ingkang Sanjata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

24. Kang mariyem lawan sanjatalit iku
apan barondongan
tan dangu nulya ningali
kang kabesmen barama langkung gengira.

25. Kangjeng Sultan nulya utusan mirseku
lurah nongsong ika
kalawan Mantri satunggil
kang kapalan kang nama Malang Prawira.

26. Prabakesa mantri punika ranipun
kalih sasanderan
wus prapta kapethuk nuli
lawan husar tinunjang kalih lumajar.

27. Wangsul prapta ngarsanya Kangjeng Sang Prabu
kasesa turira
di dalem pan mundur sami
ingkang husar bujung mariki sadaya.

28. Kangjeng Sultan esmu maiben puniku
marang aturira
Malangprawira punika
dene durung ana kang atur uninga.

29. Lan prajurit dene durung ana mundur
tan dangu katingal
undurnya sagung prajurit
medal galeng sabin lawan ereng ngarga.

30. Kangjeng Sultan esmu lingsem dadya bendu
dene undurira
datan medal marga sami
nulya mundhut titihan Wijayacapa.

31. Nulya katur Sri Narendra nitih sampun
mring Ki Jayacapa,
lajeng anerajang wani

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

paluh galeng lepen datan mawi wangwang.

32. Kang prajurit sadaya sareng andulu
dhumateng Jeng Sultan
samya kendel langkung ajrih
Pangran Bei lan Ki Maja gya katingal.

33. Lajeng sowan dhumateng Kangjeng Sinuhun
Basah kalih samya
prapta sagung kang prajurit
sami kendel dhedheg aneng ngara-ara.

34. Sareng baris katingal Sang Nata bendu
dhumateng Ki Maja
kàlawan Jeng Pangran Bei
sru ngandika, "Dene padha tan ngapaa.

35. Mundhak gawe gedhe mring atining mungsuh."
tumungkul Ki Maja
lan Kangjeng Pangeran Bei
langkung ajrih kalih tan saged matura.

36. Basah Ngusman mangkana ing aturipun
"Kawula tan ina
lan sakanca sampun ngrampit
ingkang beteng lan anak Kartanagara.

37. Griya sampun amba ken mbesmi sadarum
pan kantun satunggal
panggenan weraha Gusti
tan wuninga yen kanca mundur sadaya.

38. Undur amba kalayan anak Tumenggung
pan tan angsal marga
kapir sampun ambantoni
lajeng ngamuk marma amba angsal marga."

39. Kangjeng* Sultan.mangkana lajeng andangu
"Sapa ingkang rusak,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tata iku kang marahi,"
Basah Usman umatur boten wuninga.

40. Pangran Bei lan Ki Maja datan matur
tumungkul kewala
Dullah Kaji Badaruddin
ris turira, "Kawula ingkang wuninga.

41. Ingkang dados marginipun samya mundur
pan sareng uninga
wonten abdi dalem sabil
mung kakalih lajeng bibrah tatanira.

42. Mapan tangled kalayan húsar Sinuhun
kalayan kawula
sakanca sadaya sami
ingkang húsar mapan sampun kathah pejah.

43. Nunten abdi dalem Syeh Matarum iku
prapteng sabilullah
kalajeng pangamukneki
ngulami geng ingkang mulang Wanakrama.

44. Lan satunggal abde dalem Lurah Mandhung
pun Gagak Taruna
lajeng abdi dalem sami
mundur bibrah tan kenging mapan tinata."

45. Sri Narendra sareng myarsa aturipun
Syeh Kaji punika
lamun Syeh Mantaram prapti
sabilullah dadya medal dukanira.

46. Mring kang paman lawan Kyai Maja iku
lan kinen mangsulna
sagunge ingkang prajurit
Sri Narendra arsa njenengi priyangga.

47. Gya tinata kang prajurit pinartelu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sagung pra Dipatya
Mantaram lan Kedhu iki
apan kinen amedal kidul sadaya.

48. Wadya Pajang kinen medal ler sadarum
ingkang dadya dhadha
sagung prajurit jro sami
Basah kalih ingkang dadya pangiritnya.

49. Gya tengara mangkat sareng Praptanipun
ing Kalitan samya
pan lajeng kinepang kikis
nanging kapir lajeng akendel kewala

50. Datan purun methuk amung baris iku
langkung kedhikira
tigang atus winatawis
pan kalebet kalawan ingkang arahan.

51. Lawan malih mriyem kang den adhep iku
tan purun ngungelna
lir kami - tenggengen sami
dipun ledhek nging kapir kendel kewala.

52. Basah kalih samya ngatas ing Sang Prabu
arsa rinabasa
nging Sang Nata tan marengi
kinen nganti ungeling mariyemira.

53. Kangjeng Sultan langkung welas galihipun
mring kapir punika
kadya wus karsaning Widdhi
pan mangkana Sri Narpa osiking driya.

54. Lamun ingsun rusaka pasthi yen gempur
iya kadar pira
nanging kang sun kuwatiri
ora wurung pasthi banjur marang Sala.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

55. Lamun tumpes iya apa kang sun rebut
ora wurung ika
kaya dhek Pelengkong nguni
kang sun tedha kapir murtad mung elinga.

56. Lan wus bengi Jeng Sultan nimbali iku
dhumateng kang paman
Kangjeng Pangeran Ngabei
lan Ki Maja kalih sampun prapteng ngarsa.

57. Ris ngandika paman Bei mapan sampun
prajurit sadaya
sampeyan ken mundur sami
sampun dalu manah kawula wus gela.

58. Benjing injing kewala mapan rinembug
Pangran Bei turnya
sandika gya marentahi
marang sagung prajurit kinen ngundurna.

59. Gya tengara prajurit gya sampun mundur
Kangjeng Sultan nulya
kundur marang Pengging malih
kapir mapan ngungelken mriyem ping tiga.

60. Sareng sampun rong dina antaranipun
Kyai Maja ngatas
kalayan Pangeran Bei
"Tadhah karsa punapa tan dinugekna.

61. Inggih bedhah loji Kalitan Sinuhun,"
mesem Sri Narendra
lawan angandika aris
"Boten paman pan kula arsa uninga.

62. Kartasura paman pundi prenanipun
dene kapir ika
kajenge paman nututi,"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangran Bei atanya dhateng Ki Maja.

63. "Pundi dhusun kang celak Kartasureku,"
Ki Maja aturnya,
"Kejaivi Kelanggen iki
nulya kinen karya pasanggrahan ika.

64. Sampun dadya gya atur uninga iku
Jeng Sultan wus budhal
saking Pengging sewadyeki
tan winarna ing Kelanggen sampun prapta.

65. Nanging kapir sampun alit manahipun
tan purun majenga
Kangjeng Sultan kang winarni
jroning driya pan mung Jeng Ratu kewala.

66. Arsa kundur dereng wonten marginipun
ngantos pitung dina
neng Kelanggen Sri Bupati
Pangran Bei lan Ki Maja asring ngatas.

67. Magut yuda nging Sang Nata datan ayun
samana kang prapta
Kangjeng Pangran Ngabdurrakim
Hadisurya anusul sawadyanira.

68. Gya dinangu ing saniskara wus katur
sangsaya Jeng Sultan
onengnya dhateng kang rayi
nging sinamur sarwi mesem angandika.

69. Apan dangu mring Ki Kasan Besari ku
"Kene pan wis rata
wong ing Pajang kabeh iki
lawan pira kang dadi prajuritira.

70. Ingkang sira cekel dhewe Pajang iku,"
San Besari turnya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

"Apan sewu kang prajurit
dene Pajang pan sampun radin sadaya.

71. Ing sakilen margi kawula sadarum
Jatinom mangkitnya
kang 1er Pulo Gedhong Aji
wetan marga nenggih Pangran Natapraja.

72. Apan sampun Sinuhun radin sadarum,"
Sang Nata ngandika
dhumateng Pangeran Bei
"Paman Bei Kasan Besari punika.

73. Apan ulun ganjar nama Basah iku
dene prajuritnya
sampun jangkep sewu iki,"
Pangran Bei aturnya mapan sandika.

74. Wus mupakat sagung pratiwa nung - anung
Sang Nata anulya
andangu dhateng kang rayi
"Ngabdurrakim sira nggawa bala pira."

75. Pangran Hadisurya mapan aturipun
"Gangsal atus Nata
sabab pun Cakranagari
amba tilar atengga wonten Rejasa."

76. Sangsayemut Sang Nata mring Kangjeng Ratu
mesem angandika
dhateng kang paman ngabei
"Paman Bei ing Pajang sampeyan tengga.

77. Pan dadosa wakil kawula puniku
ing Pajang sadaya
sampeyan kang misesani
sampun yuda lamun kapir datan prapta.

78. Mapan kula yun mantuk dhateng Mantarum

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ngluwari ubaya
duk aneng Kasuran nguni
arsa cukur heh Kasan Besari sira.

79. Apa uwus kaduga tunggu bawahmu
lamun rinusuhan
iya marang ing si kapir,"
Basah Kasan Besari matur kaduga.

80. Lamun taksih tinengga prajurit tuhu
Matawis punika
sagendhinge lannat kapir
pan kandugi, "Mesem Kangjeng Sri Narendra.

81. Angandika malih mring kang paman iku
"Lan si Natapraja
sampeyan paman timbali
wetan marga punapa sampun den tata.

82. Prajuritnya lawan pinten kathahipun,"
Pangran Bei turnya
sandika nabda Sang Aji
"Ngabdurrakim sira durung oleh karya.

83. Ingsun tinggal lawan paman Bei iku
lan si Martalaya
poma den angati - ati,"
pan sadaya atunyar samya sandika.

84. "Wong Mantarum lan Kedhung sun gawa mundur
sun duga wus sayah,"
nulya budhal Sri Bupati
saking Klanggen sawadya kuswa sadaya.

85. Apan nitih Ki Jayacapa Sang Prabu
ing tyasnya Narendra
daya-daya prapta aglis
ing Rejasa Kangjeng Ratu oneng driya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

86. Dadya samya kantun kang prajurit agung
lan ngampil kewala
Ki Maja kang datan kari
Basah Kamil lan Raden Prawiradirja.

87. Abu Sungeb mapan samya kudanipun
sakawan punika
Prang Gemuh lan Madras iki
lan pun Semar pan samya kuda payudan.

88. Saking Klanggen alampahan tigang dalu
marang ing Rejasa
sadina kewala prapti
langkung kaget panembahan methuk nulya.

89. Lan Pangeran Ngabdul Majid lawan iku
Pangran Dipasuma
apan iku nembe mijil
saking Yogya lajeng anungkemi pada.

90. Nanging maksih neng luhur turangga iku
padanya Jeng Sultan
sinungkeman kanan - kering
mring kang rayi tanapi lawan kang putra.

91. Ri sawusnya Kangjeng Sultan nulya laju
Kangjeng Panembahan
katingal gya malajengi
Sri Narendra nulya tedhak saking kuda.

92. Panembahan Jeng Sultan nulya rinangkul
pan semu karuna
lir supena ing tyas neki
apan lenggah sakedhap aneng pandhapa.

93. Kang pra sunu sadayanya samya methuk
lajeng tata lenggah
nging Jeng Ratu tan kaeksi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Panembahan aris denira tatanya.

94. Dene Sultan kundur tan ngiring wadyeku
lan ngampil tan ana
Ki Maja Lan adhi Bei
apa sira Sultan kaseser ing yuda.

95. Ingkang ngiring pan namung jaranan telu
banjur datan ana
dadya mung prapta pribadi
lawan gamel sawiji pan ora nggawa.

96. Banget temen ing kageting atiningsun
mesem Sri Narendra
lawan angandika aris
"Putra ndika Kyai tan wonten katingal."

97. Kang pra putri punika pepak sadarum
ingkang sepuh samya
lajeng atur salam sami
ingkang anem sampun ngabekti sadaya.

98. Raden Ayu Panembahan sepuh matur
"Pan rayi Paduka
Jeng Ratu kula aturi
miyos datan arsa,"mesem Sri Narendra.

99. Ris ngandika, "Kiyai sampeyan kantun
neng ngriki kewala
kawula tan kawon jurit
selak arsa wuninga putra sampeyan."

100. Marma kantun punika sadayanipun
mangke ingkang prapta
yen sowan ndika panggihi
nulya kundur mesem Kanjeng Panembahan.

101. Kangjeng Sultan kang ndherek Dyan Ayu Sepuh
dalem tan kapanggya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lajeng mring panepen nuli
lan Narendra Kangjeng Ratu wus kapanggya.

102. Tan winarna sadaya niskaranipun
mapan ya mangkana
Jeng Ratu salami neki
sampun lami tan kapanggih ingkang raka.

103. Pan kalangkung Kangjeng Ratu lingsemipun
ingkang ndherek samya
paran putra wangsul sami
Kangjeng Sultán Kangjeng Ratu tan winarna.

104. Ingkang lagya sami sanget onengipun
mangkana winarna
Kyai Maja lagya prapti
lawan ngampil myang sagung para ngulama.

105. Lawan putra santana lan pratiwa nung
rame kang tabuhan
langkung kathah kang ningali
ing samarga langkung asri lampahira.

106. Kang Bulkiya prajurit Pinilih sagung
wus prapta sadaya
Basah Dullah sampun panggih
lan Ki Maja lajeng sowan mring Sang Nata.

107. Panembahan ingkang mangihi sadarum
aneng ing pandhapa
inguni pan wus winulang
Panembahan wau dhumateng kang putra.

108. Kyai maja lajeng atur salam sampun
myang Syeh Basah Ngusman
lan sagung ngulama sami
kang pratiwa samya tur bekti sadaya.

109. Lawan ingkang pra putra santana iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Panembahan nabda
aris sarwi mesem iki
"Kyai Maja ing mangke Ratu andika.

110. Ora kena lamun sinebaa iku
lagya mangun tapa
pan manira ingkang wakil
apan kinen nemoni marang andika."

111. Nulya samya pinaring dhaharan sagung
waradin sadaya
lawan pagujengan sami
apan sampun tan wonten ingkang tinata.

112. Nulya Kangjeng Panembahan ngandika rum
dhumateng Ki Maja
pan sagung kang samya prapti
wus kalilan kinen mantuk sowang - sowang.

113. Dadya samya inggar tyasira sadarum
apan badhe panggya
lan anak rabinya sami
sampun mundur sing ngarsa Jeng Panembahan.

114. Kang prajurit samya nembang tengareku
budhal sing Rejasa
samya mantuk wismaneki
sowang - sowang mangkana ingkang winarna.

115. Kangjeng Sultan mapan sampun paras iku
ing bakda Jumungah.
dadya sami bela iki
sagung Islam pan sampun cukur sadaya.

116. Myang pakathik buruh kere bela cukur
punika sadaya
datan mawi den dhawuhi
dadya sampun karsaning Allah ta'ala.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

117. Sagung Islam tinengeran samya gundhul
murtad reyab - reyab
bathilan sagung wong kapir
wektu iku tengeranira mangkana.

118. Datan lami Pangran Bei prapta sampun
lan Pangran Disurya
miwah sang prajurit neki
lajeng sowan dhateng Kangjeng Sri Narendra.

119. Apan nuju lenggah neng pandhapi iku
lan Jeng Panembahan
Ki Maja kang munggeng ngarsi
lan ngulama lan sagung putra santana.

120. Pangran Harya Ngabdurrahman Ngabei ku
nulya atur salam
dhumateng Sri Narapati
Pangran Harya Ngabdurrakim Hadisurya.

121. Ngaras suku ri wus tata lenggah iku
Sang Nata ngandika
"Dene paman inggal prapti
kadi pundi ing Pajang sapengker kula."

122. Pangran Bei mangkana ing aturipun
"Lujeng sapunika
nanging baris mundur sami
saking Klanggen apan baris wonten Maja.

123. Natapraja inggih mundur barisipun
wonten Majaraga
lan sampun kula pirsani
ing sawetan radinan radin sadaya.

124. Kang prajurit mapan sampun campuh sewu
kapir sapunika
pan datan purun ngedali

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marma mantuk kawula yun cukur ika.

125. Lan anak mas mapan sampun samya mantuk
sawarnining tiyang
apan sampun cukur sami,"
Sri Narendra mesem aris angandika.

126. "Paman Pajang punapa tan wonten riku,"
Pangran Bei turnya
"Mapan kula tantun sami
Basah Kasan Besari lan Natapraja.

127. Samya sagah yen tengga kaliyanipun
nanging lamun minggah
kalihnya dereng kuwawi
lawan Basah Ngabdul Latip Martalaya.

128. Pundi ingkang awrat kula ken tutulung
yen kedhik kewala
kados sampun tan matosi,"
nulya luwar Sang Nata dennya sineba.

129. Basah tiga Bagelen pan samya nuwun
tindhih lintunira
Kangjeng Pangeran Dipati
kang den suwun Jeng Pangran Dipanagara.

130. Kangjeng Sultan apan wus marengi iku
nging panuwunira
Jeng Pangran Dipanagara
kang prajurit Mantawis satus binekta.

131. Wus kalilan Kangjeng Pangran budhal sampun
mring Bagelen ika
marma nuwun tindhih sami
Basah tiga pan asring sulayanira.

132. Enengena Bagelen Pajang winuwus
Pangran Natapraja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lan Basah Kasan Besari
mapan asring kinggahan mring kapir ika.

133. Lawan murtad pan asring kaseseripun
nulya tur wuninga
dadyajeng Sultan nindaki
dhateng Pajang kalawan sawadya kuswa.

134. Sampun rawuh ing Gendaren kang Sinuhun
lajeng masanggrahan
samana kapir ndhatengi
saking Bayalali langkung agengira.

135. Wadya Pajang mapan tan kuwawi iku
nulya tur wuninga
mring Kangjeng Sri Narapati
Basah kalih kang tinuding methukena.

136. Nulya mangkat Pinilih Suraya sagung
myang wadya Bulkiya
samana pan sampun prapti
ing Jruk Gulung kapethuk gya campuh yuda.

137. Langkung rame pan kapir kuciwa iku
apan kathah pejah
kalawan kang murtad sami
pan lumajeng kenging ingkang mriyem tiga.

138. Pan satunggal prajurit Pajang puniku
prapta sabilullah
Rangga ing Kelowong iki
Dipareja nenggih namaning punika.

139. Basah kalih wus mundur sing Jeruk gulung
lan sakancanira
wus prapta Gedaren iki
ngaturaken bandhangan mriyem titiga.

140. Dadya kendhak manah kapir malihipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan purun medala
nulya kundur Sri Bupati
ing Rejasa tan winarna marga prapta.

141. Pangran Bei rembag lan Ki Maja iku
myang sagung pratiwa
ingkang agung - agung sami
yen manggunga Sang Nata tedhak priyangga.

142. Dadya sagung pratiwa tanpa karyeku
mangkana rinembag
kang wadya Mantaram sami
mapan gilir atugur dhateng ing Pajang.

143. Apan sewu prajurit giliranipun
ing sawulanira
bantoni Kasan Besari
Pangran Natapraja apan bantunira.

144. Pitung atus sabab kedhik watosipun
Gunung Kidul ika
mapan sampun radin sami
ing Pacitan lan Ngawi mapan wus bedhah.

145. Basah Ngabdur Katib mangke rembagipun
pinundhut punika
wontena ngarsa Narpati
dados jangkep Basah tiga malih ika.

146. Ingkang pancen punika jagi tutulung
gya katur Narendra
mangkana rembagnya sami
wus marengi mapan samya dhinawuhan.

147. Pangran Harya Ngabdurrakim amung tunggu
ing tanah kewala
sakilen Ngayogya sami
ingkang kidul Pangeran Suryawijaya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

148. Ingkang gilir pan namung Tumenggungipun
kang kidul punika
Rahaden Jayanagari
ingkang kilen Pangeran Sumanagara.

149. Ngirid sagung prajurit lan pra Tumenggung
mangkana wus dadya
saben wulan gilir sami
lawan malih karsanira Sri Narendra.

150. Ingkang rayi Pangran Ngabdulmajid iku
mapan kinen tengga
ing Kuwanen lawan malih
anampeni lapuran Pajang sadaya.

151. Ingkang putra Pangran Dipakusumeku
kedah nuwun medal
mangkana wus den lilani
anindhihi barisane desa Sela.

152. Kang Bupati Raden Haryasinduijeku
Pelunang barisnya
pan langkung santosa sami
ingkang eler Jatosanun pan sadaya.

153. Barisipun Basah Kasan Besari ku
mapan binantonan
sewu wadya ing Mantawis
ingkang wetan radinan mapan sadaya.

154. Ngantos dugi ing redi kidul puniku
Pangran Natapraja
mapan iya den bantoni
pitung atus nenggih prajurit Mantaram.

155. Pan puniku apan giliran sadarum
marmanya santosa
mangkana nuju marengi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Dyan Tumenggung Jayanagara gilirnya.

156. Pan sarengan kalayan Kyai Tumenggung
Mangkuyuda ika
apan lagya aso sami
pan kalawan prajuritira sadaya.

157. Neng Jatosnem Basah Kasan Besari ku
kaburu ing mengsah
mangkana salamineki
kapir murtad pan nginjen - injen kewala.

158. Lamun mantuk prajurit Mantaram iku
gilir dereng prapta
mapan lajeng ambedhili
kapir murtad Basah pan ingoyak - oyak.

159. Ngantos prapta Jatosnem palajengipun
kapir ngidul ika
mangkana wong Pajang sami
sareng mulat Jatosnem ana barisnya.

160. Pan tinarka mengsah ingkang nyegat iku
tambuh polahira
mangetan wus den cegati
saking dharat prajuritnya Mangkuyuda.

161. Apan ing ler panggenaning saradhadhu
mangkana na wikan
para tamtama kaeksi
nulya warti yen Raden Jayanagara.

162. Basah Pajang mapan asrep manahipun
lajeng lampahira
lawan saprajurit neki
sampun panggih lan Raden Jayanagara.

163. Atanapi lawan Ki Mangkuyudeku
kapir murtad prapta

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jayanagara nabda ris
Mangke kula Kiyai badhe rembagan.

165. Kados pundi Ki Mangkuyuda puniku
mengsah sampun prapta
nging punika mara kalih,"
Mangkuyuda mangkana ing aturira.

166. "Daweg anak pan sami bubuhan iku
nggih sampun kabegjan
yen mundura dhateng pundi
mapan sampun samya kabetah punika.

167. Pan kawula ngajengken kang kedhikiku
ingkang saking wetan
pun anak ngajengna iki
ingkang kathah pan angger inggih punika.

168. Kanca Pajang sampun wonten tumut - tumut
pan mindhak kapiran,"
mapan sampun rembag sami
mengsah ngedrel lawan mariyemi ika.

169. Raden Jayanagara ngabani sampun
nyalompret anulya
lawan tambur tata sami
langkung nggregut wadya prawira tamtama.

170. Mangkuyuda anulya nimbangi nambur
dupi injingira
sareng medal campuh nuli
kapir murtad sakalangkung pangedrelnya.

171. Kang mariyem apan wus lajeng kalangkung
prawira tamtama
lajeng nusup kukus sami
tan prabeda kalawan Ki Mangkuyuda.

172. Nulya ruket sanjata lit pejah sampun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nging waos kewala
acaruk lan sangkuh sami
pedhang caruk kalawan dhuwung punika.

173. Kami - purun kapir murtad gya lumayu
balasah bangkenya
Islam mapan lujeng sami
namung tiga ingkang prapta sabilira.

174. Apan samya prajurit jajar puniku
kalih kang tamtama
Sendhangpitu kang satunggil
wadya Pajang lajeng ambujeng sadaya.

175. Pan mangkana yen yuda salaminipun
mung mbujung lan nyegat
wis purun tadhah pribadi
•marma saya kathah kapir bungkemira.

176. Ingkang aneng ngajeng samya nlasah iku
ingkang kecer kathah
wadya Pajang kang mejahi
Raden Jayanagara bandhanganira.

177. Apan antuk kalih mariyem puniku
Kyai Mangkuyuda,
pan satunggil mriyem neki
bangke murtad Mancanagara pan kathah.

178. Panaraga kalawan Kediri iku
apan mantri samya
ing Sala mangkono maning
sampun katur dhateng Kangjeng Sri Narendra.

179. Kang bandhangan Mariyem tiga puniku
mapan Kyai Maja
sangsaya tekabur neki
ya ta mesem Jeng Pangran Ngabei ika.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

180. Wus dinuga yen geseh lapuranipun
pan adat mangkana
kalamun ana mung prapti
wadya Pajang apan lumayu kewala.

181. Basahira ingkang marahi lumayu
pan salaminira
katanggor wadya Mantawis
yen wus menang nulya ingaku kewala.

182. Pan ing radinan wetan mangkono iku
Pangran Natapraja
langkung rame jurit neki
apan mengsah lan Pangran Mangkunagara.

183. Mapan sareng tinilar Basah puniku
Ngabdul Latip ika
wong ing Pajang purun malih
Gunung Kidul pan iku padha mangkana.

184. Natapraja kantun namung banthengipun
Mas Tumenggung ika
Mangunnagara kang dadi
mapan Mangkunagaran asring kuciwa.

185. Bawah Nataprajan pan kalih Tumenggung
ingkang sabilullah
Masaran lan Weru iki
dadya Pangran mundur pasanggrahanira.

186. Neng Tembayat nanging lamun prapta iku
prajurit Mataram
majeng dhateng Majaragi
Basah Kasan Besari apan mangkana.

187. Lamun durung prapta ingkang gilir mundur
mapan barisira
pan aneng Nglanggi puniki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lamun prapta majeng dhumateng ing Maja.

188. Kawarnaa Jendral De Kok kang winuwus
langkung kewranira
sabab asring kawon jurit
mapan namung kantun jailnya kewala.

189. Sagung ingkang Senapati ingkang agung
ingkang santosa prang
pan sinukan surat sami
nanging mungel saking residen sadaya.

190. Sala Kedu Yogya mangkana karyeku
kang Residen samya
angecuk lan ngebang sami
ingkang surat sadaya sami ungelnya.

191. Nanging sagung kang tiniban surat iku
lajeng katur ika
kang surat mring Sri Bupati
malah ingkang kengkenan sring pinejahan.

192. Pan sangsaya Jendral kewran ing tyasipun
nulya layonira
Pangran Mangkudiningrati
kinundurken kang den suprih putranira.

193. Pan sadaya punika sageda teluk
nanging meksa nora
dadya Kangjeng Sultan nuli
ingkang sepuh mapan kinundurken nulya.

194. Pan mangkana Jendral De Kok esthinipun
mangsa tan kenaa
sabab iku apan sami
sagung ingkang pra putra wayah sadaya.

195. Lawan ingkang abdi punika sadarum
kang Bupati samya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wonten kang kamantu iki
putra wayah buyut mapan iya ana.

196. Sareng sampun prapta Ngayogya nulyeku
tinempahken ika
mring Jeng Sultan praptaneki
sagung ingkang putra wayah praptanira.

197. Myang Tumenggung sadaya ing praptanipun
jalu myang wanudya
pan sanyata iku sami
putra wayah Sinuhun Sepuh sadaya.

198. Nulya sami pinaring surat sadarum
mapan ingandikan
sagung putra wayah sami
jalu estri lawan Bupati sadaya.

199. Atanapi kangjeng Panembahan iku
samya aturira
ajrih mring kang wayah iki
Kangjeng Sultan mangkana wangsulanira.

200. Gya pinaring sadaya wangsulanipun
mring Jendral mangkana
nulya Jendral aken malih
kang Sinuwun Sepuh kinen kintun serat.

201. Mring kang wayah Kangjeng Sultan prapta sampun
kalawan pratela
yen Jendral tan lepat ugi
ingkang lepat pan inggih Residenira.

202. "Dene iki Residen uwis den ukum
putu wis muliha
pan aja kadawa iki
anoliha putu sira marang ingwang."

203. Kangjeng Sultan pan awrat amatur tuhu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

malah datan arsa
aningali surat yekti
wis dinugi yen Jendral karenahira.

204. Ingkang eyang pan saking kapipitipun
marmanya mangkana
ingkang paman Pangran Bei
ingkang kinen amangsuli mring kang eyang.

205. Kangjeng Sultan mapan ajrih halatipun
dhumateng kang eyang
marma tan arsa ningali
dadya sampun pitajeng dhateng kang Eyang.

206. Malah serat wangsulan tan arsa ndulu
Kangjeng Sri Narendra
mangkana timbalan neki
mring kang paman lawan Kangjeng Panembahan.

207. Myang sagunging kang para ngulama iku
padha saksenana
panuwuningsun mring Widhi
lamun estu luhure ing Tanah Jawa.

208. Kangjeng Eyang muga menangana iki
aja huru seda
pan ingsun arsa ngabekti
lamun ora aywa menangi Jeng Eyang.

209. Dadi ingsun mundhak karya susahipun
sadaya punika
sandika aturnya sami
nulya ana kang pamit mring Sri Narendra.

210. Apan ingkang bibi Kangjeng Ratu ibu
nenggih namanira
Dyan Ayu Asmaraningsih
pan kalilan lajeng kinen ndherekena.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

211. Kunduripun dhumateng Ngayogya iku
lan winding ika
mring Kangjeng Sri Narapati
niapan kadya kang mungel ngajcng punika.

21 2. Praptanipun Ngayogya wus tan cinatur
inangkana winarna
Ki Maja sänget turneki
Kangjeng Sultan ngaturan mbedhah ing Sala.

213. Sabab datan wonten kawekasanipun
yen boten rinusak
gung murtad ing Sala sami
mindhak dados wadhahe kapir punika.

214. Marnianipun Ki Maja sänget turipun
watose punika
watos mring Kasan Besari
sabab asring kaseser nggenira yuda.

215. Lamun dereng prapta prajurit Mantarum
lan asring sulaya
sagung ingkang bantu sami
pan sadaya tyasira pan semu gela.

216. Lamun tangled wong Pajang asring lumayu
añilar kewala
dadya katempuh Mantawis
saben - saben Prajurit Pajang mangkana.

217. Kyai Maja pan sampun wuninga iku
ingkang dadya gela
mring sagung wadya Mantawis
manna ajrih bilili kapyarsa Sri Nata.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XV. SINOM

1. Nanging Kangjeng Sri Narendra
wus lami datan nuruti
mring aturira Ki Maja
mangkana karsaning Widdhi,
Sang Nata apan gampil
anuruti aturipun
dhumateng Kyai Maja
pan samya kinen ndhawuhi
marang sagung wadya Mataram sadaya.

2. Pangeran Bei aturnya
dhateng Kangjeng Sri Bupati
yen pareng karsa Paduka
inggih Basa Ngabdul Katib
binektakaken malih
dhateng pun Nataprajeku
amrih sami santosa
Sang Nata sanipun marengi
niapan kinen lajeng ndhawuhi punika.

3. Lawan kinen rumiyina
Bupati wetan Yogyeki
kalamun panggih neng griya
sadaya pan kinen ngerig
sarenga lampah neki
lawan Dyan Basah sadarum
lan Pangran Natapraja
pan lajeng kinen ndhawuhi
yen Sang Nata arsa mbedhah Surakarta.

4. Prajurit Pajang punika
kang bawah Nataprajeki
sawetan margi sadaya
mapan kinen ngriga sami
lawan manjinga iki
ing Baki barisan iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Basali matur sandika
nulya atengareng jurit
pan sumahab sagung ingkang baia kuswa.

5. Dyan Basali Dui Katib budhal
kalawan sakancaneki
samana wus tan winarna
kawarnaa Sri Bupati
ngrasuk busananeng jurit
wadya gung sumahab sainpun
Basali kalih punika
Kyai Maja Pangran Bei
wus samekta Kangjeng Ratu kang winarna.

6. Sadangunira punika
ngladosi kang raka iki
wau denira busana
la uhi n Jeng ratu ningali
dliateng Sri Narapati
pan kumembeng waspanipun
Sri Narendra tumingal
lamun kang rayi prihatin
gya sinambut pinangku sang lir kusuma.

7. Sarta angelus Sri Nata
Sri Narpa ngandika aris
"Nak angger inten kumala
punapa kang dadi rujit
karya kepyuring ati
mas mirali pun kakang est»
nuwunun ngandikaa
lamun dasili tan udani
ingkang dadya rujit karya eki-ela.

8. Yen tan kalilan bendara,
pun kakang lumakyeng jurit
sayekti mangsa sidoa,

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Ratu matur aris
nuwun ngapunten Aji
kawula mapan saestu
ing tyas pan datan sedya
yen karya keron tyas Aji
namung netra kang kedah medal kewala.

9. Tan pirsa karya Hyang Suksma
kawula lamun ningali
inggih dhumateng Paduka
netra kedah nibrebes mili
mesem Sri Narapati
punapa wandea masku
pun kakang magut yuda
Kangjeng Ratu matur aris
"Yen wandea Dewaji kalangkung nistha.

10. Pan abdi sampun samekta"
mangkana Sri Narapati
ri wusnya mit miyos nulya
gya nembang tengareng jurit
budhal kang wadya pangarsi
Bulkiya kang munggeng ngayun
anulya sinambungan
Suraya lawan Pinilih
Pangran Bei Ki Maja nambungi nulya.

11. Kang munggeng ngarsa Narendra
Mandhung Mantri lebet iki
wuri ngampil Suranata
lawan Suryagama nenggih
myang putra santaneki
Bupati Miji sadarum
sampun budhal sadaya
saking Rejasa puniki
lampahira kadya wredu angga sasra.

12. Dene sagung Senapatya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sadaya wus kinen dhingin
mangkana wus tan winarna
ing marga Sri Narapati
prapta Gendaren iki
masanggrahan Jeng Sinuhun
lan sagung wadyabala
tigang dina winatawis
tata-tata lawan ngasokaken bala.

13. Pangeran Dipakusuma
Raden Riya Sindurjeki
lan Tumenggung Sumayuda
tan kalilan ndherek sami
kinen maksia baris
neng desa Sela puniku
sampun karsaning Suksma
Kangjeng Sultan karsaneki
kang katingal jroning driya mung kang garwa.

14. Ana ing Daren punika
pan dalu kinen meteki
kang boyongan nyonyah Cina
Kangjeng Sultan salah kardi
saking tyas mring kang rayi
kinarya panglipur wuyung
injing anulya budhal
nyare ing Maja sawengi
Basah Kasan Besari sakancanira.

15. Prajurit Pajang sadaya
mapan kang kinen rumiyin
ingkang dadya tindhihira
Tumenggung Martaleyeki
lawan sakancaneki
kang prajurit Mandhung satus
lajeng kinen nggitika
ingkang baris Meneng iki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sampun prapta ing Meneng campuh ngayuda.

16. Lan prajurit Surakarta
rame mung sakedhap iki
prajurit Sala kuciwa
lumajeng lajeng den nggeni
ing Meneng baris neki
mring Raden Martalayeku
nulya atur uninga
gya budhal Sri Narapati
saking Maja kalawan sawadya kuswa.

17. Sampun prapta Sukaraja
masanggrahan Sri Bupati
prajurit Pajang sadaya
kinen baris Gawok sami
Pangran Nataprajeki
lan Basah sakancanipun
Ngabdul Latip punika
kinen lajeng baris Baki
tart winarna kawarnaa Sokaraja.

18. Sareng injing inginggahan
kapir lawan murtad sami
saking Nagri Surakarta
ing Gawok pan sampun prapti
Basah Kasan Besari
ingkang methuk yudanipun
lan Raden Martalaya
sampun campuh ing ngajurit
pan kuciwa prajurit ing Pajang ika.

19. Lawan Mandhung mundur samya,
kalawan atur upaksi
dhumateng ing Sukaraja
lamun sampun tan kuwawi
kang mengsah agung iki

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Jeng Sultan nudingi sampun
mring prajurit Bulkiya
Suraya lawan Pinilih
lan prajurit nenggih prawira tamtama.

20. Anulya nembang tengara
budlial sing Sukarajeki
Muhamad Ngusman Li Basali
lan Jeng Gusti Imam Kamil
Li Basali kang nindhilii
lan Den Jayanagareku
samana sampun prapta
ing sakilen Gawok sami
wus kapethuk ing mengsali campuli ing yuda.

21. Namung ararne sakedhap
mangkana sareng udani
mengsah kapir lawan murtad
kalamun kang Basali kalili
ingkang methuk ing jurit
mapan maksih mambu ilu
kapir kalawan murtad
anulya lumayu sami
undurira mring Nagari Surakarta.

22. Mapan tan kenging tinaia
mangkana Radyan Dipati
Sasra kantun songsongira
langkung geger Kartawani
lawan kangjanma ngili
ajejel neng ngalun-alun
mangkana kang winarna
Kangjeng Sultan den aturi
mring Ki Maja lajeng mbedhah Surakarta.

23. Nanging Kangjeng Sri Narendra
ingkang tyas pan mangsa katri
kadya wus karsaning Suksma

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring risake santaneki
mangkana Sri Bupati
Kang Sinuhun mring Hyang Agung
mung engeta kewala
marang parentahing Nabi
pan sadaya sagung wong murtad punika.

24. Iya ing satanah Jawa
dene ingkang kaping kalih
ajrih bilih manggih lalat
dhumateng kang samya swargi
mapan ping tiganeki
maksih enget wastanipun
duk iya angkatira
saking ing Rejasa nguni
dadi kang tyas pan rangu-rangu kewala;

25. Nanging Kyai Maja meksa
asanget aturireki
Kangjeng Sultan ingaturan
mapan tedhak anjenengi
saking sanget tur neki
Sri Narendra dadya nurut
Pangeran Bei nulya
utusan paring udani
marang Basah lan Pangeran Natapraja.

26. Kinen majeng malih ika
nenggih ing barisaneki
mangkana wus tan winarna
ing Sukaraja winarni
injing tengara nitir
wus budhal kang wadya agung
saking ing Sukaraja
Sri Narendra aneng wuri
ginarebeg mring sagung putra santana.

27. Samarga ka pet link yuda

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wong Sala wus angundhili
mapan lumayu kewala
prapta kiduling Cemani
kendel Sri Narapati
mapan arsa salat luhur
lan sagung wadyabala
mapan sampun salat sanii
bakda salat pan sedya ngasokken bala.

28. Mangkana kang baris ngarsa
pan Basah Kasan Besari
kalawan sakaneanira
prajurit ing Pajang sami
kadhatengan puniki
mengsah saking Sala iku
kalangkung dening kathah
kapir murtad Sala kerig
pan lumajeng sarta ngaturi uninga.

29. Apan Asar wancinira
pan wus cuwa ing ngajurit
samana mengsah gya prapta
sagung. murtad lawan kapir
pinethukaken nuli
mring sagung kang pra Tumenggung
Raden Jayawinata
lawan Mas Wiryanagari
Kyai Mangkuyuda lan Jayanagara.

30. Pan lagya ajeng-ajengan
sanjata sakedliap sami
nulya Kangjeng Sri Narendra
kundur mring Sukarajeki
sagung kang pra Dipati
sadaya pan kinen mundur
kasaput dulu ika
sampun sapili ingkangjurit

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wangsul malih masanggrahan Sukaraja.

31. Satuhu kang tyas Narendra
pan namung karya ngecani
mring panuwune Ki Maja
mangkana Sri Narapati
tan eca ingkang galih
neng Sukaraja puniku
nging lingsem tan ngandika
ingaturan majeng malih
mring Ki Maja Kangjeng Sultan datan karsa.

32. Samana apan antara
tigang dina kapir prapti
kalawan murtad punika
medal margi ageng niki
Basah Kasan Besari
tan purun methukken iku
namung atur uninga
Sang Nata nuju siniwi
Kyai Maja kang munggeng ngarsa Narendra.

33. Lan sagung kang pra ngulama
atanapi Pangran Bei
Pangran Ngabdul Majid ika
kalawan kang Basah kalih
myang sagung pra Dipati
Ki Maja meksa turipun
Kangjeng Sultan ngaturan
ambedhah ing Kartawani
Sri Naendra anantun dhateng kang paman.

34. Lawan Basah sakaliyan
mangkana samya turneki
"Pan abdi dalem sadaya
Mantawis dereng udani
Sala pakewet neki
kalawan kang gampil tuhu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

inggih lamun wontena
ingkang pantes dados margi
pan prayogi datan ngekathahi karya.

35. Pan wonten ngriki kewala
yen kanca Pajang ngowani
pan inggih mangsa sanesa
Ki Maja sänget tyas neki
dhateng Pangeran Bei,"
dereng dumugi punika
nggennya imbal wacana
kang kinen tur uning prapti
lamun mengsah sampun prapta ing Wiyagang.

36. Kangjeng Sultan angandika
mring kang paman Pangran Bei
lawan Basah kalihira
pan kinen methuk ing jurit
lan sagung pra Dipati
Basah kalih aturipun
nanging panuwun amba
paduka sampun mirsani
alenggaha aneng ngriki nggih kewala.

37. Dene didalem sadaya
pan kawula suwun sami
tinindhihana Ki Maja
Kangjeng Sultan wus marengi
ingkang kantun ngarsa Ji
namung punakawan iku
gamel ngampil punika
wus dadya rembagnya sami
nulya samya mundur sing ngarsa Narendra.

38. Anulya nembang tengara
tan antara husar prapti
nulya pinethukken ika
dhumateng wadya pinilih

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

húsar lumayu bali
mring Wiyagang nedha tulung
dhateng Pilang gilirnya
mangkana kang Basah kalih
Pangran Bei lan Raden Jayanagara.

39. Puthut Lawa Jawinata
myang sagung prajurit sami
ngilen nurut padhusunan
Ki Maja mangaler iki
lan Pangran Ngabdul Majid
myang sagung ngulama iku
Suranata kalawan
Suryagama datan kari
sampun tata kapir murtad nulya prapta.

40. Saking Wiyagang sadaya
anglempak dhusun Satunggil
nulya kang mriyem punika
dhateng pasanggrahan Aji
apan tinitir-titir
kang mimis langkung dresipun
bubar kang punakawan
ampingan kajeng kuweni
Sri Narendra samana tumut ampingan.

41. Lawan kang paman satunggal
ingkang ñama Pangran Wijil
langkung andhap alitira
rebatan kajeng kuweni
lawan Sri Narapati
mapan gugujengan iku
mangkana aturira
"ngGih sampun kula neng wingking
alah kayu dene kalingan Narendra.

42. Tur iku mangsa katona"
dadya samya sukaneki
mangkana wus tan winarna

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kawarnaa ingkang jurit
nenggih murtad lan kapir
langkung kagyat sareng ndulu
Islam malih punika
nulya kapir mara katri
mapan sampun pinethukken sowang-sowang.

43. Kang kidul kilen punika
kapir murtad lawan sami
tempuh lawan Bulkiya
Pinilih Suraya iki
tamtama datan kari
kapir murtad mambu ilu
pan kaburu sadaya
ngungsi marang mriyem neki
nulya ngangseg Pinilih lawan Bulkiya.

44. Suraya lawan tamtama
kapir murtad langkung giris
lajeng barondong sanjata
binendrong mariyem sami
nanging kang Basah kalih
tiga Jayanagareku
wus datan marduli ika
lawan sakancanireki
amung kantun ngentosi Kiyai Maja.

45. Kapir murtad sakancanya
sanjatanya wus tan muni
mapan saking kasesanya
pan Basah Kasan Besari
yudanira kalindhih
prajurit Pajang sadarum
lan sagung pra Dipatya
Ki Maja lumayu nggendring
tur uninga dhateng Kangjeng Sri Narendra.

46. Angaturan magut yuda

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangkana Sri Narapati
apan maksih ping-ampingan
ana ing uwit kuweni
langkung tyasnya Narpati
mapan tan sakeca iku
nging lingsem ngandikanya
mangkana ngandika aris
"Heh Ki Maja apa ingsun sira tarka.

47. Iya wedia palastra"
nulya lumampah Sang Aji
ingkang ndherek mung kang paman
inggih Kangjeng Pangran Wijil
gamel kalawan ngampil
punakawan samya kantun
pan maksih lit sadaya
Kangjeng Sultán datan nitih
kang turangga apan kinarung kewala.

48. Neng wingking Ki Jayacapa
nanging asring mogok neki
punika sagamel samya
mangkana sareng udani
kapir lan murtad sami
kalamun ingkang Sinuhun
nyarirani ayuda
nulya kang mariyem sami
ingajengken kinarubut Sri Narendra.

49. Pan leres margi geng ika
lampahnya Sri Narapati
pan kadya kinarya lesan
Ki Maja wus tan kaeksi
tan tahan aningali
Myang swaraning mimis iku
dadya nyimpang Ki Maja
mangkana ingkang winarni

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Raden Dullah Prawiradirja duk mulat.

50. Lan Raden Jayanagara
kalamun Sri Narapati
anyarirani ing yuda
dharat tan nitih turanggi
langkung tyasira kalih
mudhun saking kudanipun
lumajeng prapteng ngarsa
lawan ngemu waspa kalih
kancanira mapan tinilar sadaya.

51. Yun matur langkung jrih samya
dadya lumampah neng ngarsi
punggawa kalih punika
sadaya samya neng wuri
mindhak waspaos neki
kapir ing panyipatipun
kang den angkah sirahnya
punika punggawa kalih
sabab samya andhap alit kalihira;

52. Dadya leres jajanira
nanging pitulunging Widdhi
mimis datan tibeng jaja
sampeyan kang asring kenging
kontalira nibani
Pangran Wijil embanipun
lajeng putung sukunya
gya ingunduraken nuli
pan mangkana Dyan Dullah Prawiradirja.

53. Lan Raden Jayanagara
Sri Narendra saben kenging
mimis kalih sambatira
nanging Gustiku pan sami
lan kendel aningali
dhumateng ingkang Sinuhun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dadya dangu lampahnya
Sri Narendra ngandika ris
"Heh ta Senthot aja mandheg mayong sira.

54. Wus payo banjur kewala"
mangkana karsaning Widhi
kenging malih Sri Narendra
mapan angraos Narpati
lir ginebag jajaneki
ingkang mimis waja rempu
aneng jaja punika
mapan ngantos ting palirik
dadya sampyuh kang jaja medal ludirá.

55. Sareng miyarsa Narendra
apeg kang rasukan abrit
nulya enget mring kang garwa
mangkana esthining galih
paran polahireki
lamun ingsun tinggal lampus
lawan maning den nistha
lamun ingsun mati dhingin
kaya durung kalilan Allah ta'ala.

56. Enteke kapir ku iya
mangkana Sri Narapati
apan langkung lingsemira
mundhur sing payudan nuli
tumungkul lampah neki
sap-usap kinarya kudhung
datan ningali janma
samana gamel udani
yen Sang Nata katingal abrit kang jaja.

57. Nulya Kyai Jayacapa
ingaturaken gya nitih
mangkana Ki Jayacapa
apan kadya wus udani

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen kanin Sri Bupati
lajeng binekta lumayu
mapan tan medal marga
ngidul ngilen lampah neki
datan ngetang puluh jurang Jayacapa.

58. Mapan lir ngambah radinan
saking marmaning Hyang Widdhi
dadya na kang tuduh marga
samana ingkang winarni
Dullah Wiradirjeki
lan Jayanagara iku
tumingal mring Narendra
kalamun kang jaja kanin
pan lumajeng warti mring Basah kalihnya.

59. Sadaya ambeg palastra
kalih warti samya nangis
mangkana Ngusman Ki Basah
lan Gusti Mam Basah Kamil
sedya ngamuk pan sami
Bulkiya atinya nggregut
Suraya lan tamtama
Syeh Ngusman Ki Basah iki
sampun mandhi waos Kyai Barutuba.

60. Basah Imam Kyai Macan
mapan rempeg majeng sami
lannat kapir pandirangan
tan prabeda murtad neki
ananging ngrutug bedhil
kalawan mariyemipun
kang wuri ngebyuk samya
samana na gandhek prapti
apan mindha utusanira Narendra.

61. nDhawuhi Basah kalihnya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan kalilan magut jurit
sadaya kinen ngundurna
sagunge ingkang prajurit
dene Sri Narapati
pan maksih waluya iku
sadaya ingandikan
mangkana ing Basah kalih
langkung cuwa nging ajrih yen nglajengena.

62. Mung kantun kedhik kewala
injingnya pan saos sami
anulya dhinawuhan
sagung kang para prajurit
marang bawahnya sami
sadaya pan kinen mundur
dadya kalangkung cuwa
sagunging ingkang prajurit
dadya mundur ajrih timbalan Sang Nata.

63. Kapir murtad apan samya
datan purun anututi
mangkana ingkang winarna
Ki Maja sareng udani
mundur sagung prajurit
Sri Narendra tan kadulu
mapan tambuh polahnya
kudanira tan kapanggih
dipun bekta lumajeng lan gamelira.

64. Kudanya Secanagara
Ki Maja kang den tunggangi
pan saking kasesanira
mapan nyander anututi
dhateng Sri Narapati
lan Pangran Dul Majid iku
mangkana wus apanggya
neng margi lan Sri Bupati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lajeng kendel ing Daren Sri Naranata.

65. Pan kendel sakedhap ika
nenggih Pangran Ngabdul Majid
ingkang umatur punika
ngambeni brana Narpati
srebanira kinardi
Pangran Ngabdul Majid iku
mapan sarwi karuna
Sang Nata mesem nabda ris
wus ta adhi iya ora dadi apa.

66. Nulya mangkat Sri Narendra
kang abdi wus kathah prapti
tan antara prapta nulya
Kuwanen Sri Narapati
Pangeran Ngabdul Majid
angaturi nyare iku
Sri Narendra tan arsa
pangandikanya Narpati
"Ingsun adhi kuwatir bokayunira.

67. Kalamun angrungu warta
yen ingsun mangkene iki
pasthi ika lamun bela
tan wurung mundhut warteki
dadi sangsaya iki
akarya susah mring sagung
wus ayo adhi mangkat
mengko yen ndadari sasi
lawan padha asembahyang dhingin iya."

68. Ri wus bakda salat ika
nulya kang sasi ndadari
wus padhang mangkat Narendra
ing marga datan Winarni
injing prapta Kemiri
anenggih barisanipun

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Pangeran Hadisurya
kagyat Pangran Ngabdurrakim
yen Narendra Kanin jaja ingembanan.

69. Nungkemi pada Narendra
nenggih Pangran Ngabdurrakim
Sang Nata mesem ngandika
wus sira menega adhi
pan ora apa iki
wus jamak prajurit iku
dangu kendel Narendra
aneng ing dhusun Kemiri
pan sareyan aneng ngandhap pelem ika.

70. Katuran mring pasanggrahan
Kangjeng Sultan datan apti
mangkana ingkang winarna
Pangran Bei lagya prapti
lawan kang Basah kalih
myang sagung prajuritipun
lajeng so wan mring Nata
atur salam Pangran Bei
Basah kalih samya anungkemi pada.

71. Katiga angemu waspa
Kangjeng Sultan ngandika ris
"Lah wis ta padha menenga
pan ora ngapaa iki
kang wingking kadi pundi"
Pangeran Ngabei matur
"Mila kantun kawula
mapan anata kang wingking
dene mengsah pan lajeng wangsul kewala.

72. Namung pun Jayanagara
lan Basah Kasan Besari
kula ken baris Koripan"

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mangkana ingkang winarni
Rejasa myarsa warti
yen kanin ingkang Sinuhun
kenging mriyem kang jaja
dadya sagung para putri
pan karuna lawan Panembahan ika.

73. Namung Kangjeng Ratu ika
kang tan saged muwun iki
wus nir sagung kang katingal
mapan sedya sabil yekti
dhateng Sri Narapati
lamun estu pawarteku
namung Ki Sarutama
mapan wus ingagem iki
nanging samar tan ana janma uninga.

74. Sinasapkeri kasemekan
pan wonten kang den entosi
utusanira kang rama
Panembahan dereng prapti
kinen yektosna iki
estuning pawarta iku
mangkana kang winarna
Sri Narendra budhal iki
mapan saking Kemiri sawadya kuswa.

75. Tan ewah kadya angkatnya
utusan kapethuk margi
wangsul prapta wangsul nulya
yen tan ewah kadya nguni
dadya kendel pra sami
kang pra putri dennya muwun
lawan Jeng Panembahan
wus ilang sungkawaneki
namung kantun angentosi rawuhira.

76. Mangkana Sri Naranata

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

apan nitih tandhu iki
sampun prapta ing Rejasa
sareyan nggenira nitih
kagya kaparak sami
ingkang samya methuk iku
lajeng samya karuna
Panembahan malajengi
mring kang putra mapan sarwi ngemu waspa.

77. Wus cundhuk lawan Narendra
lajeng nyandhak tandhu iki
angrangkul sarwi karuna
Panembahan mring Narpati
Sang Nata ngandika ris
"Kiyai bok sampun muwun
kawula tan punapa
sampun limrahing prajurit
pan punika Kiyai dados ing pratandha."

78. Sarwi mesem Sri Narendra
prapta pasanggrahan nuli
tedhak saking tandhu nulya
Panembahan kang ngampingi
samana para putri
sadaya sareng andulu
ingkang jaja Narendra
mapan maksih den ambeni
dadya muwun malih pra putri sadaya.

79. Kangjeng Sultan sampun lenggah
neng jro pasanggrahan iki
kangjeng Ratu kang winarna
sareng tumingal Narpati
kang jaja den ambeni
dadya mesem Kangjeng Ratu
mangkana ciptanira
ingsun duga salah kardi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

dene iku enggone kaliwat prana.

80. Sawengi ora dadya pa,
Sri Narendra ngandika ris
"Ya gene tan inguculan
pan tanganingsun kakalih
tan bisa cape iki"
mesem ngandika sang Ratu
kang bibi kinen ika
Panembahan Sepuh iki
anguculi Kangjeng Ratu nulya kesah.

81. Sri Narendra angandika
dhumateng kang rama aris
"Kiyai sampeyan medala
punika kang sami prapti
nggih sampeyan panggihi
lajeng sampeyan ken mantuk"
Panembahan turira
sandika apan wus mijil
amanggihi marang ingkang sami prapta.

82. Mangkana wus tan winarna
pan kalilan mantuk sami
kawarnaa Sri Narendra
ngandika marang kang bibi
"Putranta maring pundi
mangke kula mindhak lampus"
Den Ayu Panembahan
mesem kesah angaturi
Kangjeng Ratu mangkana ing aturira.

83. "Mapan tan kangge kawula
sampeyan dipun timbali"
Kangjeng Ratu nulya prapta
samana wus tan winarni
Jeng Ratu Ibu iki
mapan sänget gerahipun
ingaturan wuninga

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lamun ingkang putra kanin
gya lumajeng prapta pan lajeng karuna.

84. Mangkana sakondurira
saya sanget gerah neki
punika dadya marganya
kundur mring rahmatullahi
sinarekken Magiri
Kangjeng Sultan gerahipun
apan sampun waluya
samana ingkang winarni
Pangran Natapraja kabujung yudanya.

85. Saking ing Pajang punika
lawan Basah Ngabdul Latip
ngantos dumugi Mataram
Tumenggung sabil satunggil
Pakarangan wismeki
lan Rongga Palerei iku
jajar prajurit tiga
lajeng dandan wangsul inalili
dhateng Pajang samana ingkang winarna.

86. Pangeran Dipakusuma
pan asring sulaya iki
marang ingkang Basah Pajang
nuwun adii mring Narpati
kang rama tan ngadili
apan lingsem tuhunipun
dhumateng Kyai Maja
kangjeng Sultan wus udani
prang resahe patraping Pajang punika.

87. Ki Maja pan ingutusan
saking aturnya praibadi
sabab ngaken adii ika
marma karsanya Narpati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Ki Maja den ayoni
saaturipun tinurut
mapan satuhunira
leres kang putra pribadi
lan murina mring sagung wong desa samya.

88. Dadya Pangran Dipasuma
langkung gerah ing tyas neki
wau dhumateng kang rama
lingsem mring Ki Maja iki
Kangjeng Pangran gya balik
dhumateng Surakarteku
Jendral lan Kangjeng Sunan
langkung suka ing tyas neki
lawan putra santana ing Surakarta.

89. Ing wuri pan sinulihan
nenggih Pangran Ngabdul Majid
lan Raden Riya Sindurja
ing Pajang kang misesani
kidul Jatosnem sami
dene sawetan marga gung
ingkang methuki ika
pan namung Tumenggung katri
wasta Jayadipura Cakradipura.

90. Kalawan Martadipura
ing Bagelen kang winarni
mapan wus tan ana mengsah
namung kantun Cina iki
pan eca-eca sami
ingkang Basah tiga iku
Pangran Dipanagara
nuwun Basah Ngabdul Latib
nindhihana lawan ngembani kawula.

91. Mangkana ing aturira

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mring kang eyang Pangran Bei
nulya katur mring Narendra
Sang Nata sampun marengi
Dyan Basah Ngabdul Latip
dadya karsanya Sang Prabu
apan Basah utusan
pundi kang kendho prang neki
mapan Basah Ngabdul Latip kang lumampah.

92. Prajurit lan kaparingan
kapalan wolung daseki
wasta prajurit Jayengan
sadasa sagung prajurit
ing Kilen Praga iki
pan pinaringken iku
mring ganti Basah Imam
Ngabdul Kamil mapan sami
Basah Ngabdullatib pan wus kinen mangkat.

93. Mring Bagelen ngemban ika
Pangeran Dipanagari
mangkana wus tan winarna
ing Kedu ingkang winarni
mas Tumenggung abaris
Kartanagara puniku
ana ing Ngardi Rosan
lan Tumenggung Kedu sami
Ngabdurahman kalawan Ki Wirareja.

94. Samana pan inginggahan
mring kapir lan murtad sami
mapan ta pinaju tiga
anulya pinethuk jurit
sampun campuh pan nuli
tan ana kuciwa iku
sänget karoban lawan
mas Tumenggung den aturi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

mundur nanging wantuning Kartanagara.

95. Tan etang kathah kedhiknya
lamun mengsah lannat kapir
pan nate majeng priyangga
kapir mapan lebur sami
dadya kondhanging kapir
pan langkung geringen sampun
pan namung tikel tiga
wong kapir pan ora wani
anginggahi dhateng Mas Kartanagara.

96. Kadya wus karsaning Suksma
Mas Tumenggung prapteng jangji
antuk marga sabilullah
labet kenging mimis alit
walikat ingkang kanin
pan kinepung saradhadhu
nanging sapih kang yuda
kapir murtad kathah mati
mapan gangsal Islam kang sabil sakala.

97. Apan ing Kedu sakawan
Mantawis ingkang satunggil
apan Rangga Pamijahan
Wirapati wastaneki
ingkang tiga Ngabei
dene Mantawis puniku
mapan Jajar kewala
Prajurit ingkang winarni
Mas Tumenggung Kartanagara punika.

98. Binekta mantuk wus prapta
tan arsa den usadani
dadya lajeng sabilira
wus katur mring Sri Bupati
langkung pangungun neki
mapan dereng darbe sunu

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan iya sadhereknya
maksih alit karsa Aji
pan pinaring nunggak semi namanira.

99. Tumenggung Kartanagara
apan wus datan winarni
Pangeran Bei Ki Maja
umatur dhateng Narpati
mapan ngaturan ngalih
neng Rejasa kirang cukup
sagung repot punika
tan saged dados satunggil
Toya Kidul punika kados prayoga.

100. Pan saged dados satunggal
sagung ingkang repot sami
Panembahan sampun rembag
nulya kinen andandani
Toya Kidul wus dadi
nulya budhal Sang Aprabu
lan sagung repot samya
saking Rejasa wus prapti
Toya Kidul masanggrahan Sri Narendra.

101. Mangkana ingkang winarna
Bagelen kanggenan malih
dliumateng kapir punika
Kornel Kleres tindhih neki
lan Mayor Biskis iki
pan Etak Kapitanipun
sewu kapir lan murtad
nulya pinethukken jurit
mring Bagelen sagung ingkang Basah tiga.

102. Apan ingkang nindhih ika
nenggih Basah Nabdullatib
Pangeran Dipanagara
punika ingkang njenengi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

rame sakedhap iki
kapir mapan lajeng iku
malebet Loji Jana
pan lajeng kinepung sami
marang sagung wadya Bagelen sadaya.

103. Nanging tanpa wekas ika
rinangsangken tan kadugi
sagung Bagelen punika
Jeng Pangran Dipanagari
rembag lan Basah sami
utusan anuwun bantu
nenggih dhateng Mantaram
namung kinarya pangirid
sampun katur dhumateng Sri Nara Nata.

104. Marengi wus pinaringan
anenggih ingkang tinuding
Tumenggung Secanagara
lawan saprajurit neki
ingkang kinarya tindhih
anenggih Ki Marga Ayu
pan lurah Kala Wija
mapan sampun budhal sami
saking Toya Kidul Bagelen wus prapta.

105. Datan ngantos magut yuda
wonten pitulung Hyang Widdhi
kapir murtad lajeng bidhal
kang Cina binekta sami
Loji Jana puniki
pan sampun tinilar iku
aprang samarga-marga
Bagelen kang ngidul sami
mring Toyamas kapir murtad undurira.

106. Mapan kekecer bangkenya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kapir lawan murtad sami
Bagelen padhang sadaya
sabedhahe Jana iki
mariyem ingkang kari
apan salikur puniku
ageng alit sadaya
sampun katur mring Narpati
enengena Bagelen ingkang winarna.

107. Jendral De Kok pan kengkenan
dhumateng Sri Narapati
kintun surat abedhama
Sang Nata dipun aturi
nanging namanireki
mapan maksih kang sinebut
Pangran Dipanagara
kang serat wus den wangsuli
mring Ki Maja mangkana wangsulanira.

108. "Sampunipun tabe kula
Jendral mapan kintun tulis
mring Pangran Dipanagara
mapan boten wonten ngriki
Bagelen enggen neki
Pangeran Dipanagreku
kula namung sung warta"
mangkana pan kendel lami
nulya malih wonten surat ingkang prapta.

109. Pan inggih saking kang raka
Kangjeng Pangran Purbayeki
mangkana ijemanira
"Sampun ingkang salam taklim
katur dhi Prabu ugi
yen kenging pun kakang matur
dereng wonten adadnya
jumeneng lawan pribadi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marmanipun mawi bedhami prayoga.

110. Amrih eca tyasnya samya
pan kathah kang tan tinulis
namung parlunya kewala"
Ki Maja nulya mangsuli
mring Pangran Purbayeki
mangkana wangsulanipun
"Sampun kang salam donga
kawula nenggih pun kaki
mangkana tur tulis mring Pangran Purbaya.

111. Pan inggih rayi Paduka
datan jumeneng pribadi
Sinuhun Sultan punika
Ngabdul Kamit pan pinaring
saking Rabul ngalamin
jinunjung ngulama sagung
Sinahidan lan aprang
jumeneng ratu agami
mapan Qur'an punika ingkang parentah."

112. Mangkana apan tan lama
nulya wonten surat malih
saking Jendral De Kok ika
punika ijemaneki
nanging datan tinulis
kang surat sadayanipun
ingkang perlu kewala
"Sampunipun ingkang tabik
kathah-kathah katur dhumateng paduka.

113. Pangeran Dipanagara
jujulukira rumiyin
mangke wus rinilan Suksma
jinunjung kang pra ngulami
jumeneng ratu iki
Islam Tanah Jawa iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

nadyan inggih kawula
pan badhe ngestokken sami
jumenengnya Ratu Islam Tanah Jawa.

114. Kang nama Sinuhun Sultan
Ngabdulkamit yen marengi
kawula nuwun punika
kendeling aprang rumiyin
suwawi apapanggih
pan sami pribadi iku
punapa kinarsakna
mung semados dinten neki
lan ing pundi nggen kula panggih sumangga.

115. Mangkana wangsulanira
Kyai Maja serat neki
"Sampun tabe kawula
Jengandika nuwun panggih
sayektos sereng kenging
Jengandika dede ratu
Sinuhun Kangjeng Sultan
pan sampun pitayeng galih
mring kawula ingkang badhe manggihana.

116. Dene bab kendeling yuda
kang Sinuhun pan marengi"
mangkana wus dhinawuhan
sagung ingkang Senapati
lamun kendel ing jurit
lan Bagelen mapan sampun
Pangran Dipanagara
kinen kendel mapan sami
anglir pendah sinamber peksi sarkara.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

XVI. DHANDHANGGULA

1. Tata titi ingkang kendel jurit
Jendral De Kök wus ndawuhi ika
marang sagunging Kurnele
dadya kendel sadarum
ngantos lami tan wonten jurit
mangkana bab panggihan
mapan boten tamtu
nging Jendral wakil kewala
tiyang Inggris Setewer wastanireki
lawan Ngun Ngali ika.

2. Mila wände Jendral amanggihi
mring Ki Maja wus pitajeng ika
marang kalih ing wakile
barang bicantenipun
yen wus kangge datan tinampik
Jendral panggih priyangga
lan Ki Maja iku
samana sanpun panggilan
pun Setewer kalawan Ngun Ngali Ketib
Pangran Bei Ki Maja.

3. Pun Setewer tembungira manis
"Kyai Maja kinengken kawula
dhateng Jendral De Kok mangke
kinen anerang tuhu
ingkang dados karsa Sang Aji
sumangga den dhawuhna
pan Jendral anurut
dene ingkang dados duka
marginipun pan saking tiyang kakalih
Mayor lawan Danurja.

4. Sapunika sumangga karsa Ji
pan kawula kinengken ngaturna

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lamun pinundhut pejahe
pan pinejahan tuhu
yen punika pinudhut urip
ingaturaken gesang
lan loji sadarum
yen Sang Nata datan arsa
kinen mbubrah sapunika den bubrahi
sumangga den dhawuhna."

5. Kyai Maja gumuyu nauri
"Apa amung iku sira gawa
njaluk meneng perang kabeh"
Setewer ris turipun
"Lamun wonten pinundhut malih
sumangga den dhawuhna
kawula umatur
nenggih dhateng tuwan Jendral"
Kyai Maja mapan bengis saurneki
"Setewer dhingin mula.

6. Kang Sinuhun datan ana maning
karsanira luhuring agama
Islam tanah Jawa kabeh
lawan Danurja iku
sira turke karya punapi
sanajan Loji iya
tan paedah iku
yen wus luhur kang agama
pair sakarsa-karsanya Sri Narapati
iya mongsa luputa."

7. Pun Setewer nulya pamit iki
datan kangge sagung kang bicara
nulya aprang malih mangke
Jendral tan mawi sung wruh
langkung resah perangireki
wong ngili pinejahan

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lanang wadon iku
nadyan bocah yen kecandhak
pinatenan dadya kathah ingkang sahid
tanah Jawa sadaya.

8. Kapir langkung resah perangneki
mapan ngiwut sedya apuliha
sabab kang prang mati kabeh
kapir kalamun campuh
lan wong Islam sring tumpesneki
mangkana kang winarna
ing prang mapan sagung
sampun samya katadhahan
ing prangira wong kapir asring kalindhih
ya ta ingkang winarna.

9. Pangran Dipakusuma puniki
aneng Sala langkung kinasihan
dhumateng kang raka mangke
tan pisah siyang dalu
dhahar sare pan asring nunggil
kalawan Kangjeng Sunan
Jeng Pangran anuwun
mondhok ing jawi kewala
ingkang raka Kangjeng Sunan tan marengi
lamun pisah sadhela.

10. Kangjeng Sunan madosi pribadi
mapan sowan dhumateng kang uwa
Kangjeng Pangran Purbayane
mapan samya puniku
lan kang raka denira asih
mapan asring ngandika
sira iku kulup
becik neng kene kewala
tunggal lan sun neng Kadhaton rikuh iki
lan saru sawangira.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

11. Pangran Dipakusuma tur neki
mring kang uwa, "Sumangga kewala
mapan tan dumugi mangke"
nulya ngandika iku
mring kang raka Jeng Sunan nuli
nunggal samya neng kreta
mubeng loji kundur
samana Jendral winarna
langkung watos Jeng Pangran nuli tinedhi
dhumateng Kangjeng Sunan.

12. Kangjeng Sunan mapan angekahi
lan tinanggel lamun dedenira
Pangran Dipakusumane
mapan ameksa iku
dennya njaluk Jeng Sunan nuli
kang rayi ingandikan
prapta gya rinangkul
mapan sarwa tinangisan
"Wis ta adhi angur muliya sireki
iya marang Mantaram.

13. Apan ingsun wus tan bisa ugi
angukuhi adhi marang sira
mupung durung yayi kowe
ing mengko bengi iku
becik sira mangkata adhi"
Pangran nungkemi pada
pan sami amuwun
Jeng Sunan mapan mangkana
ri sawusnya Kangjeng Sunan animbali
marang Mayor Tamtama.

14. Prapteng ngarsa Jeng Sunan nabda ris
"Heh ta Mayor adhimas aterna
iya marang Lajer bae
poma den sandi iku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

lawan sira den ngati-ati
mengko bengi mangkata"
sandika turipun
mangkana wus tan winarna
sareng dalu bakda Ngisa mangkat nuli
Pangran sing Surakarta.

15. Kangjeng Sunan ngaterken mring jawi
ingkang rayi wus prapta Tamtaman
mapan nulya mangkat age
samya kapalan iku
yen tinanya sandi agilir
marang lajer punika
apan prapta sampun
Jeng Pangran nulya utusan
mring Koripan mangkana pinuju iki
kang baris ing Koripan.

16. Mas Tumenggung Wiryanagareki
mundhut pethuk Mas Tumenggung nulya
methuk lawan prajurite
injing prapta ing lajur
Jeng Pangeran wus den aturi
yen kang methuk wus prapta
nenggih Mas Tumenggung
Pangeran Dipakusuma
nulya mangkat Raden Mayor anututi
lawan mbedhili ika.

17. Lan sung wikan kumendhanireki
lamun minggat Pangeran punika
nulya tinututan age
mring sagung saradhadhu
wus kapethuk lawan prajurit
Wiryanagara nulya
ingkang saradhadhu
lajeng campuh ing ngayuda

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

saradhadhu kacipuhan mundur sami
Pangran Dipakusuma.

18. Sampun panggih lan Wiryanagari
Kangjeng Pangran nulya ingaturan
kundur mring desa Selane
apan wus tan cinatur
Jendral langkung cuwa tyasneki
nulya karya karenah
Jendral malih iku
nenggih Pangran Natapraja
kang ingicuk lan den bang sakajeng neki
pan sagah tinurutan.

19. Kurnel Nahis kang kinen nyagahi
Kangjeng Sultan apan wus miyarsa
nging api tan uning bae
Pangran Nataprajeku
karsanira Sri Narapati
pan kinen nginggahana
marang Ardi Kidul
lan Bupati wetan Yogya
Ardi Kidul apan mogok purun malih
marma kinen ngradina.

20. Pangran Natapraja sandika ris
nulya sagung Bupati sadaya
ing sawetan Yogya kabeh
pan kinen minggah sagung
medal Terong marganya sami
Pangeran Natapraja
apan medal kidul
ing Serungka karsanira
tan winarna ingkang sagung pra Dipati
kang medal Terong ika.

21. Sampun minggah kang dadya pangarsi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Mas Tumenggung pun Mangunnagara
ingkang dados pangiride
anenggih Mas Tumenggung
Ranupati ngirit ing Giring
mangkana kang winarna
ardi rakit sampun
prajurit ing Prangwadanan
mapan karya piranti gelar wus dadi
Mas Tumenggung tan wikan.

22. Lamun kapir lawan murtad sami
mawi gelar mapan wantunira
nenggih Mas Tumenggung kuwe
lamun ningali mungsuh
kapir lawan wong murtad sami
tan mawi subasita
mapan nrajang purun
prajurit kantun sadaya
apan namung Mas Tumenggung Surapati
ing Giring kang tut wuntat.

23. Lan satunggal sadherekireki
maksih alit pan lumayu sumya
kapir kang katingal kebeh
Mas Tumenggung ambujung
datan wikan den paekani
kapir kalawan murtad
kang ndhelik sadarum
pan lajeng nangkebi samya
Mas Tumenggung dadya pisah lan prajurit
sampun karsaning Suksma.

24. Mas Tumenggung apan nandhang kanin
wentisira lawan ingkang jaja
nanging maksih tatak bae
dhawah sing kuda sampun
kudanira apan ngemasi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sadhereknya duk mulat
anungkemi iku
kang pada sarwi karuna
Mas Tumenggung Mangunnagara nabda ris
sarwi ngambeni brana.

25. "Wus ta adhi mulia sireki
mapan ingsun karsaning Hyang Suksma
marga sabil aneng kene
iki pratandhaningsun
kerisira anggonen adhi
matura mring Narendra
lamun sira iku
kang sun suwun nggentenana
marang ingsun lan sakehe pra prajurit
wus jaken bali padha."

26. Marma ngantos Mas Tumenggung meling
Mas Tumenggung Ranupati mulat
mapan langkung pangamuke
pan kathah belanipun
sampun prapta sabilollahi
ajur kunarpanira
mangkana winuwus
nenggih Mas Mangunnagara
tinangisan ngaturi mundur tan kapti
kapir gya ngepang samya.

27. Sadhereknya Mas Tumenggung iki
saged uwal wus karsaning Suksma
Mas Tumenggung kari dhewe
lenggah sendheyan iku
apan wus tan nedya gumingsir
nadyan arsa mundura
nanging Mas Tumenggung
sampun tan saged lumampah
sadangunya pan kinarya lesan iki
pantang purun nyelaka.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

28. Mimisira wus datan ngundhili
namung kalih punika labetnya
gya Pangran Prangwadanane
wadya sinapih sampun
ingkang samya wau mbedhili
Pangran wus prapteng ngarsa-
nira Mas Tumenggung
nulya aris atetanya
apa sira kang aran Mangunnagari
bagus anom prawira.

29. Lamun sira gelem teluk iki
apan ingsun kang nglironi iya
mring kamuktenira kabeh
pan sun aku sedulur
Mas Tumenggung sugai dennya ngling
pan ingsun iki iya
ngabdi mring Sinuhun
ora sedya luru donya
lan maninge ora kurang mangan dhingin
mapan nggon sun ngawula.

30. Marang Kangjeng Sultan donya ngakir
mapan imam kang sun rebut ika
lamun teluka mring kowe
manawa tan den aku
lamun besuk prapta ing ngakir
marang Sinuhun Sultan
Ngabdulkamit iku
pira laraning palastra
mati kapir Pangran langkung dukaneki
nulya ngabani bala.

31. Mas Tumenggung Mangunnagareki
wus tumeka marang sabilullah
apan den jur kunarpane
dening kapir punika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

henengena kang wus utami
gantya ingkang winarna
kang prajurit iku
Mangunnagara sadaya
wus kapethuk wau kalawan kang rayi
Mas Tumenggung punika.

32. Pan lumajeng sarwi tawan tangis
lawan mbekta cara wangsulira
lawan gupak rah pendhoke
kendel prajutit sagung
apan nulya dipun wartani
Mas Tumenggung welingnya
samya nangis iku
panji rangga ngabehi ika
ayun samya nusul ngamuk langkung ajrih
ngelirken welingira.

33. Mas Tumenggung nulya wangsul nuli
mapan langkung prihatin sadaya
wus kapethukan sagunge
ingkang pra dipatyeku
winartanan gya wangsul nuli
lajeng ajrih sadaya
ical banthengipun
wus samya mudhun sing ngarga
kang dipati sawetan Ngayogya sami
lawan saprajuritnya.

34. Mas Tumenggung Suranagareki
wus tur surat marang Nataprajan
Pangran nulya wangsul bae
kang surat lajeng katur
mring Sang Nata langkung tyas aji
mring Mas Mangunnagara
dereng gadhah sunu
dadya tinurut kewala

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

sawelingnya saking sihira Narpati
mring Mas Tumenggung ika.

35. Namanira datan den ewahi
kawarnaa Pangran Natapraja
mapan langkung jrih isine
dhateng Ingkang Sinuhun
ing sabile Mangunnagari
kadya kening loropan
marma jrih kalangkung
Pangran dhateng Kangjeng Sultán
dadya estu Pangeran denira mbalik
dhumateng ing Ngayogya.

36. Pan pinethuk langkung bungah neki
Jendral De Kok den nyana punika
Pangran mbekta sakancane
tan nyana lamun kantun
sagung ingkang para dipati
wetan Ngayogya sadaya
lan prajuritipun
samana wus tan winarna
Mas Tumenggung Suranagara tur uning
dhumateng Sri Narendra.

37. Lamun Pangran Natapraja mbalik
Kangjeng Sultán mesem angandika
wus tan dadi ngapa kuwe
nanging poma sireku
sakancamu den ngati-ati
ñora wurung ta ika
tinempuhken iku
marang kabeh praptanira
Mas Tumenggung Suranagara turneki
inggih nuwun sandika.

38. Apan nulya kinen mantuk iki
Mas Tumenggung wus lengser sing ngarsa

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

prapta tan winarna mangke
Pangeran Nataprajeku
pan tinempahaken puniki
praptane kancanira
bupati sadarum
ingkang sawetan Ngayogya
sabab nguni Pangeran sampun nyagahi
marma tinagih ika.

39. Dadya saben dina kintun tulis
marang sagung kang para dipatya
nging tan wangsul kengkenane
pan pinejahan iku
Kyai Maja lan Pangran Behi
ingkang gadhah parentah
saking bosenipun
pan sinuprih kapokira
ingkang kengken lawan ingkang kinengken sami
marma sagung mangkana.

40. Senapati pan ing pundi-pundi
lamun tampi kang surat mangkana
awis wangsul kengkenane
mangkana kang winuwus
Pangran Natapraja puniki
pan kinen nglurug ika
mring wetan Ngayogyeku
sebab bupati sadaya
wetan Ngayogya sampun tita puruneki
lamun kedhik kewala.

41. Kapir murtad nenggih ingkang ngiring
marang Kangjeng Pangran Natapraja
mapan asring kabereke
kapir murtad keh lampus
mapan lamun dipun agengi
sagung kang pra dipatya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

tan nangledi iku
mapan ngundura kewala
dadya gela Jendral mangkana tyas neki
mring Pangran Natapraja.

42. Dipun nyana lamun bangkit kardi
sabab Jendral amung nggugu warta
lamun punika andele
Kangjeng Sultan kang tuhu
marma sänget pangebangneki
wekasan dadya beda
kewala puniku
pan kinen baris kewala
aneng jawi Pangeran datan kadugi
nanging nedha panggenan.

43. Kithaageng punika yen kenging
kados sänget Kangjeng Sultan susah
sabab punika bandhane
sagung aprang puniku
lawan dados pangungseneki
sagung tiyang sadaya
lan kinarya iku
pakendelan senapatya
lamun gilir ing ngriku panggenaneki
tata mimis lan obat.

44. Pangran Natapraja den turuti
marang Jendral Kithaageng nulya
asring nginggahan mangke
dene pangiridipun
nenggih Pangran Nataprajeki
nanging tan saged minggah
mapan asring wangsul
pinethukken ing ngayuda
neng Sidikan kapir murtad akeh mati
pan asring kabujengnya.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

45. Ingkang tengga Kithaageng iki
Mas Tumenggung pun Resasantana
apan kalangkung panggahe
awis anuwun bantu
mapan nulya dipun inggahi
Jendral De Kok piyambak
kang nindhihi iku
lan Sultan Sumenep ika
nenggih Pangran Dipati ing Madureki
Mas Tumenggung kuciwa.

46. Kengser saking Kithaageng iki
Jendral lajeng karya beteng ika
aneng Danalaya manggen
tinakenan puniku
marang sagung para dipati
kidul Yogya sadaya
lan wetan Yogyeku
ingkang dadya tindhihira
Pangran Suryawijaya Pangran Suryadi
tan ana kang kuciwa.

47. Pangran Suryawijaya tur uning
marang Toyakendel lamun mengsah
mapan kalangkung agenge
Sang Nata paring bantu
Basah Ngabdullatip tinuding
pan kinen nindhihana
kang prajurit iku
sewu Bagelen kang tengah
pangiridnya Raden Basah Ngabdulmuhyi
sing Toyakendel budhal.

48. Tan winarna marga sampun prapti
lajeng tata nenggih barisira
neng kilen Danalayane
Dyan Jayanagareku

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

kinen ngalih denira baris
sakilen Danalaya
lan sakancanipun
Pangeran Suryawijaya
kang nindhihi ingkang baris wetan iki
nenggih Suranagara.

49. Sakancanya Pangeran Suryadi
kang nindhihi lajeng campuh yuda
pan tan ana kuciwane
siyang dalu prang pupuh
kapir murtad keh kalongneki
Jendral pan langkung kewran
nanging isin mundur
dennya karya beteng ika
murtad lanat samana apan kinerig
sampun prapta sadaya.

50. Langkung kathah Basah Ngabdulkatip
apan nulya ngaturi uninga
yan saya kathah bantune
lanatulah puniku
Sri Narendra nulya nindaki
lan sagung bala-kuswa
basah kalih iku
kang dadya pangiriding prang
sampun bidhal saking Toyakendel iki
lir werdu angga sasra.

51. Tan winarna marga sampun prapti
Sri Narendra lajeng masanggrahan
ing dhusun Sangkal namane
sagung basah puniku
tinimbalan mapan wus prapti
Pangran Suryawijaya
Pangran Suryadiku
lan Raden Jayanagara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Kangjeng Sultan ngandika mring Pangran Behi
paman sampeyan tata.

52. Sagung bans kang dereng prayogi
Pangran Behi sandika aturnya
gya rinembag prayogine
lan basah tiga sampun
dadya linton kang baris sami
Pangran Suryawijaya
Jan sakancanipun
Tumenggung Jayanagara
baris kilen nenggih Basah Ngabdulkatip
mapan baris neng wetan.

53. Anindhihi baris Ngabdulmuhyi
kang prajurit Bagelen sadaya
dene Pangran Suryadine
mangaler barisipun
pan angirid para bupati
wetan Yogya sadaya
lan pinaring bantu
Pangeran Dipakusuma
lan Mas Dolah Reksasantana puniki
basa kalih minangka.

54. Dadya dhadha mapan anggentosi
barisira Dyan Jayanagara
mapan ing kidul prenahe
wus dadya rembag sagung
nulya budhal sing Sangkal sami
lintu panggenan samya
Sri Narendra tumut
aneng kidul dadya dhadha
lawan sagung wadya jro lan pra ngulami
apan wus samya prapta.

55. Ing prenahnya sowong -sowong sami
lajeng tata baris mapan samya
Sang Nata pasanggrahane

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

aneng Daren puniku
namung elet kang dhusun kalih
kalayan Danalaya
samya kantun iku
kang basah kalih Jejeran
mapan lajeng sadina-dina ajurit
Jendral kalangkung kewran.

56. Ngaler ngidul ngilen ngetan iki
tinadhahan lanat kathah pejah
apan yun ngantep perange
ewet gerogolipun
dereng dados kantun sairing
Dulah Reksasantana
tur wuninga sampun
mring Pangeran Behi ika
yen gerogol mapan mung kantun sairing
Pangeran Behi nulya.

57. Rembag lawan sagung basah sami
majeng sareng mapan wus dhinawuhan
prajurit myang dipatine
sareng enjing pan sampun
samya nembang tengareng jurit
lanat nimbangi nulya
wus pinara telu
pan datàn wonten kuciwa
samya nengga prajurit Islam lan kapir
nulya campuh ing yuda.

58. Tanpa rungon swaraning kang bedhil
bareng lawan kang mariyemira
pan kadya rog ing wukire
kaday buru-binuru
datan wonten kuciwa sami
kapir kalawan Islam
mangkana winuwus

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Tumenggung Suranagara
kang medal ler sakancanya sampun prapti
nenggih ing Danalaya.

59. Ing panggenan gerogol puniki
kang jinujug langkung gegerira
sagung repot lanat mangke
namung kapal lan sagung
ingkang dharat pan durung prapti
Jendral langkung gugup
gya mariyem gupuh
mangkana kang aprang ngarsa
pelangkirnya salong mundur anadhahi
lajeng angedrel samya.

60. Dadya mundur Suranagareki
sakancanya nging angsal gendera
kapalan langkung kakune
kang dharat mapan dangu
den entosi pan dereng prapti
apan kapethuk marga
ing saunduripun
lawan kang adharat samya
kapir murtad ingkang mbujeng wangsul sami
mangkana ingkang yuda.

61. Dereng wonten kang kuciwa sami
sadangunya sanjata kewala
tan saged campuh yudane
basah sakawan iku
langkung kaku tyasira sami
lanat tan purun nrajang
pan wus ering iku
lawan kathah kenging ika
lanat kapir Gusti Basah kang winarni
ngantos majeng priyangga.

62. Ingkang ndherek mung Dullah satunggil

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Abu Sungep apan suprihira
Jeng Gusti tinuta bae
marang prajurit sagung
kadya sampun karsaning Widi
ing sadinten punika
datan saged campuh
lanatullah wadya Islam
malah lajeng kasaput ing dalu iki
prajurit mundur samya.

63. Dadya kantun Gusti Basah Kamil
lawan Dullah Bu Sungep punika
kinarubut sanjatane
mring lanatullah sagung
Kangjeng Sultan langkung tyasneki
dadya tumut punika
nenggani pan kantun
manjing wektu mahrib ika
punakawan kang sowan namung satunggil
Sengkuni wastanira.

64. Pan ingutus ngundurken nimbali
marang basah Sengkuni punika
ajrih mring mimis derese
ndhepis ampingan kayu
nulya kangjeng Sultan pribadi
nimbali mring kang putra
Basah Kamil mundur
mangkana wus tan winarna
saben dina aprang neng Danalayeki
ngantos satengah candra.

65. Nadyan dalu awis kendelneki
dadya kathah lanat ingkang pejah
nging wus dadi ingkang beteng
Jayanagara iku
weling atur mring Pangran Behi

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

yen marengi Narendra
pan prayogi kundur
sabab beteng sampun dadya
pan kawula nyagahi tengga pribadi
inggih kalamun medal.

66. Wektu iku samya sudaneki
purunipun kapir lawan Islam
karsaning Hyang wus pepasthen
apan tan nate campuh
amung samya bedhilan iki
lanat wadya Islam
saben dina iku
kang sanjata barondongan
lan mariyem Ngayogya mangkono ugi
Jeng Pangran Hadisurya.

67. Ngabdurrakim mau dennya ngrampit
mapan namung bedhilan kewala
ing Gawok mangkono maneh
Ki Hurawan puniku
marma samya tan antuk kardi
dadya epur sadaya
nenggih juritipun
samana ingkang winarna
Pangran Behi matur ing Jeng Sri Bupati
lamun Jayanagara.

68. Pan mangkana ing panuwuneki
sabab beteng mangke sampun dadya
sagah tengga sakancane
mangkana kang winuwus
mapan lajeng kinen nimbali
ingkang basah sakawan
prapta gya tinantun
lamun Dyan Jayanagara
pan mangkana aturnya marang Narpati

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Basah Ngusman aturnya.

69. Apan inggih kalangkung prayogi
kalih ngaso kang kanca sadaya
nging yen pareng prayogine
pan sae mawi sangu
ngantep jurit ing benjing-enjing
basah rembag sadaya
sukur inggih lamun
wonten pitulung Hyang Suksma
saged bedhah angsala cariyos sami
sampun nglaha kewala.

70. Kanca basah inggih benjing-enjing
apan samya dadosa pangarsa
lan dullah rangga panjine
kidul ngabehi sagung
kanca jajar kang aneng wuri
sampun rembag sadaya
nuli samya mundur
saking ngarsa Narendra
enjing nulya nembang tengaraning jurit
apan kadya semayan.

71. Lanatullah pan mangkono ugi
lajeng campuh nenggih ingkang yuda
kapethuk samya majenge
mriyem tan ngantos iku
mungel lajeng aruket sami
sanjata lit punika
mung sakedhap iku
pan lajeng caruk kewala
sangkuh lawan waos wong kapir kalindhih
balasah bangkenira.

72. Pan kaburu kapir yudaneki
lajeng ngungsi manjing beteng samya
lawan ngedrel mariyeme

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

Islam pan wegah sagung
nggennya mbujung pan wangsul sami
mangkana ingkang prapta
nenggih sabilipun
ya Mas Dullah Jayengdriya
lan Mas Panji Bintara lawan Ngabehi
pinilih Sumatingal.

73. Lawan kaji ing Gadhing satunggil
Seh Mukamad Tahir namanira
lan Ngabehi Muryadine
lan panji tamtameku
apan kalih kang prapta sabil
rangga Bagelen tiga
kang liya puniku
Islam wilujeng sadaya
lanatullah belasah bangkenireki
tigang atus watara.

74. Henengena pan wus tan winarni
kawarnaa Sang Nata karsanya
Mas Dullah sasentanane
pan linintonan iku
kinen nunggil wonten Magiri
sabab owel prangira
mapan langkung purun
Jendral De Kok kang winarna
sampun mantuk saking Danalaya iki
apan dhateng Ngayogya

75. Apan dalu budhalira iki
Sri Narendra wus ngaturan wikan
yen Jendral wus sepi mangke
kantun kang tengga iku
Danalaya lawan puniki
Pangeran Natapraja

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

cuwa tyas Sang Prabu
Basah Ngabdulkatip lawan
Basah Ngabdulmuhyi kinen mantuk nuli
lawan saprajuritnya.

76. Mring Bagelen mangkana Narpati
lajeng budhal lan sabala-kuswa
kundur mring Toyakendele
ing Danalaya iku
mapan ingkang kinen ngenggeni
Pangran Suryawijaya
lan Raden Tumenggung
Jayanagara punika
sakancanya lajeng datan saged mijil
kang aneng Danalaya

77. Kawarnaa wau Sri Bupati
kundurira ngubengi Ngayogya
Jeng Pangran Behi ature
manawi Jendral iku
taksih purun mesthi ngedali
kang sinuprih punika
mapan kang tinurut
lajeng Kangjeng Sri Narendra
ameng-ameng mring Pajang nyare tetanggi
antawis puting dina.

78. Lanatullah langkung kendhak neki
kang kamargen pan kendel kewala
tan winarna niskarane
Sang Nata sampun rawuh
Toyakendel sawadyaneki
mapan wus tan winarna
yata kang winuwus
wonten jendral malih prapta
Komasaris De Bis wastaning puniki
wakil Raja Walanda.

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

79. Mbekta bala langkung kathah neki
pan anglorod Jendral De Kok ika
lajeng akintun serate
kertas ageng puniku
lan pratandha ageng puniki
dhumateng Kangjeng Sultán
wus tinampen iku
nenggih dhateng Kyai Maja
lajeng katur dhumateng Sri Narapati
mangkana Sri Narendra.

80. Apan lagya pinarak pandhapi
lan kang rama Kangjeng Panembahan
Pangran Ngabehi ngarsane
putra santana sagung
myang pratiwa nung-anung sami
andhet sumiweng ngarsa
sira Sang Sinuhun
Ki Maja ngaturken serat
apan saking nenggih Jendral Komisaris
wakil Raja Walanda.

81. Apan nulya kinen maos iki
apan kathah kang datan sinurat
pan amung parlune bae
mangkana ungelipun
sasampuning nenggih kang taklim
kawula kathah-kathah
Jendral De Bis ulun
prayogi mugi katura
pan dhumateng ingkang saudara nguni
Pangran Dipanagara.

82. Ingkang sampun linilan Hyang Widi
pan jumeneng Kang Sinuhun Sultán
Ngabdulkamit peparabe
kang jinunjung mring sagung

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

ingkang para ngulama sami
myang kang para pandhita
sarip suhadeku
kaji lawan maulana
sinahidan kalawan pra ageng iki
ngangkat Qur'an ngadil.

83. Luhuripun Islam Tanah Jawi
kang Kalipah Kangjcng Rasulullali
saming Tanah Jawa kabeh
marma tur surat ulun
pan kinarya luliur sayekti
dhatcng Raja Walanda
mapan bad he sagung
inggih ngestokken sadaya
jumenengnya Ratu Islam Tanali Jawi
lan badile ndherek ika.

84. Angluluirken mring Agama Nabi
samingkang wonten ing Tanah Jawa
kawula anuwun maneh,
ing parang kendelipun
lamun pareng nedya bedhami
mapan inggih kawula
binektanan sampun
ingkang cap Raja Walanda
marmanipun suwawi sami pepanggih
amba nyarah kang karsa.

85. Kang Sinuhun Kangjcng Sultan yekti
pan ing pundi kawula sumangga
titi surat ijowane
Kangjcng Sultan gya nantun
mring kang swaka sami
Panembahan aturnya
pan prayogi iku
iya Sultan manggihana

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wus pratela yen iku wakil sayekti
pan wus ora kuciwa.

86. Nadyan kapir pan padlia narpati
Sultan ratu Islam Tanah Jawa
Jendral Komisaris kuwe
apan wakil satuhu
iya Raja Walanda yekti
pratanda ingkang ecap
wus pratela iku
dadya wus datan kuciwa
Pangran Belìi myang sagung rembag pan sami
naniung Kiyahi Maja.

87. Datan rembag mangkana turneki
mapan ewed ing dalil punika
Ratu Islam satuhune
tan wonten saminipun
nadyan inggih Raja Walandi
pan dhatenga priyangga
datan angsal tuliu
panggih lawan Dri Narendra
sampun malih Jendral Komisaris wakil
punika yen angsala.

88. Lamun ngantos Kangjeng Sultan panggih
dados ngasiraken kang agama
apan ageng sesikune
dadya kendel sadarum
sabab dalil ampunganeki
mangkana pra ngulama
pan ajrih sadarum
mabeni marang Ki Maja
sabab iku kang wus den Ulani dhingin
matur mring Sri Narendra.

89. Lamun wonten kang ngulama iki
purun matur pan sinatru nulya

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

marma ajrih sadayane
mapan ing waktu iku
Kyai Maja tetakoneki
kathah butarepannya
lan tekaburipun
mapan ta sadina-dina
nadyan silih anak muridnya pribadi
yen asring ingandikan.

90. Pan sinatru marma sami ajrih
Panembahan aris angandika
paran dadi prayogane
pratingkah agameku
yen ing adii kang dhingin-dhingin
kula dereng uninga
lir Sultan puniku
kang sinebut Raja Landa
wakil wonten yen pun ngguwa ecapneki
punika tan prabeda.

91. Lan wujude ingkang den wakili
marma kula ngaturi prayoga
Sultan yen panggiha dhewe
pan kula dereng weruh
wartanira ratu kang dhingin
awit eyang Mangkurat
sapariki niku
nganti mudhun Raja Landa
yen adatc mung Jendral kang neng Batawi
De Kok niku timbangnya.

92. Ingkang ngangkat Ratu Tanah Jawi
marma ing tyas kula luwih lega
pan punjul lawan adate
tam pane tyas satuhu
gih puniku luhur agami
Kyai Maja turila
pan sarwi mbasengut

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

pan maksih sanes punika
ratu donya kalawan ratu ing ngakir
ratu donya kang ngangkat.

93. Lanatullah pan ratu agami
ingkang ngangkat pan sagung ngulama
putra dalem upamine
inggih ngatosa pangguh
lawan kapir dalil tan kenging
nyudakaken nugrahanya
suda rahmatipun
Panembahan angandika
mangsa bodhoa kula tan ngarti dalil
mung adat Tanah Jawa.

94. Dereng wonten lir Sultán puniki
Sri Narendra aris angandika
sampun ta Kyai kajenge
lamun dalil saestu
ingkang nyegah parentali neki
saestune punika
Qur'an kang kula nut,
Ki Maja mapan mangkana
langkung bingah ingilonan Kangjeng neki
ngraos yen angsal karya.

95. Kangjeng Sultán angandika malili
beh Ki Maja paran kang prayoga
ing dalil Qur'an surupe
mapan sun iki tuliu
ingkang dadya esthining ati
namung danna kewala
anglakoni ingsun
sabarang parentahira
lamun Qur'an ingsun tan nedya gumingsir
Kyai Maja turira.

96. Pan makaten parentahing dalil

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

boten kenging yen paduka apanggya
yen kapir punika dereng
apasrah badanipun
nadyan sampun pasrah uparni
lamun wakil kewala
boten kenging tuhu
yen dede Raja Walanda
sapunika pan sampun tetela yekti
kandhaping lanatullah.

97. Seratipun Jendral Komisaris
apan sampun tetela punika
anglorod Jendral De Koke
Jenderal Pan Gin pan sampun
datan wonten ingkang pawarti
Jendral De Kok punika
anggentosi iku
Jendral Pan Gin karyanira
mapan Jendral Komasaris kang nggentosi
Jendral De Kok kang karya.

98. Dados dereng mindhak lir rumiyin
kala Jendral De kok atur surat
nging sampun jangkep samangke
nenggih wicalanipun
padhang lawan wicanteneki
Komasaris punika
amba timbangipun
duk Jendral De Kok punika
timbangipun kalawan Pangran Ngabehi
mesem Sri Naranata.

99. Heh ya uwis sira sun turuti
lamun iku parentahing Qur'an
nging den padha mantep bae
karyaa angsul-angsul
layang marang ing Komasaris
Ki Maja tur sandika

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

wus luwar Sang Prabu
Ki Maja karya nuwala
angsul-angsul marang Jendral Komasaris
winaonan tan kena.

100. Ingkang saru mring Pangeran Behi
mapan lawan Kangjeng Panembahan
Ki Maja bengis ature
sampeyan sampun tamtu
dereng pirsa sesikuneki
nenggih ing dalem Qur'an
myang ngulama sagung
punika mangsa pirsaa
lamun dereng maos napsih mansuhneki
jroning Qur'an asmara

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA

PERPUSTAKAAN NASIONAL
REPUBLIK INDONESIA



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

